**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**T.T. TASHMURATOV, B.J. MIRZAEV,**

**K.R. KUDIYAROV, B.A. JIEMURATOV**

# SALI’Q NI’ZAMSHI’LI’G’I’ TIYKARLARI’

Joqari’ woqi’w wori’nlari’ bakalavriat ta’lim bag’dari’ studenleri ushi’n woqi’w-metodikali’q qollanba

**NO’KIS -2015**

**T.T. TASHMURATOV, B.J. MIRZAEV,**
**K.R. KUDIYAROV, B.A. JIEMURATOV**

«Sali'q ni'zamshi'li'g'i' tiykarlari'». Woqi'w-metodikali'q qollanba.
No'kis - 2015

Bul woqi'w-metodikali'q qollanbada O'zbekistan sali'q sistemasi'nda a'melde bolg'an yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerden wo'ndiriletug'i'n sali'qlar ha'm ji'yi'mlardi'n' a'meldegi jag'dayi', byudjetten ti'sqari' fondlarg'a ma'jbu'riy aji'ratpalar, wolardi' yesaplaw ta'rtibi ha'm to'lew mu'ddetleri ha'mde ma'mleket byudjetinin' sali'qsi'z da'ramatlari' ko'rip shi'g'i'lg'an.

Woqi'w-metodikali'q qollanba ekonomika bakalavriat ta'lim bag'dari'nda woqi'p ati'rg'an joqari' woqi'w wori'nlari' studentleri ushi'n arnalg'an.

**Pikir bildiriwshiler:**

**G. Qosimov** – *Tashkent temir Jollari' injenerlik instituti' «Ekonomika ha'm menejment» kafedrasi' professori'*

**M. Nazarov** - *Tashkent temir Jollari' injenerlik instituti' «Ekonomika ha'm menejment» kafedrasi' docenti*

**O. Nazarbaev** – *Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universiteti, ekonomika ilimleri kandidati', docent*

**M. Dastanov** – *Qaraqalpaqstan Respublikasi' ma'mleketlik sali'q basqarmasi' basli'g'i'*

**T.T. TASHMURATOV, B.J. MIRZAEV,**
**K.R. KUDIYAROV, B.A. JIEMURATOV**

«Soliq qonunchiligi asoslari» Uquv-metodik qullanma. Nukus - 2015

Mazkur o'quv-metodik qullanmada O'zbekiston soliq tizimida amalda bo'lgan yuridik va jismoniy shaxslardan undiriladigan soliqlar va yig'imlarning amaldagi holati, byudjetdan tashqari jamg'armalarga majburiy ajratmalar, ularni hisoblash tartibi va tulash muddatlari hamda davlat budjetining soliqsiz daromadlari ko'rib chiqilgan.

O'quv-metodik qullanma iqtisodiyot bakalavriat ta'lim yo'nalishida o'qiyotgan oliy o'quv yurtlari talabalari uchun mo'ljallangan.

**Taqrizchilar:**

**G. Qosimov** – *Toshkent temir Yo'llari' muhandislik instituti' «Iqtisod va menejment» kafedrasi' professori'*

**M. Nazarov** - *Toshkent temir Yo'llari' muhandislik instituti' «Iqtisod va menejment» kafedrasi' docenti*

**O. Nazarbayev** – *Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti, iqtisod fanlari nomzodi, docent*

**M. Dastanov** – *Qoraqalpog'ston Respublikasi' davlat soliq boshqarmasi raysi*

**Т.Т. ТАШМУРАТОВ, Б.Ж. МЫРЗАЕВ,**

**К.Р. КУДИЯРОВ, Б.А. ЖИЕМУРАТОВ**

Основы налоговое законодательство: Учебно-методическое пособие.

Нукус - 2015

В данном учебно-методическом пособие рассмотрены действующие на сегодняшний день налоги и сборы, взаимаемые с юридических и физических лиц, обязательные отчисления во внебюджетные фонды, порядок исчисления и сроки уплаты налогов и сборов, также, неналоговые доходы государственного бюджета.

Учебно-методический пособие предназначен для студентов, обучающихся по направлению бакалавриата экономических факультетов в высших учебных заведениях.

**Рецезенты:**

**Г. Косимов** *–профессор кафедры «Экономика и менежмент» Ташкентского железно дорожного инженерского института*

**M. Nazarov -** *доцент кафедры «Экономика и менежмент» Ташкентского железно дорожного инженерского института*

**О. Назарбаев** – *Каракалпакский государственный университет имени Бердаха, кандидат экономических наук, доцент*

**М. Дастанов** – *Начальник государственного налогового управления Республики Каракалпакстан*

**T.T. TASHMURATOV, B.J. MIRZAEV,**
**K.R. KUDIYAROV, B.A. JIEMURATOV**

Tax and taxation: Textbook. Nukus - 2015

In this book are considered the current condition of effective taxes and dues from legal and physical entities, obligatory deductions in non budget funds, the order of calculation and terms of their payment, also non-tax profits of the state budget.

The book is intended for the students studying on a direction of a bachelor degree ekonomical in academies.

**Reviewers:**

**G. Qosimov –** *Professor of Ekonomiks and management department of Tashkent railway engineering institute*

**M. Nazarov -** *Docent of Ekonomiks and management department of Tashkent railway engineering institute*

**O. Nazarbayev -** *Karakalpak State University named after Berdakh, candidate of economical sciences, Associate Professor*

**M. Dastanov -** *Head of the State Tax Administration of the Republic of Karakalpakstan*

## Kirisiw

Ma'mlekette ali'p bari'li'p ati'rg'an ken' ko'lemli ekonomikali'q reformalardi' a'melge asi'ri'wda yen' da'slep sali'q siyasati'n ja'nede quramalasti'ri'w, sali'qlardi'n' tu'rleri ha'm wolardi'n' a'mel qi'li'w mexanizmin a'piwayi'lasti'ri'w a'hmiyetli ma'selelerden yesaplanadi'.

Ma'mleketimiz Prezidenti wo'z bayanatlari'nda sali'q to'lewshilerge sali'qqa tarti'w sistemasi'nda qosi'msha jen'illikler ha'm preferensiyalar beriw, sali'qlardi' unifikatsiya qi'li'w, sali'q ju'gin jen'illestiriw, sali'q ni'zamshi'li'g'i'ni'n' turaqli'li'g'i'n ta'miyinlew ha'mde usi' tarawdag'i' aldi'n'g'i' ma'mleketler ta'jiriybelerinen paydalani'w lazi'mli'g'i'n ayti'p wo'tti. Bunnan ti'sqari' ma'mleketimiz Prezidenti "… reformalardi' teren'lestiriw, ekonomika, sali'q byudjet siyasati'n ja'nede yerkinlestiriw, bazar infrastrukturasi'n jedel rawajlandi'ri'w" tiykarg'i' u'stin jo'nelislerden biri yekenligin ja'ne bir ma'rte ayti'p wo'tti.

Usi' sebepli bilimlendiriw sistemasi'nda sali'q tarawi'ndag'i' bilimlerdi u'yretiwde Respublikami'zda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an sali'q tarawi'ndag'i' reformalardi' student woqi'wshi'larg'a toli'q jetkiziw, usi' bag'dar boyi'nsha na'tiyjeli bag'darlamalardi' islep shi'g'i'w, joqari' woqi'w wori'nlari' ta'lim bag'darlari' ushi'n woqi'w qollanbalar ha'm sabaqli'qlar tayarlaw, sali'q tarawi'nda a'meliy izertlewler ali'p bari'w, aldi'n'g'i' pedagogikali'q texnologiyalardi' ta'lim sistemasi'nda yengiziwdi a'melge asi'ri'w hu'kimetimiz di'qqat itibari'nda bolg'an tiykarg'i' wazi'ypalardan yesaplanadi'.

Sabaqli'q O'zbekistan Respublikasi'ni'n' "Ma'mleketlik sali'q xi'zmeti haqqi'nda"g'i' ni'zami', "Sali'q Kodeksi", O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti ha'm Ministrler Kabinetinin' tiyisli qararlari' ha'mde sali'qqa tiyisli normativ hu'jjetler tiykari'nda tayarlandi'.

Usi' sabaqli'qta sali'qlar, ji'yi'mlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler, ma'mleket byudjetinin' sali'qsi'z da'ramatlari' ha'mde sali'qqa tiyisli ni'zambuzi'li'wlarg'a shek qoyi'w jeti toparg'a bo'lip u'yrenilgen.

Sabaqli’q son’i’nda yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerdi sali’qqa tarti’wg’a, sali’qlardi’n’ huquqi’y tiykarlari’n qamti’p ali’wg’a ha’reket qi’li’ng’an test sorawi’ variantlari’ keltirilgen. Usi’ test sorawi’ variantlari’ woqi’wshi’lardi’ wo’zlerinin’ u’stinde ja’nede ko’birek islewlerine, pa’ndi teren’irek u’yreniwge ja’rdem beredi.

Usi’ sabaqli’qta kemshilikleride boli’wi’ mu’mkin. Wolar keyingi baspalarda a’lbette itibarg’a ali’nadi’.

# I BAP. SALI’QQA TARTIW TEORIYASI’

## 1. Sali’qlardi’n ekonomikali’q a’hmiyeti ha’m obektiv za’ru’rlgi

1.1.Sali’q teoriyasi’
1.2. Sali’qlardi’n’ funkciyalari’
1.3. Sali’q elementleri
1.4. Sali’qqa tarti’w principleri

### 1.1.Sali’q teoriyasi’

Sali’q teoriyasi’ – sali’qlar ha’m sali’qqa tarti’w haqqi’ndag’i’ ilimiy ideyalar, koncepciyalar ha’m taliymatlar ji’yi’ndi’si’. Izertlewshiler sali’q qatnasi’qlari’ haqqi’ndag’i’ pikirleri ha’m ma’lim da’wir ishinde sali’q sistemasi’ni’n’ rawajlani’wi’n sa’wlelendiriwshi teoriyali’q pikirler ha’r bir da’wir ushi’n wo’zine mas sali’q teoriyasi’n qa’liplestiredi. Erami’zdan aldi’ng’i’ VI-III a’sirlerde Rimde basi’p ali’ng’an jerler yesesine Sali’q sistemasi’nda wo’zgerisler ju’z beretug’i’n yedi. Rimnen si’rtta jasawshi’ rimli puxaralar ma’mleketlik ha’m jergilikli sali’qlardi’ to’leytug’i’n yedi. Uri’slardi’n’ jen’is penen juwmaqlani’wi’ sali’qlar mug’dari’n kemeyttirdi, bazi’ waqi’tlari’ uli’wma joq qi’li’natug’i’n yedi. Za’ru’r qa’rejetler kontribuciya arqali’ qaplanar yedi.

Avgust Oktaviyan Rim ma'mleketi iri finansli'q xojali'qlarg'a fiansli'q wo'zgerisler kirgizdi. Wol barli'q provinciyalarda finansli'q mekemelerdi sho'lkemlestirdi, wolar sali'q to'lemlerin qadag'alaytug'i'n yedi ha'm ha'r bir puxara ma'lim ku'nde wo'zinin' dekleraciyasi'n ko'rsetiwi kerek yedi.

Quran su'relerinen birinde («woljalar» su'resi) woljalardi' bo'listiriw normalari' ko'zde tuti'lg'an yedi: wolardi'n' besten bir bo'legi: «wolja qi'li'p alg'an na'rsen'iz Alla ushi'n payg'ambar ushi'n ha'm jaqi'n ag'ayinleri, jetimler, miskinler ha'm mu'sa'pirler ushi'n» (41-ayat). Woljani'n' besten to'rt bo'legi bolsa (wolja keltiriwshi) bunnan piyada a'skerge bir u'les, atli'g'a ush u'les tiyisiwi kerek.

Ma'mleketshiliktin' da'slepki ko'rinisleri qa'liplesken A'yyemgi Greciyada (b.e.sh. IV-I a'sirler) sali'qqa tarti'w ideyalari' payda boli'p, a'melde arnawli' sali'qlar da'ramatlardan ali'ng'an boli'p, xali'q da'ramati'ni'n' wonnan bir, ayi'ri'm klasslar jigirmadan bir bo'legin ma'mleketke to'legen.

Yerkin puxara da'ramat qi'lmag'an jag'dayda ma'jbu'riy sali'qqa tarti'lmag'an biraq wolar woz qa'lewlerine qarap uli'wma imkaniyatlardan kelip shi'g'p, ma'mleketke inam qi'lgan.

Bul jag'day ja'miyettegi puxaralardi'n' ma'plerin sanali' ra'wishte seze alg'anli'qlari'n ko'rsetedi.

Bul ma'mlekette yen' da'slep sali'q teoriyasi' a'meliyatqa yengizilgen. Vizantiyani'n' sali'qshi'li'q da'wiri arqali' ma'mleket qu'diretinin' a'zzileniwine sebep boldi'

A'yyemgi Vizantiya (VII a'sirge shekem)da sali'qlardi' xi'zmetinen ti'sqari' ma'mleket resurslari'na yengiziw teoriyasi' a'melge asi'ri'lg'an. Bul da'wirde ma'mleket boyi'nsha 21 tu'rdegi tuwri' sali'qlar (jer sali'g'i', jan basi'nan ali'natug'i'n sali'qlar, ma'mleket armiyasi' ushi'n sali'qlar, tovar sawdasi'nan 12 % mug'darda ali'natug'i'n sali'qlar h.t.b) to'lemine a'mel qi'li'ng'an. Sali'q ju'ginin' arti'p ketiwi normativ principlerdin' buzi'li'wi' ma'mleketti dag'dari'sqa ali'p kelip, qu'diretli ma'mlekettin' bo'leklenip ketiwine sebep boldi'.

Bunnan sonday juwmaqqa keliw mu’mkin, ha’r qanday ma’mleket wo’z ta’miyinlewshileri aldi’ndag’i’ juwapkershiligin sezbese wo’z xi’zmetin belgiley almaydi’. VII a’sirlerge shekem Vizantiyada tuwri’dan-tuwri’ sali’qlardi’n’ 21 tu’ri a’mel qi’lg’an: jer sali’g’i’, wori’n to’lemi, armiyani’ ta’miyinlew sali’g’i’, rekrut ushi’n (a’skerge shaqi’ri’lg’an soldatlar) sali’q (bunda sali’q to’lew menen ayi’pkerlikten azat yetilgen), tovarlar sawdasi’na poshlina (12%)lar.

Sali’q-adamzat ja’miyetinin’ sanali’ jasaw da’wirinen baslap ju’zege kelgen ha’m natural formada payda bolg’an. Sol sebepli sali’qlardi’n’ yen’ da’slep payda boli’wi’na adamzat turmi’si’ni’n’ aqi’lli’li’q penen jasawi’na tiykarg’i’ ta’sir ko’rsetiwshi faktor si’pati’nda yemes xali’qti’n’ jaqsi’ jasawi’na umti’lg’an halda bir wo’zin yemes a’tiraptag’i’lar menen birge jasaw mashqalasi’n sheshiw joli’ndag’i’ da’slepki qa’dem sali’qti’ woylap tapqan ha’m sali’q to’lew (awshi’lar woljasi’nan bir bo’limin balalarg’a ha’m qariyalarg’a ha’mde hayallarg’a bo’lip beriw na’tiyjesinde) za’ru’r tu’ske ha’m a’detke kirgen.

**Sali’qlardi’n’ ekonomikali’q ma’nisi ha’m obektiv za’ru’rligi**

Sali’q tu’sinigi ekonomikali’q kategoriya si’pati’nda ma’mlekettin’ payda boli’wi’ ha’m woni’n’ xi’zmetinin’ dawamli’li’g’i’ menen tikkeley baylani’sli’ yesaplanadi’. Usi’ wori’nda sali’q kategoriyasi’ ma’mlekettin’ ekonomikali’q siyasati’ arqali’ ekonomikali’q ani’qli’q si’pati’nda ju’zege shi’g’i’wi’n ayti’p wo’tiw lazi’m.

Sali’q tu’sinigi tar ma’nide ma’mleket i’qti’yari’na sali’q to’lewshilerden ma’jbu’riy ta’rtipte wo’ndiriletug’i’n pul tu’simlerin ko’rsetedi.

Belgili bolg’ani’nday, sali’qlar tikkeley ma’mlekettin’ payda boli’wi’ menen baylani’sli’, yag’ni’y ma’mleket wo’zinin’ wa’killigine kiriwshi wazi’ypalardi’ wori’nlaw ushi’n finansli’q derek si’pati’nda sali’qlardan paydalanadi’. Sali’qlardi’n’ a’mel qi’li’wi’ bul obektivlik yesaplanadi’, sebebi ja’miyetti sho’lkemlestiriwshi ba’rshe subektler ha’m real sektorda, yag’ni’y islep shi’g’ari’w tarawi’nda xi’zmet ko’rsetpeydi. Ja’miyette basqalar ta’repinen biykar

yetilgen ya'ki xi'zmeti ekonomikali'q na'tiyjesiz bolg'an tarawlar da bar, bular sali'qlardi' obektiv a'mel qi'li'wi'n talap yetedi. Ani'g'i'raq qi'li'p aytqanda ja'miyetti rentabelli yemes (qorg'ani'w, medicina, ilim, bilim, ma'deniyat ha'm basqalar) ha'm rentabelli tarawg'a aji'rali'wi' ha'm rentabelli yemes tarawdi' finanslasti'ri'wdi'n' ta'biyiy za'ru'rligi sali'qlardi' obektiv a'mel qi'li'wi'n za'ru'r qi'li'p qoyadi'. Rentabelli yemes tarawdi'n' sociyalli'q xi'zmetleri tiykari'nan ma'mleket ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'. Wolardi' finanslasti'ri'w usi'li' si'pati'nda ju'zege shi'g'i'wshi' sali'qlar ha'm usi' sebepli tikkeley ma'mleketke tiyisli boladi'.

Sali'qlardi'n' a'mel qi'li'wi'n bazar ekonomikasi'na wo'tiw sha'rayati'nda yeki jag'day menen sa'wlelendiriw mu'mkin: *birinshiden*, ma'mlekettin' qatar wazi'ypalari'n qarji' menen ta'miyinlew za'ru'rligi, *yekinshiden* bazar ekonomikasi' ni'zam-qag'i'ydalari'.

Ma'mlekettin' wori'nlaytug'i'n funkciyalari' ha'm wazi'ypalari' ko'p boli'p, bazar ekonomikasi' rawajlani'wi' menen bazi' sotsialli'q qorg'alg'an bazar qatnasi'qlari'na mas kelmeytug'i'n wazi'ypalar jog'ali'p barsa, jan'a wazi'ypalar payda bola baslaydi'. Bularg'a bizin' respublikami'zda kem ta'miyinlengenlerge sotsialli'q ja'rdem ko'rsetiw, bazar ekonomikasi' infrastrukturasi'n payda qi'li'w si'yaqli'lar kiredi. Ma'mleket ku'shli sotsialli'q-siyasiy ilajlardi' a'melge asi'ri'w ushi'n pensionerler, studentler, ko'p balali' analar ha'm basqalardi' qarji' menen ta'miyinlew za'ru'rligin an'lap ayi'ri'm sheklengen tovarlar bahasi'ndag'i' pari'qti' byudjet yesabi'nan qaplaydi' ha'm wonnan ti'sqari' ma'hallelerde socialli'q qorg'awg'a mu'ta'j kem ta'miyinlengenlerge ma'teriyalli'q ja'rdemler ko'rsetedi. Usi'ni'n' menen birge, ma'mleket ja'miyet ag'zalari' ti'ni'shli'g'i'n saqlaw maqsetinde ma'mleket puxaralar qa'wipsizligin saqlaw, ma'mekette ta'rtip intizam wornati'w, woni' basqari'w funkciyalari'n wori'nlaw ushi'n ha'm ko'plep qarji' jo'neltiriwge ma'jbu'r. Bunday qa'rejetlerdi a'melge asi'ri'wdi'n' ma'jbu'riyligi wolar ushi'n derek bolg'an sali'qlardi' obektiv za'ru'r qi'li'p qoyadi'.

Ha’zirge shekem ma’mlekettin’ funkciyalari’n wori’nlaw ushi’n lazi’m bolg’an finansli’q qarji’lardi’ qa’liplestiriwdin’ sali’qlardan basqa usi’li’ ja’han a’meliyati’nda qollani’lg’an yemes. Demek, hu’kimran ku’sh si’pati’nda ma’mleket bar eken, finanslasti’ri’w usi’li’ si’pati’nda sali’qlar a’mel qi’ladi’. Belgili bolg’ani’nday, ja’miyet ekonomikali’q wo’miri ju’da quramali’ ekonomikali’q ha’diyselerden ibarat boli’p, mine usi’ quramali’li’q tuwri’dan-tuwri’ sali’qlarg’a da tiyisli, bul jag’day sali’qlardi’n’ ekonomikali’q ma’nisin teren’ an’lawg’a tuwri’ keledi.

Sali’qlar ma’jbu’riy to’lemlerdi sa’wlelendiriwshi pulli’ qatnasi’qlardi’ bildiredi. Bul qatnasi’qlar sali’q to’lewshiler menen wolardi’ wo’z mu’lkine aylandi’ri’wshi’ ma’mleket wortasi’nda boladi’. Ma’mleket ushi’n byudjet da’ramadlari’ni’n’ tiykarg’i’ deregi yesaplang’an sali’qlar u’lken a’hmiyetke iye.

Sali’qlar haqqi’nda qaraslar tariyxi’y obektiv ha’m subektiv faktorlardi’n’ ta’sirinde qa’liplesken. Sali’qlarg’a tiyisli tu’rli ta’riyplerdi analiz qi’li’w wolardi’n’ konkret ekonomikali’q-socialli’q rawajlani’wlar procesindegi ma’nisin tiykarlaw, sali’qlardi’n’ ekonomikali’q ro’lin ha’m sali’q ni’zamshi’li’g’i’na tiykar bolg’an sali’q principlerin belgilew ha’mde sali’q sistemasi’nda ja’miyet rawajlani’wi’nda bar bolg’an sali’qlardi’n’ tutqan worni’n ani’qlaw lazi’m. Sebebi, ma’mleket payda boli’wi’ menen sali’qlar ja’miyettegi ekonomikali’q qatnasi’qlardi’n’ za’ru’rlik talaplari’nan biri boli’p yesaplani’p kelingen. Ma’mleket du’ziw formalari’ni’n’ rawajlani’wi’ menen bir wai’qtta sali’q sistemasi’ wo’zgergen ha’m quramalasti’ri’lg’an. Sali’q sistemasi’ni’n’ wo’zgeriwi ha’m quramalasti’ri’li’wi’ sali’qlardi’n’ tu’rleri, mug’darlari’ ha’m ji’ynap ali’w usi’llari’ tu’rli bolg’anli’g’i’ menen tiykarlani’p kelingen. Ma’selen, shi’g’i’s ma’mleketleri ekonomikasi’ tariyxi’nda sali’qlar xali’qtan jeke mal-mu’lk , jerden ali’ng’an wo’nim, u’y haywanlari’ ha’m basqalar ushi’n “zakat” si’pati’nda ali’ng’an.

Sali’qlar a’yyemgi da’wirlerden itibarg’a ali’ng’an, biraq wol waqtlarda sali’qlar azat ha’m yerkin bolmag’an adamni’n’ belgisi boli’p xi’zmet qi’lg’an. Adam Smit (shotland filosofi’ ha’m ekonomisti , 1723-1790) wo’zinin’ “Xali’qlar

bayli’g’i’ni’n’ sebepleri ha’m ta’biyatlari’” kitabi’nda (1776) birinshi ma’rte sali’q principlerin ko’rsetip berdi, sali’qlardi’n’ a’hmiyetliligin jari’ti’p wolardi’ ma’mleketke to’lew qulli’q yemes, ba’lki yerkinlik belgisi yekenligin tiykarlap berdi.

N.I. Turgenov wo’zinin’ “Sali’q teoriyasi’ ta’jiriybesi” atli’ kitabi’nda (1818-ji’l) soni’ ayti’p wo’tedi, “Bilimli boli’wdi’n’ jetiskenlikleri wolardi’n’ xali’qlar u’rp-a’detlerine paydali’ ta’siri da’rejesine qarap sali’qlar sistemasi’ni’n’ quramalasi’wi’na da ta’sir yetken”, “… sali’qlar bilimge iye boli’w menen birge payda boli’p, woni’n’ belgisi boli’p qaldi’. …Sali’qlardi’n’ tayi’nlani’wi’, bo’listiriliwi ha’m ji’yi’li’w usi’li’na qarap xali’q arasi’nda tarqalg’an mag’li’wmatlar haqqi’nda; ji’ynalatug’i’n sali’qlar mug’dari’na qarap woni’n’ bayli’g’i’ haqqi’nda pikir ju’ritiw mu’mkin, bul bilimlilik ha’m mariypatti’ an’latatug’i’n yeki yen’ tiykarg’i’ qa’siyet yesaplanadi’”, sali’qlar a’yyemgi finansli’q institutlar yesaplani’p, ma’mlekettin’ payda boli’wi’ menen ju’zege kelgen. Sali’qlar ma’mleket organlari’n ta’miyinlew ha’m wolar aldi’nda turg’an wazi’ypalardi’ wori’nlani’wi’n ma’teriyalli’q ta’miyinlewdin’ deregi si’pati’nda xi’zmet qi’lg’an. Ma’mlekettin’ rawajlani’wi’ menen woni’n’ wazi’ypa ha’m funkciyalari’ jan’a qa’siyetlerge iye boldi’. Biraq sali’qlardi’n’ ma’mleketti ha’m woni’n’ organlari’n finanslasti’ri’wda derek si’pati’ndag’i’ ro’li wo’zgermey qaldi’.

“Sali’qlar,- dep jazadi’ D.Rikardo, -ha’kimyat i’qti’yari’na kelip tu’setug’i’n jer wo’nimi ha’m ma’mleket miynetinin bir bo’limin payda yetedi ha’m aqi’r aqi’betinde wolar kapital yesabi’nan ya’ki ma’mleket da’ramati’ yesabi’nan to’lenedi”[1] Soni’ ayi’ri’qsha ayti’p wo’tiw lazi’m, D. Rikardo sali’qlar ma’nisin tu’sindirip, wo’z na’wbetinde A.Smit ta’repinen jarati’lg’an sali’qlar teoriyasi’n belgili da’rejede rawajlandi’rg’an.

---

[1] Рикардо Д. Сочинения т. I. Начало политической экономики и налогового обложения. Пер. с англ. - М.: «Госполитиздат», с.360.

## Sali’qlardi’n’ wo’zine ta’n belgileri

Ekonomikali’q kategoriyani’n’ ma’nisin teren’irek an’law ushi’n wog’an ta’n uli’wma belgilerdi ani’qlaw lazi’m boladi’. Ma’selen, kredit ekonomikali’q kategorya si’pati’nda mu’ddetlilik, qaytari’wli’q, belgili bir mug’darda u’steme haqi’(payi’z) to’lew si’yaqli’ uli’wma belgilerge iye, usi’ belgiler kredit kategoriyasi’ ma’nisin ken’irek jari’ti’w ushi’n xi’zmet qi’ladi’. Usi’ sali’q kategoriyasi’ da bir qatar wo’zine ta’n belgilerge iye, usi’ belgiler sali’qlardi’n’ basqa to’lemlerinen parqlaw ushi’n xi’zmet qi’ladi’.

Rus ekonomisti A.Medvedev wo’zinin’ “Sali’qlardi’ qanday jobalasti’ri’w kerek” atli’ kitabi’nda sali’qlarg’a ta’n bolg’an yeki belgini, yag’ni’y ma’jbu’riylik ha’m ekvivalentsizlik si’yaqli’ belgilerdi korsetedi.

Joqari’dag’i’lardan kelip shi’g’i’p, sali’qlardi’n’ uli’wma belgilerin to’mendegishe sa’wlelendiriw mu’mkin:

1. Sali’q to’lewshi da’ramati’ni’n’ wol ya’ki bul swmmasi’n ma’mleketke to’ler yeken, buni’n’ yesesine tuwri’dan-tuwri’ birde-bir tovar yaki xi’zmet almaydi’. Bo’lek ali’ng’an sali’q to’lewshi ta’repinen to’lengen sali’q mug’dari’ menen wol paydalani’latug’i’n socialliq zatlar wortasi’nda tuwri’dan-tuwri’ baylani’sli’li’q bolmaydi’. Tap mine usi’ qa’siyetke ko’re sali’q bahadan, ruxsatnama (litsenziya) lar ha’m da’ldalshi’li’q ji’yi’mlari’nan parq qi’ladi’, sebebi bular ma’jbu’riy ya’ki i’qti’yari’y to’lemler yesaplansada, biraq barli’q waqi’t ma’mleket ta’repinen ko’rsetilgen xi’zmetten belgili bir payda ko’riliwi menen baylani’sli’.
2. Sali’qlar ma’jbu’riy to’lemler yesaplanadi’. Sali’qlardi’n’ toli’q mug’darda ha’m wo’z waqti’nda to’leniwi ushi’n juwapkerlik sali’q to’lewshiler moyni’na ju’klengen bolsada, wolar i’qti’yari’y yemes, ma’jbu’riy ra’wishte to’leydi, ma’mleket sali’q to’lewden bas tartqanlardi’ ni’zamshi’li’qta belgilengen ta’rtipte jazalaydi’.
3. Ma’mleket paydasi’na sali’q to’lew arqali’ da’ramatti’n’ yen’ da’slep belgilep qoyi’lg’an yen’ a’hmiyetlisi ni’zamli’q ta’rtipte ko’zde tuti’lg’an bo’limi

wo'ndirip ali'nadi'. Ko'pshilik ma'mleketlerde, sonday-aq O'zbekistanni'n' da ni'zamlari'nda sali'qlardi' belgilew ha'm wolardi'n' ko'lemlerin ani'qlawg'a tek ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat ya'ki wol ta'repinen wa'killik berilgen ma'mleket organlari' haqi'li' dep bekkemlenip qoyi'lg'an. Wo'zinin' qa'lewine qarap jan'a sali'qlar belgilew ya'ki wolardi'n' ko'lemlerin ani'qlawg'a hesh kim haqi'li' yemes. To'lemlerdin' ni'zamli'q, ashi'q-aydi'n qa'siyetine iye boli'wi' sali'qlardi'n' bas xarakteristikasi yesaplanadi'.

4. Sali'qlardi'n' ja'ne bir belgisi wolardi'n' ma'mleket ya'ki jergilikli byudjetke kelip tu'siwi, yag'ni'y sali'qlar byudjetten ti'sqari' fondlar ya'ki tu'rli basqa fondlarg'a kelip tu'speydi.

5. Sali'qlarg'a ta'n bolg'an uli'wma belgilerden biri si'pati'nda ma'mleket ha'mde yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler wortasi'nda mu'lkshiliktin' qayta bo'listiriw procesinin' ju'zege keliwi. A'piwayi'raq qi'li'p aytqanda, ka'rxanalar ha'm xali'qtan ali'natug'i'n sali'qlar, negizi wolar mu'lkinin' belgili bir bo'limin ma'mleket yesabi'na wo'tkiziliwin bildiredi. Bul menen xojali'q ju'ritiwshi subektlerge tiyisli bolg'an subektlerge tiyisli bolg'an mu'lk da'ramat formasi'nda ma'jbu'riy to'lem boli'p, ma'mleket mu'lkine aylanadi'.

Sali'q kategoryasi' basqa ekonomikali'q kategoryalar: finans, kredit, qamsi'zlandi'ri'w, investiciya si'yaqli'lar menen uli'wma uqsasli'qqa iye, yag'ni'y wolardi'n' ba'rshesi pulli' qatnasi'qlardi' sa'wlelendiredi. Biraq sali'qlardi'n' wo'zine ta'n joqari'da atap wo'tilgen belgileri bar, usi' belgiler sali'qlardi' basqa ekonomikali'q kategoriyalardan parqlaw ushi'n xi'zmet qi'ladi'.

## 1.2. Sali'qlardi'n' funkciyalari'

Sali'qlardi'n' ekonomikali'q ma'nisi ma'mleket penen huquqi'y ha'm fizikali'q ta'repler wortasi'nda payda boli'wshi' obektiv ma'jbu'riy to'lemlerge tiykarlang'an finansli'q qatnasi'qlar arqali' xarakterlenedi. Bul finansli'q qatnasi'qlar arnawli' socialli'q xarakterge iye boli'p, milliy da'ramatti'n' bir

bo'limi bolg'an pul qarji'lari'n ma'mleket i'qti'yari'na bag'darlawg'a xi'zmet qi'ladi'.

Sali'qlardi'n' ma'nisi wolardi'n' wori'nlaytug'i'n funkciyalari'nan kelip shi'g'adi'. Ha'r bir ekonomikali'q kategoriyani'n' wo'z funkciyasi bar. Sali'q g'a'rezsiz kategorya si'pati'nda wo'zi wori'nlaytug'i'n funkciyalarg'a iye boli'p, bul funkciyalar sali'q kategoryasi'ni'n' a'meldegi ha'reketin sa'wlelendiredi. Funkciya degende, a'dette kategoryani'n' ko'p qaytari'latug'i'n, ta'kirarlanatug'i'n barli'q ha'reketlerin tu'siniw lazi'm.

Sali'qlardi'n' funkciyalari' haqqi'nda pa'nde tu'rli qaraslar bar. Sovet awqami' da'wirinde sali'qlar yeki tu'rli funkciyani wori'nlaydi' degen qaras ken' tarqalg'an yedi. Bul yeki funkciya si'pati'nda fiscal ha'm qadag'alaw funkciyalari' ta'n ali'natug'i'n yedi. Yen' tiykarg'i'si' bul sali'qlardi'n' fiscal funkciyasi' yesaplanadi', sebebi bul funkciyasi'z qadag'alaw funkciyasi'ni'n' bar boli'wi' mu'mkin yemes, dep qaraladi'.

Bati's ekonomistleri ko'pshiliginin' teoriyalari' angliyali' economist J.M. Keyns koncepsiyasi'na tiykarlanadi'. Bul koncepsiyag'a ko're sali'qlar fiscal funkciyasi'nan ti'sqari' ekonomikani' ta'rtipke sali'w, xoshametlew ha'm da'ramatlardi' basqari'w qurali' funkciyalari'na iye, sali'qti'n' bul funkciyalari' woni' ekonomikani' ta'rtipke sali'w ha'm ekonomikali'q turaqli' wo'siwdi ta'miyinlew qurali' si'pati'nda paydalani'w za'ru'rliginen kelip shi'g'adi'.

Neokeynslik bag'dari' wa'killeri bolg'an L.Xarrot, N.Kaldor, A.Xansen ha'm P.Samuelsonlardi'n' pikirine ko're sali'qlar ekonomikani' ta'rtipke sali'w funkciyasi'na iye. Wolar sali'q stavkalari'n wo'zgerttiriw ha'm tu'rli jen'illikler beriw joli' menen bul funkciyani' wori'nlaw mu'mkin, dep yesaplaydi'.

Sali'qlardi'n' funkciyalari' wolardi'n' ma'nisin a'meliyatta ha'reket qi'li'p ati'rg'anli'g'i'n ko'rsetedi. Sonday yeken, funkciya ba'rqulla jasap, sali'q ma'nisin ko'rsetip turi'wi' za'ru'r. Demek, funkciya kategoriyasi' ba'rqulla, qatan' ta'kirarlani'p turatug'i'n waqi'yali'qti' sa'wlelendiredi. Sonday metodli'q jandasi'wdan kelip shi'g'i'p sali'qlar funkciyasi'n ani'qlaw kerek.

Sali'qlardi'n' funkciyalari' ma'selesinde ha'zirge shekem ali'mlar wortasi'nda u'lken tarti'slar bar, biraq birden-bir pikirge kelingen yemes. Ko'pshilik ekonomistler sali'qlarg'a fiscal, basqari'wshi', xoshametlewshi, qadag'alaw funkciyalari' ta'n dep ta'riyp beredi.

## Sali'qlardi'n' fiscal funkciyasi'

Sali'qlardi'n' to'mendegi tiykarg'i' funkciyalari'n aji'rati'p ko'rsetiw maqsetke muwapi'q: sali'qti'n' fiscal, ta'rtipke sali'w, xoshametlew, qadag'alaw funkciyalari' sali'qti' yesaplaw procesin informaciya menen ta'miyinlew funkciyasi'.

Sali'qlardi'n' tiykarg'i' funkciyasi'-fiskal funkciya yesaplani'p (lati'nsha fiscus so'zinen ali'ng'an boli'p, g'a'ziyne degen ma'nisti an'latadi'), bul funkciyani'n' a'hmiyeti, sonnan ibarat sali'qlar ja'rdeminde finans resurslari' payda boladi' ha'mde ma'mleket xi'zmet ko'rsetiwi ushi'n ma'teriyalli'q sha'rayat jarati'ladi'. Sali'qlar arqali' ka'rxanalar ha'm puxaralar da'ramati'ni'n' bir bo'legin ma'mleket basqari'wi'n, ma'mleket qorg'awi'n, wondirislik yemes tarawi'n saqlap turi'w maqsetinde wo'ndirip ali'w joli' menen ma'mleket byudjetinin' da'ramat bo'limin qa'liplestiriw-sali'qlar fiscal funkciyasi'ni'n' yen' a'hmiyetli elementi yesaplanadi'.

Ja'han a'meliyati'nda socialli'q qorg'awg'a mu'ta'j bolg'an ta'repler ushi'n sali'q jen'illikleri ha'm joqari' da'ramat ali'wshi' ta'repler ushi'n progressiv stavkalar belgilew de qollanadi', yag'ni'y xali'qti'n' kem da'ramat alatug'i'n bo'limin socialli'q qorg'aw maqsetinde da'ramatlardi' bir bo'limi qayta bo'listiriledi.

## Sali'qlardi'n' ta'rtipke sali'wshi' funkciyasi'

Bazar qatnasi'qlari'ni'n' qa'liplesiwi ha'm rawajlani'wi' sha'rayati'nda sali'qlardi'n' yekinshi a'hmiyetli funkciyasi' wolardi'n' ekonomikadag'i' ta'rtipke

sali'wshi'li'q ro'li yesaplanadi', yag'ni'y ma'mleket sali'qlar arqali' tovarlar, xi'zmetlerdi islep shi'g'ari'w ha'm sati'wdi'n' ekonomikali'q sha'rt – sharayati'n ta'rtipke saladi' ha'm bul menen ekonomika tarmaqlari'ni'n' ekonomikali'q xi'zmetin a'melge asi'ri'w ushi'n belgili bir «Sali'q wortali'g'i'»i'n jaratadi'. Usi' funkciya arqali' ma'mleket sali'q sistemasi'na ta'sir ko'rsetedi, yag'ni'y belgili bir tarmaqta islep shi'g'ari'w pa'tlerin xoshametleydi ya'ki ji'lawlap turadi', qarji'ni'n' bir tarmaqtan sali'q wortali'g'i' yen' maqul bolg'an basqa tarmaqqa qoyi'li'wi'n ku'sheyttiredi ya'ki pa'seyttiredi, sonday-aq xali'qti'n' to'lemge qabi'l talabi'n ken'eyttiredi ya'ki kemeyttiredi.

Sali'qlardi'n' ta'rtipke sali'wshi' si'pati'ndag'i' funkciyasi'ni'n' a'hmiyeti bazar qatnasi'qlari' sha'rayati'nda wo'sip baradi', bul da'wirde isbilermenlerdi ha'kimshilik g'a'rezli qi'li'w usi'llari' joq boli'p ketedi ya'ki ju'da az halda qaladi', ka'rxanalar xi'zmetin pa'rmanlar, ko'rsetpeler ha'm buyri'qlar ja'rdeminde basqari'w huquqi'na iye bolg'an "joqari' sho'lkem" tu'siniginin' wo'zi a'ste ku'shsizlenip baradi'. Biraq ekonomikali'q aktivlikti izge sali'p turi'w, woni'n' rawajlani'wi' ja'miyet ushi'n jaqsi' bolg'an jo'neliste xoshametlew z'aru'riyati' saqlani'p qaladi'.

## Sali'qlardi'n' xoshametlew funkciyasi'

Xoshametlew funkciyasi' sali'q sistemasi'ni'n' yen' a'hmiyetli funkciyalari'nan biri boli'p, wo'ndiristi rawajlandi'ri'wg'a, ma'teriyalli'q shiyki wo'nim resurslari', sonday-aq finansli'q ha'm miynet resurslari', toplang'an mal-mu'lkten na'tiyjeli paydalani'wg'a xoshametlewshi ta'sir ko'rsetedi, yag'ni'y sali'q ju'gin kemeyttiriw arqali' islep shi'g'ari'wdi' rawajlandi'ri'wg'a, finansli'q awhaldi' bekkemlewge ha'm investiciya xi'zmetin janlandi'ri'wg'a xoshametleydi. Sali'qlardi'n' xoshametlew funkciyasi' arqali' ma'mleket ekonomikasi'ni'n' rawajlani'wi'n ta'miyinleydi, bul menen fiscal funkciyani' wori'nlaw ushi'n bazani' ken'eyttiredi ha'm islep shi'g'ari'wdi' qollap-quwatlap, ma'mleket

aqi’lana sali’q siyasati’n ali’p bari’w joli’ menen sali’q ju’gin asi’rmastan xojali’q ju’ritiwshi subektlerdin’ yerkin xi’zmet ko’rsetiwi ta’miyinlenedi.

## Sali’qlardi’n’ qadag’alaw funkciyasi’

Sali’qlardi’n’ qadag’alaw funkciyasi’ sali’q to’lewshi ta’repinen usi’ni’s yetilgen, sali’qqa tarti’w obekti, sali’qqa tarti’ltug’i’n baza, jen’illikler si’yaqli’ h.t.b.lar tiyisli sali’q ko’rsetkishlerinin’ yesap-betlerin tekseriwdey quramali’ procesten ibarat. Sali’q yesabi’ sali’q mekemelerine belgilengen sali’q yesabi’ formalari’ arqali’ sali’q to’lewshiler wo’zlerinin’ sali’q ma’jbu’riyatlari’n qanday wori’nlap ati’rg’anli’qlari’n ja’nede na’tiyjeli qadag’alaw imkani’n beredi.

## Sali’qlardi’ yesaplaw procesin informaciya menen ta’miyinlew funkciyasi’

Sali’qlardi’ yesaplaw procesin informaciya menen ta’miyinlew funkciyasi’ da a’hmiyetli boli’p bul funkciya arqali’ qa’rejetler ko’lemi de konkret sali’qli’ tu’simler ma’mlekettin’ qanday social-ekonomikali’q funkciyalari’n wori’nlawg’a sarplang’anli’g’i’ haqqi’nda informaciya berip turi’li’wi’ ju’da za’ru’r. Sonday qi’li’nsa, sali’qlardi’n’ byudjetke tu’siwi toli’q, wo’z waqti’nda ha’m an’sat keshedi.

Sali’q funkciyalari’n qi’sqasha ko’rip shi’g’i’li’wi’ sali’qlar finans resurslari’n tiklew, xojali’q xi’zmetin ta’rtipke sali’w ha’m da’ramatlardi’ socialli’q ta’repten a’hmiyetli maqsetler ushi’n qayta bo’listiriw boyi’nsha a’hmiyetli wazi’ypalardi’ wori’nlaydi’ dep shi’g’ari’wi’ ushi’n imkan beredi.

Sali’qlardi’n’ byudjetke unamli’ ta’sirinen ti’sqari’, a’hmiyetli ekonomikali’q reformalardi’ a’melge asi’ri’w tarawi’nda da wolardan aktiv paydalani’w mu’mkin. Bahani’n’ reformalani’wi’, si’rtqi’ sawdani’n’ yerkinlestiriliwi, miynet bazari’ni’n’ reformalani’wi’ jan’a payda bolg’an kommerciyali’q strukturalari’n finansli’q ta’repten qollap-quwatlaw za’ru’riyati’n ju’zege keltiredi. Bul wazi’ypani’ sali’q stavkalari’n qatlamlasti’ri’w joli’ arqali’ sheshiw mu’mkin.

Solay qi'li'p, sali'qlardi'n' wazi'ypalari' wolardi' a'melge asi'ri'w mu'ddetine qarap, qi'sqa mu'ddetli, worta ha'm uzaq mu'ddetli wazi'ypalarg'a bo'linedi. Bul wazi'ypalar mazmuni'na ko're bir-birinen parq qi'ladi'. Sali'qlar tek ma'mleket byudjetinin' tu'simlerine bolg'an mu'ta'jliklerdi qandi'ri'wg'a ba'lki ma'mleket da'ramatlari'n byudjettin' worta mu'ddetli jobada jaqsi'law maqsetinde maslasi'wshan'li'g'i'n a'melge asi'ri'wg'a da xi'zmet qi'ladi'.

## 1.3. Sali'q elementleri

### Sali'qqa tarti'w sistemasi' ha'm woni'n' elementleri.

Sali'q elementleri haqqi'nda ko'pshilik a'debiyatlarda sali'qqa tarti'w sistemasi' haqqi'nda so'z ju'ritiledi. Usi' wori'nda sali'qqa tarti'w sistemasi' sali'q sistemasi'na qarag'anda tar tu'sinik boli'p, negizi sali'q sistemasi' qurami'n payda yetedi. Sali'q sistemasi' sali'qqa tiyisli ba'rshe qatnasi'qlardi' qamti'p alsa, sali'qqa tarti'w sistemasi' bolsa sali'qlardi' wo'ndiriw boyi'nsha ekonomikali'q-huquqi'y qatnasi'qlari'n wo'z ishine aladi'. Sol ta'repten sali'qqa tarti'w sistemasi' ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat ta'repinen ni'zam joli' menen belgilengen ha'mde atqari'w ha'kimiyati' ta'repinen sali'qlardi' payda yetiw principleri ha'm usi'llari'n aladi', bul elementlerdin' qay da'rejede analiz yetiliwi bolsa tuwri'dan-tuwri' ma'mleket siyasati' jo'nelisine baylani'sli'. Yag'ni'y usi' ma'nide sali'qlardi'n' wazi'ypalari' si'yaqli' sali'qqa tarti'w sistemasi' da ha'r bir ma'mlekette wo'zine ta'n ta'rizde a'mel qi'li'wi' ha'm sho'lkemlesiwi mu'mkin.

Demek, ma'mleket ni'zamshi'li'g'i' menen belgilengen ha'm woni'n' arnawli' mekemeleri ta'repinen wo'ndiriletug'i'n sali'qlardi' sho'lkemlestiriw usi'llari', elementleri ha'm principleri ji'yi'ndi'si'na sali'qqa tarti'w sistemasi' dep ataladi'. Sali'qqa tarti'w sistemasi'ni'n' tiykarg'i' buwi'ni' yesaplang'an sali'q elementleri bolsa sali'qqa tarti'wda sa'wlelenetug'i'n tu'sinikler boli'p, wolar sali'q to'lewshiler ha'm ma'mleket byudjeti wortasi'ndag'i' ekonomikali'q-huquqi'y qatnasi'qlarda bar boladi'.

Sali’q teoriyasi’nda sali’qqa tiyisli qatnasi’qlardi’ toli’q ha’m teren’irek sa’wlelendiriw ushi’n ekonomikali’q jag’daylardi’ ha’r bir kishi toparlari’ belgili bir attag’i’ so’zler menen tu’sindiriledi. Sali’q elementleri de tap sonday sali’qqa tiyisli ekonomikali’q ha’diyselerdi tu’sindiriwge xi’zmet qi’li’wshi’ bir pu’tin tu’sinik. Sali’q elementleri tu’sinigi sali’qqa tarti’w sistemasi’n a’hmiyetli quramli’q bo’limi boli’p, woni’n’ wo’zi de kishi sistemani’ sho’lkemlestiredi, yag’ni’y sali’q elementleri de bir neshe ekonomikali’q kategoriyalardi’ bir pu’tin ha’reketin bildiredi.

**Sali’q** elementleri bir neshe tu’sinikten ibarat boli’p, wolar qurami’na: sali’q subekti, sali’q obekti, sali’q predmeti, sali’q deregi, sali’qqa tarti’w birligi, sali’q stavkasi’, sali’q jen’illikleri, sali’q normasi’, sali’qti’ to’lew mu’ddetleri, sali’q ju’gi  sali’q bazasi’n yesaplaw usi’llari’, sali’qqa tarti’w usi’llari’ si’yaqli’ tu’siniklerdi qamti’p aladi’. To’mende sali’q elementlerinin’ ha’r birine qi’sqasha toqtali’p wo’temiz.

**Sali’q subekti-** sali’q to’lew ma’jbu’riyati’ ju’klengen yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler ya’ki basqasha qi’li’p aytqanda sali’q subekti-bul sali’qqa tiyisli qatnasi’qlardi’ payda yetiwshi ta’replerdin’ wo’z-ara ji’yi’ndi’si’ boli’p, wonda bir ta’repten sali’q to’lewshiler (yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler) basqa ta’repten sali’qti’ wo’ndiriw wa’killigi ju’klengen sali’q xi’zmeti organlari’-Ma’mleketlik sali’q komiteti, sali’q basqarmalari’, rayon ha’m qala ma’mleket sali’q inspekciyalari’ qatnasadi’. Wo’z xi’zmetinde barli’q yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler sali’q subekti si’pati’nda ko’rinbeydi. Sebebi, bul jerde sali’qlardan uli’wma azat yetiliwshi yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler bar, wolar sali’q subekti si’pati’nda sali’q qatnasi’qlari’nda qatnaspaydi’.

**Sali’q agenti-** yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerden  sali’qti’ uslap qali’w ha’m ma’mleket byudjetine wo’tkizip beriwshi yuridikali’q ta’repler. Bunday yuridikaliq ta’repler wo’z xi’zmetinde tuwri’dan-tuwri’ ya’ki basqa ta’repten qatnasqan xojali’q ju’ritiwshi subektler, yag’ni’y yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerdin’ usi’ ka’rxanada wo’z miyneti, investiciyasi’ menen qatnasi’wi’ na’tiyjesinde alg’an da’ramati’(paydasi’)nan sali’qlardi’ uslap qaladi’ ha’m

ma'mleket byudjetine wo'tkizip beredi. Sali'q agentleri ma'mleket byudjetine sali'qlardi' tuwri'dan-tuwri' ya'ki basqa ta'repten jumi'sqa jallang'anli'g'i' na'tiyjesinde to'lenetug'i'n is haqi'dan, dividentlerden, ba'rqulla mekeme arqali' xi'zmet ko'rsetpeytug'i'n rezident yemes yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerden uslani'wi' lazi'm bolg'an sali'q swmmalari'n uslap qaladi' ha'm byudjetke wo'tkizip beredi, uslap qali'nbag'an, kem uslap qali'ng'an ha'm wo'z waqti'nda wo'tkizip berilmegen sali'q swmmasi' ushi'n ni'zamshi'li'qta belgilengen finansli'q, ha'kimshilik ha'm ji'nayi'y juwapkerlikke tarti'ladi'. Ha'r bir yuridikali'q ta'rep sali'q qatnasi'qlari'nda sali'q subekti boli'wi' menen birgelikte sali'q agenti si'pati'nda da qatnasadi'. Sali'q agenti ekonomikali'q a'debiyatlarda tiykari'nan fiscal agent si'pati'nda ko'rsetiledi.

**Sali'q obekti-** sali'q to'lewshinin' sali'q yesaplanatug'i'n ha'm sali'qqa tarti'w ushi'n tiykar boli'p xi'zmet qi'latug'i'n da'ramati', oboroti' ha'm mal-mu'lki tu'siniledi. Sali'q obekti si'pati'nda payda ya'ki da'ramat, belgili bir tovarlardi' quni', jer maydani', fizikali'q ha'm yuridikali'q ta'replerdin' mu'lkleri, ta'biyiy resurslardan paydalani'w mug'dari ha'm basqalar kiredi. Sali'q obekti negizi ja'miyettegi bar ma'teriyalli'q ha'm ma'nawiy bayli'qlardi'n' ayi'ri'mlari'na ni'zam joli' menen wolardan paydalani'wshi', iyelik qi'li'wshi' ha'm ja'riya yetiwshi sali'q subektlerinin' huquqlari'n sali'qqa tarti'wdi' sa'wlelendiredi. Yag'ni'y, ma'teriyalli'q ha'm ma'nawiy bayli'qlar sali'q obekti qi'li'p a'lbette wog'an mu'lkiy huquqqa iye bolg'anda g'ana ju'zege shi'g'adi'. Ma'selen, iyesiz imaratqa sali'q sali'nbaydi', sebebi iyesiz imaratqa qarag'anda sali'q subekti joq, bolg'an jag'dayda da sali'q obekti si'pati'nda imarat yemes, ba'lki usi' imaratqa bolg'an mu'lkiy huquqqa sali'q sali'nadi'. Usi' ta'repten ayti'w mu'mkin, sali'q obekti negizi yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerdin' mu'lkiy huquqi' da da'ramati'na qarati'ladi'.

**Sali'qqa tarti'w predmeti-**sali'q sali'natug'i'n da'ramat, oborot, mal-mu'lk ha'm basqalarg'a bolg'an huquq yemes, ba'lki wolardi'n' wo'zi, yag'ni'y sali'q sali'w obekti boli'p birde-bir sali'q predmetinde bolg'an huquq tu'sinilse, predmet boli'p mine usi' iyelik qi'li'natug'i'n da'ramat, jer ushastkasi', imarat ha'm

basqalardi'n' wo'zi tu'siniledi. Sali'q obekti ya'ki sali'qqa tarti'w predmeti, wog'an kim iyelik qi'li'w huquqi'na iye bolsa, wonda sali'qti' to'lew ma'jbu'riyati', yag'ni'y sali'q subektin ko'rsetedi. Demek, ayti'wi'mi'z mu'mkin, sali'qqa tarti'w predmetine iyelik qi'li'w huquqi' sali'q obektin bar qi'lsa, wo'z na'wbetinde usi' predmetke kimnin' iyelik qi'li'wi' sali'q subektin ya'ki sali'q to'lewshisin ko'rsetedi.

**Sali'q deregi-** bul sali'q to'lewshinin' to'leytug'i'n sali'qlar deregi, yag'ni'y da'ramati'. Sali'q obekti ha'm sali'q da'ramati'n bir-birinen parqlaw lazi'm. Ayi'ri'm sali'q tu'rleri boyi'nsha, ma'selen paydag'a, jalpi' da'ramatqa, fizikali'q ta'replerdin' da'ramati'na sali'qlar boyi'nsha sali'q obekti ha'm sali'q deregi ha'm bir qi'yli' boladi', yag'ni'y ne obekt bolsa, wonin' wo'zi derek yesaplanadi'. Usi' wori'nda sali'qqa tarti'w predmeti, sali'q obekti de sali'q deregin parqlaw ha'm wolardi'n' ma'nisin ashi'p beriw ushi'n ani'q sali'q tu'ri boyi'nsha ko'rip shi'g'i'wg'a ha'reket qi'lami'z. Jer sali'g'i' boyi'nsha ko'retug'in bolsaq, woni'n' sali'qqa tarti'w predmeti boli'p, jer ushastkasi' maydani', wog'an kimnin' iyelik qi'li'w huquqi' bar bolsa sali'q obekti payda boladi' ha'm usi' jer sali'g'i' qaysi' derek yesabi'nan ma'mleket byudjetine to'lense, ma'selen jerden tu'rli ko'riniste paydalani'w na'tiyjesinde ali'natug'i'n da'ramat wonin' deregi yesaplanadi'. Demek, sali'qqa tarti'w predmeti wo'z-wo'zinen kimdedur sali'q to'lew ma'jbu'riyati'n bar qi'lmaydi'. Mi'sali'mi'zg'a qaytatug'i'n bolsaq, jerge bolg'an huquqti' jaylardag'i' jergilikli ha'kimiyat organlari' beredi ha'm usi' menen birgelikte jerden paydalani'wshi'da sali'q to'lew ma'jbu'riyati' payda boladi', sebebi wonda jer ushastkasi'nan paydalani'w huquqi' bar. Demek, sali'q predmetine kimnin' iyelik qi'li'w huquqi' bar bolatug'i'n bolsa, wol sali'q qatnasi'qlari'nda sali'q subekti si'pati'nda qatnasadi'.

**Sali'q bazasi'-** sali'q obektinin' sali'q stavkasi' qollani'latug'i'n mug'dari'. Yesaplanatug'i'n sali'q mu'gdari' tek sali'q stavkalari'ni'n' mug'dari'na, usi' menen birgelikte sali'q stavkasi' qollani'latug'i'n obekttin' mug'dari'na da baylani'sli'. Sali'q bazasi'ni'n' mug'dari' ni'zamshi'li'qta sali'qqa tarti'li'wi' lazi'm bolg'an sali'q obektinen ruxsat yetiletug'i'n shegirmelerge baylani'sli'

ra’wishte wo’zgerip turi’wi’ mu’mkin. Sali’q bazasi’n sali’q to’lewshilerdin’ usi’ tipine usi’ni’li’p ati’rg’an sali’q jen’illiklerine muwapi’q ra’wishte kemeyttiriwge ruxsat yetiledi. Usi’ wori’nda ayti’p wo’tiw lazi’m, sali’q bazasi’ sali’q obektinen u’lken ya’ki kishi boli’wi’ mu’mkin. Ma’selen, sali’q to’lewshige sali’qtan jen’illikler ko’zde tuti’lg’an bolsa, bunday sha’rayatta sali’q bazasi’ sali’q obektinen kishi, sali’q obekti ni’zamshi’li’q penen ken’eyttiriletug’i’n bolsa wonnan u’lken boli’wi’ mu’mkin.

**Sali’qqa tarti’w birligi-** bul obekttin’ wo’lshem birligi. Ma’selen, da’ramat ya’ki mal-mu’lk sali’g’i’nda obekttin’ wo’lshem birligi boli’p woni’n’ swmdag’i’ bahasi’ sa’wlelense, jer sali’g’i’nda wo’lshem birligi boli’p kv.m.ya’ki gektar yesaplanadi’.

**Sali’q stavkasi’-** obekttin’ ha’r bir birligi ushi’n ma’mleket ta’repinen belgilep qoyi’lg’an norma. Sali’q stavkasi’ sali’q elementleri ishinde yen’ ko’p a’meliy a’hmiyetke iye bolg’an tu’sinik. Sebebi, sali’q stavkalari’n wo’zgerttiriw arqali’ ma’mleket xojali’q ju’ritiwshi subektler xi’zmetine sezilerli ta’sir yetedi, ayi’ri’m xi’zmet, tarawg’a u’stemlik beriliwi, kapital za’ru’r tarawlarg’a jo’neltiriwi, xoshametlewi mu’mkin.

**Sali’q jen’illikleri-** sali’q to’lewshilerge sali’qlar boyi’nsha tu’rli jen’illikler boli’p, wolar waqti’nshali’ ha’m ba’rqulla, toli’q ya’ki bo’lek ha’m basqa ko’rinislerde beriliwi mu’mkin. Sali’q jen’illiklerinin’ tu’rleri, a’mel qi’li’w mexanizmleri, belgilew normativleri ma’mleket socialli’q-ekonomikali’q rawajlani’w da’rejesinen kelip shi’qqan halda belgilenedi.

**Sali’q bazasi’n yesaplaw usi’llari’-** Sali’q bazasi’n yesaplawdi’n’ yeki tu’rli usi’li’ bar boli’p, wolar kassa usi’li’ ha’m yesapqa ali’w usi’llari’. Kassa usi’li’nda sali’q to’lewshide sali’qlardi to’lew ma’jbu’riyatlari’ da’ramat alg’ani’nan keyin payda bolsa, yesapqa ali’w usi’li’nda bolsa da’ramat ali’ng’an ya’ki sati’wdan tu’sim qashan kelip tu’siwine qaramastan tovarlardi’n’ jo’netiliwi wo’z na’wbetinde sali’qlardi to’lew ma’jbu’riyatlari’n ju’zege keltiredi.

***Sali'qqa tarti'w usi'llari' 3 tu'rli ko'riniste a'melge asi'ri'ladi':*** wolar to'mendegilerge: sali'qqa tarti'wdi'n' kadastrli', deklaraciya ha'm derek aldi'nan sali'qqa tarti'w usi'llari'na aji'rati'ladi'.

***Sali'qlardi' to'lew mu'ddetleri ha'm ta'rtipleri.*** Sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda ha'r bir sali'q tu'rinin' byudjetke to'lew mu'ddetleri belgilengen. Sali'qti' to'lew mu'ddetleri degende sali'q to'lewshilerdin' ma'mleket byudjeti aldi'nda sali'q ma'jbu'riyatlari'ni'n' wori'nlaw mu'ddeti sa'wlelenedi. Sali'qti' to'lew mu'ddetleri wo'z ma'nisine ko're 2 tu'rli ko'riniske iye: avans to'lemleri ha'm haqi'yqi'y da'ramat alg'ani'nan keyingi to'lemler. Sali'qti' to'lew ta'rtibinde bolsa: sali'qti' jo'neltirgenligi (byudjetke ya'ki byudjetten ti'sqari fondlarg'a), sali'qti' to'lew qurali' (milliy valyuta, swmda ya'ki basqa ma'mleketler milliy valyutasi'nda. O'zbekistan Respublikasi' sali'q ni'zamshi'li'g'i'na muwapi'q sali'qlar tek milliy valyuta, swmda to'leniwi mu'mkin) ha'mde sali'qti' to'lew formalari' (naq pul ya'ki naq pulsi'z) sa'wlelenedi.

**Sali'q ju'gi-** sali'q to'lewshnin' turaqli' waqi't arali'g'i'ndag'i' jumi'si' natiyjesindegi to'legen sali'qlari'ni'n' ji'yi'ndi'si'n sa'wlelendiredi. Bunda sali'q to'lewshilerdin' toleytug'i'n ba'rshe sali'qlar ha'm sali'qsiz ma'jbu'riy to'lemlerdin' ji'yi'ndi'si' sa'wlelenedi. Sali'q ju'ginin' ani'q sali'q to'lewshiler moyni'na qansha tuwri' kelgenligin ani'qlaw qi'yi'n wazi'ypa yesaplanadi'. Biraq tuwri' sali'qlarda sali'q ju'gi tap sali'qti' byudjetke yesaplap wo'tkiziwshi sali'q to'lewshiler moyni'na tu'sse, janapay sali'qlarda bolsa sali'q ju'gi sali'qti' to'lewshiler yemes, ba'lki tovar (jumi's, xi'zmet)lerdi tuti'ni'wshi'lar moyni'na tu'sedi. Ma'lim tu'rdegi yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler boyi'nsha sali'q ju'ginin' bir ji'lda byudjetke to'lengen ba'rshe ma'jbu'riy to'lemler ji'yi'ndi'si' menen ani'qlaw mu'mkin. Sali'q ju'ginin' da'rejesi wo'z nawbetinde ma'mlekettin' ekanomikali'q qu'diretine, inflyaciya da'rejesine, mamlekettin' huqi'qi'y funkciyalari'n qollawg'a, ja'nede bazar mu'nasibetlerinin' rawajlani'wi'n ha'm socialli'q ha'reket shen'berine baylani'sli' boladi'.

Sali'qlardi' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerden wo'ndiriw waqti'nda beriletug'i'n shegirmler na'tiyjesinde sali'q ju'gin sali'q to'lewshilerdin' birinen

yekinshisine ju'klew ku'zetiledi. Sol wori'nda sali'q boyi'nsha sali'q to'lewshilerge sali'q ju'gin ta'rtiplew yaki logikali'q jaqtan aytqanda normalasti'ri'w mashqalasi' ju'zege keledi.

Sali'q ju'gin bayanlawdi'n' bir qansha ko'rinisleri bar: makroda'rejedegi sali'q ju'gi, mezoda'rejedegi sali'q ju'gi ha'm mikroda'rejedegi sali'q ju'gi. Sali'q ju'gi makroda'rejede bayanlang'anda pu'tin ma'mleket shen'berinde ayti'ladi', negizgi ko'rsetkish  si'pati'nda aldi'ng'i' waqi't arali'g'i'nda ma'mleket byudjetine kelip tu'sken sali'qlar ji'yi'ndi'si'n a'ne sol waqi't arali'g'i'nda jarati'lg'an jalpi' ishki wo'nim yaki milliy da'ramatqa qatnasi' ali'nadi'. Mezoda'rejede bayanlang'anda ayri'qsha ali'ng'an qa'nigelik, tarmaq yaki sektorg'a tuwra keletug'i'n  sali'q ju'gi bayanlansa, mikro da'rejede bolsa ani'q bir ali'ng'an subektke tuwri' keletug'i'n sali'q ju'gi bayanlanadi'.

## Sali'q stavkalari'

Sali'qlardi'n' ma'mleket ekanomikasi'na ta'siri, tiykari'nan, wolardi'n' stavkalri' da'rejesi mug'dari' menen belgilenedi. Respulika sali'q sistemasi'ni'n' rawajlani'wi' ha'zirgi basqi'shi'nda sali'q stavklari'ni'n' da'rejesi yen' ahmiyetli ma'slelerden yesaplanadi'.

Sali'q stavkalari' respublika ha'm jergilikli byudjetler qa'rejetlerin pul menen ta'miynlewde ten' salmaqli'q da'rejesin  ha'mde xojali'q subektlerinin' finansli'q imkaniyatlari'n belgileydi. Demek wolar finans-byudjet mu'na'sibetlerin jetilistiriw menen baylani'sli'. Sali'q stavkalari' ka'rxanalardi'n' ekanomikali'q ga'rezsizligin ta'miynlegenleri jag'dayi'nda, finans-byudjet mu'na'sbetlerinin' pul qatnasi'na ko'rsetetug'i'n keri ta'sirine shek qoya ali'wi' kerek. Bul bolsa, respublikami'zda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an sali'q reformasi'ni'n' kerek ta'repin payda yetedi.

Sali'q elementleri qurami'nda sali'q stavkalari' ayri'qsha wori'n tutadi'. Ekanomikali'q a'debiyatlarda  sali'q stavkasi' degende sali'q obektinin' ha'r bir sali'q birligi ushi'n ma'mleket ta'repinen belgilep qoyi'lg'an mug'dar tu'siniledi.

Sali’q  stavkasi’ni’n’ a’hmiyeti sali’q obektinin’ qansha bo’legi qanday mug’darda ma’bu’riy to’lem si’pati’nda byudjetke wo’ndiriliwin xarakterleytug’i’n ma’slege juwap beredi.

Sali’q stavkalari’ni’n’ negizi sonda, wolar sali’q obekti, sali’q birligi ha’m sali’q normalari’na tiykarlang’an halda sali’q mexanzmi paydali’ islewin ta’miynleydi. Sali’q stavkalari’nan ma’mleket ta’repinen ekanomikani’ ta’rtipke sali’w baylani’si’ si’pati’nda  paydalani’lsa, basqa ta’repten sali’q shegirmelerinin’ bir tu’ri si’pati’nda wolar arqali’ islep shi’g’ari’wdi’ rawajlandi’ri’wg’a qoshamet ro’linen paydalani’ladi’.




**1.3.1-si’zi’lma. Sali’q stavkasi’ tu’rleri**

Sali’q stavkalari’ yeki tu’rli ko’riniste: turaqli’ stavkalarda ha’m sali’sti’rmali’ stavkalarda bayanlanadi’. Sali’q stavkasi’ turaqli’ stavkada belgilengen  halda  sali’q obektine qarag’anda turaqli’ swmda sali’q mug’dari’ wornati’lg’an. Yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerdin’ da’ramatlari’na, mal-mu’lklerge bolsa sali’stirmali’  stavkada yaki payi’zda sali’q mug’dari’ belgi’lengen.

Sali'q stavkasi' menen sali'qqa tarti'w obekti wortasi'ndag'i' baylani'si' da'rejesine qarap sali'q stavkalari'n proporcional, progressiv ha'm regressiv usag'an tu'rlerge ajrati'w mu'mkin.

Sali'q stavkalari', wo'ndiriliwine, mazmuni'na a'mel qi'li'w ti'ykari'nan bir neshe tu'rlerge ajrati'ladi'.

Sali'q stavklari' tu'rlerinen biri-bul proporcional sali'q stavkalari' boli'p, bul sali'q stavkalari'n negizgi mazmuni' sonnan ibarat, sali'q to'lewshi bolsa bug'an payda (da'ramat), divident, aylani's (oborot) yaki mal-mu'lk bahasi'ni'n' ko'lemi qansha boli'wi'na qaramastan birdey ta'rtipte, yag'ni'y birdey payzda sali'q stavkasi' qollani'ladi'. Ma'selen divident ushi'n barshe sali'q to'lewshileri ushi'n sali'q stavkasi' 10% yetip belgilengen.

Sali'q stavkalari'ni'n' keyingi tu'ri progressiv sali'q stavkasi' yesaplanadi'. Progressiv sali'q stavkasi' mazmuni' jag'i'nan proporcional sali'q stavkasi'na qarsi' jag'dayda a'mel qi'li'p, wog'an muwapi'q sali'q to'lewshilerdin' da'ramatlari', paydasi' tu'siniledi. O'zbekistan Respublikasi' sali'q sistemasi'nda buni' fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i' mi'sali'nda ko'riw mu'mkin. Bug'an muwapi'q, fizikali'q ta'replerdin' alg'an da'ramati' asi'p bari'wi' menen birge belgilengen shkala negizinde sali'q stavkasi' asi'p baradi'.

Progressiv sali'q stavkasi'ni'n' yeki tu'ri bar: a'piwayi' progressiya ha'm quramali' progressiya. A'piwayi' progressiyada sali'qti'n' artti'ri'lg'an stavkasi' sali'qqa tarti'latug'i'n ba'rshe obektke qollani'ladi', quramali' progressiyada bolsa sali'qqa tarti'w obekti bo'limlerge bo'linedi, wolardi'n' ha'r biri wo'z stavkasi' boyi'nsha sali'qqa tarti'ladi', yag'ni'y artti'ri'lg'an stavkalar pu'tin obektke qatnasli' yemes, ba'lki bunnan aldi'ng'i basqi'shtan artqan bo'limge qatnasli' qollani'ladi'. Fizikali'q ta'replerdin' da'ramati'na sali'q stavkalari' quramali' progressiya yesaplanadi'.

Regeressiv sali'q stavkasi'nda sali'q tolewshinin' sali'qqa tarti'lg'an da'ramati' oboroti', mal-mu'lk mug'dari' si'yaqli' sali'q obektinin' arti'p bari'wi' menen sali'q stavkasi'ni'n' kemeyip bari'wi' ko'rsetiledi. Bunnan ko'rinedi,

regressiv sali’q stavkasi’ progressiv sali’q stavkasi’na qarsi’ ha’diyseni bayanlaydi’.

O’zbekistan Respublikasi’ sali’q sistemasi’nda regeressiv sali’q stavkasi’ tiykari’nan sali’qlardi’n’ qoshametlewshi ro’lin asi’ri’w maqsetinde qolani’li’p, bul tiykari’nan karxanalardi’n’ tovar ( xi’zmet, jumi’si’)di’ shetke eksport qi’lwi’di’n’ qoshametlew maqsetinde qabi’l yetilgen. Solardan:

Payda sali’g’i’ boyni’sha:

Eksportshi’ ka’rxanalar ushi’n realizaciyani’n’ uli’wma ko’lemi wo’zi islep shi’g’arg’an tovarlar eksporti’ni’n’ yerkin konvertaciyalang’an valyutag’a eksport qi’li’w u’lesine baylani’sli’ halda da’ramatqa sali’q sali’wdi’n’ regressiv shkalasi’ a’mel qi’ladi’. Eksport u’lesi:

- Realizaciyani’n’ uli’wma ko’lemi 15%-30% ke deyin bolg’ani’nda belgilengen stavka 30% ke kemeyedi;
- Mal-mu’lk sali’g’i’ boyi’nsha da sol ta’rtipte a’mel qi’ladi’.

Respublikami’z sali’q sistemasi’nda eksportti’ qoshametlewge qarati’lg’an qatar jen’illiklerdin’ barli’g’i’ milliy tovar islep shi’g’ari’wshi’lardi’ wo’z tovarlari’n eksport qi’li’wg’a jo’neltiriwshi tiykarg’i’ faktor boli’p yesaplanadi’.

Ekonomikali’q a’debiyatlarda uzaq ji’llardan berli birden-bir sali’q stavkalari’n yengiziw boyi’nsha ba’sekili tarti’s dawam yetip kiyati’r.

Bul qaraslardi’ rus ali’mlari A.Abalkin, P.Bunish ha’m basqalardi’n’ ilimiy islerinde ushrati’w mu’mkin. Wolardi’n’ ayti’wi’na ko’re ka’rxanalar paydasi’nan ali’ng’an sali’q ushi’n birden-bir stavka qabi’l yetiw bazar qatnasi’qlari’na wo’tip ati’rg’an da’wirler ushi’n maqul ha’m birden-bir jol yekenligin aytadi’. Pikirdin’ da’liyli ko’rinsinde birden-bir stavkani’ qabi’l yetiwdin’ 4 sebebin ajrati’p ko’rsetedi:

1) Xojali’q mexanzminin’ birew yekenligi
2) Kapitaldi’ sarplaw tarawlari’ni’n’ sali’q qatnaslari’na sali’sti’rmali’ ten’ligi, bul kapitaldi yerkin ha’reket qi’li’w ushi’n negiz jaratadi’.
3) Ba’rshe ka’rxanalardi’n’ sali’q to’lewshileri si’pati’nda ma’mleket aldi’nda ten’ huqi’qli’li’g’i’

4) Bazardag'i' ba'seki gu'resinde sha'rayatlardi'n' ten'ligi

Bazar ekanomikasi' sharayati'nda bug'an qarama-qarsi' pikirler de bar. A'ne sonday pikirlerge ko're, ba'rshe ka'rxanalar ushi'n birden-bir stavkada paydadan sali'q ali'w maqsetke muwapi'q yemes. Ka'rxanalardi'n' ha'r qi'yli' finansli'q sha'rayatta bolgan ha'zirgi da'wir jag'dayi'nda birden-bir stavkani' qollaw ka'rxanani'n' finansli'q talaplari' menen ma'mleket ma'pleri ju'zesinen keskin qarama-qarsi'li'qlardi' ju'zege keltiredi.

Rawajlangan ha'm rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketler sali'q sistemasi'na itibar qaratatug'i'n bolsaq wolar a'meliyatta sali'q stavkalari'n taypalasti'ri'lg'an halda qollani'li'wi'ni'n' gu'wasi' boli'wi'mi'z mu'mkin.

Sebebi, sali'qlardi' qoshametlew ro'lin ju'zege shi'g'ari'w tiykari'nan 3 qi'yli' ko'rinste ju'zege shi'g'adi'. Bular sali'q jenilliklerin a'melge asi'ri'w (sali'q obektin kemeyttiriw) sali'q to'lewshilerdi sali'qtan azat yetiw ha'mde sali'q stavklari'n taypalasti'ri'w yesaplanadi'.

Yeger sali'q stavkalari'n taypalasti'ri'wda tuwri' ha'm janapay sali'qlar halati'na itibar beretug'i'n bolsaq, janapay sali'qlarga qarag'anda tuwri' sali'qlarda sali'q stavkalari'n ko'birek taypalasti'rg'an. Buni'n' tiykarg'i' sebebi, sali'qlardi' qoshametlewshilik ro'li tiykari'nan tuwri' ha'm janapay sali'qlar arqali' ju'zege shi'g'i'wshi', sog'an tiykarlang'an halda sali'q stavkalari'n taypalasti'ri'wda tuwri' ha'm janapay sali'qlar arqali' ka'rxanalar ha'r tu'rli jumi's bari'si' boyi'nsha qoshametlew yesaplani'ladi'.

Suw resurslari'nan paydalang'anli'g'i' ushi'n sali'q xojali'q ju'ritiwshi subektlerden tiykari'nan suw wori'nlari'nan tejep paydalani'w ha'mde ma'mleket byudjetin da'ramat penen ta'miynlew si'pati'nda kiritilgen boli'p, woni' taypalastiri'wda yeki tu'rli usi'l a'melge asi'ri'lg'an, yag'ni'y suw reurslari'nan paydalang'ani' ushi'n sali'q stavkalari' tarawlar ha'm suwlardi'n' payda boli'w dereklerine qarap taypalasti'ri'lg'an.

Sonday-aq, tuwri' sali'qlardan biri yesaplang'an birden-bir sali'q to'lemi kishi biznes subektleri ushi'n ayri'qsha sali'q tu'ri boli'p, wol boyi'nsha belgilengen sali'q stavkalari' da taypalasqan. Bunda sali'q stavkasi'ni'n'

taypalasti'ri'w wo'lshemi ka'rxanalardi'n' islep shi'g'ari'w tarawlari' boyi'nsha belgilengen.

Qosi'msha qun sali'g'i' yen' tiykarg'i' sali'q tu'rlerinen biri boli'p, bul tiykarg'i' oborottan ali'natug'i'n ha'm sati'wdan ali'natug'i'n sali'qlardi'n' worni'na kiritilgen. Qosi'msha qun sali'g'i boyi'nsha da'slepki ji'lda 32 % li' stavka qollani'lg'an bolsa, bu'gingi ku'nde 20% lik ha'm nollik stavka boyi'nsha sali'q wo'ndirilmekte.

Janapay sali'qlardi'n' ja'ne bir tu'ri bolg'an akciz sali'g'i' boyi'nsha da taypalasti'ri'lg'an sali'q stavkalari' qollani'lg'an boli'p, bul sali'q tu'rinde sali'q stavkalari'n taypalasti'ri'wda basqa sali'qlardan parqli' ra'wishte sali'q stavakalari' sali'q to'lewshilerdin' islep shi'g'ari'w tarawi' yaki sali'q to'lewshinin' jaylasi'wi'na qarap yemes, balki akciz sali'g'i'na tarti'latug'i'n tovarlar dizimi boyi'nsha taypalasti'ri'lg'an.




Uli'wma alg'anda sali'q stavkalari'ni'n' taypalasti'ri'w sali'q sistemasi'ni'n' yen' kerekli tiykarg'i' mashqalalari'an biri boli'p, wog'ada na'zik ha'm u'lken

a'hmiyetke iye bolg'an ma'sele yesaplanadi', wonda ma'mleket byudjeti ha'm sali'q to'lewshilerdin' ma'pleri sa'wlelengen yesaplanadi'.

## Sali'q jen'illikleri

Du'nya sali'q sistemasi'ni'n' negizi ha'm ajralmas bo'limlerinen biri- bul sali'q jen'illikleri. Ha'r qanday ma'mleket woni'n' xojali'q ju'ritiw sistemasi' qanday boli'wi'na qaramastan ma'mleket byudjetin da'ramatlar menen ta'minlewde tiykarg'i' dereklerden biri- bul sali'qlar ha'm sali'qsi'z to'lemler.

Birinshi usi'l u'ziliksiz real sali'qlardi' yesaplaw ushi'n paydalani'latug'i'n obektler (jer, imaratlar ha'm usi' tu'rdegiler) din' bahasi' ha'm wortasha da'ramatli'li'g'i' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlarg'a iye bolg'an jer kadastr ya'ki reestrdan paydalani'li'wi'n talap yetedi.

Jer kadastri'n du'ziwde tu'rli rayonlardag'i' birdey tu'rdegi jer uchastkalari' sapasi', jaylasqan jeri, paydalani'li'wi' ha'm basqa belgilerine ko're gruppalanadi'. Ha'r bir topar ushi'n maydan birliginin' qatar ji'llar ushi'n wortasha da'ramatli'li'g'i' belgilenedi. Basqa ha'mme jer uchastkalari' maydan birliginen sali'q stavkasi' belgilengen anaw yaki basqa toparg'a ten'lestiriledi.

Sali'qti' to'lewdin' kadastrli' usi'li'ni'n' wo'zine say qa'siyeti si'pati'nda soni' aji'rati'p ko'rsetiw kerek, sali'qti'n' to'leniw waqti' da'ramatti'n' ali'ni'w waqti' menen uli'wma baylani'sli' bolmaydi', sebebi bunday usi'lda mal-mu'lk woni'n' shama qi'li'ng'an da'ramatli'li'g'i'ni'n' si'rtqi' belgileri tiykari'nda bahalanadi'. Kadastrli' usi'lda qalalar ha'm qala qorg'anlari'nda jer sali'gi' stavkalari'n islep shi'g'i'wg'a wolar aymag'i'ni'n' qala ayri'm rayonlari' jerleri ha'm infradu'zilmesin ekonomikali'q bahalaw mug'dari' boyi'nsha kompleks ta'rizde bahalaw tiykar qi'li'p ali'ng'an.

Obekttin' tap usi'nday belgilerge tiykarlang'an wortasha da'ramatli'li'g'i' woni'n' haqi'yqi'y da'ramatli'li'g'i'nan ani'q parqlani'wi' mu'mkin, soni'n' ushi'n bunday usi'l ko'p ta'repten tari'yxi'yli'q tu'rge iye boli'wi' mu'mkin, wonda sali'q sistemasi' wonsha rawajlanbag'an halatta qollani'ladi'.

O’zbekistan Respublikasi’nda jer sali’g’i’ kadastrli’ usi’lda wo’ndiriledi. Bunda jerlerdin’ wo’nimdarli’g’i’ (boniteti) yesapqa ali’ng’an haldag’i’ jer sali’g’i’ stavkalari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ tiykari’nda ha’r ji’li’ jan’adan tasti’yqlanadi’.

Yekinshi usi’lda sali’qti’ sali’q subektine da’ramatti’ to’leytug’i’n yuridikali’q ta’rep yesaplaydi’ ha’m uslap qaladi’. Jumi’sshi’ni’n’ is haqi’nan, xi’zmetshinin’ ayli’g’i’nan da’ramat sali’g’i’ usi’ ta’rizde wo’ndiriledi. Sali’q ka’rxanada jumi’sshi’ni’n’ da’ramati’n alg’ang’a shekem uslap qali’nadi’, bul sali’qti’ to’lewden bas tarti’wg’a jol qotmaydi, sebebi buxgalteriya sali’q sali’natug’i’n da’ramatti’ ha’m sali’q summasi’n ani’q yesap-kitap qi’li’p shi’g’adi’. Bunday jag’daylarda qatnasi’wshi’ yuridikali’q ta’repler ko’binese fiskal agent yaki sali’q agenti si’pati’nda qaraladi’.

Sali’qti’n’ da’ramat dereginde to’leniwi soni’ an’latadi’, sali’q woni’ deklaraciyalar boyi’nsha to’lewge qusap sali’q organi’ ta’repinen yesaplani’p uslap qali’nbaydi’, ba’lkim woni’ yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’rep paydasi’na to’lewdi a’melge asi’ratug’i’n fiskal agentler to’lew derekleri (ka’rxanalar, sho’lkemler ha’m ken’seler, basqa jumi’s beriwshiler) de yesaplanadi’ ha’m uslap qali’nadi’.

U’shinshi usi’l sali’q to’lewshilerdin’ sali’q bo’limlerine deklaraciyalardi’ yag’ni’y wolardi’n’ alg’an da’ramatlari’ ha’m wo’zlerine tiyisli bolg’an sali’q jen’illikleri haqqi’ndag’i’ ra’smiy bayanatti’ beriwdi na’zerde tutadi’. Sali’q bo’limleri sali’q deklaraciyasi’ ha’m a’meldegi sali’qqa tarti’w stavkalari’ tiykari’nda to’leniwi lazi’m bolg’an sali’q mug’dari’n baqlap turadi’.

Sali’q dekaraciyasi’ tiykari’nda, a’dette, isbilermenlik ha’reketinen, diyqan(fermer) xojali’g’i’n ju’rgiziwden ali’natug’i’n da’ramatlar, soni’n’ menen, intellektual ha’reket penen shug’i’llanatug’i’n ta’repler (pa’n, a’debiyat, ko’rkem-wo’ner shi’g’armalari’ iyeleri, ashi’li’wlar, woylap tabi’wshi’lar, ko’rkem-wo’ner u’lgilerin jarati’wshi’lar ha’m basqalar) da’ramatlari’ sali’qqa tarti’ladi’.

## 1.4. Sali'qqa tarti'w principleri

Sali'qlardi'n' funktsiyasi'n u'yreniw wolardi'n' ekonimikadag'i' rolin ko'rsetip berse, sali'qqa tarti'w usi'llari' sali'q qatnasi'qlari'n a'melde sho'lkemlestiriw, sali'qqa tarti'w, woni' a'melde wo'ndiriw mazmuni'n ashi'p beredi. Ko'plegen ekonomistler sali'qqa tarti'w ekonomikani'n' rawajlani'wi'na ali'p keliwi mu'mkin bolg'an principlerdi atap wo'tken.

Adam Smit (XVIII)tin' sali'qqa tarti'w boyi'nsha tiykarg'i' principleri. A.Smittin' sali'qqa tarti'w bag'dari'ndag'i' izleniwleri 1776-ji'l jazi'lg'an "Xali'qlar bayli'qlari'ni'n' ta'biyati' ha'm sebepleri haqqi'nda izertlew" jumi'si'nda toli'q sa'wlelendirilgen.

1.A'dillik principi:

"Belgili bir ma'mleket ila'ji bari'nsha, wo'z qa'bileti ha'm qu'direti boyi'nsha basqari'wda qatnasi'wi' sha'rt, sebebi bul tiyisli da'ramattan ma'mleket qa'wenderligi ha'm qorg'ani'wi' ushi'n qay da'rejede paydalani'lmaqta ".

2. Qatti' qolli'q principi:

"Ha'r bir jeke shaxsti'n' to'lewi mu'mkin bolg'an sali'q, wo'zbasi'mshali'qlardan bo'lek tu'rde, ani'q belgilengen boli'wi' kerek. To'lew mu'ddeti, qa'bileti, to'lew summasi- bulardi'n' barli'g'i' to'lewshiler ushi'n tu'sinikli ha'mde ani'q boli'wi' kerek. Sali'qqa tarti'wdag'i' ani'qsi'zli'q biyparwali'qti rawajlandi'radi' ha'm usi' topardag'i'lar menen paraxorli'qta birge islesiwdi qa'liplestiredi. Bul jag'daydi' bara-bara a'piwayi' haqi'yqat, -dep tu'siniwge bari'p jetedi".

3. Qolayli'li'q principi:

"Sali'qlar wo'z da'wirinin' qa'biletine jarasa ba'lent-pa'slikten ibarat bolmawi' kerek. Jag'dayg'a qarap sali'qlardi' toli'q wori'nlawg'a imkan jarati'li'wi' kerek".

4. Ekonomikali'q principi:

"Sali'qlar sonday izlenip islep shi'g'i'lg'an boli'wi' kerek, wol xali'qti'n' qaltasi'nan ma'mleket pullari'ni'n' kirip keliwine qarag'anda ila'ji bari'nsha kemlew shi'g'i'ndi' sa'wlelendirsin. Ma'nissiz sali'q kontrabanda aylani'wi'na

ali'p keledi" A.Smit sali'qti' da'ramatqa iye adamnan ali'w kerek, degen tu'sinigine qarap aytsaq, woni'n' deregi a) jer; b) kapital; v) miynette ko'rinedi.

Ha'zirgi sharayatqa qarap aytqanda, sali'qqa tarti'w na'tiyjeli sistemasi'ni'n' to'mendegi principlerin ko'rsetip wo'tiw mu'mkin:

**Sali'qqa tarti'wdi'n' jeterlilik principi**

Sali'qqa tarti'wdi'n' jeterlilik principine muwapi'q sali'qqa tarti'w da'rejesi sonday boli'wi' kerek, wol ma'mleket umti'li'p ati'rg'an xali'q xojali'g'i' na'tiyjeliligine erisiwdi kepillep alsi'n. Sali'qqa tarti'w sistemasi' ekonomika, sotsialli'q qorg'aw, qorg'ani'w qa'bileti ha'm basqa tarawlardag'i' ma'mleket siyasati'n a'melge asi'ri'w ushi'n za'ru'r bolg'an finans resurslari' toplani'wi'n ta'miynlewi lazi'm. Soni'da atap wo'tiw lazi'm, Sali'q stavkalari' Sali'q ju'gi ko'rsetkishi yesaplanbaydi', sebebi Sali'q to'lewshi Sali'q to'ley woti'ri'p, ma'mleket ta'repinen biypul xi'zmetlerden paydalang'an jag'dayda sol waqi'tta wo'zinin' qa'rejetlerin qi'sqartti'radi'.

**Sali'qqa tarti'wdi'n' isbilermenlik ha'm investiciyalardi' xoshametlew principi**

Sali'q sistemasi' xojali'q ju'ritiwshi subektlerdi, ma'selen, shet yel subektlerin, wo'ndiristi rawajlandi'ri'w, u'skeneler ha'm zamanago'y texnologiyalar sati'p ali'w ushi'n qarji' aji'rati'wdi', yag'ni'y apital toplaw ha'm sol jol menen texnologiyalardi' jetilistiriw, ba'sekige shi'damli' wo'nimler islep shi'g'ari'wdi' qollap-quwatlawi' lazi'm.

Sali'q sistemasi' resurslardin' na'tiyjeli bo'listiriliwine tosqi'nli'q qi'lmawi' ha'mde xojali'qti' yerkin ju'ritiwdi sheklep qoymawi' lazi'm. Yeger sali'qlar kop bolg'ani' ushi'n isbilermenliktin' wo'ndiristi ken'eytiwden, basqa tu'rdegi ekonomikali'q jumi's ko'rsetiwden ma'pliligine zi'yan jetkizse, ma'mleket ekonomikasi' pa'ske qarap ketiw qa'wpi tuwi'ladi'.

Sali'qlardi'n' ta'siri investiciyalar qurami'nda da ani'q seziledi. Tu'rli ko'rinistegi aktivler ushi'n ko'rsetip wo'tilgen ha'r qi'yli' Sali'q ta'rtipleri investiciya imka'niyatlari' ha'm investorlardi'n' portfeli qurami'nda sezilip qaladi'. Sali'q sistemasi'ndag'i' kemshilik ha'm qa'teler ekonomikali'q wo'simnin' pa'seyip ketiwine ali'p keliwi mu'mkin, bul jag'day aqi'r-aqi'betinde ma'mleket byudjeti da'ramatlari'ni'n' wo'zgeriwine de ta'sir yetpey qalmaydi'.

## Sali'qqa tarti'wdi'n' a'dillik principi

Sali'qqa tarti'wdi'n' a'dillik principine muwapi'q, sali'qlar ja'miyet ta'repinen aqi'lg'a say ha'm a'dil dep ta'n ali'ng'an uluwmali'q obektiv qag'i'ydalarg'a muwapi'q belgileniwi lazi'm. Adillik principi bir qansha tiykarg'i' topardag'i' sali'qqa t arti'w usi'llari'na bo'linedi. Bulardi' yeki toparg'a bo'lgen halda u'yreniw maqsetke muwapi'q. Bunda gorizontal ha'm vertikal a'dillikti bir-birinen pari'qlaw lazi'm. Gorizontal a'dillik principi da'ramat ali'wdi'n' tu'rli sharayatlari'nda sali'q to'lewshilerge qarag'anda sali'qqa tarti'wdi'n' shama menen ten' sha'rtlerin qollawdi' ko'zde tutadi'.

Sali'qqa tarti'wdag'i' a'dillik principi ayri'm jag'daylarda bo'listiriwdegi sotsiyalli'q a'dillik principi ko'rinisinde sa'wlelenedi. Soni' atap wo'tiw kerek, bul usi'ldi' da'ramatlardi' ten'dey bo'listiriw, ten'lestiriw dep tu'sinbew kerek.

Materiyalli'q ten'lik, yag'ni'y da'ramatlar, mu'lk, tuti'ni'w tarawi'ndag'i' ten'lik haqqi'nda ga'p ketetug'i'n bolsa, soni' ayti'w kerek, bunday ten'likke yerisip bolmaydi'. Ma'mleket ha'm ja'miyet barli'q puqaralar jaqsi' wo'mir su'riwi ushi'n za'ru'r qolayli'li'q jarati'p beriwi kerek, a'lbette, sali'qqa tarti'w sistemasi' bolsa rawajlani'wg'a bag'darlang'an rejede xali'qti'n' abadanli'g'i' uluwmali'q ta'rizde a'melge asi'ri'w arqali' ja'miyettin' to'men qatlamlari'nin' jag'dayi' izbe-iz ra'wishte jaqsi'lani'p bari'wg'a ko'meklesiwi lazi'm.

## Sali'qqa tarti'wdi'n' a'piwayi'lili'q ha'm tuwri'li'li'q principi

Bul princip sali'qqa tarti'w bazasi'n ani'qlawda, sali'qlardi' yesaplap shi'g'i'wda a'piwayi boli'wdi', beriletug'i'n yesabatlardin' mazmuni'n an'satlasti'ri'wdi', sonday-aq sali'qlardi'n' yen' za'ru'r tu'rleri boyi'nsha birden-bir stavkalar belgilewdi, beriletug'i'n jen'illiklerdi ilaji' bari'nsha kemeyttiriwdi ko'zde tutadi'. Bul wori'nda na'zerde tuti'li'p ati'rg'an na'rse, sali'qlardi'n' xoshametlew funkciyasi' shen'berinde beriletug'i'n jen'illikler jeke ta'rtiptegi qa'siyetke iye bolmawi', ba'lkim belgili is tu'rlerin xoshametlewge, sali'q to'lewshilerdin' mu'lkshilik formasi' ha'm qaysi' sho'lkemge tiyisliligine qaramastan, belgili tu'rdegi wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wdi' ko'beyttiriwge qarati'li'wi' kerek. Ayri'm tarawlarda payda bolatug'i'n ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlawg'a mu'ta'jlikti qandi'ri'wdi' byudjet-kredit siyasati' arqali' a'melge asi'riw maqsetke muwapi'q. Bunin' sebebi sonda, sali'q jen'illiklerinin' ha'dden zi'yat ko'pligi ni'zamlardi' quramalasti'ri'p jiberedi, tu'siniwdi qi'yi'nlasti'radi' ha'mde tu'rlishe dodalani'wi'na ali'p keledi, bul jag'day aqi'r-aqi'bette sali'q to'lewshilerdin' sali'qlarg'a bolg'an qatnasi'na unamsi'z ta'sir yetedi. Soni'n' menen birge ani'q qi'li'p belgilengen jen'illikler sali'q ju'gin basqa to'lewshiler moyni'na qoyi'p, social a'dalatsizli'q boli'wi'na ali'p keledi.

### Sali'qqa tarti'wdi'n' basqari'wg'a qolayli'li'q principi

Na'tiyjeli sali'q sistemasi' qoyi'latug'i'n a'hmiyetli talaplardan biri basqari'wg'a qolay boli'w. Sali'qlardi' wo'ndirip ali'wda na'tiyjelikke yerisiw ko'p jag'daylarda sali'qlardi'n' sali'q to'lewshilerge jaqsi' tu'sinikli boli'wi'na baylani'sli'. Ayri'm ma'mleketlerde sali'qqa tarti'wdi'n' wog'ada quramali' ta'rtibi a'mel qi'ladi', aytayi'q, shkala ha'm stavkalar tu'ri, sali'qlar ta'rtibi, wolardi' to'lew qag'i'ydalari' ha'm ta'rtipleri ha'dden ti'sqari' ko'p.

Sonin' menen birge wolar sali'q tu'simlerinin' ko'beyiwine hesh qanday ja'rdem bermeydi ha'mde sali'qlardi'n' xoshametlewshi funkciyasi' wori'nlani'wi'nda rol woynamaydi'.

Adminstrativ-basqari’wshi’li’q penen sali’qqa tarti’w usi’llari’n a’melge asi’ri’wg’a qarati’lg’an maqsetke yerisiw u’stinde ten’salmaqli’li’q saqlani’p qali’w og’ada a’hmiyetli. Quramali’ du’zilgen ila’jlardi’n’ na’tiyjesi az boladi’ wolardi’ a’melge asi’ri’wdag’i’ jetiskenlik ko’plegen mag’luwmat toplaw ha’m paydalani’wg’a baylani’sli’. Sali’q xi’zmeti h’am sali’q ma’deniyati’ni’n’ rawajlang’anli’q da’rejesin de yesapqa ali’w kerek.

**Sali’qqa tarti’wdi’n’ sali’qlardi’ ji’ynaw bari’si’n arzanlasti’ri’w principi**

Usi’ princip ma’mleket ha’m sali’q to’lewshiler ta’repinen sali’qlardi’ ji’ynaw ushi’n ketetug’i’n qa’rejetlerdi ilaji’ bari’nsha kemeyttiriwdi na’zerde tutadi’. Buni’n’ ushi’n respublikami’zda sali’qqa tarti’w ta’rtibin jaqsi’nlandi’ri’w menen bir qatarda kompyuter texnologiyalari’, sali’q xabarlari’nin’ tuwri’li’gi’n tuwri’dan-tuwri’ qadag’alaw usi’llari’n qollani’w arqali’ sali’q to’lewshlerdin’ qa’rejetlerin kemeytiw maqsetinde ma’mleket yesabi’nan saqlanatug’i’n servis-woraylar, sali’qqa tarti’w ma’seleleri boyi’nsha sali’q organlari’ ta’repinen biypul ma’sla’ha’txanalar sho’lkemlestirilgen.

**Sali’qqa tarti’wdi’n’ sali’q stavkalari’n sali’sti’ri’w principi**

Sali’q stavkalari’ basqa ma’mlektlerdegi tap usi’nday sali’qlardi’n’ stavkalari’ menen sali’sti’ri’li’wi’, yag’ni’y aymaqtin’ wo’zine ta’n xarakteri yesapqa ali’ng’an halda basqa ma’mleketler menen ten’ bolg’an xojali’q ju’ritiw sha’rt-sharayatlari’ a’melge asi’ri’li’wi’ lazi’m. Yeger qatan’ sha’rtler belgilep qoyi’lg’anday bolsa, bul jag’dayda respublika ekonomikasi’na investiciyalardi’ qarati’wdi’ qi’yi’nlasti’ri’p jiberedi, kerisinshe, jen’il sha’rayat jarati’lsa, ma’mleket byudjetine unamsi’z ta’sir qi’ladi’.

Sali’qqa tarti’w usi’llari’ ha’m sali’q ni’zamshi’li’gi’ usi’llari’ belgili uqsasli’qqa iye ha’m wolardi’ toli’q turmi’sta a’melge asi’ri’w ekonomikani’ rawajlandi’ri’wdi’n’ za’ru’rli wazi’ypalari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’ Sali’q Kodeksinde bolsa sali’qqa tarti’w principleri worni’na sali’q ni’zamshi’li’g’i’ principleri berilip, wolar to’mendegilerden ibarat:

-ha’r bir shaxs Kodekste belgilengen sali’q ha’m basqa ma’jbu’riy to’lewlerdi to’lewge ma’jbu’r (6-statya), yag’ni’y sali’q to’lew ni’zam menen ma’jbu’r yetip qoyi’ladi’. Tiykari’nan ma’jbu’rlilik sali’qlardi’n’ ekonomikali’q a’hmiyetinen kelip shi’g’adi’;

-sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler ani’q boli’wi’ kerek. Sali’q haqqi’ndag’i’ ni’zam hu’jjetlerinde ha’r bir sali’q to’lewshi qaysi’ sali’qlar ha’m ma’jbu’riy to’lemlerdi qashan, qansha mug’darda ha’mde qay ta’rtipte to’lewi kerekligin ani’q bilgen halda sa’wlelengen boli’wi’ kerek (7-statya);

-sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler boyi’nsha jen’illiklerdi belgilew sociyalli’q a’dillik principlerine say boli’wi’ kerek (8-statya). Yuridikali’q ta’replerdi sali’qqa tarti’wda mu’lkshilik formasi’na qaramastan, fizikali’q ta’relerdi bolsa ji’ni’si’, rasasi’, milleti, tili, dini, sociyalli’q kelip shi’g’i’wi’, isenimi, jeke ha’m sociyalli’q jag’dayi’ qanday boli’wi’na qaramastan ni’zam aldi’nda ten’.;

-sali’q sistemasi’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ barli’q aymag’i’nda barli’q sali’q to’lewshiler ushi’n birdey (9-statya);

-sali’q sali’w ma’selelerin ta’rtipke sali’wshi’ normativ-huquqi’y hu’jjetler ra’smiy baspalarda ja’ryalani’wi’ sha’rt (10-statya).

Sali’qqa tarti’w usi’llari’ ha’m sali’q ni’zamshi’li’g’i’ principleri belgili uqsasli’qqa iye boli’p, wolardi’ a’meliyatta ko’rip shi’gi’w ekonomikani’ ja’nede rawajlandi’ri’wdi’n’ a’hmiyetli wazi’ypalari’nan yesaplanadi’.

## II BAP. O’ZBEKISTAN SALI’Q SISTEMASI’ TIYKARLARI’

### 2. Sali’qlar ha’m sali’qlarg’a ten’lestirilgen to’lemlerge uluwmali’q si’patlama

2.1.Ma’mleketllik ha’m jergilikli sali’qlar ha’mde basqa ma’jbu’riy to’lemler

2.2 Sali'qlardi'n' toparlarg'a bo'liniwi
2.3.Tuwri' ha'm janapay sali'qlardi'n' qurami' ha'm wolardi'n' byudjet da'ramatlari'ndag'i' a'hmiyeti
2.4.Yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler to''leytug'i'n sali'qlar ha'm ji'yi'mlar
2.5.Sali'q sistemasi'nin' huquqi'y tiykarlari', sali'q to'lewshilerdin' huqi'q ha'm ma'jbu'riyatlari'

## Ma'mleketllik ha'm jergilikli sali'qlar ha'mde basqa ma'jbu'riy to'lemler

Ekonomikali'q a'debiyatlarda yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemlerdin' Sali'q Kodeksinin' 23-statyasi'na ko're O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler a'mel qi'ladi' ha'mde wolar O'zbekistan Respulikasi' Oliy Majlisi ta'repinen belgilenedi ha'm biykar qi'li'nadi'. O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda ma'mleketlik sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler ha'mde jergilikli sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler a'mel qi'ladi'.

Ma'mleketlik sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler qurami'na to'mendegiler kiredi:

1) yuridikali'q ta'replerden ali'natug'i'n payda sali'g'i';

2) fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i';

3) qosi'msha qun sali'g'i';

4) akciz sali'g'i';

5) jer asti' bayliqlari'nan paydalani'wshi'lar ushi'n sali'qlar ha'm arnawli' to'lemler;

6) suw resurslari'nan paydalang'anli'g'i' ushi'n sali'q.

Ma'mleketlik sali'qlar ha'r ji'li' O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' keyingi finans ji'li' ushi'n makroekonomikali'q ko'rsetkishler ha'm ma'mleket byudjetinin' prognozi' haqqi'ndag'i' arnawli' qarari' tiykari'nda belgilengen normativler boyi'nsha tiyisli jergilikli byudjetler wortasi'nda bo'listiriledi.

7) sociyalli'q fondlarg'a ma'jbu'riy to'lemler:

•birden-bir sociyalli’q to’lem;

Bul to’lem wo’z na’wbetinde to’mendegi fondlarg’a bo’linedi: Pensiya fondi’na, ba’ntlilik fondi’na ha’m ka’siplik awqam fondi’na.

•puqaralardi’n’ byudjetten ti’sqari’ Pensiya fondi’na qamsizlandi’ri’w to’lemleri;

•byudjetten ti’sqari’ Pensiya fondi’na ma’jbu’riy to’lemler;

8) Respublika jol fondi’na ma’jbu’riy to’lemler:

•Respublika jol fondi’na ma’jbu’riy aji’ratpalar;

•Respublika jol fondi’na ma’jbu’riy ji’yi’mlar;

9) Ma’mleketlik baji’;

10) baji’xana to’lemleri;

*Sali’q sali’wdi’n’ a’piwayi’lasti’ri’lg’an ta’rtibinde to’lenetugi’n ma’mleketlik sali’qlar:*

11) birden-bir sali’q to’lemi;

12) isbilermenlik xi’zmetinin’ ayi’ri’m tu’rleri boyi’nsha turaqli’ belgilengen sali’q.

Jergilikli sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerge to’mendegiler kiredi:

1) mal-mu’lk sali’g’i’;

2) jer sali’g’i’;

3) abadanlasti’ri’w ha’m sociyalli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w sali’g’i’;

4) fizikali’q ta’replerden transport qurallari’na benzin, dizel janar mayi’ ha’m gazden paydalang’anli’g’i’ ushi’n ali’natu’g’i’n sali’q;

5) ayi’ri’m tu’rdegi tovarlar menen usaqlap sawda qi’li’w ha’m ayi’ri’m tu’rdegi xi’zmetlerdi ko’rsetiw huquqi’ ushi’n ji’yi’m;

6) birden-bir jer sali’g’i’ (a’piwayi’lasti’ri’lg’an ta’rtiptegi sali’q)

Jergilikli sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler to’lewshisi boli’p O’zbekistan Respublikasi’ sali’q ni’zamshi’li’g’i’ hu’jjetlerine muwapi’q,

mu’lkshilik formasi’ qanday boli’wi’na qaramastan yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler yesaplanadi’.

Mal-mu’lk ha’m jer sali’g’i’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q yengiziledi ha’n woni’n’ pu’tkil aymag’i’nda wo’ndiriledi.

Bul sali’q stavkalri’ni’n’ mug’dari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ tiykari’nda belgilenedi.

## A’piwayi’lasti’’ri’lg’an sali’q sistemasi’na wo’tken yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler

O’zbekistan sali’q sistemasi’nda a’piwayi’lasti’ri’lg’an (i’qshamlasti’ri’lg’an) sali’q sistemasi’na wo’tken yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler de bar boli’p, wolar to’mendegi sali’qlardi’ to’leydi:

1) Mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n birden-bir sali’q to’lemi to’leniwin na’zerde tuti’wshi’ sali’q sali’w sistemasi’ qollani’wi’ mu’mkin. Akciz sali’g’i’ to’lenetug’i’n wo’nim islep shi’g’ari’p ati’rg’an, sonday-aq paydali’ qazi’lmalrdi’ qazi’p ali’wdi’ a’melge asi’ratug’i’n mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar sali’q kodeksinde (350-statiya) belgilengen ta’rtipte akciz sali’g’i’ ha’m jer asti’nan paydalani’wshi’lar ushi’n sali’qlar ha’m arnawli’ to’lemler to’legen jag’dayda birden-bir sali’q to’lemi wolarg’a belgilenbeydi. Birden-bir sali’q to’lemi to’lewshilerde import qi’li’natug’i’n tovarlar boyi’nsha akciz sali’g’i’n ha’m qosi’msha qun sali’g’i’n to’lew ma’jbu’riyati’ da saqlani’p qaladi’.

2) Sawda ha’m uluwma awqatlani’w ka’rxanalari’ payda sali’g’i’, qosi’msha qun sali’g’i’(tovarlardi’, (jumi’slardi’, xi’zmetlerdi) import qi’li’w bug’an kirmeydi), suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’q, jer asti’nan paydalani’wshi’lar ushi’n sali’qlar ha’m arnawli’ to’lemler, jer sali’g’i’ abadanlasti’ri’w ha’m sociyalli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w sali’g’i’, basqa jergilikli sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler (mal-mu’lk sali’g’i’, ayi’ri’m tu’rdegi tovarlardi’ usaqlap sati’w ha’m ayri’m tu’rdegi xi’zmetlerdi ko’rsetiw huquqi’ ushi’n ji’yi’m bug’an kirmeydi) .

3) Awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lar akciz sali’g’i’n ha’m tovarlardi’ (jumi’slardi’, xi’zmetlerdi) impot qi’lg’ani’ ushi’n qosi’msha qun sali’g’i’n yesaplamag’anda, a’meldegi barli’q uluwma ma’mleketlik ha’m jergilikli sali’qlar ha’mde ji’yi’mlar worni’na wo’zi jetistiretug’i’n awi’l xojali’g’i’ wo’nimin islep shi’g’ari’w ha’m qayta islew boyi’nsha birden-bir jer sali’g’i’n to’leydi. Birden-bir jer sali’g’i’n to’lew ta’rtibi ha’m stavkalari’ ha’r ji’li’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ tiykari’nda belgilenedi.

4) O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabineti isbilermenliktin’ ayri’m tu’rleri boyi’nsha sali’q sali’wdi’n’ wo’zi belgilegen stavkalari’ boyi’nsha sali’qlardi’n’ turaqli’ belgilengen swmmasi’n to’lewdi na’zerde tuti’wshi’ arnawli’ ta’rtibin belgilewi mu’mkin.

5) Ka’nshilik sanaati’ tarmaqlari’ni’n’ ayri’m ka’rxanalari’ ushi’n qosi’msha payda sali’g’i’ to’leniwin na’zerde tutatug’i’n paydani’n’ bir bo’limine sali’q sali’wdi’n’ arnawli’ ta’rtibi belgileniwi mu’mkin. Qosi’msha qun sali’g’i’n to’lewshiler, woni’ to’lew ta’rtibi ha’m sali’q stavkalri’ O’zbekistan Respublikasi’ sali’q kodeksi ha’mde Ministrler Kabineti ta’repinen belgilenedi.

6)Lotereyalar, totalizatorlar ha’m basqa ta’wekelshilikke tiykarlang’an woyi’nlardi’ sho’lkemlestiriwdi a’melge asi’ri’wshi’ yuridikali’q ta’repler payda sali’gi’, mal-mu’lk sali’gi’, jer sali’gi’, abadanlasti’ri’w ha’m sociyalli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w sali’gi’, suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’q worni’na jalpi’ tu’simnen birden-bir sali’q to’lemin to’leydi. Jalpi’ tu’simnen birden-bir sali’q to’lem stavkalari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ tiykari’nda belgilenedi.

## 2.2 Sali’qlardi’n’ toparlarg’a bo’liniwi

### Sali’qlardi’n’ toparlarg’a ajrati’li’wi’

O’zbekistan sali’q sistemasi’nda a’melde bolg’an sali’qlardi’n’ obekti ha’m ekonomikali’q a’hmiyeti boyi’nsha bir neshe gruppalarg’a ajrati’p u’yreniw mu’mkin.

Sali’qlar sali’qqa tarti’w obektine qarap to’rt toparg’a bo’linedi:

1. Aylani’stan ali’natug’i’n sali’qlar;
2. Da’ramattan ali’natug’i’n sali’qlar;
3. Mal-mu’lk quni’nan ali’natug’i’n sali’qlar;
4. Jer maydani’na qarap ali’natug’i’n sali’qlar.

Aylani’stan ali’natug’i’n sali’qlarg’a qosi’msha qun sali’g’i’, akciz sali’g’i’, baji’xana baji’ ha’m jer asti’ qazi’lma bayli’qlari’nan paydalang’anli’g’i’ ushi’n ali’natug’i’n sali’qlar kiredi. Biraq aylani’s tu’sinigi bizin’ ni’zamshi’li’g’i’mi’z boyi’sha aldi’ng’i’day wo’nim realizaciyasi’ aylani’si’nan yemes, al wo’imlerdi ju’klep jibergen qun menen wo’lshenedi. Jalpi’ tu’simnen ali’natug’i’n birden-bir sali’q to’lemi de aylani’stan ali’natug’i’n sali’qlarg’a kiredi.

Mal-mu’lk quni’nan ali’natug’i’n sali’qlarg’a mal-mu’lk sali’g’i’ kiredi.

Jer maydanlari’nan ali’natug’i’n sali’qlarg’a awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lardi’n’ birden-bir jer sali’g’i’ ha’m yuridikali’q (awi’ xojali’g’i’ yemes) ha’m fizikali’q ta’replerdin’ jer sali’qlari’n kiritiw mu’mkin.

## 2.3.Tuwri’ ha’m janapay sali’qlardi’n’ qurami’ ha’m wolardi’n’ byudjet da’ramatlari’ndag’i’ a’hmiyeti

Ekonomikali’q a’hmiyetine qarap sali’qlar janapay ha’m tuwri’ sali’qlarg’a bo’linedi. Tuwri’ sali’qlardi’ tuwri’dan-tuwri’ sali’q to’lewshilerdin’ wo’zleri to’leydi, yag’ni’y sali’qti’ huquqi’y to’lewshisi de, haqi’yqi’y to’lewshisi de bir adam boladi’. Tuwri’ sali’q ju’gin basqalar moyni’na ju’klew jag’dayi’ bul jerde bolmaydi’. Bul sali’qlar qurami’na barli’q da’ramattan to’lenetug’i’n sali’qlar, mal-mu’lk (resurs) sali’qlari’ kiredi.

Tuwri’ sali’qlardan tuwri’dan-tuwri da’ramattan sali’q to’lengeni ushi’n sali’qlar stavkasi’ni’n’ kemeyttiriliwi ka’rxanalar da’ramati’ni’n’ ko’p bo’legin wolarg’a qaldi’ri’p, investiciyani’ ken’eyttiriw imkani’n jarati’p, bazar ekonomikasi’n rawajlandi’radi’.

Janapay sali’qlardi’n’ huquqi’y to’lewshileri tovar (jumi’s, xi’zmet) ju’klep jiberiwshiler yesaplanadi’. Biraq, sali’q awi’rli’g’i’n haqi’yqattan da byudjetke to’lewshileri tovar (is, xi’zmet)di’ tuti’ni’wshi’lari’, yagni’y janapay sali’qlardi’n’ barli’g’i’ tuwri’dan-tuwri’ tuti’ni’wshi’lar moyni’na tu’sedi. Bul sali’qlar tovar (is, xi’zmet) quni’ u’stine qosi’msha ra’wishte qoyi’ladi’.

Janapay sali’qlardi’n’ unamli’ ta’repi sonda, wolar respublikada islep shi’g’ari’lg’an tovarlardi’ respublikadan ti’sqari’g’a shi’g’i’p ketiwin shegeralaydi’, ma’mleket ishinde tovarlardi’n’ mol boli’wi’na ja’rdem beredi ha’m inflyaciya da’rejesin (aylani’stag’i’ arti’qsha pul massasi’n) biraz uslap turadi’. Janapaylar stavkasi’ni’n’ tiykarli’ ra’wishte asi’ri’li’wi’ ka’rxanalar jumi’si’ni’n’ finansli’q juwmag’i’na tuwri’dan-tuwri’ ta’sir yetpeydi, yag’ni’y investiciyali’q aktivligin qi’sqartti’rmaydi’. Biraq sali’q stavkasi’ ilimge tiykarlanbastan asi’ri’li’p jiberilse bunday jag’dayda ka’rxanalar wo’z tovarlari’n sati’w qi’yi’nshi’li’g’i’na dus keliwi mu’mkin.

Evropa ma’mleketlerinde janapay sali’qlardi’n’ roli AQSH, Yaponiya, Kanada ha’m Avstraliyag’a qarag’anda joqari’. Evropa ma’mleketlerinde ja’mi sali’q tu’simlerinin’ ko’leminde janapay sali’qlardi’n’ salmag’i’ 40 procentten joqari’ boli’p, ayri’m ma’mleketlerde 50 procentti quraydi’.

Bul ko’rsetkish 50 procentten joqari’ bolg’an ma’mleketler topari’na Meksika, Turkiya ha’m Koreya kiredi. AQSH, Yaponiya, Kanada ha’m Avstraliyada bolsa usi’ ko’rsetkish 25-30 procentti quraydi’[2].

## 2.4.Yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler to’’leytug’i’n sali’qlar ha’m ji’yi’mlar

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik byudjetine to’lenetug’i’n sali’qlar ha’m ji’yi’mlardi’n’ sheshiwshi tiykarg’i’ bo’limin yuridikali’q ta’replerdi’n’ sali’qlari’ ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemleri quraydi’. Yuridikali’q

---

[2] Пансков В.П., Князев В.Г. Налоги и налогообложения. –М.: МЦФЭР, 2003. –с. 57-59.

ta’repler to’mendegi uluwma ma’mleketlik ha’mde jergilikli sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi to’leydi (2.2.1-si’zi’lma).

Yuridikali’q ta’repler sali’q to’lewshi boli’wi’ ushi’n yuridikali’q ta’rep da’rejesin ali’wdan ti’sqari’, a’lbette qandayda bir ruxsat yetilgen jumi’stan da’ramat alg’an boli’wi’ lazi’m ya’ki tovarlar (jumi’s, xi’zmetler) sati’wdan aylani’sqa iye boli’wlari’ ha’mde statistika mekemelerinde, ha’kimiyatlardan dizimnen wo’tken (kodqa iye) boli’wi’ sha’rt.

Fizikali’q ta’repler yuridikali’q ta’rep da’rejesin almag’an ta’repler boli’p yesaplanadi’. Bunday ta’replerge O’zbekistan Respublikasi’ puxaralari’, puxarali’g’i’ bolmag’an ha’m shet yel puxaralari’ kiredi. O’zbekistan Respublikasi’ sali’q ni’zamshi’li’g’i’na muwapi’q sali’qqa tarti’w maqsetinde sali’q to’lewshiler yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerge bo’lingen. Fizikali’q ta’repler to’leytug’i’n sali’qlar ma’mleket byudjeti da’ramati’ni’n’ 20-25 procentin quraydi’.

**Fizikali’q ta’repler da’ramatlari’nan ali’natug’i’n sali’qlar**

Fizikali’q ta’repler byudjetke to’mendegi sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi to’leydi:

- fizikali’q ta’repler da’ramati’nan ali’natug’i’n sali’q;
- mal-mu’lk sali’g’i’;
- jer sali’g’i’;
- fizikali’q ta’replerden transport qurallari’na benzin, dizel jani’lg’i’si’ ha’m gaz isletgeni ushi’n sali’q;
- Fizikali’q ta’repler isbilermenlik xi’zmeti menen shug’i’llang’anda da’ramati’na wornati’lg’an turaqli’ stavkadag’i’ sali’q
- ni’zamshi’li’qta na’zerde tuti’lg’an basqa sali’qlar ma’jbu’riy to’lemler

**2.2.1- si'zi'lma. Yuridikali'q ta'repler to'leytug'i'n sali'qlar ha'm basqa ma'jburiy to'lemler[3]**




[3] Sali'q kodeksi tiykari'nda islep shig'i'ldi'

## 2.5.Sali’q sistemasi’nin’ huquqi’y tiykarlari’, sali’q to’lewshilerdin’ huqi’q ha’m ma’jbu’riyatlari’

O’zbekistan Respublikasi’nda sali’q sistemasi’nin’ huquqi’y tiykarlari’, sali’q to’lewshilerdin’ huquqlari’ ha’mde ma’jbu’riyatlari’, sali’q xi’zmetin ju’ritiw ta’rtibi ha’m sali’q haqqi’ndag’i’ ni’zam hu’jjetlerin buzg’anli’q ushi’n juwapkerlik Sali’q Kodeksi, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Ma’mleketlik sali’q xi’zmeti haqqi’nda» g’i’ ni’zami’ ha’m sol si’yaqli’ tikkeley sali’qqa baylani’sli’ ni’zam hu’jjetleri arqali’ ta’rtipke sali’p turi’ladi’. Sali’q haqqi’ndag’i’ ni’zam hu’jjetlerinin’ basqa ni’zamlar ha’m ni’zam hu’jjetlerinen wori’n alg’an normalari’ Sali’q kodeksine muwapi’q boli’wi’ lazi’m. Yeger O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ xali’qarali’q shartnamasi’nda Sali’q Kodeksinen basqa qag’i’ydalar belgilengen yaki na’zerde tuti’lg’an bolsa, wonda xali’qarali’q shartnama qag’i’ydalari’nda belgilengen sha’rtler a’melde qollani’ladi’. Sali’q sali’w-yuridikali’q ta’replerdin’ mu’lkshilik formasi’na qaramastan, ni’zam aldi’nda ten’lik, fizikali’q ta’repler bolsa ji’ni’si’, rasasi’, milleti, tili, dini,socialli’qkelip shi’g’i’wi’, isenimine qaramastan ni’zam aldi’nda ten’lik tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’.

Belgilenip ati’rg’an sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler tovarlardi’n’ (jumi’slar, xi’zmetler) yaki pul qarji’lari’ni’n’ O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’nda yerkin aylani’sta boli’wi’n tikkeley yaki basqasha ta’rizde sheklep qoyi’wi’, sali’q to’lewshinin’ ekonomikali’q xi’zmetine tosqi’nli’q yetiwi mu’mkin yemes. Ali’ng’an dereklerine qaramastan barli’q da’ramatlarg’a sali’q sali’ni’wi’ lazim, sali’q jen’illiklerin belgilewde bolsa a’lbette socialli’q a’dillik principlerine amel qi’li’wi’ kerek.

# III BAP. YURIDIKALIQ TA’REPLERDI SALI’QQA TARTI’W

## 3. Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n payda sali’g’i’

3.1. Payda sali’g’i’ni’n’ yengiziliwi, ekonomikali’q mazmuni’ ha’m a’hmiyeti
3.2. Ja’mi da’ramatlar qurami’ ja’mi da’ramattan shegirmeler

3.3. Sali'q stavkalari' ha'm sali'qtan jen'illikler
3.4. Sali'q yesabatlari'n tapsi'ri'w ha'm sali'qti' byudjetke to'lew mu'ddetelri

## 3.1.Payda sali'g'i'ni'n' yengiziliwi, ekonomikali'q mazmuni' ha'm a'hmiyeti

O'zbekistan Respublikasi' ma'mleket byudjeti da'ramatlari' 1991-ji'lg'a shekem tiykari'nan ma'mleket ka'rxanalari' paydasi'nan aji'rati'lg'an aji'ratpalar yesabi'nan qa'lipleser yedi.Usi' paydadan aji'ratpa ma'mleket ta'repinen belgilengen ma'jbu'riy to'lem boli'p wol ka'rxanalar balans paydasi'nan 90% bolg'an bo'lekti byudjetke ali'p keter yedi. Qalg'an paydalar bolsa ka'rxana ta'repinen yemes joqari' uyi'm tapsi'rmasi'na ko're tiyisli fondlarg'a bo'liner yedi. Respublikami'z ha'kimshilik- buyri'qpazli'q sistemasi'nan bazar qatnasi'qlari'na wo'tiwi na'tiyjesinde ma'mleketimiz xojali'q turmi'si'nda wo'zgerisler ju'z bere basladi'. Na'tiyjede mu'likshiliktin' tu'rli formalari'ni'n' rawajlani'wi', ka'rxanani'n' imkaniyati'n asi'ri'w bazar infrastrukturasi' rawajlani'wi' menen ma'jbu'riy aji'ratpalardi' aldi'n'g'i' sistemasi' ka'rxanalardi'n' xojali'q ju'ritiwi paydali'li'g'i'n ta'minley almay qaldi' ha'mde wolar tikkeley ha'm basqa ta'repten invetsiciya bag'darlamalari'na tosqi'nli'q qi'la basladi'. Sebebi paydadan aji'ratpa wo'zinin' ekonomikali'q ahmiyetine ko're tek ma'mleket ka'rxanalari' paydasi'nan aji'rati'li'wi' lazi'm yedi.

Bazar qatnasi'qlari' rawajlani'wi' menen ekonomikani' sali'qlar ja'rdeminde ta'rtipke sali'w

tiykari'nan paydadan aji'ratpalar worni'na da'ramat sali'g'i'n yengiziw za'ru'rligi payda boldi' ha'm 1992-ji'ldan baslap barli'q tu'rdegi xojali'q ju'rtiwshi suvektler «Da'ramat» sali'g'i'n to'lewge wo'tti.

O'zbekistan Respublikasi' rubl zonasi'nda qali'p turg'an waqi'tta da'ramat sali'g'i'n ali'wg'a wo'tiw pul qa'dirsizleniwi arqali' is haqi' sheklew ushi'n ma'mleket ta'repinen ma'jbu'riy shara boldi'. Bunday jag'dayda islep shi'g'ari'wshi'ni'n' finansli'q jag'dayi' to'menlep basladi'. Na'tiyjede wo'nimlerge talap to'menlep, sati'wdan ali'ng'an tu'sim ko'lemi kemeygen halda

wolar wo’zi islep shi’g’ari’w jo’nelisin wo’zgertiwge payda almasa da ju’da ko’p mug’darda jumi’sshi’larg’a is haqi’ to’lewge ma’jbu’r boldi’. Bunday jag’dayda ameliyatta ka’rxanalar yesabati’ da’wirine payda menen tamamlamasada da’ramat sali’g’i’n is haqi’ fondi’nan belgilengen stavkada tolewge ma’jbu’r edi.

Da’ramatti’n ko’p bo’legi ka’rxanalar qa’lewinde qali’wi’ wolardi’ investicion jag’dayi’n jaqsi’laydi’ jan’a jumi’s wori’nlari’n ashi’p ba’sekige shi’damli’ wo’nimler islep shi’g’ari’w ha’mde jumi’s ha’m xi’zmet ko’rsetiw ushi’n elede ken’ finansli’q imkaniyatlar jaratadi’.

## Sali’q to’lewshiler qurami’, sali’q obekti ha’m sali’q bazasi’

Sali’q kodekisine muwapi’q yuridikali’q ta’replerden ali’natug"i’n payda sali’g’i’n to’lewshileri boli’p finans ji’li’nda sali’qqa tarti’latug’i’n paydag’a iye bolg’an yuridikali’q ta’repler yesaplanadi’. Yuridikali’q ta’repler payda sali’g’i’ boyi’nsha byudjet penen yesap-kitapti bo’lek ra’wishte a’melge asi’radi’. Ayri’m ekonomikali’q tarmaq ka’rxanalari’ byudjet penen yesap-kitaplardi’ O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ qarari’ menen woraylasti’ri’lg’an ta’rtipte amelge asi’ri’wlari’ mu’mkin (mi’sal ushi’n inergetika, neftegaz usag’an tarmaq ka’rxanalari’).

Sali’qqa tarti’w maqsetinde paydag’a sali’q to’lewshiler rezidentler ha’m rezident yemeslerge bo’linedi.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ rezidenti dep O’zbekistanda dizimnen wo’tken ha’mde bas ka’rxanasi’ O’zbekistanda jaylasi’p, Wozbekstan Respublikasi’nan si’rtta dizimnen wo’tken yuridikali’q ta’repler yesaplanadi’. Wozbekstan Respublikasi’ rezidenti bolg’an yuridikali’q ta’repler O’zbekistan ha’m wodan si’rttag’i’ jo’nelisinen ali’ng’an da’ramatlardan payda sali’g’i’na tarti’ladi’.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ rezident yemesleri bolsa, tek O’zbekistan Respublikasi’nan xi’zmet ko’rsetiwden ali’ng’an da’ramatlar boyi’nsha sali’q

tarti'ladi'. Rezidentler ha'rdayi'm xi'zmet ko'rsetiwshiler bolsa rezident yemesler xi'zmeti respublikada waqti'nsha ha'reketge iye boladi'.

Yuridikali'q ta'repler payda sali'g'i'n to'lewshiler boli'wi' ushi'n to'mendegi sha'rtlerge juwap beriwi kerek:

- ruxsat yetilgen xi'zmetlerden payda ali'w (ni'zamshi'li'q penen ruxsat berilmegen xi'zmetlerden ti'sqari')
- Wo'zinin' mal-mu'lkine iye boli'wi'
- Jeke buxgalteriya balansi'na iye boli'w
- Bankte yesap betine iye boli'w
- Identfikacion nomerge iye boli'wi'
- Jergilikli ha'kimiyat organlari'nan dizimnen wo'tken boli'w

Uli'wma ta'rtip boyi'nsha yuridikali'q ta'repler dizimnen wo'tken sha'rtlerge juwap berse g'ana payda sali'gi'n to'lewshileri boli'p yesaplanadi'.

Sali'q kodeksinin' 127-statyasi'na ko're yuridikali'q ta'replerden ali'natug'i'n payda sali'g'i'ni'n' obekti boli'p O'zbekistan Respublikasi' rezidentlerinin' ha'm rezident yemeslerinin' paydasi' ha'mde rezident ha'm rezident yemeslerinin' shegirmeler qi'li'nbag'an halda to'lem sali'q sali'natug'i'n da'ramatlari' yesaplanadi'.

Sali'q sali'natug'i'n baza bolsa ja'mi da'ramat penen shegirip taslanatug'i'n qa'rejetler wortasi'ndag'i' parq si'pati'da sali'q sali'natug'i'n paydani'n' kemeytilgen yesapqa ali'ng'an halda yesaplap shi'g'ari'lg'an sali'q sali'natug'i'n paydadan kelip shi'g'i'p belgilenedi (Sali'q kodekisinin' 128-statyasi').

## 3.2.Ja'mi da'ramatlar qurami' ja'mi da'ramattan shegirmeler

Yuridikali'q ta'replerdin' payda sali'g'i' boyi'nsha sali'qti' toli'q, tuwri' ani'qlaw (yesaplaw) ushi'n wolardi'n' ja'mi da'ramatlari' qurami'na neler kiriwin jaqsi'raq u'yreniw za'ru'r boladi'. Yuridikali'q ta'replerdin' ja'mi da'ramatlari' qurami'na wolar ta'repinen ali'ni'wi' za'ru'r bolg'an (ali'ng'an) ju'klengen tovar

wori'nlang'an jumi's ko'rsetilgen xi'zmet haqi'lari' usag'an pul ha'm biypul (pulsi'z) qaytarmasli'q sha'rti menen ali'ng'an qarji'lar kiredi. Demek, ali'ng'an kreditler ja'mi da'ramatqa kirmeydi.

Yuridikali'q ta'replerdin' ja'mi da'ramatlari' qurami'na to'mendegiler kiredi:

•tovarlar (jumi'slar, xi'zmetler)di sati'wdan ali'natug'i'n da'ramatlar.

•Basqa da'ramatlar

Tovarlardi' (jumi'slardi', xi'zmetlerdi) realizaciya qi'li'wdan sol sebepten ja'rdemshi xi'zmetler ta'repinen realizaciya qi'li'wdan qosi'msha qun sali'g'i' ha'm akciz sali'g'i' shegirip taslang'an halda ali'ng'an payda tovarlardi' (jumi'slari'n, xi'zmetlerin) realizaciya qi'li'wdan ali'natug'i'n da'ramatlar.

Tovarlardi' (jumi'slari'n, xi'zmetlerin) realizaciya qi'li'wdan ali'natug'i'n tu'sim ju'klep jiberiletug'i'n tovarlar (wori'nlang'an jumi's, ko'rsetilgen xi'zmetler) kelip shi'qqan halda tovarlardi' jiberiw jumi'slari'n islew xi'zmetler ko'rsetiw jag'daylari'n tasti'yqlawshi' hu'jjetler tiykari'nda belgilenendi.

Da'ldalshi'li'q xi'zmetinen paydalar ali'ng'an yuridikali'q ta'replar ushi'n tu'sim degende ko'rsetilgen xi'zmetler ushi'n ali'ni'wi' lazi'm bolg'an haq summasi' tu'siniledi.

Basqa da'ramatlarg'a tovarlardi' (jumi'slar, xi'zmetler) islep shi'g'ari'wshi' ha'm realizaciya qi'li'w menen baylani'sli' bolg'an operaciyalardan ali'ng'an da'ramatlar kiredi.

Soni'n' ishinde:

•Tiykarg'i' qurallar ha'm basqa mal-mu'lk shi'g'i'p ketiwden ali'natug'i'n da'ramatlar.

•Mal-mu'lkti operativ ijarag'a beriwden ali'natug'i'n da'ramatlar.

•Tiykarg'i' qurallar ha'm materiyalli'q yemes aktivlerdi finansli'q ijarag'a beriwden ali'natug'i'n da'ramatlar.

•Mutqa ali'ng'an mal-mu'lk, mu'lkiy huqi'qlar, jumi'slar ha'm xi'zmetler.

•Inventarizaciya na'tiyjesinen ani'qlang'an arti'qsha tovar-materiyalli'q zapaslar ha'mde basqa mal-mu'lk quni' boyi'nsha da'ramatlar.

•Yesabat ji’li’nda ani’qlang’an wo’tken ji’ldag’i’ da’ramatlar.

•Ma’jbu’riyatlardi’ yesaptan shi’g’ari’wdan ali’ng’an da’ramatlar.

Sali’q kodeksine ko’re to’mendegiler yuridikali’q ta’repler da’ramati’ si’pati’nda qaralmaydi’.

- Ustav fondi’nan (ustav kapitali’) ali’ng’an u’lesler.

- Sati’latug’i’n tovarlar (jumi’slar, xi’zmetler) ushi’n basqa shaxslardan da’slepki haq (bunak) ta’rizinde ali’ng’an qarji’lar (mal-mu’lk yaki mu’lkiy huqi’qlar)

- Byudjetten berilgen subsidiyalar

- Yeger qarji’lardi’ (mal-mu’lk yaki mu’lkiy huqi’qlardi’) basqa shaxsqa wo’tkiziw, jumi’slardi’ wori’nlaw, xi’zmetler ko’rsetiw O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ yaki O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabineti qarari’ tiykari’nda ju’z berip ati’rg’an bolsa mutqa ali’ni’p ati’rg’an qarji’lar (mal-mu’lk yaki mu’lkiy huquqlar) jumi’slar ha’m xi’zmetler.

- Ali’ng’an grantlar.

- Qamsi’zlandi’ri’w sha’rtnamalari’ boyi’nsha qamsi’zlandi’ri’w to’lemi (qamsi’zlandi’ri’w swmmasi’) ta’rizinde ali’ng’an da’ramatlar.

- Investor ha’m ma’mleket mu’lkinin’ basqari’w boyi’nsha isenimli ma’mleket organi’ wortasi’nda du’zilgen sha’rtnamag’a muwapi’q investiciya ma’jbu’riyatlari’ si’pati’nda kiritilip ati’rg’an mal-mu’lk.

- ha’m basqa ni’zamshi’li’qta na’zerde tuti’lg’an da’ramatlar.

Yuridikali’q ta’replerdin’ ja’mi da’ramatlari’ qurami’ O’zbekistan Respublikasi’ Minitiler Kabinrtinin’ 1999-ji’l 5-fevraldag’i’ 54-sanli’ qarari’ menen tastiyqlang’an «Wo’nimler (jumi’slar, xi’zmetler)di islep shi’g’ari’w ha’m sati’w qa’rejetler qurami’ ha’mde finansli’q na’tiyjelerin rawajlandi’ri’w qurami’ haqqi’ndag’i’» Ni’zam menen ani’qlanadi’ ha’m to’mendegi izbe-izlikte ko’rsetkishler menen ani’qlanadi’:

1) *wo’nimdi sati’wdan ali’ng’an jalpi’ payda*

**JP= SST - Wo’B** bul jerde

JP -jalpi’ payda, SST-sati’wdan ali’ng’an sap tu’sim, Wo’B-satlg’an wo’nimnin’ islep shi’g’ari’wda wo’zine tu’ser bahasi’.

*2) Tiykarg’i’ xi’zmetten ali’ng’an payda*

**TXP = JP - DX + BD – BZ** bul jerde

TXP-tiykarg’i’ xi’zmetten ali’ng’an payda, DX-da’wir qa’rejetleri, BD-tiykarg’i’ xi’zmetten ali’ng’an basqa da’ramatlar, BZ- xi’zmetten ko’rilgen basqa zi’yanlar.

*3) Uli’wma xojali’q xi’zmetinen ali’ng’an payda (yaki zi’yan).*

**UP = TXP + FD - FQ**

Bunda UP-uli’wma xojali’q xi’zmetinen ali’ng’an payda, FD-finansli’q xi’zmetten da’ramatlar, FQ-finansli’q xi’zmetten qa’rejetler

*4) sali’q to’lengenshe ali’ng’an payda.*

**STP = UP + AP - AZ**

Bunda STP-sali’q to’lengenshe payda, AP-ayri’qsha jag’daylardan ali’ng’an payda, AZ- ayri’qsha jag’daylarda ko’rilgen ziyan.

Ji’ldi’n’ sap paydasi’, ka’rxana payda sali’g’i’n ha’m wonnan keyin abadanlasti’ri’w ha’m sociyalli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w sali’g’i’n to’legenson’ ka’rxanani’n’ wo’zinde qaladi’.

**Ja’mi da’ramattan shegirmeler.** Sali’q to’lewshinin’ qa’rejetleri sali’q sali’natug’i’n paydani’ ani’qlaw waqti’nda shegirip taslanadi’. Qa’rejetler ha’qi’yqatta qaysi’ sali’q da’wirinde a’melge asi’ri’lg’an bolsa, sol da’wirge qaytari’ladi’. Sali’q ko’deksine ko’re (141-statya) qa’rejetler shegirmelenetug’i’n ha’m shegirmelenbeytug’i’n qa’rejetlerge bo’linedi.

Shegirmelenetug’i’n qa’rejetlerge materiyalli’q qa’rejetler, miynetke haqi’ to’lew qa’rejetleri, amortizaciya qa’rejetleri ha’mde sali’q ko’deksinin’ 145-statyasi’nda na’zerde tuti’lg’an basqa qa’rejetler kiredi.

Sali’q sali’natug’i’n bazag’a kiritiletug’i’n yag’ni’y shegirilmeytug’i’n qa’rejetlerge to’mendegiler kiredi.

- materiyalli’q bayli’qlardi’n’ tabiyiy kemeyiw normalari’nan arti’qsha jog’alti’wlar ha’m buzi’li’wlar.

- xi’zmetshilerge beriletug’i’n yaki sali’q to’lewshinin’ uli’wma awqatlani’w talaplari’ ushi’n ja’rdemshi xojali’qlar ta’repinen islep shi’g’ari’latug’i’n tovarlar (jumi’slar, xi’zmetler) boyi’nsha bahadag’i’ parqlar (zi’yanlar)

- Xi’zmet sapari’, wa’killik qa’rejetleri i’qti’yari’y to’lemler boyi’nsha aji’ratpalar boyi’nsha belgilengen normalar arti’qsha qa’rejetler.

- Ma’mleketlik yemes pensiya fondlari’na aji’ratpalar.

- Xojali’q basqari’w organi’n saqlap turi’w ushi’n aji’ratpalar.

- Uli’wma awqatlani’w ka’rxanalari’ yaki basqa shet sho’lkemlerge jerlerdi biypul beriw qa’rejetleri usi’ ka’rxanalar ha’m sho’lkemler ushi’n kommunal xi’zmetler ko’rsetiw bahasi’n to’lew.

- Ji’lli’q finansli’q yesabatti’ bir yesabat da’wirinde bir ma’rteden arti’q auditten wo’tkiziw qa’rejetleri.

- Sali’q to’lewshi sho’lkeminen talap yetilmeytug’i’n ka’sipler boyi’nsha kadrlar tayarlaw qa’rejetleri.

- Xi’zmetkerlerge biypul ko’rsetilgen kommunal xi’zmetler beriletug’i’n azi’q-awqatlar tovarlar wo’nimler ha’m basqa bayli’qlar yaki sali’q to’lewshinin’ xi’zmetshileri ushi’n jumi’slar ha’mde xi’zmetlerdi wori’nlaw quni’ wolarg’a biypul berilgen u’y-jay haqi’n to’lew qa’rejetleri (yaki u’y-jay kommunal xi’zmetleri ha’m basqalar ushi’n pul kompensaciyasi’ swmmalari’)

- Xi’zmetkerlerge qosi’msha berilgen dem ali’slarg’a to’lengen haq ha’m wolar ta’repinen ni’zam hu’jjetlerinde na’zerde tuti’lg’an normalarda arti’qsha kompensaciyalar, bunnan qolaysi’z ha’m wo’zine say miynet sharayatlari’, sonday-aq awi’r ha’m qolaysi’z tabiyiy i’qli’m sharayatlarda islengenligi ushi’n ayri’m tarmaqlardi’n’ xi’zmetshilerine ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q belgilengen qosi’msha dem ali’slar ushi’n to’lengen haq .

- Xi’zmetkerlerdin’ awqatlani’w, jol haqi’, yemleniw ushi’n yemleniw ha’m dem ali’w ushi’n jollanbalar, ekskurciyalar ha’m sayaxatlar ushi’n, sport sekciyalari’ do’gerekleri, klublardag’i’ tayarli’qlar, ma’deniy-tamasha, dene

tarbiya ham sport sho'lkemleri bari'wi' ushi'n ha'm xi'zmetkerlerdin' jeke paydalani'wi' ushi'n tovarlarg'a jumsalg'an qa'rejetler worni'n qaplaw yaki to'lew ha'm basqa sog'an usag'an to'lemler.

- Pensyalarg'a u'stemeler pensiyag'a shi'g'i'p ati'rg'an miynet veteranlari'na bir ma'rte to'lenetug'i'n pensiyalar.

- Xi'zmetkerlerge to'lenetug'i'n finansli'q ja'rdem (xi'zmetkerlerdin' miynette jaraqatlani'wi' yaki woni'n' den-sawli'g'i'na basqasha ta'rizde jaraqat jetkeriliwi yamasa shan'araq ag'zalari'ni'n' qayti's boli'w jag'dayi' menen beriletug'i'n yaki xi'zmetkerdin' qayti's

boli'w jag'dayi' menen shan'araq ag'zalari'na beriletug'i'n finansli'q ja'rdem bunnan ti'sqari' h.t.b)

- Islep shi'g'ari'wda jaraqatlani'wi' menen miynetke jaramay qali'w jag'dayi' menen tiyisli organlardi'n' qararlari'si'z haqi'yqattan is haqi'na shekemgi to'lenetug'i'n to'lemler

- Ekologiya salamatlasti'ri'w ha'mde basqa qayi'rqomli'q fondlari', ma'deniyat xali'q ta'limi, den sawli'qti' saqlaw, ekonomikali'q ta'miynat, dene ta'rbiya ha'm sport mekemeleri ha'm sho'lkemler jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat organlari' puxaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w organlari'na to'lemler kiritiw.

- Wo'ndiris procesi menen baylani'sli' bolmag'an den sawli'qti' saqlaw ha'm dem ali'wdi' uyi'mlasti'ri'w ilajlari'na qarejetler.

- Wo'nim islep shi'g'ari'w menen baylani'sli' bolmag'an jumi'slardi' (xi'zmetlerdi) (qalalar ha'm qalashalardi' abadanlasti'ri'w jumi'slari' awi'l xojali'g'i'na ja'rdem ko'rsetiw ha'm basqa tu'rdegi jumi'slar ) wori'nlawg'a sari'plang'an qa'rejetler.

- A'tirapti' pataslandi'rg'an ha'm shi'g'i'ndi'lar jaylasti'ri'lg'an ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen normalarda arti'qsha bolg'anli'g'i' ushi'n kompensaciya to'lemleri.

- Kredit sha’rtnamasi’ mu’detli qari’zlar ushi’n na’zerde tuti’lg’an stavkalardan arti’qsha to’lemler mu’ddeti wo’tken ha’mde uzaytti’ri’lg’an kreditler boyi’nsha payi’zlar.

- Joybarlardag’i’ ha’m quri’li’s-montaj jumi’slari’nda kemshiliklerdi soni’n’ menen obekt qasi’ndag’i’ skladqa tasi’p keltirgenshe ju’z bergen buzi’li’wlar ha’m deformaciyalardi’ biykar yetiw boyi’nsha qa’rejetler korroziyag’a qarsi’ saqlawda kemshilikler sebepli tekseriw wo’tkiziw (asbap-u’skenelerdi bo’leklerge aji’rati’w ) qa’rejetleri, usi’ qa’rejetlerdi kemshilikler, buzi’li’wlar yaki zi’yanlar ushi’n juwapker bolg’an wo’nim jetkerip beriwshi yaki basqa xojali’q ju’ritiwshi subektler yesabi’na worni’n qaplaw mu’mkin bolmag’an basqa sog’an uqsas qa’rejetler.

- Bayram sa’neleri ha’m tiykarg’i’ sa’neler ja’miyet xi’zmetindegi jetiskenlikler mu’nasibeti menen xi’zmetkerlerdi xoshametlew yesaplanatug’i’n soni’n’ menen si’yli’qlar.

- Sud shi’g’i’nlari’

- Ayi’pkerler ani’qlanbag’an urli’qlar ha’m qamaqtan yaki ayi’pker ta’rep yesabi’nan kerekli swmmallardi’n’ worni’n qaplaw mu’mkin bolmag’anda ko’rilgen ziyanlar.

- Sali’q to’lewshi’ni’n’ tiykarg’i’ qurallari’ ha’m basqa mal-mu’lkleri (aktivleri) shi’g’i’p ketiwden (balanstan shi’g’ari’wdan) ko’rilgen (buxgalterya yesabi’ haqqi’ndag’i’ ni’zan hu’jjetlerine muwapi’q ani’qlanatug’i’n ) zi’yanlar.

### 3.3.Sali’q stavkalari’ ha’m sali’qtan jen’illikler

Yuridikali’q ta’replerdin’ payda sali’g’i’ stavkalari’ ha’r ji’li’ Ministrler Kabinetinin’ yaki O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ keyingi ji’l ushi’n makroekonomikali’q ko’rsetkishler prognozi’ ha’m ma’mleket byudjeti parametrleri haqqi’ndag’i’ qarari’ menen tasti’yqlanadi’’.

Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n payda sali’g’i’’ stavkasi’ 1998-ji’l 36 payi’z bolg’an bolsa, 2001-ji’ldan 26 payi’zg’a tu’sken. 2002-ji’lg’a bolsa 24

payi’z, 2003-ji’ldan 20 payi’z, 2004- ji’lda 18 payi’z, 2005- ji’lda 15 payi’z, 2006 ji’lda 12 payi’z, 2013-ji’lda 9 payi’z, 2015-ji’lda 7,5 payi’z qi’li’p belgilendi.

A’meldegi sali’q ni’zamshi’li’g’i’na ko’re rezident yemes sali’q to’lewshinin’ da’ramati’n shet yelge wo’tkerip ati’rg’anda 10 payi’z mug’darda paydag’a sali’q wo’ndiriledi.

U’zliksiz ka’rxana menen baylani’sli’ bolmag’an O’zbekistan Respublikasi’nda xi’zmet yetip ati’rg’an rezident yemesler da’ramattan hesh qanday shegirmesiz da’ramat dereginen to’mendegi stavkalarda sali’qqa tarti’ladi’.

•dividendlar ha’m payi’zlardan 10 %

•qamsi’zlandi’ri’w si’yli’qlari’ ha’m qayta qamsi’zlandi’ri’w 10%

•O’zbekistan Respublikasi’ ha’m basqa ma’mleketler menen baylani’s ushi’n telekommunikaciya ha’m transport xi’zmeti (fraxta da’ramati’) 6%

•Royalti, ijara da’ramatlari’, xi’zmet ko’rsetiw, soni’n’ menen basqari’w xi’zmeti, ma’sla’ha’tla’r ha’m basqa da’ramatlar 20%

Yuridikali’q ta’replerge to’lenetug’i’n dividentler ha’m payi’zlar to’lew dereginde 10 % stavka menen sali’qqa tarti’ladi’.

Sali’qqa tarti’w maqsetinde divident dep akciyalardan ha’m basqa xojali’q subektlerinin’ ustav kapitali’nda qatnasi’w u’lesinde ali’ng’an da’ramatlar tu’siniledi.

Payi’zlarg’a bolsa depozit qoyi’lmalari’ qari’z ma’jbu’riyatlar ha’m basqa bahali’ qag’azlardan ali’ng’an da’ramatlar kiredi.

Sali’qqa tarti’lg’an ha’m divident, payi’z ali’ng’an rezident yemes ta’rep ja’mi da’ramattan tiyisli belgilengen hu’jjetlerdi tapsi’rg’an jag’dayda shegirme ali’w huqi’qi’na iye boladi’.

Sali’q kodeksinin’ 158-statyasi’na ko’re yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n payda sali’gi’n’to’lewden to’mendegi shaxslar azat yetiledi.

1) ishki isler organlari’ jani’ndag’i’ qori’qlaw bo’limleri.

Yuridikali’q ta’replerdin’ to’mendegi paydasi’ yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n payda sali’g’i’na tarti’lmaydi’.

1) protez-ortopediya buyi’mlari’,  mayi’plar ushi’n inventarlar islep shi’g’ari’wdan, soni’n’ menen mayi’plarg’a ortopedik protezlew xi’zmetin ko’rsetiwden, mayi’plar ushi’n arnalg’an protez-ortopediya buymlari’ ha’m inventarlardi’ ta’minlew ha’m wolarga xi’met ko’rsetiwden ali’ngan paydalar.

2) Qala jolawshi’lari’ transporti’nda (taksiden, soni’n’ ushi’n jo’nelisli taksiden ti’sqari’) jolawshi’lardi’ tasi’w boyi’nsha xi’zmetler ko’rsetiwde ali’ng’an paydalar.

3)Tariyx ha’m ma’deniyat yesteliklerin won’law ha’mde qayta tiklew jumi’slari’n a’melge asi’ri’wdan ali’ng’an paydalar.

5)Xalq bank ta’repinen puqaralardi’n’ jeke ji’ynali’p baratug’i’n pensiya yesap betlerindegi paydalardan ali’ngan paydalar.

Sali’q kodekisinin’ 159-statyasi’na ko’re yuridikali’q ta’replerdin’ sali’q sali’natug’i’n paydasi’ to’mendegi swmmag’a kemeyttiriledi.

1) Ekologiya salamatlasti’ri’w ha’m qayi’rqomli’q fondi’  ma’deniyat xali’q ta’limi den-sawli’qti’ saqlaw miynet ha’m xali’qti’ sociyal qorg’aw, dene ta’rbiya ha’m sport mekteplerine, biraq sali’q sali’natug’i’n paydani’n’ bir payi’zdan ko’p bolmag’an mug’darda.

2) Islep shi’g’ari’wdi’ modernizaciyalaw texnikali’q ha’m texnologiyali’q ta’repten qayta u’skenelewge jan’a texnologiyali’q u’skeneler sati’p ali’wg’a usi’ maxsetler ushi’n berilgen kreditlerdi wo’zinshe lizing obekti bahasi’ni’n’ worni’n qaplawg’a, tiyisli sali’q da’wirinde yesaplang’an amortizaciyani’ shegirgen halda bag’darlanatug’i’n qarji’lar swmmasi’na.

Sali’q sali’natug’i’n bazani’ kemeytiw joqari’da ko’rsetip wo’tilgen qa’rejetler a’melge asi’ri’lg’anda sali’q da’wirinde texnologiyali’q u’skeneler boyi’nsha bolsa wol paydalani’wg’a tapsi’ri’lg’an waqi’ttan baslap u’sh ji’l ishinde a’melge asi’ri’ladi’. Jan’a texnologiya u’skeneleri wolar ali’ng’an (import qi’li’ng’an) waqi’ttan baslap u’sh ji’l ishinde realizaciya qi’li’ng’an yaki biypul berilgen jag’dayda  usi’ jen’illik a’mel qi’li’w paydadan ali’natug’i’n sali’qti’ to’lew boyi’nsha ma’jbu’riyatlar tiklengen halda a’mel qi’li’natug’i’n barli’q da’wir ushi’n biykar qi’li’nadi’.

3) Jas semyalarg'a yesaplani'wshi' xi'zmetkerler ipoteka kreditlerdi to'lewge ha'm (yaki) mu'lk si'pati'nda u'y-jay ali'wg'a biypul bag'darlanatug'i'n qarji'lar suwmmasi'na, biraq sali'q sali'natug'i'n bazani'n' 10% dan aspag'an mug'darda.

4) Diniy ha'm ja'ma'a't birlespelerinin' (ka'siplik awqamlar, siyasiy partiyalar ha'm ha'reketlerden ti'sqari') qayi'rqomli'q fondlari' mu'lkinen bolg'an ka'rxanalar paydasi'nan, usi' birlespeler ha'm fondlar ustavta belgilengen xi'zmetlerinde a'melge asi'ri'w ushi'n bag'darlang'an aji'ratpalar swmmasi'na.

## 3.4.Sali'q yesabatlari'n tapsi'ri'w ha'm sali'qti' byudjetke to'lew mu'ddetelri

Isbilermenlik xi'zmetin a'melge asi'ri'wshi' yuridikali'q ta'repler arti'p bari'wshi' juwmag'i' menen shi'g'ari'lg'an payda sali'g'i' boyi'nsha sali'q yesabi'n dizimnen wo'tken jerdegi sali'q inspekciyalari'na ji'ldi'n' ha'r shereginde yesabat shereginen keyingi aydi'n' 25- ku'ninen keshiktirilmey ji'l juwmag'i' boyi'nsha ji'lli'q finansli'q yesabat tapsi'ri'latug'n mu'ddette tapsi'ri'ladi'.

Yuridikali'q ta'rep jabi'lg'an jag'dayda, sali'q organi' sali'q to'lewshiden kemlew bolg'an da'wir ushi'n yesabatlar sali'q yesabati'n tapsi'ri'wi' jazba xabarnama tapsi'ri'w joli' menen talap qi'li'p ali'w mu'mkin. Xabarnamada buni'n' sebebi ha'mde yesabatlar, sali'q yesabi' qashan ha'm qaysi' da'wir ushi'n tapsi'ri'li'wi' lazi'mli'g'i' ko'rsetiledi.

Yuridikali'q ta'repti jabi'w haqqi'nda belgilengen ta'rtipte ni'zam qabi'l qi'li'ng'an jag'dayda, jabi'w komissiyasi' 5 ku'nlik mu'ddette bul haqqi'nda sali'q organi' jazba ra'wishte xabardar qi'ladi'.

Yuridikali'q ta'reptin' jabi'w haqqi'nda qarar qabi'l qi'li'ng'annanson' sali'q to'lewshi 15 ku'n ishinde sali'q organi'na yesabatlar sali'q yesabi'n tapsi'ri'wi' sha'rt.

### 3.2. Sali'q sali'wdi'n' apiwayi'lasti'ri'lg'an ta'rtibi

3.2.1. Birden-bir sali'q to'lemi
3.2.2. Sawda ha'm uli'wma awqatlani'w ka'rxanalari'n sali'qqa tarti'w
3.2.3 Birden bir jer sali'g'i'
3.2.4. Isbilermenlik jumi'si'ni'n' ayi'ri'm tu'rleri boyi'nsha turaqli' belgilengen sali'q

### Sali'q sali'wdi'n' a'piwayi'lasti'ri'lg'an ta'rtibinin' sali'q a'meliyati'na yengiziliwi, woni'n' ekonomikali'q mazmuni'

Ekonomikali'q reformalardi' ja'nede yerkinlestiriw ha'm teren'lestiriw procesinde kishi biznesti rawajlandi'ri'w za'ru'r ahmiyetke iye. Sebebi bazar ekanomikasi'na wo'tiw sharayati'nda jeke isbilermenlik kishi biznesti rawajlandi'ri'w mu'lkdarlar klasi'n rawajlandi'ri'w bazarlardi' tovarlar menen tolti'ri'w ba'seki wortali'g'i'n jarati'w jumi'ssi'zli'qqa shek qoyi'w ma'mleket aldi'nda turg'an tiykarg'i' wazi'ypalar yesaplanadi'. Sali'qqa tarti'w sistemasi'nda ali'p bari'li'p ati'rg'an jan'alani'wlar a'hmiyetli bag'darlardan biri boli'p kishi biznes subektlerinin' sali'qqa tarti'w mexanizimin rawajlandi'ri'w yesaplanadi'. O'zbekistan Respulikasi' Ministrler Kabinetinin' 1998-ji'l 15-apreldegi 159-sanli' «Kishi ka'rxanalar ushi'n qolayli' sali'qqa tarti'w sistemasi'na wo'tiwin qollap-quwatlaw haqqi'nda»g'i' qarari' tiykari'nda mikrofirma ha'm kishi ka'rxanalar sali'qqa tarti'wdi'n uli'wma belgilengen ta'rtibinen a'piwayi'lasti'ri'lg'an sali'q rejimine wo'tkerildi. Bunda kishi ka'rxanalar ushi'n birden-bir sali'q to'lew yaki uli'wma belgilengen sali'q ma'jbu'riyatlari'n wori'nlaw qa'lewi yekenligi belgilendi.

### 3.2.1. Birden-bir sali'q to'lemi woni'n' to'lewshileri ha'm to'lewshiler qurami'na kiritiw normativi

Mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalardi’ jedel rawajlandi’ri’wdi’ ja’nede xoshametlew ha’mde woni’n’ ma’mleket ekanomikasi’nda ahmiyetin ha’m u’lesin tu’pten wo’zgertiw maqsetinde O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2005-ji’l 20-iyundag’i’ PP-3620 sanli’ «Mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar rawajlani’wi’n xoshametlew boyi’nsha qosi’msha ilajlar haqqi’nda»g’i’ pa’rmani’ tiykari’nda 2005-ji’ldi’n’ 1-iyuli’nan baslap O’zbekistan sali’q sistemasinda kishi bizmes subektlerinin’ bazi’ tu’rleri ushi’n birden-bir sali’q to’lemi yengizildi.

Wol birdeylestirilgen boli’p usi’ ma’jbu’riy to’lemlerdi to’lew worni’na yengizildi.

- birden-bir sali’q
- byudjetten ti’sqari’ Pensiya fondi’
- Respublika jol fondi’
- Mektep ta’limin rawajlandi’ri’w fondi’na ma’jbu’riy ajratpalar.

Birden bir sali’q to’lemin to’lewshiler woni’n’ summasi’n sali’q sali’natug’i’n baza ha’m tasti’yqlang’an stavkalardan kelip shi’qqan jag’dayda yesap-kitap qi’ladi’. Bunda sali’q organlari’na ma’mleket maqsetli fondlarg’a ma’jbu’riy aji’ratpalar boyi’nsha yesap-kitaplar bo’lek berilmeydi, sonin’day pensiya, jol ha’m mektep ta’limin rawajlandi’ri’w fondlari’na ma’jbu’riy aji’ratpalar summalari’ bo’leklenip to’lenbeydi.

Birden bir sali’q to’lemi tek g’ana kishi biznes subektleri-mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalarg’a beriledi.

O’zbekistan Respublikasi’nda kishi biznes subektleri qurami’na to’mendegiler kiritilgen:

jeke ta’rtipte isbilermenlik jumi’si’ menen shugi’llani’wshi’lar;

jumi’sshi’lardi’n wortasha ji’lli’q sani’:

-islep shi’gari’w tarmaqlari’nda 20 adamnan;

-xi’zmet ko’rsetiw tarawi’ basqa islep shi’gari’wg’a baylani’si’ bolmag’an tarawlarda 10 adamnan;

- ko’tere sawda ha’m uli’wmali’q awqatlani’w tarawi’nda 5 adamnan aspag’an mikrofirmalar;

To'mendegi tarmaqlardi'n wortasha ji'lli'q jumi'sshi'lari' sani';

-jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati', metallg'a islew beriw ha'm asbapsazli'q, ag'ashti' qayta islew, mebel sanaati' ha'm quri'li's materiyallari' sanaati' 100 adamnan;

-mashinasazli'q, metallurgiya , jani'lg'i'-energetika ha'm ximiya sanaati', awi'l xojali'gi' shiyki zatlari'n jetistiriw ha'm qayta islew, quri'li's ha'mde basqa sanaat islep shi'gari'w tarawlari' 50 adamnan ;

-pa'n, ilimiy xi'zmet ko'rsetiw, transport, baylani's, xi'zmet ko'rsetiw tarawi' (qamsi'zlandi'ri'w kompaniyalardan ti'sqari'), sawda uli'wmali'q awqatlani'w ha'mde basqa islep shi'gari'wg'a baylani'sli' bolmag'an tarawlar 25 adamnan aspag'an kishi ka'rxanalar.

Kishi biznes subyektlerine a'meldegi sali'q ni'zamshi'li'g'i'na ko're beriletug'i'n sali'q jen'illikleri ha'm preferensiyalar tek g'ana joqari'da sanap wo`tilgen subyektlerge tiyisli boladi'.

Qandayda bir karxanani'n' joqari'da ayti'lgan subyektler tu'rinin' birewine kiritiliw qag`iydalari' boli'p jumi'sshi'lardi'n' ji'lli'q wortasha sani' sol qatarda unitar(shuba) ka'rxanalarda, filiallarda isleytug'i'nlar sani' yesaplanadi'.

## Sali'q yesabati'n beriw ha'm sali'qti' byudjetke to'lew mu'ddetleri

Mikrofirma ha'm kishi ka'rxanalar, tiykarg'i jumi'si' menen bir qatarda, basqa jumi's tu'rleri menen shug'ullani'wshi'lar, usi' jumi's tu'rleri boyi'nsha wolar ayri'qsha yesap ju'ritiwleri ha'mde sali'q to'lewshilerdin' bul tu'ri ushi'n ni'zamda na'zerde tuti'lg'an sali'qlar, ji'yi'mlar ha'm ma'mleket maqsetli xorlari' ha'mde mektep ta'limin rawajlandi'ri'w xorlari' ma'jbu'riy aji'ratpalardi' to'lewleri sha'rt.

Birinshi sherek, yari'm ji'l ha'm 9 ay juwmaqlari' boyi'nsha sali'q to'lewshiler dizimnen wo'tiw jerindegi rayon (qala) ma'mleket sali'q inspeksiyasina yesabat shereginen keyingi aydin' 25-ku'ninen keshiktirmey, ji'l

juwmaqlari' boyi'nsha bolsa- ji'lli'q finansli'q yesabati'n beriw mu'ddetinde belgilengen formada birden bir sali'q to'lemi boyi'nsha yesap kitaplardi' beredi.

Mikrofirma ha'm kishi ka'rxanalar qurami'na kirmeytug'i'n ka'rxanalar ta'repinen – ha'r ayda yesabat da'wirinen keyingi aydi'n' 25-ku'ninen keshiktirmey, ji'l juwmaqlari' boyi'nsha bolsa ji'lli'q finansli'q yesabat tapsi'ratug'i'n mu'ddette beriledi.

Birden bir sali'q to'lemin to'lew ha'r sherekte wo'sip bari'wshi' juwmaq penen yesabat shereginen keyingi aydi'n 25-ku'nine shekem a'melge asi'ri'ladi'.

## 3.2.2. Sawda ha'm uli'wma awqatlani'w ka'rxanalari'n sali'qqa tarti'w

### Sawda ha'm uli'wma awqatlani'w ka'rxanalari' ushi'n birden bir sali'q to'leminin' yengiziliwi

Sawda ha'm uli'wma awqatlani'w ka'rxanalari' 2007-jil 1-yanvarg'a shekem byudjetke to'lep kelgen jalpi' da'ramati'nan jalpi' daramat sali'g'i', mal-mu'lk salig'i, tovarlar aylani'si'nan pensiya xori'na, Respublika jol xori'na ha'mde mektep talimin rawajlandi'ri'w xori'na ma'jbu'riy to'lemler to'lew worni'na O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2006-jil 18-dekabrdegi «O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 2007-ji'ldagi' tiykarg'i' makroekonomikali'q ko'rsetkishleri prognozi' ha'm ma'mleket byudjetinin' parametrleri haqqi'nda»g'i' PQ-532-sanli' qarari'na muwapi'q 2007-ji'l 1-yanvardan baslap birden bir sali'q to'lemin to'lewge wo'tkizildi.

Usi'ni'n' menen birge sawda ha'm uli'wma awqatlani'w ka'rxanalari' ushi'n:

- baji'xana to'lemleri ( baji'xana baji'lari' ha'm ji'yimlari', aktsiz sali'g'i' ha'm tovarlardi' (jumi'slardi', xi'zmetlerdi) import qi'li'wda qosi'msha qun sali'g'i' );

-ma'mleket bajlari';

-ayi’ri’m tu’rdegi tovarlar menen ko’tere sawda qi’li’w ha’m ayi’ri’m tu’rdegi xi’zmetlerdi ko’rsetiw huquqi’ ushi’n ji’yi’m;

-ni’zam hu’jjetlerinde na’zerde tuti’lg’an ta’rtipte yuridikali’q ta’replerdi dizimnen wo’tkizgenligi ushi’n ji’yi’m ha’m a’tirap tabiyiy wortali’qti’ pataslandi’ri’w ha’m shi’g’i’ndi’lardi’ O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na jaylasti’rg’ani’ ushi’n kompensatsiya to’lemlerin to’lew ta’rtibi saqlap qali’ng’an.

Yeger yuridikali’q ta’repler yesabat ji’li’ juwmag’i’ boyi’nsha sawda ( uli’wma awqatlani’w) ka’rxanasi’na tiyisli bolmasa, keyingi ji’l basi’nan baslap uli’wma belgilengen tartipte sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’’riy to’lemler to’lewge wo’tiwleri sha’rt, sali’q sali’w ta’rtibin tan’law huquqi’ saqlap qali’natug’i’n mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalar bunnan ti’sqari’.

Birden bir sali’q to’lemin to’lewge wo’tiw sawda (uliwma awqatlani’w) ka’rxanalari’ uli’wma belgilengen ta’rtipte sali’qlar ha’m basqa ma’jburiy to’lemler to’lewge wo’tken birinshi yesabat sheregi ushi’n payda sali’gi’, abadanlasti’ri’w ha’m sotsiyalli’q infraduzilmeni rawajlandi’ri’w sali’g’i’ ha’m yuridikali’q ta’replerdin’ mal-mu’lkine sali’natug’i’n sali’q boyi’nsha ag’i’mdag’i’ to’lemlerdi to’lemeydi.

## Sawda ha’m uli’wma awqatlani’w ka’rxanalari’ ushi’n birden bir sali’q to’lemi stavkalari’ ha’m sali’qti’ yesaplaw mu’ddetleri.

Birden bir sali’q to’lemi ushi’n sali’q stavkalari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’ menen tasti’yqlanadi’. Bulardan O’zbekistan Prezidentinin’ 2013-ji’l 25-dekabrdegi 2099-sanli’ qarari’na muwapi’q 2014-ji’ldan baslap sawda ha’m uli’wma awqatlani’w ka’rxanalari’ ushi’n jumi’sshi’lari’ sani’na qaramastan jalpi’ tu’simnen (tovar aylanbasi’ ko’leminen) to’mendegi stavkalarda birden bir sali’q to’lemin to’lew belgilendi:

-uli’wma awqatlani’w karxanalari’ ushi’n -10%;

sonnan: uli’wma bilim beriw mektepleri, mektep-

internatlar, worta arnawli’ ka’sip-wo’ner ha’m joqari’

woqi’w wori’nlari’na xi’zmet ko’rsetiwshi ka’rxanalar ushi’n -8%.

Sawda ka’rxanalari’ ushi’n:

-qalalarda xali’q sani’ 100 mi’n’ ha’m wonnan arti’q adam -4%;

-basqa xali’q jasaw punkitlerinde -2%;

-ali’s ha’m tawli’ aymaqlarda -1%.

-usaqlap sati’w ka’rxanalari’ (usaqlap sati’w ka’rxanalari’ birlespesi dizimine kiriwshi respublika qa’nigelestirilgen usaqlap sati’w baza –kontorolari’ ha’m wolardi’n’ aymaqli’q bazalari’ bunnan ti’sqari’.

Birden bir sali’q to’lemi yesap-kitabi’ dizimnen wo’tken jerindegi ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’na arti’p bari’wshi’ juwmaq penen ha’r ayda yesabat ayi’nan keyingi aydi’n 25-ku’ninen keshiktirmey, ji’l juwmaqlari’ boyi’nsha bolsa, ji’lli’q finansli’q yesabat beriletug’i’n mu’ddetlerde ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’na belgilengen formada beriledi.

Birden bir sali’q to’lemi to’lew arti’p bariwshi juwmaq penen yesap-kitapti’ beriw mu’ddetinen keshiktirmey a’melge asi’ri’ladi’.

### 3.2.3 Birden bir jer sali’g’i’

### Birden bir jer sali’g’i’ni’n belgileniwi ha’m a’himiyeti

1999- ji’lda awi’l xojali’g’i’ ka’rxanalari’n sali’qqa tarti’w diziminde ko’p wo’zgerisler ju’z berdi. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 1998-ji’l 10-oktyabrdegi “Awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lar ushi’n birden bir jer sali’g’i’n belgilew haqqi’nda”g’i’ PP-2026-sanli’ pa’rmani’na muwapi’q 1999-ji’ldi’n’ 1-yanvardan baslap awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’gari’wshi’lari’ ushi’n birden bir jer sali’g’i’ belgilendi.

Awi’l xojali’q tovar islep shi’gari’wshi’lari’ ushi’n birden bir jer sali’g’i’n belgilew, wo’z na’wbetinde wolardi’ to’mendegi sali’qlar ha’m ji’yi’mlardi’ to’lewden azat qi’ldi’:

-payda sali’g’i’;

-qosi’msha qun sali’g’i’;

-suw resurslari’nan paydalang’ani’ ushi’n sali’q;

-jer sali’g’i’;

-jer asti’ bayli’qlari’nan paydalangani’ ushi’n sali’q;

-mal-mu’lk sali’g’i’;

-abadanlasti’ri’w ha’m sotsiyalli’q infradu’zilmeni rawajlandi’ri’w sali’g’i’;

-basqa jergilikli sali’qlar ha’m ji’yi’mlar.

Birden bir jer sali’g’i’ to’lewshileri yesaplang’an awi’l xojali’q tovarlari’ islep shi’g’ari’wshi’lari’ ushi’n baji’xana to’lemleri, ma’mleket baji’, litsenziya ji’yi’mlari’, byudjetten ti’sqari’ fondlarg’a aji’ratpalar, soni’n’day aktsiz asti’ shiyki zatlarg’a aktsiz sali’g’i’n to’lewdin’ a’meldegi ta’rtibi saqlap qali’ndi’.

Birden bir jer sali’g’i’n belgilewden maqset awi’l xojali’q jerlerinen paydalani’w, wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’w, awi’l xojali’q tovar islep shi’g’ari’wshi’lari’n miynettin’ aldag’i’ na’tiyjelerinen ekanomikali’q wo’nimdarli’qti’ ku’sheyttiriw, awi’l xojali’q ka’rxanalari’n sali’qqa tarti’w dizimin a’piwayi’lasti’ri’w ha’m birdeylestiriwden ibarat.

Bul sali’qti’n’ a’melge kiritiliwi awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’gari’wshi’lardi’ qol asti’ndag’i’ jerlerden ja’nede aqi’lg’a muwapi’q paydalani’wg’a talap yetedi, sebebi ha’r bir gektar jer maydani’ ushi’n wonnan da’ramat ali’w yaki da’ramat almawi’na qaramastan belgilengen mu’g’dardag’i’ sali’q summasi’n to’lew lazi’m boladi’.

## Birden bir jer sali’g’i’ to’lewshileri, sali’q obyekti ha’m sali’q bazasi’

Awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’ ka’rxanalari’ ha’mde awi’l xojali’g’i’ bag’dari’ndag’i’ ilimiy-texnikali’q sho’lkemlerdin’ ta’jriybe-eksperimental xojali’qlari’ ha’m bilimlendiriw mekemelerinin’ woqi’w-ta’jriybe xojali’qlari’ birden bir jer sali’g’i’n to’lewshileri boli’p yesaplanadi’.

Sali’q kodeksine muwapi’q to’mendegi sha’rtlerge juwap beretug’i’n yuridikali’q ta’repler sali’q sali’w maqsetinde awi’l xojali’g’i’ tovarlari’ islep shi’g’ari’wshi’lar qurami’na kiredi:

-jer ushastkalari’nan paydalang’an halda awi’l xojali’g’i’ shiyki zati’n jetistiriw ha’m wo’zi jetistirgen usi’ shiyki zatti’ qayta islew yaki jer ushastkalari’nan paydalang’an halda tek g’ana awi’l xojali’g’i’shiyki zati’n jetistiriw tiykarg’i’ jumi’s tu’ri bolg’an yuridikali’q ta’repler;

-awi’l xojali’g’i’n jetistiriw ushi’n jergilikli ha’kimyati’ organlari’ ta’repinen wo’zlerine belgilengen ta’rtipte belgilengen jer ushastkalari’na iye bolg’an yuridikali’q ta’repler;

-awi’l xojali’g’i’shiyki zati’n jetistiriw ha’m wo’zi jetistirgen bul shiyki zatti’ qayta islew u’lesi realizatsiya qi’li’w yaki qayta islew ushi’n ali’ngan awi’l xojali’g’i’ shiyki zati’n wo’z ishine ali’wshi’ awi’l xojali’g’i’ shiyki zati’n jetistiriw ha’m qayta islew uli’wma ko’lemi keminde 50 payi’zdi’ quraytug’i’n yuridikali’q ta’repler.

Tog’ay ha’m an’shi’li’q xojali’qlari’ ha’mde yuridikali’q ta’rep qurag’an ha’m quramag’an jagdayda du’zilgen diyxan xojaliqlari’ birden bir jer sali’g’i’n to’lewshileri yesaplanbaydi’.

Awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lari’ wo’zleri islep shi’g’arg’an awi’l xojali’q shiyki zatlardi’ islep shi’g’a’ri’w ha’m qayta islew boyi’nsha bul jumi’s tu’rinen birden bir jer sali’g’i’n to’leydi ha’m wolar basqa sali’qqa tarti’w dizimin tan’law huquqi’na iye yemes.

Birden bir jer sali’g’i’ to’lewshisi yesaplang’an awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lari’ ushi’n baji’xana bajlari’, ma’mleket bajlari’, litsenziya ji’yi’mlari’, ma’mleket maqsetli jamg’armalarg’a aji’ratpalardi’ to’lewden a’meldegi ta’rtibi saqlanadi’.

**Sali’qtan jen’illikler**

*Sali’q ni’zamshi’lig’i’na ko’re sali’q sali’nbaytug’i’n jer ushastkalari’na to’mendegi jerler kiredi:*

a) awi’l xalqi’ jasaw punkitlerinin’ uli’wma paydalani’wi’ndag’i’ jerler;

b) ixota terekleri iyelegen jerler;

v) sport imaratlari’, stadionlar, sport maydanshalari’, suw ha’wizeleri, sportti’n’ texnikali’q tu’rleri obektleri ha’m basqa fizikali’q ta’rbiya-salamatlasti’ri’w kompleksleri, analar ha’m balalardi’n’ dem ali’s ha’m salamatlasti’ri’w jerleri, sanatoriya-kurort mekemeleri ha’m dem ali’s u’yleri, woqi’w-shi’ni’g’i’w bazalari’ iyelegen jerler;

g) jan’a wo’zlestirilip ati’rgan jerler ha’m meliorativ jag’daydi’ jaqsi’law jumi’slari’ ali’p bari’li’p ati’rg’an suwg’ari’latug’i’n jerler-rejede na’zerde tuti’lg’an mu’ddetke, biraq jumi’slar baslang’ani’nan baslap ko’bi menen bes ji’lg’a. Yeger rejede jerlerdi wo’zlestiriw ha’m meliorativ jumi’slardi’ a’melge asi’ri’w mu’ddetleri ko’rsetilmegen yaki jer ushastkasi’ basqa mu’ddetlerde tapsi’ri’lg’an bolsa, jer ushastkasi’ ushi’n sali’q meliorativ jumi’slar ha’m jan’a jerlerdi wo’zlestiriw jumi’slari’ islenilgen ji’llar ushi’n to’lenbeydi, biraq ol 5 ji’ldan artpawi’ kerek;

d) ta’lim, ma’deniyat ha’m den sawli’qti’ saqlaw obektleri ba’nt yetken jerler;

e) jan’a tut na’lsheleri yegilgen jerler, qatar aralari’nan awi’l xojali’g’i’ yeginlerin yegiw ushi’n paydalani’wi’na qaramastan, 3 ji’l mu’ddetke. Usi’ mu’nasibet penen ba’ha’rde yegilgen tut na’lsheleri yegilgen ji’ldi’ yesaplag’anda u’sh ji’lg’a sali’q to’lewden azat yetiledi, gu’zde yegilgen na’lsheler bolsa wolardi’ yegiwden keyingi ji’ldan baslap u’sh ji’lg’a sali’q to’lewden azat yetiledi;

j) ilimiy sho’lkemlerdi’n’ awi’l xojali’g’i’ a’himiyetke i’layi’q ha’m tog’ay fondi’ndag’i jerleri,

awi’l xojali’g’i’ ha’m tog’ay xojali’g’i’ tarawi’ndag’i’ ilimiy-izertlew sho’lkemleri ha’mde woqi’w mekemelerine qarasli’ ta’jriybe, eksperimental ha’m

woqi’w-ta’jriybe xojali’qlari’ni’n’ ilimiy ha’m woqi’w maqsetleri ushi’n paydalanatug’i’n jerleri;

z) jan’a quri’lg’an awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lari’, usi’ qatarda fermer xojali’qlari’, ma’mleket dizimine ali’ng’an waqi’ttan baslap yeki ji’l mu’ddetke;

k) O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q sali’q sali’nbaytug’i’n basqa jerler.

Awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lari’na sali’qtan jen’illik belgilengende wolar sali’qti bul huquq payda bolg’an aydan baslap to’lewdi toqtatadi’. Sali’q jen’illikleri biykar qi’li’ng’an jag’dayda wolar jer sali’g’i’n usi’ huquq biykar qi’li’ng’an aydan keyingi aydan baslap to’lewdi baslaydi’.

## Sali’qti yesaplaw, yesap-kitaplardi’ tapsi’ri’w ha’m to’lew ta’rtibi

Awi’l xojali’g’i’ tovar islep shi’g’ari’wshi’lari’ jer sali’g’i’ summasi’n belgilengen forma (11- forma) boyi’nsha sali’q sali’natug’i’n bazag’a qarap jer ushastkalari’ni’n’ normativ quni’ ha’mde jer ushastkalari’ni’n’ maydani’nan (jer ushastkasi’ jaylasqan jer ha’m jer ushastkasi’ni’n’ ball bonitetinin’ na’zerde tuti’lg’an du’zetiw koefitsienti itibarg’a ali’ng’an halda belgilengen stavkadan) kelip shi’qqan halda yesaplap shi’g’ari’ladi’.

Ji’l dawami’nda berilgen jer ushastkalari’ ushi’n birden bir jer sali’g’i’ jer ushastkasi’ berilgennen keyingi aydan baslap to’lenedi. Jer ushastkasi’ ali’p qoyi’lg’an jag’dayda, birden bir jer sali’g’i’n to’lew jer ushastkasi’ ali’p qoyi’lgan aydan baslap toqtati’ladi’.

Jer ushastkasi’ni’n’ qurami’ ha’m maydani’ ji’l dawami’nda wo’zgergen, soni’nday birden bir jer sali’g’i’ boyi’nsha jen’illiklerge bolg’an huquq payda bolg’an jag’dayda, sali’q to’lewshiler ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’na yesabat ji’li’ni’n’ 1-dekabrge shekem birden bir jer sali’g’i’ni’n’ ani’qli’q kiritilgen yesap- kitapti’ beriwleri lazi’m boladi.

### 3.2.4. Isbilermenlik jumi'si'ni'n' ayi'ri'm tu'rleri boyi'nsha turaqli' belgilengen sali'q

#### Isbilermenlik jumi'si' menen shug'i'llani'wshi' fizikali'q ta'replerdi sali'qqa tarti'w ta'rtibi

Yuridikali'q ta'repti payda qi'lmastan isbilermenlik jumi'si' menen shug'i'llani'wshi' fizikali'q ta'repler turaqli' belgilengen sali'q to'lewshiler yesaplanadi'. Isbilermenlik jumi'si' menen shug'i'llani'wshi' Turaqli' belgilengen sali'qti to'lewshi fizikali'q ta'repler sali'q ni'zamshi'li'g'i'na ko're sotsiyalli'q qamsi'zlandi'ri'w to'lemlerin, eksport-import operatsiyalari'n islegende birden bir baji'xana to'lemi, sawda qi'li'w huquqi' ushi'n ji'yi'mdi', yegerde isbilermenlik jumi'si'n a'melge asi'ri'wda suw resurslari'nan paydalani'lsa, wonda suw resurslari'nan paydalang'ani' ushi'n sali'qti', bazarlarda jumi'sti' a'melge asi'ri'wda sawda jayi' ushi'n to'lemdi, ma'mleket bajlari'n to'leydi.

Yuridikali'q ta'rep bolmastan isbilermenlik jumi'si' menen shug'i'llani'wshi' fizikali'q ta'repler ushi'n Turaqli' belgilengen sali'q stavkalari'ni'n' ani'q mug'darlari'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Wa'zirler Ken'esi, wa'layatlar ha'm Tashkent qalasi' ha'kimyatlari' isbilermenlik jumi'si'ni'n' tu'ri ha'm ha'reket yetiw worni'na ( wa'layatlardag'i qalalar, rayonlar, usi' qatarda awi'lli'q jerlerine) baylani'sli' ra'wishte belgileydi.

Isbilermenlik jumi'si' menen yendi shu'gi'llana baslag'an fizikali'q ta'repler turaqli' belgilengen stavkalar boyi'nsha da'ramat sali'g'i'n belgilengen ta'rtipte, dizimge ali'w waqti'nda g'a'rezsiz to'leydi. Turaqli' belgilengen sali'q jumi'si' baslang'an ku'nnen baslap Turaqli' tu'rde bir ay ushi'n to'lenedi. Mi'sal ushi'n, aydin' basi'nda yemes, ba'lkim yekinshi yarmi'nda baslansa da toli'q ay ushi'n to'lenedi.

## 3.3. Qosi'msha qun sali'g'i'

3.3.1. Qosi'msha qun sali'g'i' haqqi'nda tu'sinik.
3.3.2. Sali'q to'lewshiler qurami, sali'q obekti ha'm sali'q stavkalari'
3.3.3. Sali'q jenillikleri
3.3.4. Qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplaw ta'rtiplerinin' wo'zine ta'n qa'siyetleri
3.3.5. Import tovarlarg'a qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplaw ta'rtibi

### 3.3.1. Qosi'msha qun sali'g'i' haqqi'nda tu'sinik.

Ha'zirgi waqi'tta O'zbekistan ha'm xali'q arali'q sali'q a'meliyati'nda janapay sali'qlardi'n tiykarg'i' tu'rlerinen biri –qosi'msha qun sali'g'i' yesaplanadi'.

Qosi'msha qun sali'g'i'-har bir islep shi'g'i'w basqi'shi'nda ha'm realizatsiya jag'dayi'nda wo'ndirilgen ko'p qa'siyetli janapay sali'q boli'p yesaplanadi'. Ka'rxana ku'ndelik xojali'q jumi'si'nda shiyki zat jetkerip beriwshilerden tovar ha'm shiyki zat sati'p aladi' ha'm wolardan shiyki zat yaki jumi's, xi'zmetler islep shi'g'aradi'. Demek, qayta islep shi'g'ari'w, islep shi'g'ari'w ha'm sati'wda Qosi'msha qun jarati'ladi'.

Qosi'msha qun wo'zinin' ekonomikali'q ma'nisine ko're, sati'lg'an zatlar, islenilgen jumi'slar ha'm ko'rsetilgen xi'zmetlerdin' quni' menen islep shi'g'ari'w jag'dayi'nda tuti'ni'lg'an tovarlar, shiyki zatlar ha'm xi'zmetlerdin' quni' wortasi'ndag'i' pari'qtan ibarat. Ta'biyiy islep-shi'g'ari'w jag'dayi'nda ha'm keyinlew miynet bo'listiriwi na'tiyjesinde ma'lim bir tovar bazarg'a ali'p shi'g'i'lg'ang'a shekem islep shi'g'ari'w ha'm aylani's jag'dayi'ndag'i' bir neshe basqi'shlardan wo'tedi, bul basqi'shlardi'n' ha'r birinde Qosi'msha qun jarati'ladi'.

Qosi'msha qun sali'g'i'n ma'mleket byudjetinin' da'ramat bo'limine qarati'w ideyasi' da'slep XX a'sirdin' baslari'nda ju'zege keldi. Bul usi'nisti'

birinshi ma’rte Germanya byudjet a’meliyati’nda beriwdi 1919 ji’lda Vilgelm fon Simens alg’a su’rdi.

Qosi’msha qun sali’g’i’n a’meliyatqa kiritiw ha’m wo’ndiriw mexanizmi birinshi ma’rte frantsuz finansisti M.Lore ta’repinen islep shi’g’i’ldi’. Biraq Qosi’msha qun sali’g’i’ M.Lorenin’ usi’ni’si’nan son’ wo’’tken 10 ji’ldan arti’q waqi’t dawami’nda ta’jiriybe ushi’n usi’ni’s yetilgen formada qollani’ldi’.

Frantsiyada Qosi’msha qun sali’g’i’ haqi’yqattan 1968-ji’ldan baslap ja’riya yetildi.

Qosi’msha qun sali’g’i’na ta’n bolg’an a’hmiyetli qa’siyetlerden biri sonda, sali’qqa tarti’wdi’n’ obekti boli’p, ishki bazardag’i’ tovar aylani’si’, ba’lkim ma’mleket ka’rxanalari’ni’n si’rtqi’ bazarlardag’i’ tovar aylani’sida yesaplanadi’. Ekonomikali’q a’debiyatlarda, ko’pshilik jag’daylarda, Qosi’msha qun sali’g’i’n “Evropasha” sali’q dep te ataladi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebepleri sonda, birinshiden, Qosi’msha qun sali’g’i’ du’nyada birinshi ma’rte Evropa ma’mleketi bolg’an Frantsiyada ja’riya yetildi; yekinshiden, 1977-ji’lda qabi’l qi’li’ng’an Direktivag’a tiykari’nan Qosi’msha qun sali’g’i’ bir waqi’tti’n wo’zinde Evropani’n’ bir neshe ma’mleketlerinde ja’riya yetildi; u’shi’nshiden, Qosi’msha qun sali’g’i’ Bati’s Evropadag’i’ integratsiyon jag’daylardi’ formalasti’ri’w ha’m rawajlandi’ri’wda a’hmiyetli rol oynaydi’.

O’zbekistan sali’q sistemasi’nda Qosi’msha qun sali’g’i’ 1992-ji’ldan berli a’mel qi’lmaqta. Usi’ sali’q aylani’stan ali’natug’i’n sali’q ha’m sati’wdan ali’natug’i’n sali’qlar worni’na aktsiz sali’g’i’ menen birgelikte kiritilgen. Bul sali’q oborot sali’g’i’nan pari’qli’ ra’wishte tek g’ana qosi’lg’an qunnan wo’ndiriledi. Oborot sali’g’i’ bolsa bir ma’retebe uli’wma aylani’stan ali’nar yedi. Qosi’msha qun sali’g’i’ bolsa islep shi’g’ari’w ha’m aylani’sti’n’ ha’r bir basqi’shi’nan ali’nadi’.

### 3.3.2. Sali’q to’lewshiler qurami, sali’q obekti ha’m sali’q stavkalari’

Qosi’msha qun sali’g’i’ni’n’ to’lewshileri boli’p, a’meldegi ni’zam hu’jjetlerine tiykarlani’p usi’ sali’qti byudjet aldi’nda yesap-kitapti’ a’melge

asi'ri'wshi' isbilermenlik jumi'si' menen shug'i'llani'wshi' yuridikali'q ta'repler tu'siniledi. Usi' qatarda:

1) sali'q sali'natug'i'n aylani'sqa iye bolg'an yuridikali'q ta'repler:

2) O'zbekistan Respublikasi' rezidenti yemes ta'repinen a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an sali'q sali'natug'i'n aylani'slar ushi'n Qosi'msha qun sali'g'i'n to'lew boyi'nsha ma'jbu'ryat ju'klentilgen yuridikali'q ta'repler;

3) tovarlardi' O'zbekistan Respublikasi' aymagi'nda import qi'li'wshi' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler (wo'z mu'tajlikleri ushi'n bajsi'z ali'p kiriw normalari' shegarasi'nda ali'p kiriwshi fizikali'q ta'repler bunnan ti'sqari');

4) a'piwayi' shirket sali'g'i' sali'natug'i'n aylani'slardi' a'melge asi'ri'p ati'rg'anda moyni'na woni'n' jumi'slari'n ju'ritiw ju'kletilgen (isenimli shaxs ) api'wayi' shirket sha'rtnamasi'ni'n' sherigi (qatnasi'wshi'si').

Kommersiyali'q yemes sho'lkemler (isbilermenlik jumi'si' shegarasi'nda tovarlardi' (jumi'slardi', xi'zmetlerdi) realizatsiya qi'li'w aylani'slari' bunnan ti'sqari') ha'mde sali'q sali'wdi'n' a'piwayi'lasti'ri'lg'an ta'rtibi boyi'nsha sali'q to'lewshiler qosi'msha qun sali'g'i'n to'lewshileri boli'p yesaplanbaydi'.

Sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda n'azerde tuti'lg'an halda birden bir sali'q to'lemin to'lewshiler bolg'an yuridikali'q ta'repler sali'q boyi'nsha yesapqa ali'w jerindegi ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari'na ji'ldi'n' na'wbettegi sheregi baslang'ang'a shekem bir aydan keshiktirmesten, jan'a sho'lkemlestirilip ati'rg'an birden bir sali'q to'lemin to'lewshileri bolg'an yuridikali'q ta'repler bolsa jumi's baslag'ang'a shekem beriletug'i'n jazba bildiriwge tiykari'nan qa'lewli tiykarda qosi'msha qun sali'g'i'n to'lewi mu'mkin.

### 3.3.3. Sali'q jenillikleri

Qosi'msha qun sali'g'i'nan basqa sali'q tu'rlerine qarag'anda ko'birek jen'illikler n'azerde tu'ti'lg'an boli'p, wolar sali'q kodeksinde to'rt gruppag'a bo'lip berilgen.Wolar:

1) sali’qtan azat yetiletug’i’n tovarlardi’ (jumi’slardi’, xi’zmetlerdi) realizatsiya qi’li’w oboroti’ (208-statya);

2) sali’qtan azat qi’li’natug’i’n finansli’q xi’zmetler (209-statya);

3) sali’qtan azat yetiletug’i’n qamsi’zlandi’ri’w xi’zmetleri (210-statya);

4) sali’qtan azat yetiletug’i’n import.

**Qosi’msha qun sali’g’i’nan to’mendegi tovarlardi’ (jumi’slardi’, xi’zmetlerdi) realizatsiya qi’li’w oborotlari’ azat yetiledi:**

- ma’mleket organlari’, puqaralardi’n’ wo’zin wo’zi basqari’w organlari’ ha’mde basqa wa’killlik sho’lkemler ta’repinen ko’rsetiletug’i’n, ma’mleket baji’ ha’m ji’yi’mlar wo’ndiriletug’i’n xi’zmetler;

- mektepke shekem ta’lim wori’nlari’nda balalardi’ ta’rbiyalawg’a baylani’sli’ xi’zmetler;

- biytaplar ha’m kekselerdi qarawg’a baylani’sli’ xi’zmetler;

- jerlew mazar byurolari’ ha’m qa’biristanlardi’n’ ma’resim xi’zmetleri, diniy mu’lklerdi realizatsiya qi’li’w, diniy sho’lkemler ha’mde birlespelerdin’ u’rp-a’detler ha’m ma’resimler wo’tkeriwge baylani’sli’ xi’zmetleri;

- protez-ortopediya buyi’mlari, mayi’plar ushi’n arnalg’an inventarlar, usi’ qatarda wolardi’ islep shi’g’ari’wshi’lar ta’repinen realizatsiya qi’li’ni’p ati’rg’an buyi’mlar ha’m inventarlar, soni’n’day ko’rsetilip ati’rg’an ortopedik protezlew xi’zmetleri, protez- ortopediya buyi’mlari’ ha’m mayi’plar ushi’n mo’lsherlengen inventarlardi’ on’law ha’mde wolardan paydalani’wg’a baylani’sli’ jumi’slar boyi’nsha xi’zmetler;

- yemlew wori’nlari’ aldi’ndag’i’ yemlew-islep shi’g’ari’w ustaxanalari’ni’n’ usi’ mekemeler ta’repinen realizatsiya qi’li’natug’i’n shiyki zatlar;

- poshta markalari’ (kollektsiya qi’li’natug’i’nlardan ti’sqari’), markali’ otkri’tkalar, konvertlar;

- baylani’s sho’lkemlerinin’ pensiya ha’m napaqalar to’lew boyi’nsha xi’zmetler;

- byudjet qarji'lari yesabi'nan isleniletug'i'n ilimiy-ta'jiriybe ha'm innovatsiya jumi'slari'. Usi' jen'illikti ali'w ushi'n tiyisli finans organi'ni'n' byudjetten qarji'lar aji'rati'w haqqi'ndag'i' juwmagi' tiykarli' boli'p yesaplanadi';

- qala jolawshi'lar transporti'ni'n' xi'zmetleri ( taksiden, usi' qatarda jo'nelisli taksiden ti'sqari'), soni'n'day temir jol ha'm uli'wma paydalani'wdag'i' avtomobil transporti'nda (taksiden usi' qatarda jo'nelisli taksiden ti'sqari') qala a'tirapi'ndag'i' jo'nelislerde jolawshi'lar tasi'w xi'zmetleri;

- joqari', worta, worta arnawli', ka'sip-wo'ner woqi'w jurtlari'nda, soni'n'day kadrlardi'n' ta'jiriybesin asi'ri'w ha'm wolardi' qayta tayarlaw menen shug'i'llani'wshi' sho'lkemlerde ta'lim beriwshinin' haqi' worni'na woqi'ti'wg'a baylani'sli' bo'limi boyi'nsha xi'zmetler;

- wa'killikli ma'mleket organi'na saqlap turi'w ushi'n tapsi'ri'lg'an qi'mbatbaha metallar;

- shet yel hawa kemelerine xi'zmet ko'rsetiw ju'zesinen tikkeley O'zbekistan Respublikasi' aeroportlari'nda ha'm O'zbekistan Respublikasi'ni'n' hawa bosli'g'i'nda a'melge asi'ri'latug'i'n xi'zmetler, usi' qatarda aeronavigatsiya xi'zmeti;

- sanatoriya- kurort, salamatlasti'ri'w, turistlik-ekskursiya xi'zmetleri ha'm balalar dem ali'w lagerlerinin' xi'zmetleri, soni'n'day dene tarbiya ha'm sport mekemelerinin' tiyisli hu'jjetler menen ra'smiylestirilgen xi'zmetleri.

- gidrometeorologiya ha'm aerologiya jumi'slari';

- geologiya ha'm topografiya jumi'slari';

- O'zbekistan Milliy teleradiokompaniyasi'ni'n', woni'n' qurami'na kiriwshi ka'rxanalar ha'm sho'lkemlerdi'n' ha'mde O'zbekistan Milliy axborot agentliginin' tiykarg'i' jumi'si'na baylani'sli' shiyki zat ha'm xi'zmetler;

- O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nan eksport qi'li'ni'p ati'rg'an tovarlardi' tasi'w, ju'klew, tu'siriw, qayta ju'klew, ekspeditsiya qi'li'wg'a baylani'sli' xi'zmetler, jumi'slar;

- O'zbekistan Respublikasi'ni'n' xali'q arali'q sha'rtnamalari' boyi'nsha ha'm shet yel hu'kimet finans sho'lkemleri ta'repinen berilgen qari'zlar (kreditler)

yuridikali’q ta’repler alatug’i’n, soni’nday grantlar yesabi’na ali’ng’an tovarlar (jumi’slar, xi’zmetler);

- u’y-jay fondi’n saqlaw ha’m on’law bag’dari’nda xali’qqa ko’rsetilgen xi’zmetler;

- xali’qti’ elektr energyasi’ menen ta’miynlew;

- ma’mleket tilin ha’m ma’mleket tilinde jumi’s ju’ritiwdi u’yretiw xi’zmetleri;

- wo’zi jetistirgen awi’l xojali’g’i’shiyki zati’;

- ishki isler organlari’ aldi’ndag’i’ qori’qlaw bo’limleri xi’zmetleri;

- ha’m basqa ni’zam hu’jjetlerinde na’zerde tuti’lg’an oborotlar.

### 3.3.4. Qosi’msha qun sali’g’i’n yesaplaw ta’rtiplerinin’ wo’zine ta’n qa’siyetleri

Sali’q ni’zamshi’li’g’i’na tiykari’nan qosi’msha qun sali’g’i’n yesaplawda sali’q to’lewshilerdin’ ali’p bari’p ati’rg’an xojali’q operatsiyalari’ baylanisli’ ra’wishte sali’qqa tarti’latug’i’n bazani’ ani’qlawdi’n’ wo’zine ta’n qa’siyetleri bar.

**Tovarlar sati’lg’anda, jumi’s ha’m xi’zmetler islengende Qosi’msha qun sali’g’i’ni’n’ yesaplani’wi’.**

Respublikami’zda qosi’msha qun sali’g’i’ ja’riya yetilgennen berli sali’qti’ yesaplawdi’n’ yeki tu’rdegi usi’li’ a’mel qi’lg’an, yag’ni’y islep shi’g’ari’lg’an tovarlardi’ jo’netiw, jumi’slardi’ wori’nlaw ha’m xi’zmetler ko’rsetiw boyi’nsha yesapqa ali’w usi’li’ yaki yesap beti-faktura usi’li’ ha’mde ko’tere ha’m usaqlap sawda, da’ldalshi’li’q xi’zmet ko’rsetiw tarawlari’nda yesaptan shi’g’ari’w usi’li’ qollani’lg’an. Bunda qosi’msha qun sali’g’i’na tarti’latug’i’n baza bahalar parqi’ si’pati’nda, u’steme ha’m si’yli’qlar haqi’ summasi’ si’pati’nda ani’qlani’p usi’ summadan sali’q yesaplang’an.

Qosi’msha qun sali’g’i’n yesaplawdi’n’ “yesap ali’w yesap-faktura “ usi’li’ni’n’ ma’nisi sonda, ka’rxana byudjetke to’leniwi lazi’m bolg’an sali’q

summasi' islep shi'g'ari'lg'an shiyki zatlarg'a (xi'zmetlerge) yesaplang'an sali'q mug'dari'nan usi' shiyki zatti' islep shi'g'ari'w ushi'n sati'p ali'ngan shiyki zat, materiyallar ushi'n toplang'an sali'q mug'darlari'n shi'g'ari'p taslaw joli' menen ani'qlanadi'.

Ayi'ri'p taslawg'a yesabat da'wrinde yesap-faktura menen qabi'l qi'li'ng'an shiyki zat, materiyallar, usi' qatarda import qi'li'ng'an tovarlar tuwri' keletug'i'n qosi'msha qun sali'g'i' summasi' qabi'l qi'li'nadi'.

To'mendegi sha'rtlerdi islegen halda yesapqa ali'w a'melge asi'ri'ladi':

**-birinshiden**, bul yesabat da'wrinde tovar ha'm xi'zmetler haqi'yqattan sati'p ali'ng'an boli'wi' kerek;

**-ekinshiden** , wolar boyi'nsha tovar jetkeriwden yesap-faktura to'lti'ri'lg'an boli'wi';

**-u'shi'nshiden**, wolar sali'qqa tartilatug'i'n jumi'sta isletilgen boli'wi' kerek.

**Tiykarg'i' qurallar ha'm materiyalliq emes aktivlardi sati'wda qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplaw.**

Ka'rxanani'n' wo'z mu'tajligi ushi'n ali'ng'an tiykarg'i' quraldi' ha'm materiyalli'q yemes aktivlerdi ka'rxanani'n' buxgalteriya balansi'nda mal jetkerip beriwshige to'lengen qosi'msha qun sali'g'i' summasi' menen birge jazi'li'p kiris qi'li'nadi'. Yeger balanstag'i' tiykarg'i' qurallar ha'm materiyalli'q yemes aktivler sati'lsa, wol jag'dayda tiykarg'i' qurallar ha'm materiyalli'q yemes aktivler boyi'nsha sali'qqa tarti'w obekti boli'p, sati'w bahasi' menen qaldi'q quni' wortasi'ndag'i' pari'q yesaplanadi'.

Bunda, yeger ka'rxana tiykarg'i' qurallar ha'm materiyalli'q yemes aktivlerdi qaldi'q bahada satsa, wol jag'dayda sali'qqa tarti'latug'i'n obekt bolmaydi' ha'm byudjetke sali'q to'lenbeydi.

Soni'nday, tiykarg'i' qurallar ha'm materiyalli'q yemes aktivlerdi islep shi'g'ari'wshi' ha'm woni' aldi'-satti' jumi'si' menen shug'i'llani'wshi' ka'rxanalar ushi'n qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplawdi'n' ayri'qsha ta'rtibi bar.

*Da'lda'lshi'li'q xi'zmetleri ko'rsetilgende qosi'msha qun sali'g'i'ni'n' yesaplani'wi'.*

Da'ldalshi'li'q xi'zmetleri boyi'nsha qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplawda "jalpi' payda" usi'li' qollani'ladi'. Bul usi'ldi'n' ma'nisi sonda, sali'q baha parqi', u'steme ha'm si'yli'qlar si'pati'nda ali'ng'an da'ramattan yesaplanadi'. Byudjetke sali'q to'lewde yesaplang'an sali'q summasi' bul da'ramatti' ali'wg'a sari'planatug'i'n xi'zmetlerdi'n qosi'msha qun sali'g'i' swmmasi'na kemeytiriledi. Demek, qosi'msha qun sali'g'i' summasi'n da'lda'lshi'li'q ka'rxanalari' si'yli'qlar swmmasi'nan yesaplaydi'.

*Qosi'msha qun sali'g'i'n yesapqa ali'w.*

Uli'wma ma'mleket sali'qlari'n to'lewshi ka'rxanalarda qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplawdi'n a'meldegi mexanizmi sali'qti islep shi'g'ari'w jag'dayi'nda payda bolg'an jan'adan jaratilg'an qunnan to'leniwdi na'zerde tutadi'. Qosi'msha qun yeki ma'rtebe sali'qqa tarti'lmaydi'.

## Qosi'msha qun sali'g'i'n byudjetke to'lew ha'm yesap- kitaplardi' beriw mu'ddetleri. Yesap beti faktura ha'm woni' tolti'ri'w ta'rtibi.

Qosi'msha qun sali'g'i' boyi'nsha yesap kitaplardi' ka'rxana arti'p bari'wshi' juwmaq penen dizimnen wo'tgen jerindegi ma'mleket sali'q basqarmalari'na ha'r ayda, yesabat ayi'nan keyingi aydi'n' 25-ku'ninen keshiktirmesten ha'm ji'l juwmaqlari' boyi'nsha ji'lli'q finansli'q yesabatti' tapsi'ri'w mu'ddetinde Qosi'msha qun sali'g'i'n to'lewshileri yesaplang'an mikrofirma ha'm kishi ka'rxanalar ji'ldi'n' ha'r shereginde yesabat da'wrinen keyingi aydi'n' 25-ku'ninen keshiktirmey, ji'l juwmaqlari' boyi'nsha bolsa ji'lli'q finansli'q yesabat tapsi'ri'lg'an mu'dette beredi.

Sali'q to'lewshiler qosi'msha qun sali'g'i'ni'n' yesap-kitaplari' menen bir waqi'tta yesabat da'wiri dawami'nda ali'ng'an tovarlar (jumi'slar, xi'zmetler) boyi'nsha yesapbeti-fakturalar reestrin ha'm beredi. Yesap beti fakturalar reestrinin' forma ma'mleket sali'q basqarmasi' ta'repinen belgilenedi.

Yesabatlardi’ wo’z waqti’nda tapsi’rmasli’q ka’rxana ha’m ka’rxanani’n’ a’meldar shaxslari’na qarap ma’mleket sali’q basqarmalari’ ta’repinen finansli’q ha’m aymaqli’q jaza-sharalardi’ qollani’wg’a ali’p keledi.

Yesap beti-fakturada- woni’n ta’rtip tsipri’ ha’m jazi’lg’an sa’nesi, jo’netiletug’i’n tovarlar boyi’nsha sha’rtnamalar tsipri’ ha’m sa’nesi ha’mde sali’q to’lewshi ha’m tuti’ni’wshi’ni’n’ ati’, ma’nzili STIRi ha’m usi’ kibi rekvizitleri ko’rsetiledi.

Yesap beti-faktura ka’rxana basshi’si’ ha’m bas yesapshi’si’ ta’repinen qol qoyi’ladi’ ha’m tasti’yi’qlanadi’.

Yesap beti-faktura jetkizip beriwshi ka’rxana ta’repinen 2 nusqada tolti’ri’ladi’, 1-nusqasi’ qari’ydarg’a beriledi ha’m wol qari’ydarg’a qosi’msha qun sali’g’i’ swmmasi’n belgilengen ta’rtipte yesapqa kiritiw ushi’n huqi’q beredi, 2-nusqasi’ bolsa ka’rxanani’n’ wo’zinde qaladi’.

Qosi’msha qun sali’g’i’nan azat qi’li’ng’an qamsi’zlandi’ri’w xi’zmetlerin ko’rsetiwde,

yesap beti-faktura worni’na birlemshi hu’jjet boli’p to’mendegi hu’jjetler;

- qamsi’zlandi’ri’w ka’rxanalari’ ushi’n – qamsi’zlandi’ri’w polisi;

- qamsi’zlandi’ri’w agentleri ushi’n - qamsi’zlandi’ri’w polisi ha’m sha’rtnama tapsi’rmasi’ (agentlik pitimi );

- qamsi’landi’ri’w brokerleri ushi’n – qamsi’zlandi’ri’w polisi ha’m sha’rtnama tapsi’rmasi’ yesaplanadi’.

Jumi’slar (quri’li’s, on’law-quri’li’s, joybarlaw-qi’di’ri’w, ilimiy-izertlew ha’m basqa jumi’slar ) wori’nlaw yamasa xi’zmetler ( transportqa baylani’sli’, mal-mu’lkti ijarag’a beriw, baylani’s xi’zmetleri ha’m basqalar ) ko’rsetiw menen shug’i’llanatug’i’n ka’rxanalar ha’m yesap beti-faktura jazi’wi sha’rt.

Qosi’msha qun sali’g’i’ sali’natug’i’n elektor energiyasi’, suw, gaz, baylani’s xi’zmetleri, kommunal xi’zmetler, temir jolda tasi’wlar, bank operatsiyalari’, sonday-aq tovarlardi’ (jumi’slardi’, xi’zmetlerdi) u’zliksiz jetkizip beriwdi a’melge asi’ri’p ati’rg’an sali’q to’lewshileri yesabat da’wirinin’ aqi’rg’i’ ku’ninde bir ma’rte yesap beti-faktura jazadi’.

### 3.3.5. Import tovarlarg'a qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplaw ta'rtibi

Import qi'li'natug'i'n tovarlarg'a qosi'msha qun sali'g'i' to'lewshileri boli'p, tovarlardi' import qi'latug'i'n yuridikali'q ta'repler, sonday-aq bajsi'z wo'z mu'ta'jlikleri ushi'n normasi'nan arti'qsha tovarlar ali'p kiretug'i'n fizikali'q ta'repler yesaplanadi' ( demek, fizikaliq ta'repler de tikkeley qosi'msha qun sali'g'i''n to'lewshisi boli'wi' mu'mkin ).

Qosi'msha qun sali'g'i' sali'natug'i'n obekt boli'p, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' baji'xana ni'zamlari'na tiykarlani'p belgilengen baji'xana rejimlerine muwapi'q O'zbekistan aymag'i'na import qi'li'natug'i'n tovarlar yesaplanadi'.

Tovar degende paydalani'wg'a arnalg'an ha'm qung'a iye bolg'an barli'q zatlar tu'siniledi.

Import tovarlar boyi'nsha qosi'msha qun sali'g'i'n yesaplap shi'g'ari'w ushi'n tiykar boli'p, baji'xana ni'zamshi'li'g'i'na tiykarlani'p belgilenetug'i'n baji'xana quni' yesaplanadi'.

Tovarlar importi' boyi'nsha sali'q sali'natug'i'n aylani's ko'lemine baji'xana quni' menen bir qatarda baji'xana baji' swmmasi' ha'm akciz sali'g'i' swmmasi' ( akciz asti' tovarlar boyi'nsha ) kirgiziledi.

Import qi'li'natug'i'n tovarlar boyi'nsha qosi'msha qun sali'g'i' to'mendegi formula arqali' yesaplanadi':

$$\mathbf{Sqqs} = \frac{(\mathbf{IQTBQ} + \mathbf{BBS} + \mathbf{AS}) \times \mathbf{QQSst}}{100};$$

Bul jerde:

Sqqs – Qosi'msha qun sali'g'i' swmmasi'

IQTBQ - Import qi'li'natug'i'n tovarlardi'n' baji'xana quni';

BBS- Baji'xana baji' swmmasi' ;

AS- akciz sali'g'i' ;

QQSst - Qosi'msha qun sali'g'i' stavkasi'.

Import qi’li’natug’i’n tovarlar boyi’nsha qosi’msha qun sali’g’i’ 20 payi’zli’ stavka boyi’nsha to’lenedi.

Tovarlar respublika aymag’i’na import qi’li’ni’wi’nda qosi’msha qun sali’g’i’ baji’xana deklaratsiyasi’ qabi’l qi’li’ni’wi’na deyin yamasa wol menen bir waqi’tta to’lenedi. Yeger baji’xana deklaratsiyasi’ belgilengen mu’ddette tapsi’ri’lmasa qosi’msha qun sali’g’i’n to’lew mu’ddetleri baji’xana deklaratsiyasi’n tapsi’ri’w mu’ddeti tawsi’lg’an ku’nnen baslap yesaplap shi’g’ari’ladi’.

Fizikali’q ta’repler sali’qti’ naq pul menen baji’xana organi’ posti’ kassasi’na belgilengen ta’rtipte to’lewleri mu’mkin.

Qosi’msha qun sali’g’i’ni’n’ to’lengen swmmalari’ aymaqli’q baji’xana organlari’ni’n’ depozit yesap betlerine kiris qi’li’ni’p, keyin wolar respublika byudjeti da’ramatlari’na yesaplanadi’. Baji’xana organlari’ 3 ku’n mu’ddet ishinde wo’ndirilgen qosi’msha qun sali’g’i’ swmmasi’n respublika byudjetine wo’tkiziledi.

## Import qi’li’natug’i’n jumi’slar, xi’zmetlerge qosi’msha qun sali’g’i’n yesaplaw ta’rtibi

O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na jumi’slar, xi’zmetlerdi import qi’li’wshi’ yuridikali’q ta’repler sol import qi’latug’i’n jumi’slar, xi’zmetlerge qosi’msha qun sali’g’i’n to’lewshiler yesaplanadi’**.**

Du’zilgen sha’rtnamalar (kontraktlar ) g’a muwapi’q respublika aymag’i’na import qi’li’natug’i’n jumi’slar ha’m xi’zmetler qosi’msha qun sali’g’i’ sali’natug’i’n obekt yesaplanadi’.

Import qi’li’natug’i’n jumi’slar, xi’zmetler boyi’nsha qosi’msha qun sali’g’i’ jumi’slar, xi’zmetler wori’nlang’anli’g’i’ da’lilleniwin tasti’yi’qlawshi hu’jjetler ( da’lalatnama, mag’li’wmatnama yamasa basqa hu’jjetler ) tiykari’nda to’mendegi formula boyi’nsha yesaplap shi’g’ari’ladi’:

$$Sqqs = SxN/100$$

Bul jerde:

**Sqqs-**qosi'msha qun sali'g'i' swmmasi';

**S-**da'lalatnama, mag'li'wmatnama yamasa basqa hu'jjetlerge ko're tasti'yi'qlanatug'i'n, import qi'li'natug'i'n jumi'slar, xi'zmetler quni';

**N-**Qosi'msha qun sali'g'i'ni'n' payi'zdag'i' stavkasi'.

Realizatsiya qi'li'natug'i'n worni' O'zbekistan Respublikasi' baji'xana aymag'i' bolg'an O'zbekistan Respublikasi' rezidentleri ta'repinen import qi'li'natug'i'n jumi'slar, xi'zmetler import qi'li'natug'i'n jumi'slar, xi'zmetler dep ta'n ali'nadi'.

A'meldegi ni'zam hu'jjetlerine muwapi'q qosi'msha qun sali'g'i'nan to'mendegiler azat qi'li'nadi':

* O'zbekistan Respublikasi' ta'repinen du'zilgen sha'rtnamalar (pitimler) boyi'nsha xali'q-arali'q ha'm hu'kimetke qarasli' shet-yel finansli'q ha'm ekonomikali'q sho'lkemler bergen qari'zlar ha'm grantlar yesabi'nan yuridikali'q ta'repler ta'repinen ali'p kirgizilip ati'rg'an jumi'slar, xi'zmetler;

* byudjet sho'lkemleri buyi'rtpalari' boyi'nsha byudjet qa'rejetleri yesabi'nan O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'na ali'p kirgiziletug'i'n jumi'slar ha'm xi'zmetler;

Import qi'li'natug'i'n jumi'slar, xi'zmetler boyi'nsha qosi'msha qun sali'g'i' 20 (jigirma) payi'z stavka boyi'nsha to'lenedi.

Import qi'li'natug'i'n jumi'slar, xi'zmetlerge qosi'msha qun sali'g'i' yesap-kitabi' jumi'slar, xi'zmetler importi' a'melge asi'rg'an yesabat ayi'nan keyingi aydi'n' 15- sa'nesinen keshiktirmesten, belgilengen formada aylar boyi'nsha dizimnen wo'tkizilgen jerdegi sali'q organi'na tapsi'ri'ladi'.

## 3.4. Akciz sali'g'i'

3.4.1. Akciz sali'g'i'nin' ekonomikali'q mazmuni' ha'm byudjet da'ramatlari'nda tutqan worni'

3.4.2. Akciz sali'g'i'n to'lewshiler. Sali'q obekti ha'm bazasi'

3.4.3. Ayi'ri'qsha tovarlar boyi'nsha byudjetke to'lenetug'i'n akciz sali'g'i'ni' yesaplap shi'g'i'wdi'n' belgileri
3.4.4. Akciz sali'g'i' boyi'nsha jen'illikler
3.4.5. Akciz sali'g'i'n to'lew ha'm yesap-kitaplardi' tapsi'ri'w ta'rtibi, mu'ddetleri
3.4.6. Akciz markalari'

### 3.4.1. Akciz sali'g'i'nin' ekonomikali'q mazmuni' ha'm byudjet da'ramatlari'nda tutqan worni'

O'zbekistanda akciz sali'g'i' 1992- ji'lda qosi'msha qun sali'gi' menen birgelikte oborot sali'g'i' ha'm sati'wdan ali'natug'in sali'qlar worni'na ko'rsetilgen . Woni'n' qosi'msha qun sali'g'i'nan parqli' ta'repi sonda , wol ayi'ri'm tovarlar ha'm wo'nimlerdi shegaralap alg'an ha'm wol wori'nlang'an jumi's , ko'rsetilgen xi'zmetlerge qollani'lmaydi'. Akciz sali'g'i'' individual xarakterge iye boli'p, tek akciz asti' tovarlarg'a qollani'ladi'.

Akciz sali'g'i' qosi'msha qun sali'g'i''na tarti'latug'i'n bazada ha'm bahada yesapq'a ali'natug'i'n ju'klep jo'netilgen tovarlar mug'dari'ni'n' bir bo'legin janapay sali'q si'pati'nda byudjetke wo'ndiriw formasi' yesaplanadi'.

Soni'n' yesabi'nan ha'zirgi waqi'tta akciz sali'g'i'nin' u'lesi ma'mleket byudjeti da'ramatlari' qurami'nda kem salmaqti' iyelemekte. Akciz sali'g'i'' toli'q respublika byudjetinin' da'ramatlar bo'limine kelip tu'sedi ha'm wonin' sali'q ju'gi paydalani'wshi'lar moyni'nda boladi' .

### 3.4.2. Akciz sali'g'i'n to'lewshiler. Sali'q obekti ha'm bazasi'

Akciz sali'g'i'ni'n' to'lewshileri boli'p, mu'lk formasi'nan ha'm sali'qqa tarti'wdi'n' qanday ta'rtibi wornati'lg'anli'g'i'na qaramastan akciz asti' tovarlari'n islep shi'g'ari'wshi' ha'm import qi'li'wshi' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler yesaplanadi'. Bunnan ti'sqari', a'piwayi' shirket akciz

to’lenetug’i’n tovarlardi’ islep shi’g’arg’anda a’piwayi’ shirkret sha’rtnamasi’ni’n’ a’piwayi’ shirket jumi’slari’n ju’ritiw moyni’na ju’kletilgen sherigi akciz sali’g’in to’lewshi boli’p yesaplanadi’.

Sali’qqa tarti’w maqsetinde yuridikali’q ta’repler degende mu’lkinde, xojali’q ju’ritiwde yamasa operativ basqari’wi’nda mal-mu’lki bolg’an ha’m wo’z ma’jbu’riyatlari’ boyi’nsha usi’ mal-mu’lk penen juwap beretug’i’n , sonday-aq g’a’rezsiz balans ha’m yesap-kitap betine iye bolg’an ka’rxanalar tu’siniledi.

Sali’q kodeksinin’ 230-statyasi’na ko’re to’mendegi operatsiyalar akciz sali’g’i’ sali’natug’i’n obekt yesaplanadi’ :

1) akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ realizatsiya qi’li’w, soni’n’ ishinde :

tovardi’ sati’w (jo’netiw);

kepillik penen ta’minlengen ma’jbu’riyat wori’nlanbag’an jag’dayda, kepillikke qoyi’lg’an akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ kepillikge qoyi’wshi’ ta’repinen tapsi’ri’w ;

akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ biypul tapsi’ri’w;

akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ jumi’s beriwshi ta’repinen is haqi’ yeasbi’na jallang’an shaxsqa ni’zam hu’jjetlerinde na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda tapsi’ri’w yamasa yesaplang’an dividentler yesabi’nan yuridikali’q ta’reptin’ qatnasi’wshi’si’na tapsi’ri’w ;

akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ ni’zam hu’jjetlerinde na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda basqa tovarlarg’a ( jumi’slarg’a, xi’zmetlerge ) almasi’w ushi’n tapsi’ri’w ;

2) akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ yuridikali’q ta’reptin’ ustav fondi’na ( ustav kapitali’na ) u’les ya’ki pay to’lemi tiykari’nda yamasa a’piwayi’ shirket sha’rtnamasi’ boyi’nsha sheriktin’ (qatnasi’wshi’ni’n’) u’lesi si’pati’nda tapsi’ri’w ;

3) akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ yuridikali’q ta’rep qatnasi’wshi’si’na wol yuridikali’q ta’rep qurami’nan shi’qqan (shi’g’i’p ketken ) jag’dayda yamasa yuridikali’q ta’rep qayta payda yetilgenligi , tamamlang’anli’g’i’

(bankrotli'g'i' ) mu'na'sibeti menen tapsi'ri'w, sonday-aq a'piwayi' shirket sha'rtnamasi' shen'berinde islep shi'g'ari'lg'an akciz to'lenetug'i'n tovarlardi' usi sha'rtnama sherigine (qatnasi'wshi'si'na ) woni'n' sha'rtnama qatnasi'wshi'lari' uli'wma mu'lkindegi mal-mu'lkten u'lesi aji'rati'p berilgen yamasa bunday mal-mu'lk bo'listirilgen jag'dayda tapsi'ri'w ;

4) akciz to'lenetug'i'n tovarlardi' u'les qosi'w tiykari'nda qayta islewge tapsi'ri'w , sonday-aq u'les qosi'w tiykari'nda shiyki zat ha'm materiyallardi', sol ishinde akciz to'lenetug'i'n shiyki zat ha'm materiyallardi' islep shi'g'i'w wo'nimi bolg'an akciz to'lenetug'i'n tovarlardi' islep shi'g'ari'wshi' ta'repinen qayta islewge berilgen shiyki zat ha'm materiyallardi'n' mu'lkdari'na tapsi'ri'w ;

5) islep shi'g'ari'lg'an ha'm (yamasa ) qazi'p ali'ng'an akciz to'lenetug'i'n tovarlardi' wo'z qa'lewleri ushi'n tapsi'ri'w ;

6) akciz to'lenetug'i'n tovarlardi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' baji' xana shegarasi'na import qi'li'w .

**Akciz sali'g'i' stavkalari'**

Akciz sali'g'i' stavkalari' ha'm akciz asti' tovarlar dizimi O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' qarari' menen begilenedi ha'm sali'q to'lewshilerge Finans ministrligi ha'm Ma'mleketli sali'q komitetinin' to'mengi organlari' ta'repinen belgilengen ta'rtipte jetkiziledi.

### 3.4.3. Ayi'ri'qsha tovarlar boyi'nsha byudjetke to'lenetug'i'n akciz sali'g'i'ni' yesaplap shi'g'i'wdi'n' belgileri

***Alkogol wo'nimleri boyi'nsha.*** Alkogol wo'nimleri boyi'nsha belgilengen ta'rtipke muwapi'q byudjetke to'lenetug'i'n akciz sali'g'i' swmmasi' belgilengen stavkalar boyi'nsha yesaplap jazi'lg'an sali'q swmmasi' menen

«Wo’zvinosanaat-xolding» xolding kompaniyasi’ (XK) arnawli’ yesap betine wo’tkiziletug’i’n sali’q swmmasi’ wortasi’ndag’i’ ayi’rma si’pati’nda belgilenedi.

«Wo’zvinosanaat-xolding» XK ge wo’tkiziletug’i’n akciz sali’g’i’ni’n’ mug’dari’, sonday- aq usi’ ta’rtip qollani’latug’i’n alkogol wo’nimlerdin’ dizimi O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’ menen tasti’yi’qlanadi’.

Alkogol wo’nimlerin islep shi’g’aratug’i’n ka’rxanalar wolarg’a xi’zmet ko’rsetetug’i’n bankta “ Wo’zvinosanaat-xolding’’ XK ge wo’tkiziletug’i’n, belgilengen stavka boyi’nsha yesaplap shi’g’i’lg’an akciz sali’g’i’n to’lewge baylani’sli’ arnawli’ yesp-betin ashadi’, yesaplang’an sali’q ka’rxanani’n’ ko’rsetilgen yesap-betine ha’r won ku’nde , akciz sali’g’i’n to’lew mu’ddetlerinen keshiktirmey wo’tkiziledi.

“Wo’zvinosanaat-xolding’’ XK ge tiyisli bolg’an akciz sali’g’i’ swmmasi’, ka’rxana alkogol wo’nimlerge baylani’sli’ akciz sali’g’i’ boyi’nsha to’lemlerdin’ belgilengen prognozlari’n, wori’nlag’an ha’m wonda ko’rsetilgen sali’q tu’ri boyi’nsha kompaniyanin’ arnawli’ yesap-betine jo’neltiriledi.

Sali’q sali’wdan bosati’p ali’ng’an qa’rejetlerden maqsetke muwapi’q paydalani’lmag’anda ka’rxanalar ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q juwapker boladi’.

Ha’r ayda, yesabat ayi’nan keyingi aydi’n’ 6-ku’ninen keshiktirmey, arnawli’ yesap betine toplang’an qa’rejetler konvertaciyag’a jo’neltiriledi. Konvertaciyalang’an qa’rejetler yeki bank ku’ni waqti’nda hu’kimet kepilligi menen qarati’lg’an kreditlardi’ qaplawg’a jo’neltiriliwi kerek. Sali’q sali’wdan bosati’p ali’ng’an qa’rejetlerden maqsetke muwapi’q paydalani’lmag’anda ka’rxanalar ni’zam hu’jjetlerge muwapi’q juwapker boladi’.

Ha’r sherekte, yesabat shereginen keyingi aydi’n’ 10-ku’ninen keshiktirmey, O’zbekistan Respublikasi’ Finans ministrligine belgilengen mug’darda yesaplap shi’g’ari’lg’an akciz sali’g’i’ni’n’ kelip tu’siwi ha’m ko’rsetilgen qa’rejetlerdi kreditlerdi’ qaplawg’a jo’neltiriw haqqi’ndag’i’ yesabat tapsi’ri’ladi’.

Akciz sali’g’i’ni’ belgilengen ta’rtibine a’mel qi’li’ni’wi’ u’stinen tekseriw Qaraqalpag’i’stan Respublikasi’ finans ministri, wa’layatlar ha’m Tashkent qalasi’ finans basqarmalari’ni’n’ basli’qlari’, Ma’mleket sali’q xizmeti shegarali’q organlari’ni’n’ basli’qlari’, sonday aq Finans ministrliginin’ wo’simlik mayi’ islep shi’g’ari’wshi’ ka’rxanalarg’a biriktirilgen finans inspektorlari’ moyni’na ju’klenedi.

### 3.4.4. Akciz sali’g’i’ boyi’nsha jen’illikler

*Sali’q kodeksine muwapi’q to’mendegilerge akciz sali’g’i’ sali’nbaydi’:*

* akcizlenetug’i’n tovarlardi’ eksportq’a jetkizip beriw, bunnan O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabineti belgileytug’i’n ayi’ri’m tovarlar diziminen ti’sqari’;

* salomas ha’m “ O’zbekistan’’ mayi’n islep shi’g’ari’wda paydalani’latug’i’n paxta mayi’n jetkizip beriw;

Akciz to’lenetug’i’n tovarlar ali’ni’p ati’rg’an yamasa O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ baji’xana shegarasi’na import qi’li’ni’p ati’rg’an, yeger usi’ tovarlardan keyinirek akciz to’lenetug’i’n tovarlar islep shi’g’ari’w ushi’n shiyki zat si’pati’nda paydalani’lg’an bolsa, O’zbekistan Respublikasi’ shegarasi’nda to’lengen akciz sali’g’i’ swmmasi’ shegirip taslanadi’.

Shegirme sali’q da’wirinde realizaciya qi’li’ng’an akciz to’lenetug’i’n tovarlar ko’lemine ko’re tuwri’ keletug’i’n akciz to’lenetug’i’n tovar ( shiyki zat ) ko’leminen keip shi’qqan halda ani’qlang’an akciz sali’g’i’ni’n’ yesap kitap-fakturada yamasa baji’ xana ju’k deklaraciyasi’nda ko’rsetilgen swmmasi’na sali’sti’rmli’ a’melge asi’ri’ladi’.

### 3.4.5. Akciz sali’g’i’n to’lew ha’m yesap-kitaplardi’ tapsi’ri’w ta’rtibi, mu’ddetleri

To'lewshiler ta'repinen sati'wdi'n' haqi'yqi'y ko'leminen kelip shi'g'i'p yesaplap shi'g'ari'lg'an akciz sali'g'i' swmmasi' byudjetke to'mendegi mu'ddetlerde to'lenedi:

- ag'i'mdag'i' aydi'n' 13-ku'ninen keshiktirmey- ag'i'mdag'i' aydi'n' birinshi won ku'nligi ushi'n;

- ag'i'mdag'i' aydi'n' 23-ku'ninen keshiktirmey- ag'i'mdag'i' aydi'n' yekinshi won ku'nligi ushi'n'

- keyingi aydi'n' 3-ku'ninen keshiktirmey- yesabat ayi'ni'n' qalg'an ku'nleri ushi'n.

Tovarlarg'a qosi'msha qi'li'natug'i'n hu'jjetlerde ko'rsetilgen wo'nimler ju'klep jo'netilgen ku'n sati'w ku'ni boli'p yesaplanadi'.

Won ku'nlik to'lemler boyi'nsha akciz sali'g'i'ni'n' kelip tu'sken swmmasi' Ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari' ta'repinen sali'q to'lewshilerdin' jeke yesap da'pterlerinde bir waqi'tta sali'qti' "Yesaplap jazi'w'' ha'm "To'lew'' qatarlari'nda sa'wlelendiriledi.

Akciz sali'g'i' boyi'nsha yesap-kitap dizimnen wo'tkizilgen wori'ndag'i' ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari'na ko'rsetiledi:

* ka'rxanalar ta'repinen ( mikrofirmalar ha'm kishi ka'rxanalardan ti'sqari' ) - yesabat ayi'nan keyingi aydi'n' 25- ku'ninen keshiktirmesten ha'r ayda, belgilengen formada, wog'an sali'q sali'nbaytug'i'n aylani's swmmalari' rasshifrovkasi' qosi'msha qi'li'ng'an halda ;

* mikrofirmalar ha'm kishi ka'rxanalar ta'repinen – birinshi sherek, yari'm ji'lli'q ha'm 9 ay juwmaqlari' boyi'nsha, won ku'nliklerge bo'listirilgen halda, yesabat shereginen keyingi aydi'n' 25-ku'ninen keshiktirmesten, ji'l juwmaqlari' boyi'nsha belgilengen formada, ji'lli'q finansli'q yesabatti' ko'rsetiw mu'ddetinde.

Arti'qsha kiritilgen akciz sali'g'i' swmmalari' kelesi to'lewler yesabi'na kiritiledi yamasa woni'n' jazba arzasi' ali'ng'an ku'nnen baslap Ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organi' ta'repinen 30 ku'n ishinde to'lewshige

qaytari’ladi’ ( yeger byudjetke basqa sali’q tu’rleri boyi’nsha qari’zi’ bolmasa).

## Yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerdin’ O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na ali’p kiriletug’i’n ayi’ri’m tu’rdegi tovarlari’ boyi’nsha akciz sali’g’i’n to’lew ta’rtibi

O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerdin’ ali’p kiretug’i’n, akciz to’lenetug’i’n tovarlari’na O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’na muwapi’q stavkalar boyi’nsha akciz sali’g’i’ sali’nadi’.

Akciz to’lenetug’i’n tovarlar boyi’nsha akciz sali’g’i’ baji’ xana xi’zmetleri ta’repinen swmlarda wo’ndiriledi ha’m ha’r 5 ku’nde respublika byudjetine kiris qi’li’nadi’.

Ali’p kiriletug’i’n, akciz to’lenetug’i’n tovarlarg’a akciz sali’g’i’ni’n’ yesabi’ ha’m woni’n’ byudjetke kelip tu’siwi u’stinen qadag’alawdi’ O’zbekistan Respublikasi’ ma’mleket baji’xana xi’zmetinin’ shegarli’q basqarmalari’ a’melge asi’radi’.

Respublika shegarasi’na akciz to’lenetug’i’n tovarlardi’ ali’p kiriwshi, mu’lkshilik formasi’na qaramastan yuridikali’q ta’repler, sonday-aq’, fizikali’q ta’repler akciz sali’g’i’’n to’lewshiler yesaplanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na ali’p kiriletug’i’n tovarlar boyi’nsha akciz sali’g’i’n yesaplap shi’g’ari’w ushi’n sali’q sali’w obekti boli’p baji’ xana ju’k deklaraciyasi’ni’n’ 45-qatari’nda ko’rsetilgen, tovardi’n’ baji’ xana ra’smiylestiriwi waqti’nda O’zbekistan Respublikasi’ Worayli’q banki kursi’ boyi’nsha swmlarda qayta yesaplang’an tovardi’n’ baji’ xana quni’ yesaplanadi’.

Akciz sali’g’i’ swmmasi’ to’mendegi formula boyi’sha ani’qlanadi’:

**S x A/100,**

Bul jerde:

S – baji’xana quni’;

A – akciz sali’g’i’ stavkasi’.

Pivo, alkagolli’ ha’m temeki wo’nilerine akciz sali’g’i’n yesaplap shi’g’ariw ushi’n sali’q sali’natug’in oborot to’mendegi formula boyi’nsha ani’qlanadi’:

**O= S x 100/(100-A),**

Bul jerde:

**O** – sali’q sali’natug’i’n oborot;

**S** – baji’xana quni’;

**A** – akciz sali’g’i’ stavkasi’.

Akciz sali’g’i’ summasi’ to’mendegi formula boyi’nsha ani’qlanadi’:

**O x A/100,**

Bul jerde:

**O** – sali’q sali’natug’in oborot;

**A** – akciz sali’g’i’ stavkasi’.

Ali’p kiriletug’i’n, akciz to’lenetug’in ayri’qsha tu’rdegi tovarlar boyi’nsha akciz sali’g’i’ swmmasi’ tovardi’n’ baji’xana quni’nan payi’zlarda yamasa bir birlik wo’lshemi ushi’n AQSH dollarlari’nda belgilenedi.

Ma’mleketlik baji’xana sho’lkemi aymaqli’q baji’xana basqarmalari’ni’n’ qarari’na muwapi’q to’lewshige, tovarlardi’n’ baji’xana ra’smiylestiriw sa’nesinen baslap 2 aydan aspaytug’i’n mu’ddetge akciz sali’g’i’n keshiktirip yamasa bo’lip-bo’lip to’lew ruxsat yetiliwi mu’mkin.

Arti’qsha kelip tu’sken akciz sali’g’i’ swmmasi’ woti’z ku’n ishinde qaytari’li’wi’ yamasa kelesi’ to’lewler yesabi’na kiritiliwi kerek.

Wolar to'lengen yamasa wo'ndirilgen waqi'ttan baslap bir ji'l dawami'nda to'lewshi arti'qsha yamasa wo'ndirilgen akciz sali'g'i' swmmalari'n talap qi'li'p, xabar beriwi mu'mkin.

Arti'qsha to'lengen akciz sali'g'i' swmmalari'n qaytari'w baji'xana organlari'na to'mendegi hu'jjetlerdi ko'rsetiw joli' menen a'melge asi'ri'ladi':

- to'lewshinin' jazba arzasi', wonda arti'qsha to'lew yamasa wo'ndiriw sebepleri ko'rsetiledi, ja'nede pul qarji'lari' qaytari'li'wi' kerek bolg'an to'lewshinin' bank rekvizitleri beriledi.
- Akciz sali'g'i'n yesaplap shi'g'ari'w ha'm wo'ndiriw ushi'n ti'ykar bolg'an baji'xana ju'k deklaraciyasi';
- Wori'nlani'wi' haqqi'nda bank belgisi qoyi'lg'an, akciz sali'g'i'ni'n' tiyisli swmmalari'n to'lewge tiyisli to'lem hu'jjeti;
- Tovarlar (jumi'slar, xi'zmetler) shegaradan haqi'yqati'nda ali'p wo'tilgeni haqqi'nda shegara baji'xanasi'ni'n' belgisi qoyi'lg'an (kerekli jag'daylarda) tovarg'a qosi'msha qi'li'ni'wshi' hu'jjetler.

Arti'qsha to'lengen akciz sali'g'i' swmmalari'n qaytari'w barli'q tu'simler yesabi'na a'melge asi'ri'ladi'.

### 3.4.6. Akciz markalari'

Temeki wo'nimleri ha'm alkogolli' ishimlikler islep shi'g'ari'li'wi', import qi'li'ni'wi', saqlani'wi', tasi'li'wi' ha'm sati'li'wi' u'stinen ma'mleket baqlawi'n wornati'w, solay yetip akciz sali'g'i' wornati'li'wi', ko'rsetilgen tovarlardi' jasi'ri'nsha islep shi'g'ari'w yamasa O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'na ali'p keli'wdin' aldi'n ali'w maqsetinde Mamleket sali'q inspektsiyalari' ha'm Ma'mleket baji'xana komitetinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi', wa'layatlar ha'm Tashkent qalasi'ndag'i' aymaqli'q orgonlari' akciz markalari'n belgilengen formag'a muwapi'q usi' markalardi' sati'p ali'wg'a tiyisli buyi'rtpanama – yesap – kitapqa muwapi'q Paxtabanktin' aymaqli'q bo'limleri arqali' a'melge asi'ri'ladi'.

Paxtabanktin' aymaqli'q bo'limleri akciz markalari'n:

•Temeki wo'nimleri ha'm alkogol ishimliklerdin' jergilikli islep shi'g'ari'wshi'lari'na – akciz markalari'ni'n' nominal bahasi' to'lengeninen keyin;

•Temeki wo'nimleri ha'm alkogol ishimlikler importshi'larg'a – nominal bahasi' boyi'nsha akciz markalari' toli'q to'lengeninen ha'm akciz sali'g'i' toli'q ko'lemde to'lengeninen keyin beredi.

Islep shi'g'ari'wshi'lar ha'm importshi'lar nominal bahasi' boyi'nsha sati'p alatug'i'n akciz markalari' ushi'n pul qarji'lari' respublika byudjetine kiritiledi ha'm akciz sali'g'i'n to'lew waqti'nda akciz markalari'ni'n' bahasi' yesapqa ali'nbaydi'.

Respublikadan si'rtqa eksport qi'li'natug'i'n:

•Respublika aymag'i'na bajsi'z sawda du'kanlari'na ali'p kelinetug'i'n;

•O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabineti ruqsati' bolg'anda ko'gizbeler wo'tkiziw ushi'n;

•O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'na xali'qarali'q tranzit boyi'nsha ali'p kelinetug'i'n ha'm ali'p shi'g'i'w ushi'n bag'darlang'an;

•Fizikali'q ta'repler ta'repinen O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'na O'zbekistan Respublikasi' ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen akcizsiz ali'p keliw normalari' shen'berinde ali'p kelinetug'i'n (jiberiletug'i'n) akcizasti' tovarlari' ma'jbu'riy markalanbaydi'.

Respublika aymag'i'nda islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an ha'm import qi'li'natug'i'n pivo O'zbekistan Respublikasi'ni'n' akciz markalari' menen markalanbaydi'.

Respublika ko'gizbeler wo'tkiziw ushi'n ali'p kelingen akciz tovarlari', wolar ko'gizbeler tamam bolg'annan keyin O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda sati'lg'an ta'rizde, O'zbekistan Respublikasi' akciz markalari' menen ma'jbu'riy ta'rizde markalani'wi' kerek ha'm wolar boyi'nsha uli'wma belgilengen ta'tipte akciz sali'g'i' to'lenedi.

Akciz markalari’ islep shi’g’ari’latug’i’n ha’m import qi’li’natug’i’n akciz tovarlari’ni’n’ tu’rlerine baylani’sli’ ra’wishte ha’rifli ha’m sanli’ belgiler menen markalanadi’ ha’mde to’mendegi tu’rlerge bo’linedi:

- IM- wo’nim O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na import boyi’nsha ali’p kelingen;
- O’Z- wo’nim O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’nda islep shi’g’ari’lg’an;
- 15 – da’slepki yeki belgi - akciz markasi’ basi’p shi’g’ari’lg’an ji’l;
- 01 yaki 001 – keyingi yeki yaki u’sh belgi – islep shi’g’ari’wshi’ ka’rxanalarg’a (importshilarg’a) tiyisli temeki wo’nimi yaki alkogol ishimlik boyi’nsha kod sanlar;
- 4 san belgisi akciz markalari’nda temeki wo’nimin bildiredi;
- 5 san belgisi akciz markalari’nda alkogol wo’nimin bildiredi;
- 98 benen tamamlanatug’i’n aqi’rg’i’ sanlar O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’na akciz tovarlari’ mayda-mayda mug’darda ali’p kelingenligin an’latadi’;
- 99 benen tawsi’latug’i’n aqi’rg’i’ sanlar konfiskaciya qi’li’ng’an akciz tovarlari’n an’latadi’.

## 3.5. Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n mal – mu’lk sali’g’i’

3.5.1. O’zbekistan Respublikasi’ sali’q sistemasi’na mal – mu’lk sali’g’i’ni’n’ yengiziliwi ha’m woni’n’ ekonomikali’q mazmuni’

3.5.2. Mal-mu’lk sali’g’i’n to’lewshiler, sali’qqa tarti’w obekti ha’m mal-mu’lktin’ wortasha ji’lli’q qaldi’q bahasi’n ani’qlaw ta’rtibi

3.5.3. Mal mu’lk sali’g’i’ stavkalari’, sali’qtan jen’illikler

3.5.4. Sali’q yesabi’n tapsi’ri’w ha’m yesaplang’an sali’q swmmasi’n byudjetke to’lew mu’ddetleri

3.5.5. Belgilengen mu’ddetlerde pitkerilmegen quruli’s obektleri ha’m ko’rsetilgen mu’ddetlerde wornati’lmag’an u’skeneler ushi’n mal-mu’lk sali’g’i’n to’lew ta’rtibi

**3.5.1. O’zbekistan Respublikasi’ sali’q sistemasi’na mal – mu’lk sali’g’i’ni’n’ yengiziliwi ha’m woni’n’ ekonomikali’q mazmuni’**

O’zbekistanda ka’rxanalar xi’zmetin sali’qqa tarti’w joli’ndag’i’ a’hmiyetli bag’darlardan biri ka’rxanalardi’n’ mal – mu’lkine sali’natug’i’n sali’qti’n’ yengiziliwi boldi’. Mal- mu’lk sali’g’i’ da’slep, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ 1991-ji’l 15-fevralda qabi’l yetilgen “Ka’rxanalar, birlespeler ha’m sho’lkemlerden ali’natug’i’n sali’qlar haqqi’nda” g’i’ Ni’zamg’a tiykarlani’p yengizildi ha’m soni’n’ menen birge ka’rxanalardi’n’ islep shi’g’ari’w fondlari’na to’lep ha’mde transport qurallari’na sali’natug’i’n sali’q biykar qi’li’ndi’.

Ha’zirgi waqi’tta usi’ sali’qtin’ huqi’qi’y negizi boli’p, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Sali’q kodeksi, “Ma’mleketlik sali’q xi’zmeti haqqi’nda”g’i’ qarari’, O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Prezidenti qararlari’ ha’mde basqa sali’q ni’zamshi’li’g’i’ menen baylani’sli’ bolg’an normativ hu’jjetler yesaplanadi’.

O’zbekistan sali’q sistemasi’nda yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n mal–mu’lk sali’g’i’ haqqi’nda sali’qlar ta’rtibine kiredi ha’m mazmuni’na ko’re bul sali’q tiykarg’i’ formadag’i’ resurslarg’a tiykarlani’p belgilengen sali’q yesaplani’ladi’. Usi’ sali’q boyi’nsha tu’simler swmmasi’ toli’q jergilikli byudjetlerge tu’sedi ha’m bul byudjettin’ turaqli’ da’ramat dereklerden biri yesaplanadi’.

Ma’mleketlik sali’q sistemasi’nda mal–mu’lk sali’g’i’n yengiziwden go’zlengen maqset birinshiden, ka’rxanalar wo’zlerinin’ xojali’q xi’zmetin ju’ritiwde arti’qsha ha’m paydalani’lmay ati’rg’an mal–mu’lkti sati’wg’a qizig’iwi’n woyati’w bolsa, yekinshiden, ka’rxanalar, balansi’ndag’i’ mal–mu’lkten na’tiyjeli paydalani’wdi’ xoshametlewden ibarat. Sebebi, ka’rxanalardi’n’ ruwxi’y ha’m fizikali’q ta’repten yeskirgen tiykarg’i’ qurallardi’ taza, zamanago’y texnologiyali’q qurallar menen jan’alawi’ islep shi’g’ari’li’p

ati'rg'an tovarlardi'n' bahasi'n arzanlasti'radi' ha'm ba'sekili tovarlar islep shi'g'ari'wg'a imkan beredi.

Xojali'q ju'ritiwshi subektlerdin' balansi'ndag'i' ha'mme mu'lklerden sali'q to'lewge ma'jbu'r qi'li'w woni' arti'qsha bina, imaratlar, mashina ha'm u'skenelerden quti'li'wg'a iytermeleydi. Bul bolsa, wo'z na'wbetinde, islep shi'g'ari'w qurallari' bazari'n qa'liplestiriwge, tovardi'n' wo'zine tu'ser bahasi'n kemeytiriwge ha'mde ba'sekili tovarlar islep shi'g'ari'w imkanyati'n jaratadi'. Sonday-aq, mal–mu'lk sali'g'i' da'ramat ha'm bo'listiriwdegi tensizliklerdi saplasti'ri'wdi'n' yen' ahmiyetli qurali' yesaplanadi'.

Bul jag'dayda sali'qqa tarti'w ta'rtiplerinin' ja'nede i'qshamlasi'p ati'rg'ani' menen tu'sindiriw kerek. Bug'an birdey ahmiyetli ha'm na'tiyjesiz bolg'an jen'illiklerdin' biykar qi'li'ni'p ati'rg'anli'g'i'n mi'sal yetiw mu'mkin.

**3.5.2. Mal-mu'lk sali'g'i'n to'lewshiler, sali'qqa tarti'w obekti ha'm mal-mu'lktin' wortasha ji'lli'q qaldi'q bahasi'n ani'qlaw ta'rtibi**

Sali'q ni'zamshi'li'g'i'na tiykarlani'p mal–mu'lk sali'g'i'ni'n' to'lewshileri boli'p, sali'q sali'natug'i'n mal–mu'lkke iye bolg'an yuridikali'q ta'repler yesaplanadi'.

Sali'q sali'w masetinde yuridikali'q ta'repler degende, mu'lkinde, xojali'q ju'ritiwde yamasa operativ basqari'wi'nda mal–mu'lkke iye bolg'an ha'm wo'z ma'jbu'ryatlari' boyi'nsha mal–mu'lki menen juwap bere alatug'i'n ha'mde g'a'rezsiz balans ha'm yesap-kitap qag'azi'na iye bolg'an xojali'q ju'ritiwshi subektler tu'siniledi.

Yuridikali'q ta'replerden ali'natug'i'n mal–mu'lk sali'g'i'ni'n' obekti boli'p tiykarg'i' qurallari' sonday-aq finansli'q ijara (lizing) sha'rtnamasi' boyi'nsha ali'ng'an tiykarg'i' qurallar, materiyalli'q yemes aktivler, tamamlanbag'an quri'li's obektleri ha'mde belgilengen mu'ddette iske tu'sirilmegen asbap –u'skeneler bahasi' yesaplanadi'.

Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n mal–mu’lk sali’g’i’ni’n’ sali’qqa tarti’w bazasi’ boli’p bolsa:

a) tiykarg’i’ qurallardi’n’ wortasha ji’lli’q qaldi’q bahasi’ (sonday-aq finansli’q ijara (lizng) sha’rtnamasi’ boyi’nsha ali’ng’an tiykarg’i qurallar)

b) materiyalli’q yemes aktivlerdin’ wortasha qaldi’q quni’.

v) belgilengen mu’detlerde pitpegen quri’li’s obektlerinin’ wortasha ji’lli’q bahasi’

g) belgilengen mu’detlerde wornati’lmag’an u’skenelerdin’ wortasha ji’lli’q quni’ yesaplanadi’.

Yuridikali’q ta’repler mal-mu’lkinin’ wortasha ji’lli’q qaldi’q quni’ yesabat ji’li’ni’n’ yanvardag’i’ ha’m yesabat da’wiri qalg’an barli’q aylari’ son’g’i’ ku’nindegi mal-mu’lk qaldi’q quni’ swwmmasi’n 12 ge bo’liw arqali’ to’mendegi’ formula boyi’nsha ani’qlanadi’:

$$\begin{matrix} \textit{Mal – му'lktin' wortasha} \\ \textit{ji'lli'q qaldi'q quni'} \end{matrix} = \frac{yan\ \mathrm{var} + fevral + mart + \ldots + dekabr}{12}$$

Yeger mal-mu’lk aydi’n’ 1-yari’mi’nda ka’rxana balansi’na kirim qi’li’nsa, mal-mu’lktin’ wortasha ji’lli’q qaldi’q quni’n yesaplawda toli’q ay dep qabi’l qi’li’nadi’, yeger mal-mu’lk aydi’n’ yekinshi yari’mi’nda balansqa kirim qi’li’ng’an bolsa, wonda mal-mu’lktin’ wortasha ji’lli’q qaldi’q quni’n a’melge kiritiw ayi’nan keyingi aydi’n’ 1-ku’ninen baslap yesaplanadi’.

**3.5.3. Mal mu’lk sali’g’i’ stavkalari’, sali’qtan jen’illikler**

Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n mal-mu’lk sali’g’i’ni’n’ stavkalari’ ha’r ji’li’ keyingi finans ji’li’ ushi’n tasti’yqlanatug’i’n tiykrg’i’ makro ekanomikali’q ko’rsetkishler prognozi’ ha’m ma’mleket byudjeti parametrleri haqqi’ndag’i’

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’ tiykari’nda belgilenedi.

A’meldegi ta’rtipke ko’re mal–mu’lk sali’g’i’ stavkasi’na wo’zgeris kiritiw huquqi’ tek Ministrler Kabinetine berilgen.

Sali’q stavkasi’ mal–mu’lktin’ qayta bahalaw na’tiyjesindegi qaldi’q bahasi’na qollani’ladi’. Qayta bahalaw maqsetinde ka’rxanalardi’n’ tiykarg’i qurallari’ degende to’mendegiler tu’siniledi:

- wo’zinin’ tiykarg’i’ qurallari’
- wornati’latug’i’n quri’lmalar
- pitpegen quri’li’s obektleri
- uzaq mu’ddetge ijarag’a ali’natug’i’n, sol si’yaqli’ uzaq mu’ddetli lizing boyi’nsha ali’ng’an tiykarg’i’ qurallar.

Tiykarg’i’ qurallar bahasi’ ha’r ji’li’ 1-fevralg’a deyin tiykarg’i’ qurallardi’n’ 1-yanvar halati’na qarap qayta bahalanadi’. Qayta bahalaw waqti’nda ka’rxana qa’niygeli ekspertlerinen paydalanadi’.

Jer ushatkalari’ ha’m ta’biyattan paydalani’w obektlerinin’ bahasi’ qayta bahalanbaydi’.

*A’meldegi sali’q ni’zamshi’li’g’i’na ko’re to’mendegi yuridikali’q ta’replerdin’ mal– mu’lkine sali’q sali’nbaydi’:*

a) kommerciyali’q yemes sho’lkemlerdin’ mal–mu’lkine (isbilermenlik xi’zmeti ushi’n paydalani’latug’i’n mal–mu’lkten ti’sqari’).

Sali’qqa tarti’w maqsetinde kommerciyali’q yemes sho’lkemler degende to’mendegiler tu’siniledi:

- tek ma’mleket byudjeti qarji’lari’ yesabi’nan qarji’landi’ri’latug’i’n, tasti’yqlang’an smetalar shen’berinde qa’rejetlerdi qaplawg’a byudjetten dotaciyalar alatug’i’n ka’rxanalar, mekemeler ha’m sho’lkemler;
- Qayi’rqomli’q birlespeler, sho’lkemler ha’m jamg’armalar, xali’qarali’q sho’lkemler, diniy birlespeler ha’m basqa sho’lkemler:

1) sociyalli’q-qayi’rqomli’q yaki basqa maqsetler ushi’n quri’lg’an, isbilermenkik xi’zmeti ushi’n da’ramat ali’wdi’ go’zlemewi kerek yekenligi hu’jjetlerde ko’rsetilgenleri;

2) finansli’q ha’m basqa qarji’lardi’ usi’ sho’lkemnin’ jumi’sshi’lari’, qatnasi’wshi’lari’ yamasa ag’zalari’ni’n’ jeke ma’pleri ushi’n bo’listirmeytug’i’n ha’m investitsiyalamaytug’i’nlari’ (miynet ushi’n ni’zam hu’jjetlerinde belgilengen ta’rtipte siyli’qlawdan ti’sqari’);

b) xalq ta’limi ha’m ma’deniyat mekemeleri mu’ta’jlikleri paydalanatug’i’n mal- mu’lkke;

v) u’y–jay–kommunal xojali’g’i’ ha’m basqa uli’wma puxarali’q ahmiyetke iye qala xojali’g’i’ni’n’ mal-mu’lkine;

d) jan’adan payda bolg’an yuridikali’q ta’replerdin’ mal-mu’lkine, dizimnen wo’tken waqti’nan baslap yeki ji’l dawami’nda. Usi’ jen’illik tamamlang’an (qayta payda yetilgen) ka’rxanalar, wolardi’n’ filiallari’ ha’m quramli’q bo’limlerinin’ islep shi’g’ari’w ku’shlerinin’ ha’m tiykarg’i fondlari’ negizinde payda yetilgen ka’rxanalarg’a, usi’ni’n’ menen birge ka’rxanalar qasi’nda payda yetilgen yuridikali’q ta’replerge, wolar usi’ ka’rxanalardan ijarag’a ali’ng’an a’sbap-u’skenelerde islep ati’rg’an bolsa, qollani’lmaydi’;

O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ha’m jergilikli ha’kimyat organlari’ ta’repinen (wo’z aymag’i’nda mal-mu’lk jaylasqan sali’q to’lewshilerge) yuridikali’q ta’replerge qosi’msha jen’illikler beriliwi mu’mkin.

*Mal-mu’lk sali’g’i’ yesaplap shi’g’ari’li’p ati’rg’ani’nda sali’q sali’natug’i’n baza to’mendegilerdin’ bahasi’na kemeyttiriledi:*

- sali’q to’lewshinin’ balansi’nda bolg’an u’y-jay kommunal ha’m sociyalli’q ma’deniy taraw obektlerinin’; kommunal xojali’g’i’ obektlerine to’mendegiler kiredi vodoprovod, kanalizaciya, gaz, i’ssi’li’qti’ bo’listiriw, qazanxanalar tarmaqlari’.
- ta’biyatti’ qorg’aw, sanitariya–tazalaw maqsetinde ha’m wo’rtke qarsi’ qa’wipsizlik ushi’n paydalani’latug’i’n obektlerdin’

▪wo’nimlerdi wo’tkizgishler, baylani’s jollari’ ( avtomobil jollari’), baylani’s ha’m energiya uzati’w linyalari’ni’n’, sonday-aq wolardi’ paydalani’wg’a jaramli’ halda saqlap turi’w maqsetinde quri’lg’an imaratlardi’n’.

Sali’q to’lewshilerge O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Sali’q kodeksi kiritiliwine shekem qabi’l yetilgen O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zam hu’jjetleri menen a’mel qi’lg’an sali’q jen’illikleri wolar a’mel qi’latug’i’n mu’ddet pitkenge shekem saqlanadi’.

**3.5.4. Sali’q yesabi’n tapsi’ri’w ha’m yesaplang’an sali’q swmmasi’n byudjetke to’lew mu’ddetleri**

Yuridikali’q ta’repler byudjetke da’wir qa’rejetleri swmmasi’n yesabat ji’li’ mal-mu’lkinin’ wortasha ji’lli’q qaldi’q quni’nan ha’m belgilengen sali’q stavkasi’nan kelip shi’g’ip ga’rezsiz ta’rizde yesaplaydi’.

Byudjetke usi’ to’lemlerdi to’lew ha’r aydi’n’ 20- ku’ninen keshiktirilmey, ji’lli’q sali’q swmmasi’ni’n’ 1/12 bo’legi mug’darinda to’lenedi.

Arti’qsha to’lengen sali’q swmmalar, yeger sali’qlar ha’m ji’yi’mlar boyi’nsha byudjetke qari’z payda bolmasa, to’lewshinin’ jazba arzasi’na muwapi’q keyingi to’lemler yesabi’na kiritiledi yamasa 30 ku’n ishinde ka’rxanag’a qaytari’ladi’.

Byudjet penen yesap-kitaplardi’n’ buxg’alteriyada yesabi’ byudjeke to’lemler boyi’nsha qari’zi’n yesapqa ali’w yesap-betinde ju’ritiledi.

Mal-mu’lk sali’g’i’ yesaplang’anda buxg’alteriyada da’wir q’arejetlerin yesapqa ali’w yesap-beti debetlenedi, byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’zlardi’ yesapqa ali’w yesap-beti kreditlenedi. Sali’q byudjetke wo’tkizilgende byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’zlardi’ yesapqa ali’w yesap-beti debetlenedi, pul qarji’lari’n yesapqa ali’w yesap-beti kreditlenedi.

## 3.6. Yuridikali’q ta’replerden wo’ndiriletug’i’n jer sali’g’i’

3.6.1. Jer sali’g’i’ni’n’ huqi’qi’y tiykarlari’, ekonomikali’q a’hmiyeti

3.6.2. Jer sali’g’i’n to’lewshiler
3.6.3. Jer sali’g’i’ obekti, bazasi’ ha’m sali’q stavkalari’
3.6.4. Jer sali’g’i’ boyi’nsha jen’illikler

3.6.5. Jer sali’g’i’n yesaplap shi’g’ari’w ha’m byudjetke to’lew mu’ddetleri

**3.6.1. Jer sali’g’i’ni’n’ huqi’qi’y tiykarlari’, ekonomikali’q a’hmiyeti**

1990-ji’lda O’zbekistanda “Jer haqqi’nda” ni’zam qabi’l qi’li’ndi’ usi’ ni’zamg’a ko’re jerge iyelik qi’li’w ha’m jerden paydalani’wdi’n’ pulli’ bo’li’wi’ belgilendi ha’mde jer ushi’n haq ji’lli’q jer sali’g’i’ si’pati’nda wo’ndiriletug’i’n boldi’.

Jer sali’g’i’ O’zbekistan sali’q sistemasi’nda jergilikli sali’qlar ha’m ji’yi’mlar ta’rtibine kiredi ha’mde jergilikli byudjetlerdin’ turaqli’ da’ramat deregi yesaplanadi’.

Jer sali’g’i’ basqa sali’q tu’rlerinen pari’qli’ tu’rde, wo’zine ta’n xarakterge iye. Soni’n’ ishinde, wo’zinin’ ekonomikali’q a’hmiyetne ko’re wol renta to’lewi yamasa basqasha qi’li’p aytq’anda usi’ sali’q jer iyeleri ha’m jerden paydalani’wshi’ xojali’q ju’ritiwshi subektler finansli’q xi’zmetinin’ na’tiyjeleri menen baylani’sli’ yemes. Demek, usi’ sali’qti’ yen’giziwden maqset–jerden paydalani’wdi’ xoshametlew, topi’raq wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’w, si’pati’ ha’r qi’yli’ bolg’an jerlerde xojali’q ju’ritiwdin’ sociyalli’q–siyasiy sha’rt-sha’rayatlari’n ten’lestiredi, adamlar jasaytug’I’n jerlerde infrastruktura rawajlani’wi’n ta’miynlew ha’mde jerdi talan-taraj qi’li’wg’a jol qoymaw boli’p yesaplanadi’.

Jer fondi' ko'leminde awi'l xojali'g'i' tovar islep shi'g'ari'wshi'lari' jer maydanlari'ni'n' kobeyiwi fermer xojali'qlari' sani'ni'n' ji'ldan-ji'lg'a wo'sip barati'rg'anli'g'i'n ha'm tog'ay xojali'qlari' qarawi'ndag'i' jer maydanlari'ni'n' bir bo'leginin' wolardi'n' qaramag'i'na wo'tkeriliwi ha'mde fond jerlerinin' o'zlestiriliwi menen ta'riyplenedi.

### 3.6.2. Jer sali'g'i'n to'lewshiler

Sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda wo'z mu'lkinde, iyeliginde yamasa paydalani'wda jer uchastkalari'na iye bolg'an yuridikali'q ta'repler, soni'n' menen birge O'zbekistan Respublikasi'ni'n' rezidentleri bolmag'an ta'repler jer sali'g'i'n to'lewshileri boli'p yesaplanadi'.

Jer uchastkasi'nan paydalang'anli'g'i' ushi'n sali'q sali'w maqsetinde mashina-traktor parkleri (soni'n' menen birge qayta sho'lkemlestirilip ati'rg'an awi'l xojali'q ka'rxanalari' aymag'i'ndag'i' payda yetiletug'i'n alternativ mashina-traktor parkleri), pille sorti'n tayarlaw, pille tayarlaw ha'm birlemshi islew beriwshi ka'rxanalari' awi'l xojalig'i' ka'rxanalari'na ten'lestiriledi.

Ko'shpes mu'lk ijarag'a berilgende ijarag'a beriwshi jer sali'g'i'ni'n' to'lewshisi boli'p yesaplanadi'. Ni'zam hu'jjetlerine muwapi'q jer uchastkalari'n ijarag'a alg'an yuridikali'q ta'repler (sawda ka'rxanalari'nan ti'sqari') jer sali'g'i' worni'na byudjetke ijara haqi'n to'leydi. Ijara haqi' ta'replerdin' kelisiwine tiykarlani'p belgilenedi, biraq bul haqi' ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen jer sali'g'i'ni'n' bir stavkasi'nan kem ha'm u'sh stavkasi'nan ko'p bolmawi', jerlerdin' awi'l xojalig'i' wo'ndirisi ushi'n paydalani'lg'an jag'dayda bolsa bir stavkasi' mug'dari'nda boli'wi' tiyis.

Jer ijarashi'lari'ni'n' yesabi', ijarag'a alg'an jer ushi'n ijara haqi' yesap-kitaplari'n usi'ni'w, ijara haqi'n yesaplap shi'g'ari'w ha'm to'lew jer sali'g'i' ushi'n belgilengen ta'rtipke muwapi'q a'melge asi'ri'ladi'.

### 3.6.3. Jer sali’g’i’ obekti, bazasi’ ha’m sali’q stavkalari’

Sali’q kodekisinde mu’lk huquqi’, iyelik qi’li’w huquqi’, paydalani’w huquqi’ yamasa ijara huquqi’ tiykari’nda yuridikali’q ta’replerde bolg’an jer uchastklari’ sali’q sali’w obekti boli’p yesaplanadi’. Sali’q kodeksinin’ 280-statyasi’na muwapi’q to’mendegilerge sali’q sali’w obekti si’pati’nda qaralmaydi’:

a) yelatli’ punktlerdin’ uli’wma paydalani’wi’ndag’i’ jerleri. Elatli’ punktlerdin’ uli’wma paydalani’wi’ndag’i’ jerlerine maydanlar, ko’sheler, tar ko’sheler, jollar, suwg’ari’w tarmag’i’, jag’is boyi’ jerleri h.t.b.kiredi;

b) xai’qti’n’ ma’deniy-turmi’sli’q za’ru’riyatlari’n qandi’ri’w ha’m dem ali’wi’ ushi’n paydalanatug’i’n jerler (tereklikler, bag’lar, dem ali’w wori’nlari’)

v) kommunal-turmi’sli’q jerler (qoyi’mshi’li’qlar, shi’g’i’ndilardi’ zi’yansi’zlandi’ri’w ha’m wolardi’ utilizatsiya qi’li’w wori’nlari’ h.t.b. jerler);

g) rezervtegi jerler;

Uli’wma jer uchastkalari’nan ni’zam hu’jjetleine muwapi’q sali’q sali’nbaytug’i’n jer uchastkalari’ maydanlari’n ayi’ri’p taslaw arqali’ sali’q sali’natug’i’n baza ani’qlanadi’.

Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n jer sali’g’i’ stavkalari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ menen belgilenedi ha’m sali’q to’lewshilerge Finans Ministrligi ha’m Ma’mleketlik sali’q komiteti ha’m wog’an’ boysi’ni’wshi’ organlar ta’repinen belgilengen ta’rtipte jetkiziledi.

Jer sali’g’i’ stavkalari’ du’nya ta’jreybesinde qabi’l yetilgenindey, jer bahasi’nan kelip shi’g’i’p belgilenedi.

O’zbekistan Respublikasi’nda jerdin’ bazar bahasi’ qa’liplespegenligi sebepli, 1 gektar suwg’ari’latug’i’n jerden ali’natug’i’n diyxanshi’li’q jalpi’ wo’nimdarli’qti’n’ wortasha bahasi’nan kelip shi’g’i’p , woni’ sha’rtli bahalaw a’melge asi’ri’ladi’.

Du’nya sali’q ta’jreybesinde jer sali’g’i’ stavkalari’ tu’rli ma’mleketlerde ha’r qi’yli’ belgilenedi, biraq wortasha alg’anda jer bahasi’ni’n’ 5 % ten aspaydi’. Sali’q stavkalari’n belgilewde topi’raq boniteti (si’pati’) yesapqa ali’nadi’.

Bonitetin ani’qlawda topi’raqti’n’ genetikali’q kelip shi’g’i’wi’, mexanikali’q qurami’, shorlang’anli’q da’rejesi, topi’raq qatlami’ni’n’ suw wo’tkizgishligi, ti’g’i’zli’g’i’ si’yaqli’ basqa ta’biyiy qa’siyetleri yesabi’nan ani’qlanadi’.

Topi’raq boniteti 100 balli’ sistema boyi’nsha ani’qlanadi’. 100 ball 10 klassqa bo’linedi, yag’ni’y 1 klass jerler nol balldan 10 ballg’a shekem, 2 klass jerler 11 balldan 20 ballg’a shekem, 3 klass jerler 21 balldan 30 ballg’a shekem h.t.b. 10 klass jerler 91 balldan 100 ballg’a shekem bahalanadi’. Bunda jerdin’ ball boniteti qansha joqari’ bolsa sali’q stavkasi’da sonsha joqari’ bahalanadi’.

### 3.6.4. Jer sali’g’i’ boyi’nsha jen’illikler

*Sali’q kodeksinin’ 282- statyasi’na muwapi’q sali’q sali’nbaytug’i’n jer uchastkalari’na to’mendegi jerler kiredi:*

a) ja’ma’a’t bag’manshi’li’g’i’, ju’zimshilik ha’m pali’zshi’li’g’i’, ja’miyet garajlari’ni’n’ uli’wma paydalani’wdag’i’ jerleri. Wolarg’a bari’w jollari’, salmalar, kollektorlar ha’m uli’wma paydalani’wdag’i’ basqa jerler kiredi;

b) ta’biyatti’ qorg’aw a’hmiyetine iye jerler (ma’mleketlik qori’qxanalari’, milliy ha’m dendrologiya bag’lari, botanika bag’lari, zakaznikler, bunnan an’lawg’a bag’darlang’an jerler ti’sqari’, ta’biyat yestelikleri), ka’rxanalar.

v) tariyxi’y-ma’deniy ahmiyetke iye jerler (tiyisli mekeme ha’m sho’lkemlerge turaqli’ paydalani’wg’a berilgen tariyxi’y-ma’deniy qori’qqanalar, yeslew bag’lari’, arxeologiyali’q yestelikleri, tariyxi’y ha’m ma’deniyat yestelikleri iyelegen jerler);

g) suw fondi’ jerleri (da’ryalar, ko’ller, suw saqlag’i’shlari’, kanallar, ten’izler, muzli’qlar, batpaqli’qlar, gidrotexnika ha’m basqa suw xojalig’i’ mu’ta’jlikleri ushi’n ka’rxanalar, mekeme ha’m sho’lkemlerge belgilengen ta’rtipte berilgen jerler);

d) elektr uzati’w liniyalari, podstansiyalar, uli’wma qalali’q baylani’s liniyalari’ ha’m wolardi’n’ imaratlari iyelegen jerler.

e) uli’wma paydalani’wdag’i’ avtomobil jollari’ ha’m wolardi’n’ imaratlari’ iyelegen jerler. Uli’wma paydalani’wdag’i’ avtomobil jollari’na O’zbekistan Respublikasi’ hu’kimeti ta’repinen belgilengen ta’rtipte wolardi’n’ indeksleri ha’m ta’rtip nomerlerin ko’rsetken halda tiyisli dizimlerge kiritilgen avtomobil jollari’ kiredi.

*To’mendegi yuridikali’q ta’repler jer sali’g’i’nan azat yetiledi:*

1) Ma’deniyat ha’m ko’rkem wo’ner vekemeleri (kitapxanalar, kinoteatrlar, konsert sho’lkemleri ha’m ja’miyetleri, cirklar, kinostudiyalar ha’m dawi’s jazi’w studiyalari’, ha’m basqalar);

2) woqi’w wori’nlari ( joqari’ ha’m worta arnawli’ mag’li’wmatli’ kadrlar tayarlaw, joqari’ mag’li’wmatli’ kadrlar tayarlaw, worta arnawli’ mag’li’wmatli’ kadrlar tayarlaw, jumi’sshi’lar ha’m isshilerdi tayarlaw ha’m ta’jriybesin asi’ri’w, uli’wma ta’lim balalar mektepleri, mektepke shekem ta’lim, ata-analari’ qarawsi’z qalg’an balalari’n ta’rbiyalaw sho’lkemleri);

3)den-sawli’qti’ saqlaw sho’lkemleri (keselxana sho’lkemleri, dispanserlar, ambulatoriya-poliklinika wori’nlari’, tez ha’m keshiktirip bolmaytug’i’n medicinali’q ja’rdem ha’mde qan quyi’w wori’nlari’, anali’q ha’m balali’qti’ qorg’aw wori’nlari’, sanatoriy-kurort wori’nlari’, sanatoriya-profilaktika wori’nlari’, sanitariya-ipidemiologiya wori’nlari’, sanitariya bilimlendiriw wori’nlari’, sud-medicina ekspertiza wori’nlari’);

в) mayi’plardi’n’ ja’miyet birlespeleri, “Nuraniy” birlespesi ha’m “O’zbekistan shernobilshileri” sho’lkemi mu’lkinde bolg’an, islewshiler uli’wma sani’ni’n’ keminde yeliw payi’zi’n mayi’plar quraytug’i’n yuridikali’q ta’repler, sawda, da’dalshi’li’q, islep shi’g’ari’w, sati’w ha’m tayarlaw isi menen shug’illani’wshi’ yuridikali’q ta’replerden ti’sqari’.

## 3.7. Abadanlasti’ri’w ha’m sociyalli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w ushi’n sali’q

3.7.1. Sali’q to’lewshiler

3.7.2. Sali'q sali'w obekti, bazasi', sali'q stavkalari' ha'm jen'illikler
3.7.3. Sali'qti' yesaplaw, yesabatlardi' tapsi'ri'w ha'm byudjetke to'lew ta'rtipleri

### 3.7.1. Sali'q to'lewshiler

O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda jaylasqan ha'm isbilermenlik xi'zmetin a'melge asi'ri'wshi' yuridikali'q ta'repler – O'zbekistan Respublikasi' rezidentleri abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infradu'zilmeni rawajlandi'ri'w sali'g'i'n to'lewshi yesaplanadi'.

Sali'qqa tarti'wdin' ayri'qsha ta'rtibi belgilengen yuridikali'q ta'repler ha'mde isbilermen sho'lkemler tiykarg'i' xi'zmet tu'ri boyi'nsha bul sali'qti' to'lemeydi, wolar xi'zmettin' basqa tu'rleri menen shug'illansa, wolar bul xi'zmet boyi'nsha bo'lek yesap ju'ritiwi ha'm byudjetke abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infraduzilmeni rawajlandi'ri'w ushi'n sali'qti' to'lewi lazi'm.

Sali'q sali'w ma'qsetinde yuridikali'q ta'repler degende mu'lkinde, xojali'q ju'ritiwde ya'ki operativ basqari'wi'nda mal-mu'lki bolg'an ha'm wo'z ma'jbu'riyatlari' boyi'nsha bul mal- mu'lk penen juwap beretug'i'n, soni'n' menen birge g'a'rezsiz balans ha'm yesap-kitap betine iye bolg'an ayri'qsha bo'limler de tu'siniledi.

### 3.7.2. Sali'q sali'w obekti, bazasi', sali'q stavkalari'

Yuridikali'q ta'replerden ali'natug'i'n payda sali'g'i' to'lengennen keyin ka'rxanalar i'qti'yari'nda qalatug'i'n payda (2-san "Finansli'q na'tiyjeler haqqi'ndag'i' yesabat" formasi'ni'n' 240-satri -250-satri) abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infradu'zilmeni rawajlandi'ri'w ushi'n sali'qti' yesaplap shi'g'ari'w da'wirinde sali'q sali'w obekti ha'm bazasi' yesaplanadi. Byudjetke to'lenetug'i'n sali'q swmmasi' joqari'da ko'rsetilgen yesabat formasi'nin' 260-satrinde ko'rsetiledi.

Balansi'nda sociyalli'q infradu'zilmesi obektleri bolg'an sali'q to'lewshiler sali'q sali'natug'i'n bazani' payda sali'g'i'' to'lengennnen son' yuridikali'q ta'rep qoli'nda qalatug'i'n paydani' ha'm sociyalli'q infradu'zilme obektlerin ta'miyinlew ushi'n haqi'yqatta sari'plang'an qa'rejetlerdin' sol qa'rejetler swmmasi'nan yesaplap shi'gi'lg'an payda sali'g'i' swmmasi'na kemeyttirilgen swmmani' qosi'w arqali' ani'qlaydi'.

### 3.7.3. Sali'qti' yesaplaw, yesabatlardi' tapsi'ri'w ha'm byudjetke to'lew ta'rtipleri

Sali'q kodeksinin' 300-statyasi'na ko're balansi'nda sociyalli'q infradu'zilme obektleri bolg'an sali'q to'lewshiler byudjetke to'lenetug'i'n sali'q swmmasi'n to'mendegi ta'rtipte ani'qlaydi':

yeger sociyalli'q infradu'zilme obektlerin ta'miyinlew ushi'n qa'rejetler swmmasi' yesaplap shi'g'ari'lg'an sali'q swmmasi'na ten' ya'ki wonnan arti'q bolsa, sali'q to'lenbeydi;

yeger sociyalli'q infradu'zilme obektlerin ta'miyinlew ushi'n qa'rejetler swmmasi'n yesaplap shig'ari'lg'an sali'q swmmasi'nan kem bolsa, byudjetke to'lenetug'i'n sali'q yesaplap shi'g'ari'lg'an sali'q swmmasi' menen haqi'yqatta jumsalg'an qa'rejetler swmmasi' wortasi'ndag'i' parq si'pati'nda ani'qlanadi'.

Sali'q to'lewshiler yesabat da'wiri dawami'nda abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infradu'zilmeni rawajlandi'ri'w sali'g'i boyi'nsha ag'i'mdag'i' to'lemlerdi to'leydi.

Ag'i'mdag'i' to'lemler ku'tilip ati'rg'an sap payda swmmasi'nan yesabat da'wirinin' birinshi ayi 10-ku'nine shekem sali'q boyi'nsha yesapqa ali'w jerindegi ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari'na tapsi'ri'latug'i'n abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infradu'zilmeni rawajlandi'ri'w sali'g'i'ni'n' ag'i'mdag'i' to'lemleri haqqi'ndag'i' mag'li'wmatnamada ko'rsetilgen abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infradu'zilmeni rawajlandi'ri'w sali'g'i'ni'n' belgilengen stavkasi'nan kelip shi'qqan halda yesaplap shi'g'ari'ladi'.

Abadanlasti'ri'w ha'm sociyalli'q infradu'zilmeni rawajlandi'ri'w sali'g'i'n to'lew sali'q boyi'nsha yesap-kitapti' tapsi'ri'w mu'ddetinen keshiktirmey a'melge asi'ri'ladi'.

## 3.8. Suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q

3.8.1. Suw resurslari'nan paydalang'anli'g'i' ushi'n sali'qti'n' belgileniwi
3.8.2. Sali'q to'lewshiler qurami'
3.8.3. Sali'q sali'w obekti, bazasi' ha'm sali'q stavkalari'
3.8.4. Sali'q boyi'nsha jen'illikler
3.8.5. Sali'qti' yesaplap shi'g'ari'w ta'rtibi ha'm to'lew mu'ddetleri
3.8.6. Sali'qti' yesapqa ali'w ta'rtibi

### 3.8.1. Suw resurslari'nan paydalang'anli'g'i' ushi'n sali'qti'n' belgileniwi

O'zbekistan sharayati'nda suw qa'dirli yesaplanadi'. Sebebi, respublikami'zda awi'l xojali'g'i' tiykari'nan suwg'ari'latug'i'n jerlerden ibarat. Suw ha'r qanday ma'mleket ushi'n tiykarg'i' bayli'q yesaplanadi'.

1982-ji'ldan 1998-ji'lg'a shekem suwdan paydalani'p ati'rg'an ka'rxanalar "suw ushi'n to'lem" to'leytug'i'n yedi. Paydalani'wshi'lardi'n' suwdan u'nemli, tejep paydalani'w ma'qsetinde respublikami'z sali'q ni'zamshi'li'g'i'na ha'mde O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' qarari'na tiykarlani'p bul sali'q tu'simi jergilikli byudjettin' Ma'mleket byudjetindegi u'lesin ko'beytiw ma'qsetinde toli'q mug'darda jergilikli byudjetler da'ramati'na wo'tkiziledi.

### 3.8.2. Sali'q to'lewshiler qurami'

Wo'z xi'zmetinde suwdan paydalani'wshi' yuridikali'q ta'repler, diyxan xojali'qlari' (yuridikali'q ta'rep quraytug'i'n ha'm yuridikali'q ta'rep quramaytug'i'n) ha'mde fizikali'q ta'repler suw resurslari'nan paydalang'nli'g'i' ushi'n sali'q to'lewshileri yesaplanadi'. O'zbekistanda tiykarg'i', ma'mleket

byudjeti da'ramatlari'n bul derek boyi'nsha ta'miynlep beretug'i'n sali'q to'lewshileri boli'p, SHirin GRES, Taxitash GRES, Tashkent GRES ha'm basqa bul si'yaqli' GESler yesaplanadi'.

Sali'qqa tarti'wdi'n' ayri'qsha ta'rtibi wornati'lg'an to'lewshiler ha'mde kommerciyali'q yemes sho'lkemler tiykarg'i' xi'zmet tu'ri menen bir qatarda basqa xizmet tu'rleri menen shug'i'llansa, wolar bo'lek-bo'lek yesap ali'p bari'wlari' ha'm xi'zmetinde paydalanatug'i'n suw ko'leminen kelip shi'g'i'p suw resurslardan paydalang'anli'q ushi'n sali'q to'lewi kerek.

Yuridikali'q ta'repler suwdan paydalani'w jerinde ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari'nda dizimge ali'ni'w jerinen ti'sqari', suw resurslardan paydalang'anli'q ushi'n sali'q to'leydi.

Xali'q jasaw punktlerinin' suw ta'miynati' ushi'n suw jetkizip beriwshi yuridikali'q ta'repler wo'z xi'zmetinde isletiletug'i'n suw ushi'n g'ana sali'q to'lewshiler yesaplanadi'.

Mu'lkshilik formasi'na qaramastan i'ssi' suw ha'm puw uzati'wshi' ka'rxanalar suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'qti' wolar ta'repinen jer u'stindegi ha'm jer asti' derklerinen islep shi'g'ari'w ha'm texnikali'q mu'ta'jlikler ushi'n isletilgen suw resurslari' ko'lemi ushi'n to'leydi.

### 3.8.3. Sali'q sali'w obekti, bazasi' ha'm sali'q stavkalari'

Jer u'sti ha'm jer asti' dereklerinen paydalani'latug'i'n suw resurslari' sali'q sali'w obekti yesaplanadi'.

Jer u'sti derekleri da'ryalar, ko'ller, suw saqlag'i'shlari', jer u'stindegi basqa da ha'wizler ha'm suw derekleri, tu'rli kanal ha'm basseynler kiredi.

Jer asti' derekleri artezian qudi'qlar ha'm skvajinalar, vertikal ha'm gorizantal tarmaqlar kiredi.

Paydalani'lg'an suw resurslari'ni'n' ko'lemi sali'q sali'w bazasi' yeaplanadi'.

Suw resurslari'ni'n' jer u'sti ha'm jer asti' dereklerinen ali'ng'an suw ko'lemi suw wo'lshew asbaplari ko'rsetkishleri ja'rdeminde ani'qlanadi'.

Suwdan wo'lshegish asbaplarsi'z paydalang'an jag'dayda, woni'n' ko'lemi suwdan paydalani'w limitlerinen, suwdan paydalani'wdi'n' texnalogiyali'q ha'm sanitariya normalari'nan, yeginler ha'mde tereklerdi suwg'ari'w normalari'nan ya'ki mag'li'wmatlardi'n' tuwri'li'g'i'n ta'miyinlewshi basqa usi'llardan kelip shi'qqan halda ani'qlanadi'.

Sali'q to'lewshiler jer asti' ha'm jer u'sti dereklerinen ali'p paydalani'lg'an suw resurslari' ko'lemlerinin' bo'lek-bo'lek yesabi'n ju'ritedi. Yuridikali'q ta'replerdin' aymag'i'nda quri'li's-won'law ha'm basqa jumi'slardi' wori'nlawshi' sali'q to'lewshiler bul islerdi wori'nlaw dawami'nda paydalani'latug'i'n suw ushi'n suw resurslari'nan paydalag'anli'q ushi'n sali'q to'lemeydi. Won'law-quri'li's ha'm basqa islerdi wori'nlap ati'rg'anda paydalani'latug'i'n suw ko'lemi ushi'n bul isler qaysi' yuridikali'q ta'repler ushi'n wori'nlani'p ati'rg'an bolsa, sol yuridikali'q ta'rep suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q to'leydi. Quri'li's isleri jan'a quri'li's maydani'nda wori'nlang'an jag'dayda, quri'li'sta paydalani'latug'i'n suw ko'lemi ushi'n quri'li's sho'lkemi suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q to'leydi.

Birden-bir jer sali'g'i'n to'lewshileri bolmag'an awi'l xojali'g'i' ka'rxanalari' sali'q sali'natug'i'n bazani' sali'q da'wirinde 1 ga suwg'ari'latug'i'n jerlerdi suwg'ari'w ushi'n sari'plang'an suwdi'n' barli'q xojali'q boyi'nsha wortasha ko'lemnen kelip shi'qqan halda ani'qlaydi'.

Suwdan awi'l xojali'g'i' yeginleri ha'm na'llerdi suwg'ari'w ushi'n paydalani'lg'an ja'rdemshi xojali'qlarg'a iye yuridikali'q ta'repler, soni'n' menen birgelikte ilimiy –ta'jriybe sho'lkemleri ha'm woqi'w wori'nlari'ni'n' woqi'w - ta'jriybe xojali'qlari' sali'qti' awi'l xojali'q ka'rxanalari' ushi'n belgilengen stavkalar boyi'nsha toleydi.

### 3.8.4. Sali'q boyi'nsha jen'illikler

Sali’q kodeksine muwapi’q suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’qti to’lewden to’mendegi yuridikali’q ta’repler azat yetiledi. Suw ushi’n byudjetke sali’q wo’tkizgen yuridikali’q ta’replerden suw alg’an tuti’ni’wshi’lar; birlemshi paydalani’lg’an suw ushi’n to’lew a’melge asi’ri’lg’an suwdan yekilemshi paydalani’wshi’ suw tuti’ni’wshi’lari’; i’qti’yarli’ tamamlang’an yuridikali’q ta’repler – isbilermenlik subektleri – yuridikali’q ta’replerdi ma’mleket diziminen wo’tkiziwshi organ i’qti’yarli’ tamamlaw haqqi’nda qabi’l qi’li’ng’an qarari’ haqqi’nda xabardar qi’li’ng’an ku’nnen baslap.

Suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’qti’ yesaplap shi’g’ari’wda sali’q sali’natug’i’n baza to’mendegi ko’lemlerge kemeytiriledi. Sonnan, den sawli’qti’ saqlaw wori’nlari’nda dawalaw ma’qsetinde paydalani’latug’i’n jer asti’ mineral suwlari’ ko’lemine; qorshag’an wortali’qqa zi’yanli’ ta’sir ko’rsetiwdin’ aldi’n ali’w ma’qsetinde shi’g’ari’p ali’natug’i’n jer asti’ suwlari’ ko’lemine; shaxtadan suwlardi’ qashi’ri’w ushi’n, paydali’ qazi’lmalardi’ qazi’p ali’w waqti’nda shi’g’ari’p ali’ng’an ha’m qatlamdag’i’ basi’mdi’ saqlap turi’w ushi’n jerge qaytari’p quyi’latug’i’n jer asti’ suwlari’ ko’lemine; gidroelektr stanciyalari’ gidravlik turbinalardi’n’ ha’reketi ushi’n paydalani’lg’an suw ko’lemi; awi’l xojali’g’i’na mo’lsherlengen shorlang’an jerlerdi juwi’w ushi’n paydalani’latug’i’n suw ko’lemine.

### 3.8.5. Sali’qti’ yesaplap shi’g’ari’w ta’rtibi ha’m to’lew mu’ddetleri

Suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’q to’lewshiler ta’repinen , diyxan xojali’qlari’ (yuridikali’q ta’repti quraytug’i’n ha’m quramaytug’i’n) nan ti’sqari’, tasti’yi’qlang’an stavkalar boyi’nsha a’melde ali’ng’an sali’qqa tarti’lg’an suw ko’leminen kelip shi’g’i’p yesaplanadi’.

Diyxan xojali’qlari’ (yuridikali’q ta’rep quraytug’i’n ha’m yuridikali’q ta’rep quramaytug’i’n) ushi’n suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’q ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’ ta’repinen uli’wma xojali’q boyi’nsha

wo'tken ji'lda 1 ga suwg'ari'lg'an jerge sari'plang'an suw ko'leminen kelip shi'g'i'p yesaplanadi'.

Suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'qti'n' yesap- kitabi' (10-sxema)suwdan paydalaani'w worni'ndag'i' ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari'na arti'p bari'wshi' juwmaq penen to'mendegi mu'ddetlerde tapsi'ri'ladi':

1) suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n to'lenetug'i'n sali'qti'n' uli'wma swmmasi' ji'ldi'n' bir shereginde yen' kem is haqi'ni'n' yeliw yesesinen ko'bin quraytug'i'n yuridikali'q ta'repler ta'repinen ( awi'l xojalig'i' ka'rxanalari', mikrofirmalar ha'm kishi ka'rxanalardan ti'sqari') –ha'r ayda, yesabat ayi'nan keyingi aydi'n' 25-ku'nine shekem;

2) suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n to'lenetug'i'n sali'qti'n' uli'wma swmmasi' ji'ldi'n' ha'r bir shereginde yen' kem is haqi'ni'n' yeliw yesesinen kemin quraytug'i'n yuridikali'q ta'repler, soni'n' menen birge mikrofirmalar ha'm kishi ka'rxanalar ta'repinen –ji'ldi'n' ha'r shereginde, ji'ldi'n' yesabat shereginen keyingi aydi'n' 25- ku'nine shekem, ji'l juwmaqlari' boyi'nsha bolsa ji'lli'q finansli'q yesabat beriletug'i'n mu'ddette;

3) birden-bir jer sali'g'i'n to'lewge wo'tpegen awi'l xojali'q ka'rxanalari' ta'repinen –ji'lda bir ma'rte yesabat da'wirinin' 15 dekabrine shekem;

4) jeke ta'rtipdegi isbilermenler ta'repinen – ji'ldi'n' ha'r shereginde ji'ldi'n' yesabat shereginen keyingi aydi'n' 25-ku'nine shekem.

Suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q to'lew haqqi'ndag'i' to'lem xabarnamasi' yuridikali'q ta'rep qurag'an ha'm quramag'an halda du'zilgen diyxan xojali'qlari'na ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari' ta'repinen yesabat da'wirinde keyingi ji'ldi'n' 1-fevraldan keshiktirilmey tapsi'ri'ladi'.

Suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n byudjetke to'mendegi mu'ddetlerde to'lenedi:

-suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'qti' to'lewshiler ta'repinen yesap- kitap beriletug'i'n mu'ddetten keshiktirmey a'melge asi'ri'ladi';

-Yuridikali'q ta'repti qurag'an ha'm quramag'an halda du'zilgen diyxan xojali'qlari' ta'repinen suw resurslari' paydalang'anli'q ushi'n sali'qti' to'lew

ji'li'na bir ma'rte, sali'q da'wirinen keyingi ji'ldi'n' 1-mayi'na shekem a'melge asi'ri'ladi'.

Sali'q to'lewshiler ag'i'mdag'i' ji'ldi'n' 15-yanvari'na shekem suwdan paydalani'w jerindegi ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari'na sali'qti' belgilengen limitten kelip shi'g'i'p ya'ki suw jetkizip beriw sha'rtnamasi'na ko're ha'r ayda ya'ki ha'r sherekte to'lewi haqqi'nda bildiriwnama jiberedi.

### 3.8.6. Sali'qti' yesapqa ali'w ta'rtibi

Yuridikali'q ta'replerdin' byudjet penen suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q boyi'nsha yesap-kitaplardi'n' buxgalteriya yesabi' byudjetke to'lemler boyi'nsha (tu'rler boyi'nsha ) qarzlardi' yesapqa ali'w yesap betinde ju'ritiledi.

Yesaplap jazi'lg'an sali'q swmmasi' to'mendegishe ko'rsetiledi:

-da'wir qa'rejetlerin yesapqa ali'w esap-beti debeti;

-byudjetke to'lemler boyi'nsha qari'zlardi' yesapqa ali'w yesap beti krediti; 1

Byudjetke wo'tkizilgen sali'q swmmalari' to'mendegishe ko'rsetiledi:

-byudjetke to'lemler boyi'nsha qari'zlardi' yesapqa ali'w esap-beti debeti;

-pul da'ramatlari' yesapqa ali'w yesap-beti krediti.

## 3.9. Jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q

3.9.1. Jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalang'anda sali'qqa tarti'w za'ru'rligi
3.9.2. Sali'q to'lewshiler, sali'q qa tarti'w obekti ha'm bazasi'
3.9.3. Sali'q stavkalari' ha'm sali'qtan jen'illikler
3.9.4. Sali'qti' yesaplaw shi'g'ari'w ha'm byudjetke to'lew ta'rtibi
3.9.5. Sali'qti' buxgalteriyada yesapqa ali'w ta'rtibi

### 3.9.1. Jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalang'anda sali'qqa tarti'w za'ru'rligi

Tabiyiy resurslardan u'nemli ha'm aqi'lana paydalani'wdi' ta'miyinlewge qarati'lg'an a'hmiyetli qural- bul ma'mleket ta'repinen ta'biyiy resurslardan paydalani'w menen baylani'sli' tu'rli to'lemler.

Du'nya a'melyati'nda ta'biyiy resurslardan paydalang'anli'q ushi'n to'lemler sistemasi' bonuslar, rentals, royalti ha'm basqa sali'qlar quraydi'. Bonuslar –bir ma'rtelik to'lem boli'p, ma'mleket ushi'n sali'qlar si'yaqli' wonshelli finansliq resurs bolmasada, ma'mleket byudjeti da'ramatlari'n asi'ri'wdi'n za'ru'r elementlerinen biri yesaplanadi'. Bonuslar ko'lemi ha'r bir ma'mlekettin' ni'zamli'li'g'i' menen belgilenip, wolar ta'biyiy resurslardan paydalani'w boyi'nsha kelisiwler predmeti yesaplanadi'.

O'zbekistanda ha'm xojali'q ju'ritiwshi subektler tabiyiy resurslardan paydalani'w waqti'nda bonuslar to'leydi. Respublikami'z ni'zamshi'li'g'i'na muwapi'q, bonuslar – bul pitim du'zilgen waqi'tta ya'ki belgili na'tiyjege yerisken son' pitim sha'rtlerine muwapi'q belgilengen bir ma'rtelik to'lem yesaplanadi'.

O'zbekistanda jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalani'wshi'lar yeki tu'rli bonusti' to'leydi. Bular imzali' bonus ha'mde kommerciyali'q tabi'lma bonusi'.

Rentals ta'biyiy resurslardan paydalang'anli'q ushi'n to'lemlerdin' yekinshi ko'rinisi yesaplanip, ma'mleket ta'repinen ta'biyiy resurslardan paydalani'w boyi'nsha sha'rtnama du'ziw waqti'nda wo'ndiriletug'i'n to'lem yesaplanadi'. Rentals kelisiw da'wiri dawami'nda ya'ki qazi'p ali'w baslani'wdan aldi'n wo'ndiriledi.

Royalti ta'biyiy resurslardan paydalani'wshi'ni'n' jalpi' da'ramati'nan payi'z ko'rinisinde wo'ndirilip, ma'mleket ta'repinen ta'biyiy resurslardi'n' iyesi si'pati'nda islep shi'g'ari'lg'an wo'nimnin' tiykarg'i' u'lesi wo'zlestiriledi. Respublikami'z ni'zamshi'li'g'i'na muwapi'q, royalti –bul mineral shiyki zatti' qazi'p ali'w ko'lemine ya'ki islep shi'g'ari'lg'an wo'nim mug'dari'na sali'sti'rg'anda payi'z yesabi'nda pitim sha'rtlerine muwapi'q belgilengen ha'm investor ta'repinen pul ko'rinisinde ya'ki qazi'p ali'ng'an mineral shiyki zatti'n' bir bo'legi ta'rizinde to'lenetug'i'n to'lemler.

Du’nya a’melyati’nda ta’biyiy resurslardan paydalani’wdi’ sali’qqa tarti’w a’dette payda sali’g’i’ ha’m ta’biyiy resurslardan paydalang’anli’q ushi’n arnawli’ sali’qlar , yag’ni’y renta sali’qlari’ si’pati’nda wo’ndiriledi. Soni’n’ menen birge, ayi’ri’m shet yel ma’mleketleri sali’q  a’melyati’nda ta’biyiy resurslardan paydalani’w yesabi’na joqari’ rentabellikke yerisetug’i’n  xojali’q ju’ritiwshi subektler ushi’n akciz sali’qlari’da a’mel qi’ladi’.

O’zbekistan ga’rezsizlikke yeriskennen son’ respublikami’z aymag’i’nda barli’q ta’biyiy, jer asti’ bayli’qlari’  ma’mleketimiz qoli’na wo’tti. O’zbekistan aymag’’i’nda ju’da’ u’lken ha’m ajayi’p, yele sociyalli’q islep shi’g’ari’wg’a qarati’lmag’an mineral shiyki zat resurslari’ toplang’an.

### 3.9.2. Sali’q  to’lewshiler,  sali’q qa tarti’w obekti   ha’m bazasi’

Jer asti’ qazi’lma bayli’qlari’nan  paydalang’anli’q ushi’n sali’qti’ to’lewshileri boli’p, O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’nda paydali’ qazi’lmalardi’ qazi’p ali’w, texnogen mineral zatlardan paydali’  qazi’lmalardi’ aji’rati’p ali’p ati’rg’an, soni’n’ menen birge, paydali’ qazi’lmalardan paydali’ komponentlerdi aji’rati’p alg’an halda wolardi’ qayta islewdi a’melge asi’ri’p ati’rg’an yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler yesaplanadi’.

Sali’qqa tarti’w ma’qsetinde jer asti’ bayli’qlari’ degende jer qabi’g’i’ni’n’ joqari’ bo’legin qamrap alatug’i’n ha’mde paydali’ qazi’lmalardi’ tekseriw ha’m qazi’p ali’w mu’mkin bolg’an ma’kan, paydali’ qazi’lmalar degende – ekonomikali’q a’hmiyetine iye geologiyali’q  tuwi’ndi’lar qaraladi’.

Ruda qayta islew ushi’n O’zbekstan Respublikasi’na si’rtqa ju’klep jo’netilgen ya’ki eksport qi’li’ng’an jag’dayda rudani’ qazi’p alg’an ka’rxana sali’q to’lewshi boli’p yesaplanadi’.

To’mendegiler jer asti’ qazi’lma bayli’qlari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’qqa tarti’w obektleri yesaplanadi’:

a) paydali’ qazi’lmalardi’ qazi’p ali’w ko’lemi (soni’n’ ishinde jol-jo’nekey ali’natug’i’n paydali’ qazi’lmalar ha’m bahali’ komponentler ) wolardi’ qayta

islewden ali’ng’an wo’nimnin’ haqi’yqatta sati’li’w mug’dari’ boyi’nsha, qosi’msha qun sali’g’i’ ha’m akciz sali’g’i’n shegirgen halda.

Qazi’p ali’ng’an ruda qurami’nan, tiykarg’i’ paydali’ qazi’lmadan ti’sqari’, wog’an baylani’sli’ stavkalar belgilengen basqa shiyki zat aji’rati’p ali’ng’an jag’dayda jol – jo’nekey ali’natug’i’n paydali’ qazi’lmalar ha’m bahali’ komponentler sali’qqa tarti’w obekti boli’p yesaplanadi’.

Qazi’p ali’ng’an paydali’ qazi’lma ya’ki woni’n’ bir bo’legi ka’rxana ta’repinen basqa materiyallardi’ islep shi’g’ari’w ya’ki tayarlaw ushi’n shiyki zat yesaplang’an jag’dayda sali’q bul shiyki zatti’ qazi’p aliwdin’ islep shig’ariwdi’n wo’zine tu’ser bahasi’nan kelip shi’g’i’p, tasti’yi’qlang’an stavkalar boyi’nsha to’lenedi.

Yesabat ayi’nda qazi’p ali’ng’an, biraq toli’q yamasa uli’wma sati’lmag’an paydali’ qazi’lmalar ko’lemi ushi’n sali’q sati’lg’an wo’nimnin’ yesabat ayi’ ya’ki sati’w a’melge asi’ri’lg’an bunnan aldi’n’g’i’ ay ushi’n wortasha yesaplang’an mug’dari’nan kelip shi’g’i’p to’lenedi.

Toplaw degende shaqnaq tas shiyki zat nusqalari’ paleontologik qaldi’qlar ha’m basqa geologiyali’q kollekciya materiyallari’ni’n’ yesaplaw quni’ ta’biyiy ashi’q jerleri, ta’biyiy jer asti’ bosli’qlari’ (u’ngirler ), isletilip boli’ng’an karerlar, ka’n qazi’w sanaat buyi’mlari’, da’rya boylari’nda ka’nshilik ha’m basqa arnawli’ xi’zmet tu’rlerin wori’nlamastan, jer asti’ni’n’ bir putinligin buzbastan ali’p toplaw tu’siniledi.

### 3.9.3. Sali’q stavkalari’ ha’m sali’qtan jen’illikler

Jer asti’ qazi’lma bayli’qlari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’q stavkalari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ menen belgilenedi ha’m sali’q to’lewshilerge O’zbekistan Respublikasi’ Finans wa’zirligi ha’mde Ma’mleketlik sali’q komiteti ha’m woni’n’ to’mengi organlari’ ta’repinen jetkiziledi.

Ha’zirde O’zbekistanda qazi’p ali’natug’i’n shiyki zat tu’rleri boyi’nsha jerden paydalang’anli’q ushi’n sali’qti’n’ klassifikaciyalang’an stavkalari’

belgilengen. Paydali' qazi'lmalardi' qazi'p ali'wdi'n' ta'biyiy qolaysi'z jag'dayda isleytug'in ka'nler ma'mleket ta'repinen qosi'msha ra'wishte qollap quwatlanadi'.

### 3.9.4. Sali'qti' yesaplaw shi'g'ari'w ha'm byudjetke to'lew ta'rtibi

Yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q boyi'nsha yesap kitaplardi' sali'q organlari'na ji'l basi'nan wo'sip bari'wshi' juwmaq boyi'nsha belgilengen ta'rtipte (11-sxema) sali'qti' to'lew ushi'n belgilengen mu'ddette beredi.

Jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'qti' yuridikali'q ta'repler to'mendegi ta'rtipte to'leydi:

a)mikrofirma ha'm kishi ka'rxanalar –ji'ldin' ha'r shereginde, yesabat da'wirinin' keyingi ayi'ni'n' 25-ku'ninen keshiktirmey ;

b) mikrofirmalar ha'm kishi ka'rxanalar topari'na kirmeytug'i'n basqa sali'q to'lewshi yuridikali'q ta'repler – ha'r ayda, yesabat da'wirinen keyingi aydi'n' 25-ku'ninen keshiktirmey.

Ken' tarqalg'an paydali' qazi'lmalardi' qazi'p ali'w menen shug'illani'wshi' fizikali'q ta'repler ji'li'na bir ma'rte, keyingi ji'ldi'n' 1-fevrali'nan keshiktirmey ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari'ni'n' xabarnamasi' boyi'nsha yesap-kitapti' wolarg'a tapsi'radi' ha'm jerden paydalang'anli'q ushi'n sali'qti' to'leydi.

### 3.9.5. Sali'qti' buxgalteriyada yesapqa ali'w ta'rtibi

Yuridikali'q ta'replerdin' jer asti' qazi'lma bayli'qlari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q boyi'nsha yesap- kitaplardi' buxgalteriya yesabi' byudjetke to'lemler (tu'rleri) boyi'nsha qari'zlardi' yesapqa ali'w yesap -betinde ju'ritiledi.

*Yesaplap jazi'lg'an sali'q swmmasi' buxgalteriyada to'mendegishe sa'wlelendiriledi*:

-da'wir qa'rejetlerin yesapqa ali'w yesap-betinin' debeti;

-byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’zlardi’ yesapqa ali’w yesap-betinin’ krediti.

*Byudjetke wo’tkizilgen sali’q swmmalari’ to’mendegishe sa’wlelendiriledi*:

-byudjetke to’lemler boyi’nsha qari’zlardi’ yesapqa ali’w yesap-betinin’ debeti;

-pul qarji’lari’n ysapqa ali’w yesap-betinin’ krediti.

Sali’q to’lewshi ta’repinen arti’qsha sali’q swmmalari’ to’lengen halda, basqa sali’qlar ha’m ji’yi’mlar boyi’nsha qari’z bolmag’an jag’dayda, bul swmmalar sali’q to’lewshige woni’n’ jazba arzasi’na ko’re 30 ku’n ishinde qaytari’ladi’ ya’ki kelesi to’lemler yesabi’na jazi’ladi’.

## IV BAP. Fizikali’q ta’replerdi sali’qqa tarti’w

### 4.1. Fizikali’q ta’replerden wo’ndiriletug’i’n mal-mu’lk sali’g’i’

4.1.1. Sali’q to’lewshiler, sali’q obekti ha’m bazasi’

4.1.2. Sali’q stavkalari’ ha’m sali’q jen’illikleri

4.1.3. Sali’qti’ yesaplap shi’g’ari’w ha’m byudjetke to’lew ta’rtibi

#### 4.1.1. Sali’q to’lewshiler, sali’q obekti ha’m bazasi’

Sali’q kodeksine ko’re sali’q ali’natug’i’n mal-mu’lkke iye bolg’an fizikali’q ta’repler, shet yel puqaralari’, soni’n’ ishinde yuridikali’q ta’repti qurag’an ha’mde quramag’an halda du’zilgen diyqan xojali’qlari’ fizikali’q ta’replerdin’ mal-mulkine sali’natug’i’n sali’qti’ to’lewshiler boli’p yesaplanadi’.

Fizikali’q ta’replerdin’ O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’nda jaylasqan u’y jaylari’, kvartiralari’, bag’ u’yleri, garajlar ha’m basqa imaratlari’, binalar ha’m quri’li’slari’ quni’ sali’q sali’w obekti yesaplanadi’.

Fizikali’q ta’replerdin’ mal-mu’lkin inventarizasiya qi’li’w qni’ sali’q sali’w bazasi’ boli’p yesaplanadi’. Yeger fizikali’q ta’replerdin’ mal-mu’lkinin’ bahasi’

tiyisli wa'killikli mekemeler ta'repinen ani'qlanbag'an bolsa, bunday jag'dayda O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti qarari' menen mal-mu'lktin' sha'rtli quni' belgilenedi ha'mde wornati'lg'an stavkalar tiykari'nda sali'qqa tarti'ladi'.

### 4.1.2. Sali'q stavkalari' ha'm sali'q jen'illikleri

Fizikaliq ta'replerdin' mal-mu'lkine sali'q stavkalari' O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti qarari' menen belgilenedi, wolardi' sali'q to'lewshilerge Finans wa'zirligi, Ma'mleketlik sali'q komiteti ha'm woni'n' to'mengi organlari' ta'repinen belgilengen ta'rtipte jetkeiledi. Sali'q stavkalari' ha'r ji'li' keyingi finans ji'li' ushi'n O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' makroekanomikali'q ko'rsetkishler prognozi' ha'm ma'mleket byudjet parametrleri haqqi'ndag'i' qarari' tiykari'nda qayta ko'rip shi'g'i'li'wi' mu'mkin.

Fizikali'q ta'repler mal-mu'lkin bahalaw boyi'nsha tiyisli organlar ta'repinen belgilengen inventarizasiya quni' bolmasa sali'q wo'ndiriwshi ushi'n Tashkent qalasi' ha'm wa'layat woraylari'nda – 203280,0 mi'n' swm, basqa qalalar ha'm awi'lli'q jerlerde -8833,0 min' swm mug'dari'nda mal-mu'lktin' sha'rtli quni' qabi'l qi'li'ng'an. Fizikali'q ta'replerdin' mal-mu'lkleri texnikali'q inventarizaciyalaw byurosi' xi'zmetkerleri ta'repinen bahalanadi'.

Mu'lkinde sali'q sali'natug'i'n mal-mu'lk boyinsha pensiyonerler ushin mal-mu'lk sali'g'i' boyinsha sali'q salinbaytug'in yen' kem mug'dari uli'wma maydannin' 60 kv. metri ko'leminde belgilenedi.

Ji'l dawami'nda to'lewshilerde mal-mu'lk sali'g'i' boyi'nsha jen'illikke iye boli'w huquqi' payda bolg'an jag'dayda wolar ko'rsetilgen to'lewlerden sol huquq payda bolg'an aydan baslap jen'illik beriledi.

Ji'l wortasi'nda mal-mu'lk sali'g'i' boyi'nsha jen'illik huquqi'n joytqanda sali'q sali'w sol huquq joyti'lg'an aydan keyingi aydan baslap a'melge asi'ri'ladi'.

### 4.1.3. Sali'qti' yesaplap shi'g'ari'w ha'm byudjetke to'lew ta'rtibi

Fizikali'q ta'replerdin' mal-mu'lkine sali'natug'i'n sali'q ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari' ta'repinen yesaplap shi'g'i'ladi'.

Mal-mu'lk sali'g'i' boyi'nsha jen'illikler huquqi'na iye bolg'an ta'repler za'ru'r hu'jjetlerdi ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari'na tapsi'radi'.

Imaratlar, quri'li's ushi'n mal-mu'lk sali'g'i' wolardi'n' ha'r ji'l 1-yanvardag'i' jag'dayi' ju'zesinen texnikali'q inventarizaciyalawdi'n' aymaqli'q kadastr byurolari' tapsi'ratug'i'n inventarizasiya quni'na baylani'sli' mag'li'wmatlar tiykari'nda yesaplap shi'g'ari'ladi', bunda mag'li'wmatlar bolmag'an jag'dayda bolsa O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti qarari' menen belgilengen mal-mu'lktin' sha'rtli quni' qabi'l qi'li'nadi'.

Bir neshe mulkdardi'n' u'lesi tiykari'ndag'i' uli'wma mu'lki bolg'an imaratlar, binalar ha'm quri'li'slar ushi'n mal-mu'lk sali'g'i' ha'r bir mu'lkdar ta'repinen bul imaratlar, binalar ha'm quri'li'slardag'i' u'lesine baylani'sli' ra'wishte to'lenedi. Jan'a imaratlar, binalar ha'm quri'li'slar boyi'nsha sali'q wolar quri'lg'an ya'ki ali'ng'an ji'ldan keyingi ji'l basi'nda to'lenedi.

Miyras boyi'nsha wo'tken mal-mu'lkten sali'q miyrasxorlari'nan miyras ashi'lg'an waqi'ttan baslap wo'ndiriledi. Mal-mu'lk joq qi'li'ng'an, wayran bolg'an jag'daylarda mal-mu'lk sali'g'i'n wo'ndiriw wolar joq yetilgen ya'ki uli'wma wayran bolg'an aydan baslap toqtati'ladi'.

Mal-mu'lkke mu'lk huquqi' sol ji'l dawami'nda bir mu'lkdardan basqasi'na wo'tkende sali'qti' birinshi mu'lkdar sol ji'ldi'n' 1-yanvardan bul mal-mu'lkke mu'lk huquqi'n joytqan aydi'n' basi'na shekem to'leydi, jan'a mu'lkdar bolsa– mu'lk huquqi'n qolg'a kiritken aydan baslap to'leydi.

Kalendar ji'l dawami'nda jen'illikke iye boli'w huquqi' payda bolg'an jag'dayda mal-mu'lk sali'g'i' sonday huquq ju'zege kelgen aydan baslap qayta yesaplap shi'g'iladi'.

Mal-mu'lk sali'g'i'n to'lew haqqi'ndag'i' to'lew xabarnamalari' to'lewshilerge ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari' ta'repinen ha'r ji'li' 1-maydan keshiktirmey tapsi'ri'ladi'. Yesaplang'an ji'lli'q sali'q mug'dari' ten' u'leslerde

yeki mu'dette – 15-iyun ha'm 15- dekabrden keshiktirmey jergilikli byudjetke to'lenedi.

Yeger sali'q to'lewshi ta'repinen arti'qsha swmmalar to'lengen bolsa, sali'q ha'm ji'yi'mlar boyi'nsha qari'zlar bar bolmasa, bul swmmalar woni'n' jazba arzasi'na ko're 30 ku'n ishinde sali'q to'lewshilerge qaytari'ladi' ya'ki kelesi to'lemler yesabi'na jazi'ladi'.

Fizikali'q ta'replerdin' mal-mu'lkine sali'natug'i'n sali'q to'lewshiler yesabi' ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari' ta'repinen ha'r bir ji'ldi'n' 1-yanvardag'i' halati' boyi'nsha qala ha'm rayonlar boyi'nsha, texnikaliq inventarizaciyalaw aymaqli'q kadastr byurosi'nda bar bolg'an iyeleri haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlarg'a tiykarlani'p wo'tkiziledi.

## 4.2. Fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n jer sali'g'i'

4.2.1. Jer sali'g'i'n to'lewshiler, sali'q obekti ha'm bazasi'
4.2.2. Jer sali'g'i' stavkalari' ha'm sali'qtan jen'illikler
4.2.3. Jer sali'g'i'n yesaplap shi'g'ari'w ta'rtibi
4.2.4. Jer sali'g'i'n byudjetke to'lew mu'ddetleri

### 4.2.1. Jer sali'g'i'n to'lewshiler, sali'q obekti ha'm bazasi'

Sali'q kodeksine muwapi'q wo'z mulkinde, iyeliginde, paydalani'wi'nda ya'ki ijara huquqi' tiykari'nda jer ushastkalari'na iye bolg'an fizikali'q ta'repler, sonday-aq yuridikali'q ta'rep qurag'an ha'm quramag'an halda du'zilgen diyxan xojali'qlari' jer sali'g'i'n to'lewshileri boli'p yesaplanadi'.

O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Wa'zirler Ken'esi, jergilikli ma'mleket ha'kimyat organlari' ta'repinen ijarag'a berilgen jer ushastkalari' ushi'n to'lenetug'i'n ijara haqi' jer sali'g'i'na ten'lestiriledi. Jer ushastkalari'n ijarag'a alg'an fizikali'q ta'replerge jer sali'g'i'n

to'lewshiler uhi'n belgilengen jen'illikler, sali'qti' yesaplap shi'g'ari'w, sali'q yesap–kitaplari'n tapsi'ri'w ha'm sali'qti' to'lew ta'rtibi kiritiledi.

Fizikali'q ta'replerdin' to'mendegi jer ushastkalari' sali'q sali'natug'i'n obekt yesaplanadi':

-diyxan xojali'g'i'n ju'ritiw ushi'n miyras qi'li'p qaldi'ri'latug'i'n wo'mirlik iyelik qi'li'wg'a berilgen jer ushastkalari';

-jeke ta'rtipte u'y-jay quri'li'si' ushi'n miyras qi'li'p qaldi'ri'latug'i'n wo'mirlik iyelik qi'li'wg'a berilgen jer ushastkalari';

-ja'ma'a't bag'shi'li'g'i', ju'zimshiligi ha'm pali'zshi'li'g'i'n ju'ritiw ushi'n berilgen jer ushastkalari';

-xi'zmet ju'zesinen ni'zam hu'jjetlerine muwapi'q berilgen shek jerleri;

-miyras boyi'nsha, beriliwi ya'ki sati'p ali'ni'wi' na'tijesinde u'y-jay, dala ati'z benen birgelikte iyelik yetiw huquqi' ha'm wo'tken jer uhastkalari';

-ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte mu'lk qi'li'p ali'ng'an jer ushastkalari';

-isbilermenlik xi'zmetin ju'ritiw ushi'n ba'rqulla paydalani'wg'a ya'ki ijarag'a berilgen jer ushastkalari'.

Sali'q kodeksine muwapi'q ko'shpes mu'lkke iye bolg'an huquqlardi' ma'mleket diziminen wo'tkiziwdi a'melge asi'ri'wshi' organni'n' jer ushastkalari'ni'n' maydani'na baylani'sli' mag'li'wmatnamalar sali'q sali'natug'i'n baza boli'p yesaplanadi'.

### 4.2.2. Jer sali'g'i' stavkalari' ha'm sali'qtan jen'illikler

Fizikali'q ta'replerden wo'ndiriletug'i'n jer sali'gi' stavkalari' O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti qarari' menen belgilenedi ha'm sali'q to'lewshilerge Finans wa'zirligi, Ma'mleketlik sali'q komiteti ha'm woni'n' to'mengi organlari' ta'repinen belgilengen ta'rtipte xabar qi'li'nadi'.

Berilgen jerlerden yeki ji'l dawami'nda paydalanbag'an fizikali'q ta'replerden jer sali'g'i' u'sh yese wo'ndiriledi.

Fizikali’q ta’repler paydalanatug’i’n (soni’n’ ishinde, jer sali’g’i’n to’lewden azat yetilgen), ma’mleket ha’kimyat organlari’ ta’repinen aji’ratilg’an maydanlardan arti’qsha jer ushastkalari’ ushi’n jer sali’g’i’ fizikali’q ta’repler ushi’n 1,5 koefficientin qollag’an halda to’lenedi. Ma’mleket ha’kimyati’ organlari’ ta’repinen aji’ratilg’an maydanlardan arti’qsha paydalani’lg’an jerler ushi’n joqari’da ko’rsetilgen koefficientin qollag’an halda jer sali’g’i’ to’lenbegen jag’dayda sali’q to’lewshilerge qarata ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q jaza sharalari’ qollani’ladi’.

Ma’mleket ha’kimyati’ organlari’ ta’repinen aji’ratilg’an jer ushastkalari’ maydani’ jer beri’w haqqi’ndag’i’ ma’mleket ha’kimyati’ organlari’ni’n’ qarari’, jerge iyelik qi’li’w ya’ki wonnan paydalani’w huquqi’ ushi’n ma’mleket da’lalatnamasi’, jerdi ijarag’a ali’w sha’rtnamasi’, jer ushastkasi’na bolg’an huquqti’ tasti’yi’qlaytug’i’n basqa hu’jjetlerge ko’re blgilenedi.

Jer ushastkasi’na baylani’sli’ mu’lk, iyelik yetiw ya’ki wonnan paydalani’w huquqi’n tasti’yi’qlaytug’i’n hu’jjetler bolmasa, sali’q barli’q maydan ushi’n joqari’da ko’rsetilgen asi’ri’w koefficientlerin qollag’an halda to’lenedi.

Fizikaliq ta’replerg’a isbilermenlik xizmeti ushin berilgen jer ushastkalarinan sali’q ka’rxanalar, sho’lkemler ushin tastiyiqlang’an stavkalar boyinsha wo’ndiriledi. Fizikaliq ta’repler ushin jer sali’g’i’n yesaplap shig’ariw du’kanlari, asxanalar, ustaxanalar ha’m isbilermenlik xizmetinde paydalanilatug’in basqa obiektler ushin paydalanilatug’in jer ushastkalari ushin a’melge asiriladi

*Sali’q kodeksine ko’re to’mendegi fizikali’q ta’repler jer sali’g’i’nan azat yetiledi.*

-“O’zbekistan Qaharmani’”, Sovet Awqami’ qaharmani’, Miynet qahramani’ si’yli’qlari’na sazawar bolg’an ta’repler, u’shinshi da’rejeli Shuxrat ordeni menen si’yli’qlang’anlar, uri’s mayi’plari’ ha’m qatnasi’wshi’lari’, sonday-aq ni’zam hu’jjetleri menen belgileniwshi wolarg’a ten’lestirlgen shaxslar;

- I ha’m II topar mayi’plari’;

-jalg’i’z pensionerler. Sali’q sali’w ma’qsetleri ushi’n jalg’iz pensionerler degende bir wo’zi ya’ki yer jetpegen balalari’ ya’ki mayi’p balasi’ menen

birgelikte bo'lek u'yde, kvartira ya'ki jataqxanada jasaytug'i'n pensionerler tu'siniledi;

-bag'i'wshi'si'n jog'altqan ko'p balali' shan'araqlar. Sali'q sali'w ma'qsetlerinde bag'i'wshi'si'n jog'altqan ko'p balali' shan'araqlar degende ata-anadan biri ya'ki yekewide du'nyadan wo'tken ha'mde shan'araqta 16 jasqa jetpegen 5 ha'm wodan arti'q bala bolg'an shan'araqlar tu'siniledi;

- Shernobl AES degi waqi'ya a'qibetlerin saplasti'ri'wg'a qatnasqan ta'repler;

- ko'shirip keltirilgen puxaralar kelip jaylasqan jer ushastkalari' boyi'nsha– jer ushastkalari' berilgen waqi'ttan baslap 5 ji'lg'a;

Joqarida ko'rsetilgen jen'illikler jer ushastkalari' jeke ta'rtipte u'y-jay quri'li'si' ha'm jeke ja'rdemshi xojali'q (diyxan xojalig'i' ) ju'ritiw ushi'n ni'zam hu'jjetlerinde na'zerde tuti'lg'an sheklewler shen'berinde berilgen fizikali'q ta'replerge g'ana beriledi.

Jer sali'g'i' to'lenbeytug'in jer ushastkalari'ni'n' maydanlari' jer ushastkasi'na huquqti' tasti'yi'qlaytug'i'n hu'jjetlerge qarap qabi'l qi'li'nadi'.

Jen'illik huquqi' jer sali'g'i'n to'lewden azat yetilgen ta'repler jasaytug'i'n ha'm birgelikte xojali'q ju'ritetug'i'n barli'q shan'araqqa beriledi.

### 1.2.3. Jer sali'g'i'n yesaplap shi'g'ari'w ta'rtibi

Fizikali'q ta'repler ushi'n jer sali'g'i'n ma'mleketlik sali'q organlari'ni'n' xi'zmetkerleri yesaplap shig'aradi'. Ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari' jer ushastkalari' mu'lkdarlari', jer iyeleri ya'ki jerden paydalani'wshi'lar ya'ki ijarashi'lar bolg'an fizikali'q ta'replerdin' yesabi'n ju'ritedi.

Diyxan xojali'qlari' (yuridikali'q ta'repti quramaytug'i'nlar) yesaplap jazi'lg'an jer sali'g'i' uli'wma swmmasi'ni'n' 95% byudjetke ha'm 5 % Diyxan ha'm fermer xojali'qlari'n qollap quwatlaw jamg'armasi'na to'leydi. Sol sebep penen ma'mleket sali'q organlari' diyxan xojali'qlari'na jazi'latug'i'n to'lew xabarnamalari' byudjetke to'lenetug'i'n jer sali'q swmmasi' ha'm Jamg'armag'a to'lenetug'i'n jer sali'g'i' swmmasi'n ayri'qsha ko'rsetedi.

Sali'q to'leniwi haqqi'ndag'i' to'lew xabarnamalari' fizikali'q ta'replerge ma'mleketlik sali'q organlari' ta'repinen ha'r ji'li', sol ji'ldi'n' 1-mayi'nan keshiktirmey tapsi'ri'ladi'.

Jer ushastkalari'ni'n' maydani' wo'zgergende ha'm ji'l dawami'nda jen'illik huquqi' payda bolg'anda ya'ki biykar qi'li'ng'anda ma'mleketlik sali'q organlari' bir ay dawami'nda sali'qti' qayta yesap –kitap qi'li'wlari' ha'm sali'q to'lewshige to'lew mu'ddetleri wo'zgergenin yesapqa alg'an halda jan'a ya'ki qosi'msha to'lew xabarnamasi'n beriwi sha'rt.

Fizikali'q ta'replerge qala ha'm qorg'anlarda jeke ta'rtipte u'y-jay quri'w ushi'n berilgen jer ushastkalari'ni'n' maydanlari' jeke ta'rtiptegi u'y –jaylardi' yesapqa ali'w ha'm qadag'alaw qala ya'ki rayon basqarmasi' islep shi'g'ari'w u'y-jay inspeksiyasi'ni'n' bar materiyallari' boyi'nsha yesapqa ali'ni'p, ha'r ji'li' naturada ani'qlasti'ri'ladi'.

Fizikaliq ta'replerge awi'lli'q jerlerde jeke ja'rdemshi xojali'q (diyxan xojali'g'i') ju'ritiw ushi'n berilgen jer ushastkalari' jerlerden ha'm ja'miyet jerlerinde qosi'msha aji'rati'lg'an jer ushastkalari'nan ibarat boli'wi' mu'mkin. Bunday jag'dayda tamarqa jerler maydani' kadastr mag'li'wmatlari' boyi'nsha qabi'l qi'li'ni'p, ju'z bergen wo'zgerisler ha'r ji'li' naturada ani'qlasti'ri'ladi'. Ja'miyet jerlerinde qosi'msha aji'rati'lg'an jer ushastkalari' maydani' xojali'qlardi'n' mag'li'wmatlari' boyi'nsha yesapqa ali'ni'p, ha'r ji'li' ani'qlasti'ri'ladi'.

Yeger fizikali'q ta'rep jeke ta'rtipte u'y-jay quri'li'si' ya'ki jeke ja'rdemshi xojali'q (diyxan xojali'g'i') ju'ritiw ushi'n berilgen jer ushastkasi'nda isbilermenlik xi'zmeti menen shug'illansa ya'ki jerden ma'qsetli paydalani'wdi' wo'zgerttirmesten wo'z u'yin ofis si'pati'nda ra'smiylestirse, bunda wonnan jer sali'g'i' jeke ta'rtipte u'y- jay quri'li'si' ya'ki diyxan xojali'g'i'n ju'ritiw ushi'n berilgen jerler ushi'n belgilengen stavkalar boyi'nsha wo'ndiriledi.

Ko'p qabatli' turaq jaylarda jasaytug'i'n fizikali'q ta'replerden jer sali'g'i' wo'ndirilmeydi. Bo'lmeden ya'ki ko'p bo'lmeli turaq jaylardi'n' bir bo'leginen adamlardi'n' jasawi' menen baylani'sli' bolmag'an ma'qsetlerde

paydalani’lg’anda, belgilengen ta’rtipte bo’lmelerdin’ uli’wma maydani’nan kelip shi’g’i’p, jer sali’g’i’na tiyisli u’lesi wo’ndiriledi.

Iyelik qi’li’w huquqi’ miyras boyi’nsha turaq jay, turaq jay yemes imarat ha’m quri’li’slar, bag’i’, u’yi wo’tiwi menen birge wo’tken jer ushastkalari’ ushi’n jer sali’g’i’ miyrasxorlari’nan, miyras qaldi’ri’wshi’ni’n’sali’q ma’jbu’riyatlari’n yeapqa alg’an halda wo’ndiriledi.

### 1.2.4. Jer sali’g’i’n byudjetke to’lew mu’ddetleri

Fizikali’q ta’repler yesaplang’an ji’lli’q jer sali’g’i’n ten’ u’leslerde ji’li’na 2 mu’ddette 15-iyunnan ha’m 15-dekabrden keshiktirmey to’leydi. To’lengen sali’q swmmasi’ belgilengen ta’rtipte jergilikli byudjetke tu’sedi.

Ji’l dawami’nda aji’rati’lg’an jer uchastkalari’ ushi’n sali’q jer ushastkasi’ aji’rati’lg’an aydan keyingi aydan baslap to’lenedi. Ma’selen, wakillikli ha’kimyat organlari’ni’n’ 15- sentyabrdegi qarari’ menen ka’rxanag’a jer aji’rati’lsa, wol jer sali’g’i’n 1-oktyabrden baslap to’leydi.

Jer sali’g’i’n to’lewshi fizikali’q ta’repler ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’ni’n’ qararlari’ ha’m wolar lawazi’mli’ ta’replerdin’ ha’reketleri u’stinen ma’mleket sali’q xi’zmetinin’ joqari’ organlari’ ya’ki sudqa shikayat qi’li’w huquqi’na iye.

## 1.3. Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’

4.3.1. Fizikli’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ni’n’ ma’nisi, sali’q to’lewshiler, sali’q obekti ha’m bazasi’
4.3.2. Fizikali’q ta’replerdin’ uli’wma ji’lli’q da’ramatlari’ mug’dari’
4.3.3. Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ stavkalari’
4.3.4. Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ boyi’nsha jen’illikler
4.3.5. Shet yelli fizikali’q ta’replerdin’ da’ramati’na sali’q sali’wdi’n’ wo’zgeshelikleri

4.3.6. Sali'qlardi' yesaplap shi'g'ari'w ta'rtibi
4.3.7. Yesap-kitaplardi' tapsi'ri'w ha'm sali'qti' to'lew ta'rtibi
4.3.8. Fizikali'q ta'replerdin' da'ramatlari'n deklaraciya usi'li'nda sali'qqa tarti'w ta'rtibi

### 4.3.1. Fizikli'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i'ni'n' ma'nisi, sali'q to'lewshiler, sali'q obekti ha'm bazasi'

Belgili, sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda sali'qqa tarti'w ma'qsetinde sali'q to'lewshiler yekige bo'lingen, yag'ni'y yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerge. Fizikali'q ta'replerge–yuridikali'q ta'rep atamasi'n almag'an O'zbekistan Respublikasi' puxaralari', shet yel puxaralari' ha'm puxaralig'i' bolmag'an ta'repler kiredi.

Fizikali'q ta'repler to'lenip ati'rg'an sali'qlar ishinde byudjet tu'simlerinen salmaqli' wori'ndi' iyeleytug'i'n sali'q bul-fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i'.

Fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i'–ma'mleket byudjeti da'ramat dereklerinen biri boli'p, wol uli'wma ma'mleketlik sali'qlar qurami'na kiredi. Woni'n' wo'zine ta'n belgisi sonda, sali'q fizikali'q ta'replerdin' tuwri'dan-tuwri' da'ramatinan ali'nadi'.

Sali'q kodeksine ko're finans jilinda sali'q sali'natug'i'n da'ramatqa iye bolg'an fizikaliq ta'repler da'ramatina sali'natug'i'n sali'q ti to'lewshiler yesaplanadi.

Sali'q sali'w ma'qsetinde fizikali'q ta'repler rezidentler ha'm resident yemeslerge bo'linedi.

O'zbekistan Respublikasi'nda ba'rqulla jasap turg'an y'aki finans ji'li'nda baslanatug'i'n yaki tamamlanatug'i'n 12 ayg'a shekem bolg'an qa'legen da'wirde 183 ku'n ya'ki wonnan ko'birek mu'ddette O'zbekistanda turg'an fizikali'q tarep O'zbekistan Respublikasi'ni'n' rezidenti dep qaraladi'.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ rezidenti bolg’an fizikali’q ta’replerge wolardi’n’ O’zbekistan Respublikasi’nda’g’i’, sonday-aq wonnan ti’sqari’dag’i’ xi’zmetinen ali’ng’an da’ramatlari’ boyi’nsha sali’q  sali’nadi’.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ rezidenti bolmag’an fizikali’q ta’replerge O’zbekistan Respublikasi’ aymag’i’ndag’i’ dereklerinen ali’ng’an da’ramatlar boyi’nsha sali’q sali’nadi’.

Fzizkali’q ta’replerdin’ uli’wma ji’lli’q da’ramat sali’q sali’w obekti yesaplanadi’. Sali’q qa tarti’latug’i’n baza boli’p, fizikali’q ta’replerdin’ barli’q da’ramati’nan sali’q ni’zamshi’li’g’i’na ko’re belgilengen shegirmelerdin’ ayi’ri’p taslag’annan keyingi qaldi’q swmma yesaplanadi’.

O’zbekistan Respublikasi’nan si’rtta to’lengen, Wozbekstan Respublikasi’ni’n’ rezidentleri bolg’an fizikali’q ta’replerden da’ramat sali’g’i’ swmmalari’n O’zbekistan Respublikasi’nda sali’qti’ tolewde O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ xali’q arali’q sha’rtnamalari’na muwapi’q yesapqa ali’nadi’.

Yesapqa ali’natug’i’n swmmalardi’n’ mug’dari fizikali’q ta’replerdin’ O’zbekistan Respublikasi’nda a’mel qi’li’ni’p ati’rg’an stavkalar boyi’nsha shi’g’ari’lg’an da’ramat sali’g’i’ swmmasi’nan aspawi’ lazi’m.

### 4.3.2. Fizikali’q ta’replerdin’ uli’wma ji’lli’q da’ramatlari’ mug’dari’

Fizikali’q ta’replerdin’ uli’wma ji’lli’q da’ramati’na sali’q to’lewshi ali’wi’ lazi’m bolg’an (alg’an) ya’ki mutqa alg’an ha’m basqa qa’rejetler kiredi. Soni’n’ ishinde:

1) miynetke haqi’ to’lew formasi’nda ali’natug’i’n da’ramatlari’ (172-statya);

2 ) fizikali’q ta’replerdin’ mu’lk da’ramatlari’ (176-statya);

3) fizikaliq ta’replerdin’ maddiy payda tu’rindegida’ramatlari (177-statya);

4) basqa da’ramatlar (178-statya)

Fizikali’q ta’replerdin’ basqa da’ramatlari’ topari’na bolsa ma’mleket sotciyalli’q qamsi’zlandi’ri’w boyi’nsha napaqalar, jumi’ssi’zli’q napaqalari’ ha’m

pensiyalar; stependiyalar; donorli’q ushi’n pul si’yli’qlari’; alimentler; jari’slarda, ko’riklerde, tan’lawlarda aldi’n’g’i’ wori’nlar ushi’n beriletug’i’n si’yli’qlari’, pul si’yli’qlari’; uti’slar; grantlar; ji’ynali’p bari’latug’i’n ma’jbu’riy pensiya vznoslari’, wolar boyi’nsha ali’ng’an payi’zlar ha’m basqa da’ramatlar kiredi.

### 1.3.3. Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ stavkalari’

Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ ko’pshilik ma’mleketlerdegi si’yaqli’ O’zbekistanda da progressiv sali’q yesaplanadi’. Bul sali’q stavkalari’ O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ menen belgilenedi ha’m u’yrenilgen ta’rtipte ma’mleketlik sali’q organi’ xi’zmetkerleri ta’repinen fizikali’q ta’replerge jetkeriledi. Ha’r ji’li’ belgilengen stavkalar Ministrler Kabineti ta’repinen ya’ki O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ menen qaytadan ko’rip shi’g’i’li’wi’ mu’mkin.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ sali’q ni’zamshi’li’g’i’na ko’re fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ stavkalari’ to’mendegi’ toparlarg’a bo’linedi:

-fizikali’q ta’replerdin’ is haqi’, si’yli’qlar ha’m basqa da’ramatlari’na sali’natug’i’n klassifikaciyalani’w progressiv sali’q stavkalari’;

-fizikali’q ta’replerdin divident ha’m payi’z ko’rinisinde ali’natug’i’n da’ramati’na sali’q stavkasi’;

-rezident yemes fizikali’q ta’replerdin’da’ramatlari’na to’lew dereginde sali’natug’i’n sali’q stavkalari’;

-jen’illikli sali’q stavkalari’.

Rezident yemes fizikali’q ta’replerdin’ turaqli’ jumi’s worni’ menen baylani’sli’ bolmag’an halda O’zbekistan Respublikasi’ndag’i’ dereginen alg’an da’ramatlarg’a wolardi’ to’lew dereginde shegirmelersiz, to’mendegi stavkalari’ boyi’nsha sali’q sali’nadi’:

-divident ha’m payi’zlar-10 %

-qa'wipti qamsi'zlandi'ri'w ya'ki qayta qamsi'zlandi'ri'wg'a to'lenetug'i'n qamsi'zlandi'ri'w si'yli'qlari' 10 %

-O'zbekistan Respublikasi' ha'm basqa ma'mleketler wortasi'nda ha'reket qatnawi'nda xali'qarali'q baylani's ushi'n telekommunikasiya ya'ki transport xi'zmetleri (fraxttan da'ramatlar) – 6%

-royalti, ijaradan kelgen da'aramatlar, xi'zmetler ko'rsetiwden kelgen da'ramatlar, sol ta'repten basqari'w boyi'nsha xi'zmetler, ma'sla'ha'tlerge baylani'sli' ha'm basqa da'ramatlar-20 %;

To'lew dereginde sali'q sali'w, to'lew O'zbekistan Respublikasi' ishinde ya'ki wonnan ti'sqari'da a'melge asi'ri'lg'ani'na qaramastan, qollani'ladi'.

Fizikaliq ta'replerg'a to'lenetug'i'n dividentler ha'm payi'zlarg'a 10 payi'zli'q stavka boyi'nsha to'lew dereginde sali'q sali'nadi'.

Bunda sali'q sali'w ma'qsetinde dividentlerge aksiyalar boyi'nsha ha'mde bahli' qag'azlardan ali'natug'i'n da'ramatlar kiredi. Payi'zlarg'a qari'z ma'jburiyatlari' ha'm xojali'q ju'ritiwshi subektin' ustav investiciyasi'nda u'lesbay qatnasi'nan keletug'i'n da'ramatlar ha'm basqalar kiredi.

**Fizikali'q ta'replerden ali'natu'g'i'n da'ramat sali'g'i' summalari' (2015-ji'l)**

| Ja'mi da'ramat mug'dari' | Sali'q summasi' |
|---|---|
| 0-1 yen' kem is haqi' | 0 – Sali'qqa tarti'lmaydi' |
| Yen' kem is haqi'ni'n' 1-5 yesesi mug'dari'nda | Da'rama't summasi'ni'n' 8,5 % |
| Yen' kem is haqi'ni'n' 5-10 yesesi mug'dari'nan (+1) yesesi mug'dari'na shekem | Yen' kem is haqi'ni'n' to'rt yesesi mug'dari'nan ali'natug'i'n sal'q + bes yesesinen asatug'i'n summani'n' 17 % |
| Yen' kem is haqi'ni'n' won yesesi mug'dari'nan (+1) ha' wonnan joqari' mug'dari'nan | Yen' kem is haqi'ni'n' won yesesi mug'dari'nan ali'natug'i'n sal'q + won yesesinen asatug'i'n summani'n' 23 % |

### 1.3.4. Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ boyi’nsha jen’illikler

*Sali’q ni’zamshi’li’g’i’na ko’re fizikali’q ta’replerdin’ sali’q sali’natug’i’n da’ramati’na to’mendegiler kiritilmeydi*:

- miynet sha’rtnamasi biykar qi’li’ng’anda to’lenetug’i’n, yen’ kem is haqi’ni’n’ 12 yesesi mug’dari’ shen’berindegi jumi’stan bosati’w napaqasi’, ma’mleket sociyalli’q ja’rdemi ha’m ma’mleket sociyalli’q ta’miynati’ boyi’nsha napaqalar, jumi’ssi’zli’q napaqalari’, (sonday-aq shan’araqti’n’ nawqas ag’zasi’n dawalaw napaqalari’ bug’an kirmeydi), sonday-aq qayi’rqomli’q ha’m ekologiya jamg’armalari’ da’ramati’nan puxaralarg’a pul ha’m natura ko’rinisinde beriletug’i’n napaqalar ha’m basqa ja’rdem tu’rleri.

Bunda yen’ kem is haqi’ yesabi’ ushi’n miynet sha’rtnamasi’ toqtati’lg’an ku’nde a’mel qi’lg’an ( aq’irg’i’ islegen kundegi) ayli’q yen’ kem is haqi’ni’n’ mug’dari’ qabi’l qi’li’nadi’;

-ali’natug’i’n alimentler;

-joqari’ woqi’w wori’nlari’ ha’m worta arnawli’ ha’mde wo’ner-texnika woqi’w wori’nlari’ ha’mde wolar bazasi’nda sho’lkemlestirilgen biznes mektepleri, sonday-aq joqari’ ha’m worta diniy woqi’w wori’nlari’ ta’repinen wo’z studentleri ha’m woqi’wshi’lari’na tayi’nlanatug’i’n stependiyalar, qayi’rqomli’q ha’m ekologiya jamg’armalari’ da’ramatlari’nan belgilenetug’i’n stependiyalar;

-ma’mleketlik pensiyalar, wolarg’a u’stemeler (u’stemelerdin’ ni’zam hu’jjetlerinde shegaralang’an mug’dari’na shekem);

- ta’repler qan tapsi’rg’anli’q ushi’n, donorli’qti’n’ basqa tu’rleri ushi’n, ana su’ti tapsi’rg’an ushi’n alatug’i’n swmmalar, medicina mekemelerinin’ xi’zmetkerleri qan ji’ynap tapsi’rg’anli’qlari’ ushi’n ali’natug’i’n swmmalar;

-puxaralardi’n’ shet yelde islewge jiberiliwi menen ma’mleket byudjetinen finanslasti’ratug’i’n mekemeleri ha’m sho’lkemlerden shet yel valyutasi’nda alatug’i’n is haqi’ swmmalari’ ha’m basqa swmmalar, ni’zam hu’jjetlerinde belgilengen swmmalar shen’berinde;

-fizikali'q ta'replerdin' jeke mu'lk huquqi' tiykari'nda wo'zlerine tiyisli bolg'an mal- mu'lkti sati'w na'tiyjesinde alatug'i'n swmmalari', isbilermenlik xi'zmeti shen'berinde a'melge asi'ri'latug'i'n mal-mu'lkti sati'w na'tiyjesinde alatug'i'n da'ramatlardan ti'sqari';

-fizikali'q ta'replerdin' u'y xojali'g'i'nda ya'ki diyxan xojali'g'i'nda jetistirgen qaramal, qoyan, nutriya, bali'q, tawi'qlardi' tiri halatta, ha'm wolardi' soyi'p wo'nimlerdi shiyki ha'm qayta islegen halda, balshi'li'q wo'nimlerin bunday xojali'qta jetistirilgen ta'biyiy ya'ki qayta islengen diyxanshi'li'q wo'nimlerin sati'wdan alg'an da'ramatlari' swmmasi'. Puxarada jeke ja'rdemshi xojali'q barli'g'i' jergilikli ma'mleket ha'kimyati' organlari' ya'ki puxaralar wo'zin-wo'zi basqari'w organlari'ni'n' mag'li'wmatnamasi' menen tasti'yi'qlanadi';

-bir ji'l dawami'nda yuridikali'q ta'replerden ali'ng'an yen' kem is haqi' mug'dari'ni'n' alti' yesesine shekem bolg'an swmmadag'i' bahali' sawg'alar quni', sonday-aq xali'q arali'q ha'mde respublika tan'law ha'm jari'slarda ali'ng'an si'yli'q buyi'mlari' quni'ni'n' swmmasi';

-miyras qi'li'p qaldi'ri'w ha'm beriw na'tiyjesinde ali'ng'an swmmalar ha'm mal-mu'lk quni', pa'n, a'debiyat ha'm korkem-wo'ner shi'g'armalari' avtorlari'ni'n'miyrasxorlari' (huquqi'y miyrasxorlari') alatug'i'n avtorli'q haqi' swmmalari' bunnan ti'sqari';

-ma'mleket zaemlari'ni'n' obligaciyalari' ha'm lotereyalari' boyi'nsha uti'slar, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ma'mleket bahali' qag'azlari' boyi'nsha payi'zlar;

-puxaralardi'n' qamsi'zlandi'ri'w boyi'nsha alatug'i'n swmmalari';

-bir ji'l dawami'nda berilgen materiyalli'q ja'rdem swmmalari';

Ta'biyiy apatlar, basqa ku'tilmegen jag'daylarda beriletug'i'n materiyalli'q ja'rdem swmmalari' –toli'qli'g'i'nsha;

Du'nyadan wo'tken xi'zmetkerdin' shan'araq ag'zalari' ya'ki shan'araq ag'zalari' dunyadan wo'tkende xi'zmetkerge beriletug'i'n materiyalli'q ja'rdem swmmalari-yen' kem is haqi'ni'n' 12 yeseine shekem mug'dari'nda;

Basqa jag’daylarda-yen’ kem is haqi’ni’n’ 12 yesesine shekem mug’dari’nda;

-depozit sertifikatlari’ boyi’nsha da’ramatlar, banklardegi amanatlar ha’m ma’mleket g’a’ziyne ma’jbu’riyatlari’ boyi’nsha payi’zlar ha’m uti’slar;

-balalar lagerleri ha’m basqada salamatlasti’riw lagerlerine, ata-analari’ni’n’ balalari’ menen dem ali’wg’a arnawli’ mo’lsherlengen sanatoriya –kurort wori’nlari’na bari’w ushi’n balalar ha’m wo’spirimlerge beriletug’i’n jollamalar qunin, wo’z xi’zmetkerlerinin’ ambulatoriya ya’ki stacionar ta’biyiy xi’zmetten paydalani’w quni’n toli’q ya’ki kompensaciyalaw ta’rtibinde ka’rxanalar, mekemeler ha’m sho’lkemler wo’z xi’zmetkerlerine ya’ki wolar ushi’n to’legen swmmalar. Ko’rsetip wo’tilgen to’lemler qurami’na mayiplari’na salamatlasti’ri’w ha’m sanatoriy –kurort wori’nlari’na berilgen jollamalari’ quni’n, dawalani’w ha’m medicinali’q xi’zmetten paydalani’w, mayi’pli’qti’n’ aldi’n ali’w ma’qsetinde texnika qurallari’n sati’p ali’w ushi’n ha’mde mayi’plardi’n’ salamatli’g’i’n tiklew ushi’n qi’li’ng’an qa’rejetlerdi toli’q ya’ki uli’wma to’lew ta’rtibinde ka’rxanalar, mekemeler ha’m sho’lkemler to’legen swmmalar da kiredi;

-puxaralardi’n’ is haqi’ ha’m sali’q sali’natug’i’n basqa da’ramatlardi’n’ ma’mleket ka’rxanalari’ mal-mu’lkin sati’p ali’w, menshiklestirilip ati’rg’an ka’rxanalar akciyalari’n ali’w ushi’n jo’neltiriletug’i’n swmmalar;

-waqti’nshali’q bir ma’rtelik islerdi wori’nlawdan ali’ng’an da’ramatlar, bunday isler waqti’nshali’q bir ma’rtelik is penen ta’miyinlew wopraylari ko’meginde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an bolsa;

-jeke ka’rxana ha’m fermer xojali’g’i’ ta’repinen sali’qlar ha’m basqada ma’jbu’riy to’lemler to’lengennen keyin jeke ka’rxana mu’lkdari’ ha’m fermer xojali’g’i’ni’n’ basli’g’i’ i’qti’yari’na kelip tu’setug’i’n payda swmmasi’;

-O’zbekistan Respublikasi’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ ha’m ma’mleket pul si’yli’qlari’na sazawar bolg’an fizikali’q ta’repler alg’an bir ji’lg’a beriletug’i’n pul si’yli’qlari’ ya’ki sog’an ten’ bahadag’i’ yestelik sawg’alar’ini’n’ quni’;

-Olimpiya woyi’nlari’nda ha’m basqada xali’q arali’q sport jari’slari’nda aldi’n’g’i’ wori’nlardi’ iyelegeni ushi’n sportshi’lar alg’an bir ma’rte beriletug’i’n pul si’yli’qlari’;

-ji'ynali'p bari'latug'i'n ma'jbu'riy pensiya vznoslari', wolar boyi'nsha payi'zli' da'ramatlar, jamg'ari'p bari'latug'i'n pensiya to'lemleri;

-fizikali'q ta'repler ta'repinen ali'ng'an ipoteka kreditlerin ha'mde wolarg'a yesaplang'an payi'zlardi' qaplaw ushi'n jo'neltirilgen is haqi'ni'n' ha'm sali'q sali'natug'i'n basqa da'ramatlardi'n' swmmalari.

Fizikali'q ta'replerdin' da'ramati'na sali'natug'i'n sali'qti' to'lewden to'mendegiler toli'g'i'nsha azat yetiledi:

-shet yel ma'mleketleri di'plomatiya wa'kilxanalari'ni'n' basli'qlari' ha'm ag'zalari' ha'm konsulli'q mekemelerinin' lawazi'mli' shaxslari', wolardi'n' wo'zleri menen birge jasaytug'i'n shan'araq ag'zalari', yeger wolar O'zbekistan Respublikasi' puxarasi' bolmasa –O'zbekistan Respublikasi' dereklerinen ali'natug'i'n, diplomatiyali'q ha'm konsulli'q xi'zmeti menen baylani'sli' bolmag'an da'ramatlardan ti'sqari barli'q da'ramatlari' boyi'nsha;

-shet yel ma'mleketleri diplomatiya wa'kilxanalari'na, konsulli'q mekemelerine xi'zmet ko'rsetetug'i'n isshiler qurami'na kirgen ta'repler, yeger wolar O'zbekistan Respublikasi' puxarasi' bolmasa ya'ki O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' jasamasa, wo'z xi'zmeti ju'zesinen alatug'i'n barli'q da'ramatlar boyi'nsha;

-shet yel ma'mleketleri diplomatiya wa'kilxanalari' ha'm konsulli'q mekemeleri xi'zmetkerlerinin' u'yinde islewshiler, yeger wolar O'zbekistan Respublikasi' puxarasi' bolmasa ya'ki O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' jasamasa, -wo'z xi'zmeti ju'zesinen alatug'i'n barli'q da'ramatlar boyi'nsha;

-hu'kimetke qarasli' bolmag'an xali'q arali'q sho'lkemlerdin' lawazi'mli' ta'repleri –yeger wolar O'zbekistan Respublikasi' puxarasi' bolmasa, bul sho'lkemlerde alg'an da'ramatlari' boyi'nsha;

-Qorg'ani'w, Ishki isler ha'm Ayri'qsha jag'daylar wa'zirliginin', Milliy qa'wipsizlik xi'zmetinin' a'skeriy xi'zmetkerleri, ishki isler organlari' ha'm baji'xana organlari'ni'n' a'piwayi' xi'zmetkerleri qurami'na tiyisli ta'repler, woqi'w ya'ki si'naw ji'yi'nlari'na shaqi'ri'lg'an a'skeriy xi'zmetke ma'jbu'rler-

xi’zmetti wo’tew (xi’zmet wazi’ypasi’n wori’nlaw) mu’na’sibeti menen alg’an pul ta’miynati, pul si’yli’qlari’ ha’m basqa to’lew swmmalari’ boyi’nsha;

-gastrol-konsert xi’zmeti menen shug’i’llani’w huquqi’n beriwshi licenziyasi’ bolg’an ta’repler gastrol –konsert xi’zmetinen ali’ng’an da’ramatlari’ boyi’nsha;

-lawazi’m da’rejeleri bar prokuratura organlari’ xi’zmetkerleri.

*To’mendegi sali’q to’lewshilerdin’ da’ramatlari’ fizikali’q ta’repler da’ramati’na sali’natug’i’n sali’qti’n’ ha’r bir toli’q ay ushi’n is haqi’ni’n’ 4 yessesine shekem mug’dari’nda to’lewden azat yetiledi:*

a) “O’zbekistan Qaharmani’” ”Sovet Awqami’ Qaharmani’” Miynet Qaharmani’ si’yli’qlari’na yerisken ta’repler, u’sh da’rejeli Shuxrat ordeni menen si’yli’qlang’an ta’repler, uri’s mayi’plari’, uri’s da’wrinde ya’ki a’skeriy xi’zmettin’ basqa ma’jbu’riyatlari’n wori’nlaw waqti’nda jaralani’w, kontuziya boli’w ya’ki jaraqatlani’w a’qi’betinde frontta boli’w menen baylani’sli’ kesellik sebebinen may’i’p boli’p qalg’an a’skeriy xi’zmetshiler topari’nan bolg’an basqa mayi’plar, partizanlar topari’nan bolg’an mayi’plar, pensiya ta’miynati’ boyi’nsha bul topardag’i’ a’skeriy xi’zmetshilerge ten’lestirilgen basqa mayi’plar;

d) balali’qtan mayi’p boli’p qalg’anlar, I ha’m II topar mayi’plari’;

j) buri’ng’i’ SSSR di’ qorg’aw a’skeriy xi’zmettin’ basqa ma’jbu’riyatlari’n wori’nlaw waqti’nda jaralani’w, kontuziya boli’w jaraqatlani’w a’qibetinde ya’ki frontta boli’w menen baylani’sli’ kesellik sebebinen du’nyadan wo’tken a’skeriy xi’zmetshilerdin’ ata – analari’ ha’m wo’mirlik joldaslari’.

“Qaza tapqan jawi’ngerdin’ kelinshegi (anasi’, atasi’)” shtampi’ basi’lg’an ya’ki pensiya gu’wali’g’i’n bergen wori’n mo’ri ha’m basshi’ni’n’ imzasi’ menen tasti’yqlang’an tiyisli jazi’w qayt yetilgen pensiya gu’wali’g’i’ tiykları’nda jen’illik berilgen.

Buri’ng’i’ SSSR di’ qorg’aw ha’m a’skeriy xi’zmettin’ basqa ma’jbu’riyatlari’n wori’nlaw waqti’nda frontta boli’w menen baylani’sli’ kesellik sebepli qaza tapqan a’skeriy xi’zmetshilerdin wo’mirlik joldasi’ tek wolar yekinshi ma’rte turmi’s qurmag’an jag’dayda, jen’illik beriledi;

k)yeki ya’ki wonnan arti’q 16 jasqa tolmag’an balalari’ bar jalg’i’z analar;

Miynet ha’m sociyalli’q ta’miynat organlari’ ta’repinen beriletug’i’n “jalg’i’z anani’n’ jeke da’ptershesi” tiykari’nda jen’illik beriledi;

l) yeki ha’m wodan arti’q balasi’ bar ha’m bag’i’wshi’si’n joytqanli’q ushi’n pensiya almaytug’in jalg’i’z ha’yel ha’m jalg’i’z yerkek.

Wo’mirlik joldasi’ wo’lgenligi haqqi’ndag’i’ gu’wali’q ha’m balalari’ni’n’ barli’g’i’ ha’mde qayta nekeden wo’tpegenligin tasti’yi’qlawshi’ pasport, bag’i’wshi’si’n joytqanli’g’i’ sebebinen pensiyani’n’ belgilenbegenligi haqqi’ndag’i’ miynet ha’m sociyalli’q ta’miynat organlari’ni’n’ mag’li’wmatnamasi’ jen’illik beriliwde tiykar yesaplanadi’;

m) balali’g’i’nan mayi’p bolg’an ha’m ba’rqulla ta’rbiyani’ talap qi’latug’i’n balasi’ menen birge jasap, woni’ ta’rbiyalap ati’rg’an ata- anasi’nan biri.

Pensiya gu’wali’g’i’ ha’m ba’rqulla ta’rbiyani talap yetetug’i’n tasti’yi’qlawshi’ den- sawli’qti’ saqlaw mekemesinin’ medicina mag’li’wmatnamasi’, birge jasawi’

haqqi’nda–puxaralar wo’zin-wo’zi basqari’w organlari’ni’n’ mag’li’wmatnamasi’ tiykari’nda jen’illik beriledi.

Fizikali’q ta’replerdin’ jen’illikke bolg’an huquqi’ wolar yesabat ji’li’ ushi’n tiyisli hu’jjetlerdi bergennen ku’shke yenedi.

Yesabat ji’li’ ushi’n yen’ kem is haqi’ni’n’ 4 yesesi mug’dari’ndag’i’ jen’illiklarge bolg’an huquq ju’zege kelgen ay basi’nan beriledi.

Yen’ kem is haqi’ni’n’ 4 yesesi mug’dari’ndag’i’ jen’illik fizikali’q ta’replerdin’ tiykarg’i’ jumi’s worni’da, yeger tiykarg’i’ jumi’s worni’ bolmasa, wonda jasaw worni’ndag’i’ ma’mleketlik sali’q xi’zmeti organlari’ ta’repinen ja’mi ji’lli’q da’ramat haqqi’ndag’i’ deklaratciya tiykari’nda sali’q yesaplap shi’g’ari’wda qollani’ladi’.

Puxara jen’illiklarge bolg’an huquqi’n joytqanli’g’i’n 15 ku’nnen keshiktirmey, wonnan sali’q uslap qalatug’i’n ka’rxana, sho’lkem, fizikali’q ta’replerdin’ sali’q organi’n (yeger bul organ yesap- kitapti’ a’melge asi’rsa ) xabardar yetiwi lazi’m.

### 4.3.5. Shet yelli fizikali'q ta'replerdin' da'ramati'na sali'q sali'wdi'n' wo'zgeshelikleri

Shet yelli fizikali'q ta'replerge O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda O'zbekistan Respublikasi' xali'q arali'q sha'rtnamalarda belgilengen wo'zgesheliklerdi yesapqa alg'an halda sali'q sali'nadi'.

Rezident-shet yelli fizikali'q ta'repten O'zbekistan Respublikasi' puxarasi' siyaqli' fizikali'q ta'repler da'ramati'na sali'natug'i'n sali'q wo'ndiriledi.

Rezident yemes-shet yelli fizikali'q ta'replerden to'lengen worni'na qaramastan O'zbekistan Respublikasi'ndag'i' dereklerinen ali'ng'an da'ramatlar boyi'nsha fizikali'q ta'repler da'ramati'na sali'natug'i'n sali'q wo'ndiriledi.

Sali'q sali'w ma'qsetinde rezident yemes fizikali'q ta'repler O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' mekeme arqali' xi'zmetin a'melge asi'ratug'i'n rezident yemes ta'rep si'pati'nda ya'ki turaqli' mekeme menen baylani'sta bolmag'an rezident yemes ta'rep si'pati'nda qaraladi'.

O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' mekeme arqali' xi'zmetin a'melge asi'ratug'i'n rezident yemes fizikali'q ta'repler turaqli' mekeme menen baylani'sli' bolg'an O'zbekistan Respublikasi'ndag'i' dereklerden ali'ng'an da'ramatlari' boyi'nsha sali'q to'lewshisi yesaplanadi'.

Shet yellik fizikali'q ta'replerden sali'qlar ha'm ji'yi'mlardi' wo'ndiriw tiyisli shet ma'mlekette O'zbekistan Respublikasi'ni'n' fizikali'q ta'replerinende tap sonday shara-ilajlar tiykari'nda wo'z-ara kelisim boyi'nsha toqtati'li'wi' yamasa shekleniwi mumkin.

Shet yellik fizikali'q ta'repler menen sha'rtnamalar du'ziw waqti'nda, bunday sha'rtnamalardi'n' sha'rtlerine O'zbekistan Respublikasi'nda xi'zmetin a'melge asi'ratug'i'n sali'q to'lewshiler ha'mde basqa ta'repler shet yellik fizikali'q ta'replerdin' sali'qlar ha'm ji'yi'mlari'n to'lew boyi'nsha qa'rejetlerin wo'z moyni'na ali'wdi' na'zerde tutatug'i'n sali'q haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' kiritiwge ruxsat berilmeydi.

### 4.3.6. Sali’qlardi’ yesaplap shi’g’ari’w ta’rtibi

Tiykarg’i’ jumi’s worni’nan ali’natug’i’n miynet haqi’ to’lemleri ha’m basqa to’lemlerden fizikali’q ta’replerdin’ da’ramatlarg’a sali’natug’i’n sali’qti’ yesaplap shi’g’ari’w ji’l basi’nan wo’sip bari’wshi juwmaq penen wolardi’ yesaplap jazi’wdi’n’ bari’wi’na qarap sali’q sali’natug’i’n ja’mi da’ramat swmmasi’nan a’melge asi’ri’ladi’.

Tiykarg’i’ bolmag’an jumi’s worni’nan da’ramat alg’an fizikali’q ta’repler da’ramati’nan ali’ng’an da’ramatlar, jumsalg’an qa’rejetler ha’m uslang’an sali’q swmmasi’ haqqi’ndag’i’ tapsi’ri’lg’an deklaraciya mag’li’wmatlari’ boyi’nsha sali’q xi’zmeti organi’ ta’repinen da’ramat sali’g’i’ aqi’rg’i’ swmmasi’ yesaplap shi’g’ari’ladi’. Fizikali’q ta’replerdin’ da’ramati’na sali’natug’i’n sali’qti’ uslap qali’w ha’m byudjetke wo’tkiziw ushi’n yuridikali’q ta’rep juwapker boladi’. Sali’q swmmasi’ uslap qali’nbag’anda yuridikali’q ta’rep uslap qali’nbag’an sali’q swmmasi’n ha’mde woni’n’ menen baylani’sli’ ja’riyma ha’m penyalardi’ byudjetke to’lewi sha’rt.

### 4.3.7. Yesap-kitaplardi’ tapsi’ri’w ha’m sali’qti’ to’lew ta’rtibi

Yuridikali’q ta’repler to’mendegilerdi islewi sha’rt yesaplanadi’:

1) Sali’q da’wiri tawsi’lg’annan son’ woti’z ku’n ishinde ma’mleketlik sali’q xi’zmeti organlari’na da’ramatlar alg’an fizikali’q ta’repler haqqi’nda (tiykarg’i’ jumi’s worni’ boyi’nsha da’ramatlar alg’an fizikali’q ta’replerden ti’sqari’) belgilengen formada mag’li’wmatnama tapsi’ri’wi’ sha’rt, bular to’mendegilerden ibarat.

-sali’q to’lewshinin’ –fizikali’q ta’reptin’ identifikaciya nomeri.

-sali’q to’lewshinin’ familyasi’, ati’, a’kesinin’ ati, tiykarg’i’ jasaw worni’ ma’nzili;

-wo’tken sali’q da’wri juwmaqlari’ boyi’nsha da’ramatlardi’n’ uli’wma swmmasi’ ha’m fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’qtan uslap qali’ng’an uli’wma swmmasi’.

- sali’q agentinin’ identifikaciya nomeri;

- sali’q agentinin’ ati’, jaylasqan jeri (poshta ma’nzili)

2) Ji’ldi’n’ ha’r shereginde, yesabat da’wirinen keyngi aydi’n’ 25-ku’nine shekem, ji’l juwmaqlari’ boyi’nsha ji’lli’q finans yesabati’n tapsi’ri’w mu’ddetinde ma’mleketlik sali’q xi’zmeti’ organlari’na yesaplang’an ha’m a’melde to’lengen da’ramatlar swmmalari’ ha’mde fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’gi’ni’n’ uslap qali’ng’an swmmalari’ haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlardi’ belgilengen ta’rtipte tapsi’ri’wi’ sha’rt. Fizikali’q ta’replerdin’ da’ramati’na sali’natug’i’n sali’q to’lew waqti’nda uslap qali’ng’anda sali’q toplani’p bari’latug’i’n sistemada qatnasi’wshi’ puqaralardi’n’ jeke toplani’p bari’latug’i’n pensiya yesap-betleri belgilengen ta’rtipte yesaplap jazi’lg’an vznoslar shegaralang’an waqi’tta to’mendegi mu’ddetlerde to’lenedi.

A) Da’ramat to’lewshi yuridikali’q ta’repler ta’repinen, uslap qali’ng’an sali’q swmmasi’ sol maqsetlerde pul qarji’lari’n aliw ushi’n bankke hu’jjetler tapsi’ri’w menen bir waqi’tta byudjetke wo’tkiziledi.

B) To’lemdi natura hali’nda yaki wo’ndiristi realizaciya qi’li’wdan, jumi’slardi’ wori’nlaw yaki xi’zmet ko’rsetiwden tu’sken tu’simnen to’lewshi yuridikali’q ta’repler ta’repinen uslap qali’ng’an sali’q swmmasi’ to’lem a’melge asi’ri’lg’an ay tawsi’lg’annan keyin bes ku’n ishinde byudjetke wotkiziledi. Ma’mleketlik sali’q xi’zmeti organlari’ ta’repinen yesaplap shi’g’ari’lg’an fizikali’q ta’repler da’ramati’na sali’natug’i’n sali’qti’ to’lew xabarnamasi’nda ko’rsetilgen mu’ddetlerde a’melge asi’ri’li’wi’ kerek. Fizikali’q ta’replerdin’ da’ramati’na sali’natug’i’n sali’qti’ ji’l dawami’nda to’lep bari’lg’an swmmalari’ tiyisli yesabat ji’li’ ushi’n sali’q to’lewshige yesaplap shi’g’ari’lg’an sali’q yesabi’nan wo’tkiziledi.

### 4.3.8. Fizikali'q ta'replerdin' da'ramatlari'n deklaraciya usi'li'nda sali'qqa tarti'w ta'rtibi

Deklaraciya-sali'q mekemelerine sali'q to'lewshi fizikali'q ta'repler ta'repinen tapsi'ri'latug'i'n ha'm wo'z ishine ali'ng'an da'ramatlar h'm sol da'ramatlar menen baylani'sli' qa'rejetler haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' sa'wlelendiretug'i'n ha'mde sali'q to'lewshinin' yesaplang'an sali'qlari'n wo'z qa'lewi na'tiyjesinde ha'm belgilengen waqi'tta ma'mleket byudjetine to'lewge ma'jbu'r yetetug'i'n xu'jjet yesaplanadi'. Sali'q kodeksine ko're fizikali'q ta'replerdin' ja'mi ji'lli'q da'ramati' haqqi'ndag'i' deklaraciya to'mendegi jag'daylarda sali'q organlari'na tapsi'ri'ladi':

A) Mu'lkiy daramat, ilim, a'debiyat ha'm ko'rkem-wo'ner do'retpelerin jaratqanli'q ha'mde wolardan paydalang'anli'g'i' ushi'n avtorli'q haqi' ko'rinisinde ali'ng'an daramat (yeger bunday da'ramatlarg'a to'lew dereginde sali'q sali'nbag'an bolsa);

B) Tiykarg'i' bolmag'an jumi's worni'nan (O'zbekistan Respublikasi'ndag'i', soni'n' menen aymagi'nan ti'sqari'dag'i' dereklerden) da'ramat alg'an fizikali'q ta'repler ta'repinen;

(Tiykarg'i' bolmag'an jumi's worni'ndag'i' miynet to'lemi boyi'nsha daramat ali'wshi' fizikali'q ta'rep buxgalteryag'a yen' joqari' stavka boyi'nsha daramati'nan sali'q uslap qali'ni'wi' haqqi'nda arza tapsi'rg'anlar bug'an kirmeydi).

V) Rezident-shet yelli fizikali'q ta'repler ta'repinen;

### 1.4. Fizikali'q ta'replerden transport qurallari' ushi'n benzin, dizel jani'lg'i'si' ha'm gazden paydalang'ani' ushi'n sali'q

4.4.1. Sali'q to'lewshiler, sali'q obekti ha'm bazasi'

4.4.2. Sali'q stavkasi' ha'm yesaplaw ta'rtibi

4.4.3. Sali'q yesabi'n ju'ritiw ha'm woni' byudjetke to'lew mu'ddetleri

## 4.4.1. Sali'q to'lewshiler, sali'q obekti ha'm bazasi'

Fizikali'q ta'replerden transport qurallari' ushi'n benzin dizel jani'lg'i'si' ha'm gazden paydalang'ani' ushi'n sali'q to'lewshileri boli'p, fizikali'q ta'replerge transport qurallari' ushi'n benzin, dizel jani'lg'i'si' ha'm gazdi' usaqlap satatug'i'n, mulkshilik tu'rine qaramastan xojali'q ju'ritiwshi subektler yesaplanadi'. Bunda wolardi'n' jaylasqan worni'na qaramastan avtomobilge jani'lg'i' quyi'w shaqabshasi'na iye bolg'an xojali'q ju'ritiwshi subektler sali'q to'lewshi boli'p yesaplanadi'.

Fizikali'q ta'replerge transport qurallari' ushi'n benzin, dizel jani'lg'i'si' ha'm gazdi' usaqlap sati'w sali'q sali'w obekti yesaplanadi'.

Fizikali'q ta'replerge sati'lg'an wo'zi islep shi'g'arg'an ha'mde shetten sati'p ali'ng'an benzin, dizel jani'lg'i'si' ha'm gazdi'n' natural ko'lemi sali'q sali'w bazasi' yesaplanadi'.

Benzin, dizel jani'lg'i'si' ha'm gazdi' sati'w degende wolardi' fizikali'q ta'replerge a'melde beriw tu'siniledi.

## 4.4.2. Sali'q stavkasi' ha'm yesaplaw ta'rtibi

Fizikali'q ta'replerden transport qurallari' ushi'n benzin, dizel jani'lg'i'si' ha'm gazden paydalang'ani' ushi'n sali'q stavkalari' ha'r ji'li' O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti qarari' menen belgilenedi, woni'n' mug'darlari' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' barli'q aymag'i'nda birden-bir yesaplanadi'. 2015-ji'lda 1litr benzin ha'm dizel jani'lg'i'si' ushi'n 290 swm, 1litr suyi'lti'ri'lg'an gaz ushi'n 200 swm mug'dari'nda, 1kub metr qi'si'lg'an gaz ushi'n 240 swm mug'dari'nda sali'q stavkasi' belgilengen. Sali'q swmmasi' usaqlap sati'w bahada qosi'msha ra'wishte belgilenedi ha'm fizikali'q ta'rep-qari'ydarg'a beriletug'i'n shekte ayri'qsha tu'rde ko'rsetiledi. Sali'q swmmasi'

fizikali’q ta’replerge sati’latug’i’n benzin, dizel jani’lg’i’si’ ha’m gaz ushi’n pul to’leniwi menen bir waqi’tta wo’ndiriledi.

Sali’q swmmasi’ to’mendegi formula boyi’nsha yesaplanadi’.

**N=V x St**

Bul jerde;

**N**-yesaplap jazi’lg’an sali’q;

**V**-fizikali’q ta’replerge sati’li’p ati’rg’an benzin, dizel jani’lg’i’si’ yaki gazdin’ natural tu’rdegi ko’lemi.

**St**-sali’q stavkasi’.

Yesaplap sh’i’gari’lg’an ha’m uslangan sali’q swmmasi’ xojali’q ju’ritiwshi subektler ushi’n tu’sim deb yesaplanbaydi’ ha’mde basqa to’lenetug’i’n sali’qlar, ji’yi’mlar ha’m ma’jbu’riy to’lemler boyi’nsha sali’q sali’w obekti yaki bazasi’ bolmaydi’.

### 4.4.3. Sali’q yesabi’n ju’ritiw ha’m woni’ byudjetke to’lew mu’ddetleri

Sali’q to’lewshiler sati’lg’an benzin, dizel jani’lg’i’si’ gaz yesabi’n ha’mde yesaplang’an sali’q swmmalari’ yesabi’n wo’z aldi’na ju’ritedi.

Byudjet penen yesap-kitaplar yesabi’ “Byudjet penen yesap-kitaplar” yesap-beti boyi’nsha “Fizikali’q ta’replerden transport qurallari’ ushi’n benzin, dizel jani’lg’i’si’ ha’m gazden paydalang’ani’na sali’q” esap-betinde ju’ritiledi, sali’qti’ wo’tkiziw “Yesap-kitap beti” yesap-beti boyi’nsha sa’wlelenedi.

Wo’ndirilgen sali’q jergilikli byudjetke O’zbekistan Respublikasi’ byudjetleri da’ramat ha’m qa’rejetlerdin’ tiyisli topari’na qarap bo’lim ha’m paragrafqa to’lenedi.

# V BAP. SALI’QQA TARTI’WDI’N’ HUQI’QI’Y TIYKARLARI’

## 8.1. Sali’q huquqi’

8.1.1. Sali’q huquqi’
8.1.2. Sali’qqa tarti’w ni’zamlari’
8.1.3. Sali’q to’lewshilerdin’ huquqi’
8.1.4. Sali’q to’lewshilerdi qorg’aw huquqlari’

### 8.1.1. Sali’q huquqi’

Sali’q huquqi’- bul, sali’q to’lewshinin’ xi’zmetinde ju’z bergen huquqbuzarli’qlardi’ woni’ moyni’na qoyi’w ya’ki wolardi’n’ uli’wma joq yekenligin tiykarlap beriw moyni’na ju’klengen birden-bir taraw yemes. Sali’q qatnasi’qlari’ndag’i’ huquq qorg’ani’ sud procesinde puxarali’q-processual principlerine a’mel qi’lg’an halda birgelesiw usi’li’nda haqi’yqatti’ ju’zege shi’g’ari’w ha’m ta’replerdin’ talaplari’ ha’m narazi’li’qlari’n tiykarlawshi’ jag’daylardi’n’ toli’qli’g’i’n ta’miyinlewge baylani’sli’. Sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ni’n’ huquqi’y tiykarlari’- wo’z qa’siyetine ko’re, ma’mleket islep shi’g’ari’wi’ menen baylani’sli’ bolmag’an, sali’q to’lewshi xojali’q subektlerinin’ finans-xojali’q xi’zmetine sali’q to’lewshiler xi’zmetinen payda bolg’an qosi’msha qunni’n’ bir bo’limin ja’miyettin’ rawajlani’wi’ ushi’n mo’lsherlengen ilajlarg’a sari’plani’wi’ ani’qli’g’i’nan kelip shi’g’i’wshi’ huquqi’y normalar, ta’rtip qag’i’ydalar. Sali’q to’lewshi mu’lki (daramad)tin’ sali’q ni’zamshi’li’g’i’ menen belgilengen bo’limi ma’mleket byudjeti paydasi’na ali’ng’anda, ma’mleket wo’z huquqi’ sali’q ali’w huquqlari’ni’n’ wori’nlani’wi’n ta’miyinlegen, sali’q to’lewshi bolsa wo’zinin’ konstituciyali’q wazi’ypasi’n tamamlap, ni’zam tiykari’nda belgilengen sali’q to’lemlerin a’melge asi’rg’an yesaplanadi’. Bunnan sonday juwmaq shi’g’adi’, menshiklestirilgen mu’lkshilikke tiykarlang’an ra’smiy xi’zmet

na'tiyjeleri ma'mleket ha'm ja'miyet ma'plerin finansli'q ta'repten qollap-quwatlaw deregi boli'p xi'zmet qi'ladi'.
Sali'q organlari' ya'ki basqa ma'mleket organlari' ta'repinen wo'tkizilgen tekseriwler na'tiyjesinde sali'qlar ha'm wo'zge ma'jbu'riy to'lemler ni'zamg'a qarama-qarsi' yesaplansa, sali'q to'lewshi (mu'lkdar) bul jag'daydi' jeke mu'lkke ni'zamsi'z tajawi'z yesaplap, mu'lkiy huquqti' qorg'aytug'i'n ni'zam normalari'na mu'rajat yetip, "…wo'z huquqi'ni'n' ha'r qanday buzi'li'wlari'n joq qi'li'wdi' talap qi'li'wlari' mu'mkin" ("Mu'lkshilik haqqi'nda"g'i' Ni'zam, 38-statya).
Sali'q to'lewshi xojali'q subektlerine qarag'anda sali'q organlari' jumi'sshi'lari' ta'repinen jol qoyi'lg'an ni'zamg'a qarsi' ha'reketler boyi'nsha qarama-qarsi' pikir bildiriwdin' 3 huquqi'y jo'nelisi bar. "Sali'q kodeksi"nin' 11-statyasi'nda belgilengenindey, wolardi'n' birinshisi-tekseriwlerdin' na'tiyjelerinen narazi' bolg'an jag'dayda, sali'q organi'na jazba qarsi'li'q bildiriw; yekinshisi-joqari' sali'q organlari'na shikayat qi'li'w; u'shinshisi-sudqa mu'rajat yetiw. Sali'q to'lewshi shaxs bul huquqi'y imkaniyatlardi'n' ha'r birinen paydalani'p, wo'z narazi'li'g'i'na wori'nli' juwap talap qi'li'wi' mu'mkin. Sali'q to'lewshinin' huquqi'n ni'zamli' sheshiwshi sud organi'ni'n' sali'q qatnasi'qlari'na tiyisli yeki ta'repleme qarsi'li'qli' ma'selelerde a'dalatli sheshim tabi'wi' ayi'ri'qsha wori'n tutadi'. "Mu'lkshilik haqqi'nda"g'i' Ni'zamni'n' 37, 38 –statyalari'nda ayti'lg'ani'nday, O'zbekistan Respublikasi'nda usi' Ni'zam menen belgilengen mu'lkshilik qatnasi'qlari'ni'n' turaqli'li'g'i'na kepillik beredi ha'm mu'lklik huquqti' qorg'aw sud ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'. Demek, tek sud sali'q to'lewshi ta'repinen sali'q ni'zamshi'li'g'i' buzi'lg'anli'g'i' ya'ki ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari' ta'repinen xojali'q subektine qarag'anda talap qoyi'lg'anli'g'i' haqqi'nda a'dalatli' hu'kim shi'g'ari'wi' mu'mkin.
Ma'mleket aldi'ndag'i' wo'z ma'jbu'riyatlari'ni'n' wori'nlani'wi'n tasti'yi'qlawshi' hu'jjetler sali'q ni'zamshi'li'g'i' shen'berinde ra'smiylestiriliwi huquqi'y qorg'awdi'n' tiykarg'i' faktorlari'nan yesaplanadi' ha'm tek usi' jol menen sali'q organlari' ya'ki basqa qadag'alawshi' sho'lkemler ni'zamsi'z ha'reketlerdin' aldi'n ali'w mu'mkin. Sali'q to'lewshi tekseriw processinde sali'q

xi'zmeti qa'niygeleri ta'repinen sali'qqa tarti'w qatnasi'qlari' boyi'nsha bildirilgen si'nli' pikirlerge, qag'i'ydalarg'a muwapi'q, hu'jjetler, ma'teriyalli'q da'liyller ha'm toli'q yesap-kitaplardi' tiykar qi'lg'an halda juwap beriwge ba'rqulla tayar boli'wi' lazi'm.

Sali'q huquqi'-sali'q, ji'yi'm ha'm to'lemler menen baylani'sli' teoriyali'q qaraslar, sali'q tarawi'ndag'i' huquqi'y qatnasi'qlar ha'm sali'q penen baylani'sli' huquqi'y juwapkerlik ma'selelerin wo'z ishine ali'wshi' ni'zam normalari'ni'n' ji'yi'ndi'si'. Sali'q huquqi' Pa'n si'pati'nda huquqi'y ta'rtiplerden boli'p, O'zR territoriyasi'nda sali'q tarawi'ndag'i' qatnasi'qlardi' ni'zam tiykari'nda ta'rtipke sali'wshi sistemag'a iye:




## Sali'q huquqi'ni'n' derekleri

Sali'q to'lewdin' ha'm sali'qqa tarti'wdi'n' arnawli' huquqi'y normali'q hu'jjetleri joqari' sho'lkemler ta'repinen tasti'yi'qlang'an. Sali'q tu'rin yerkin tan'law huquqi'-xi'zmet ko'rsetiwshi ta'reptin' sali'q to'lewde qollani'latug'i'n statusi'n wo'zi tan'law imkaniyati'; xojali'q ju'ritiwshi subektler, a'sirese, kishi ka'rxanalarg'a ko'p sanli' sali'qlar worni'na birden-bir sali'q to'lew

ta'rtibin yerkin tan'law imkaniyati'ni'n' beriliwi. Bul sali'qti' to'lew ta'rtibi, stavkalari' Ministrler Kabineti ta'repinen belgilenedi. Ma'mleketlik sali'q inspekciyalari'ni'n' wazi'ypalari' ha'm funkciyalari'-wolar qatari'na to'mendegiler kiredi: 1)sali'q to'lewshiler(shet ha'm puxarali'g'i' bolmag'an shaxslar)di'n' toli'q yesapqa ali'ni'wi'n ta'miyinlew; 2)sali'q to'lewshiler ta'repinen buxgalteriya yesabati' ha'm balanslari', sali'q yesap-kitaplari', yesabatlari', bayannama-deklaraciyalar ha'm to'lemlerdi yesaplaw ha'm to'lew menen baylani'sli' ba'rshe hu'jjetlerdin' wo'z waqti'nda ko'rsetiliwin qadag'alaw, sonday-aq payda, da'ramat, sali'qqa tarti'wdi'n' basqa obektlerinin' ani'qlang'anli'g'i' ha'm yesaplang'anli'g'i'na tiyisli hu'jjetlerdin' tuwri'li'g'i'n tekseriw; 3)byudjet aldi'ndag'i' wo'z ma'jbu'riyatlari'n wori'nlamag'an shaxslarg'a qarag'anda finansli'q sankciya(jaza)lar qollani'li'wi'n ta'miyinlew; 4) sali'q inspekciyasi' juwapker shaxsti'n' tiykarlang'an qarari' ka'rxana, sho'lkem ha'm mekemelerdin' payda(da'ramat) ya'ki sali'qqa tarti'wdi'n' basqa obektleri pa'seyttirilgenligi (kemeyttirip ko'rsetilgenligi)nen ko'rsetip beriwshi hu'jjetlerdi ko'rip shi'g'iw sali'q inspekciyasi' lawazi'mli' shaxsti'n' tiykarlang'an qarari' wolardi'n' mazmuni'n dizimge ali'w ha'm ali'p qoyi'w ushi'n tiykar boli'p xi'zmet qi'ladi'; 5) Konfiskaciya qi'li'ng'an ha'm iyesiz mu'lklerdi, sonday-aq, miyras qi'li'w huquqi' boyi'nsha ma'mleket i'qti'yari'na wo'tkizilgen mu'lklerdi ha'mde tabi'lmalardi' yesapqa ali'w, bahalaw ha'm sati'w; 6) byudjetke tu'siwi lazi'm bolg'an ha'm haqi'yqattan tu'sken sali'qlar ha'mde basqa to'lemlerge operativ buxgalteriya yesabi' ju'rgiziletug'i'n hu'jjetlerdi bankler, finans organlari', ka'rxana, sho'lkem ha'm mekemelerden ali'w; 7) ma'mleket sali'q inspekciyalari'na ha'm wolardi'n' juwapker shaxslari'na buxgalteriya yesabatlari', balanslar, yesap-kitaplar, deklaraciyalar ha'm byudjetke sali'qlar ha'mde ma'jbu'riy to'lemlerdi yesaplaw, sonday-aq, to'lew menen baylani'sli' basqa hu'jjetler ko'rsetilgende ya'ki wolardi' ko'rsetiwden bas tartqan jag'daylarda ka'rxana, sho'lkem, mekemelerdin' bank ha'mde basqa finans-kredit sho'lkemlerindegi yesap-kitap ha'm basqa yesap-betleri boyi'nsha bank qatnasi'qlari'n toqtati'p qoyi'w; 8)arti'qsha to'lengen ya'ki wo'ndirilgen sali'q

ha'm ji'yi'mlar qaytari'li'wi'n ta'miyinlew; 9) belgilengen yesabatti' joqari' sali'q organlari' ushi'n byudjetke a'melde kelip tu'sken sali'q ha'm basqa to'lemlerdin' swmmasi' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatti' du'ziw, analiz qi'li'w ha'm rayon ha'm qala finans organlari'na usi'ni'w; 10)xojali'q ju'ritiwshi subektler ta'repinen naq pul mashqalasi' ha'm qadag'alaw kassa mashinalari'ni'n' qollani'li'wi' bari'si'ndag'i'g'a qarag'anda ni'zamshi'li'q talaplari'ni'n' wori'nlani'wi'n qadag'alaw.

Sali'q ni'zamshi'li'g'i' tu'sinigin formali'q ha'm mazmuni'n du'ziliwin analiz qi'li'ng'anda g'ana toli'q an'law mu'mkin. O'zbekistan Respublikasi'nda tek woni'n' yen' joqari' organ bolg'an Oliy Ma'jlis ni'zam shi'g'ari'w wa'killigine iye. Sali'q ni'zamshi'li'g'i' formasi' ta'repinen sali'qlar ha'm sali'qqa tarti'w boyi'nsha Oliy Ma'jlis qarari' menen qabi'l qi'li'ng'an ni'zamlar ha'm O'zbekistan Respubli'kasi' Ministrler Kabinetinin' qarari' menen a'melge kiritilgen ra'smiy wo'zgeriwler ji'yi'ndi'si'nan ibarat. Mazmunli'q ta'repten sali'q ni'zamshi'li'g'i' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerdi sali'qqa tarti'wdi' ta'rtipke sali'wshi' normalar ji'yi'ndi'si' si'pati'nda sa'wlelendiredi. Sali'q ni'zamshi'li'g'i'ni'n' formali'q ha'm mazmunli'q ta'repten sho'lkemlestiriwdin' ma'nisine tiykarlang'an halda woni'n' principlik qag'i'ydasi'n to'mendegishe sa'wlelendiriw mu'mkin.

Sali'q ni'zamshi'li'g'i' bul wa'killikli organlar ta'repinen ra'smiy ja'riyalang'an sali'qlar ha'm ji'yi'mlar sistemasi', sali'qqa tarti'wdi'n' uli'wma principleri, ma'mleket ha'm jeke mu'lk iyesi wortasi'ndag'i' sali'q ha'm ji'yi'm to'lemleri qatnasi'qlari'ni'n' kelip shi'g'i'w tiykarlari', wo'zgerttiriliwi ha'm biykar qi'li'ni'wi', sali'q qadag'alawi'ni'n' formalari' ha'mde sali'q ma'jbu'riyati'n buzg'anli'g'i' ushi'n juwapkerlik normalari' ji'yi'ndi'si' yesaplanadi'.

Sali'q ni'zamshi'li'g'i'ni'n' huquqi'y normalari' ha'm principleri O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'nda birlemshi wo'z sa'wleleniwin tapqan. Sali'qlar ha'm sali'qqa tarti'w ni'zamshi'li'g'i' tu'siniginin' tiykari'n sali'q ni'zamshi'li'g'i' payda yetedi. Sali'qqa tarti'w ni'zamshi'li'g'i' sali'q ni'zamlari'

menen bir qatarda sali'q to'lewshiler menen sali'q organlari' wortasi'nda ha'm xojaliq subektleri menen ma'mleket byudjeti wortasi'ndag'i' finansli'q ma'jbu'riy to'lemler menen baylani'sli' qatnasiqlardi' ta'rtipke sali'wshi', sali'qlar haqqi'ndag'i' ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi'n ta'miyinlewshi ra'smiy hu'jjetler menen ta'rtipke sali'nadi'. Biraq soni' ayti'p wo'tiw lazi'm, tek ni'zam shi'g'ari'w wa'killigi berilgen organ ta'repinen shi'g'ari'lg'an ni'zam sali'q to'lewshige ma'jbu'riy to'lemler juwapkershiligin ju'klewi mu'mkin.

Sali'q ni'zamshi'li'g'i' formali'q ta'repten ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm ni'zamlardi' wori'nlani'wi'n ta'miyinlewshi organlar ra'smiy hu'jjetlerinin' toplami' ha'm mazmunli'q ta'repten ma'mleket byudjeti da'ramatlari'ni'n' deregi bolg'an sali'qlar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemlerdi wo'ndiriw menen baylani'sli' ni'zam, ta'rtip qag'i'yda normalari' si'pati'nda ta'riyplengenligi tiykari'nda sali'q ni'zamshi'li'g'i'ni'n' teoriyali'q formasi'n piramida tipinde tu'sindiriw mu'mkin.

Sali'q qatnasi'qlari'ni'n' piramidasi', joqari'da ko'rsetilgen principli qag'i'ydag'a muwapi'q, sali'qqa tiyisli ni'zamlar ha'm basqa ra'smiy hu'jjetlerden sho'lkemlesken boli'p woni'n' shoqqi'si' ha'm usi' huquqi'y normalar u'stemligin qorg'awshi', a'dalat normalari'ni'n' sultani' bolg'an, ma'mleket ha'kimiyati'ni'n' sud tarmag'i'na birlesken.

O'zbekistan Respublikasi' Sali'q Kodeksi sali'q sistemasi'ni'n' huquqi'y tiykarlari'n, sali'q to'lewshilerdin' huquqlari' ha'mde ma'jbu'riyatlari'n belgileydi, sali'q xi'zmetlerin ju'ritiw ta'rtibin ha'm sali'q haqqi'ndag'i' ni'zam normalari'n buzg'anli'g'i' ushi'n sali'q to'lewshige qarag'anda finansli'q jaza ilajlari'n qollani'li'wi'n ta'rtipke saladi'.
Sali'q kodeksi XXI bo'lim 64 bap ha'm 392 statyadan ibarat boli'p, sali'qqa tarti'w qatnasi'qlari'ni'n' tiykarg'i' qag'i'ydalari', sali'qlar sistemasi', sali'q to'lewshilerdin' huquq ha'm ma'jbu'riyatlari', yuridikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat(payda) sali'g'i', jer sali'g'i', suw resurslari'nan paydalang'anli'q ushi'n sali'q ha'm fizikali'q ta'replerdi sali'qqa tarti'w jumi'si'n ju'ritiw ma'selelerin wo'z ishine aladi'.

Sali'q kodeksinde sali'q haqqi'ndag'i' ni'zam hu'jjetlerinin' ta'riypleri berilip sali'q haqqi'ndag'i' ni'zam hu'jjetleri sali'q kodeksinen, sali'qlar ha'm ji'yi'mlarg'a tiyisli qatnasi'qlardi' ta'rtipke salatug'i'n basqa ni'zamlar ha'm ni'zam hu'jjetlerinen ibarat yekenligi ayti'li'p wo'tilgen. O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda xi'zmet ko'rsetken xojali'q subektlerin sali'qqa tarti'w menen baylani'sli' ni'zamlar ha'm wolardi'n' wori'nlani'wi'n ta'miyinlewshi ni'zamasti' hu'jjetlerindegi normalar sali'q kodeksine muwapi'q a'melge kiritiledi. Respublikada ekonomikali'q turaqli'li'qti' ta'miyinlew maqsetinde, ha'zirgi waqi'tta ken' tu's ali'p ati'rg'an shet yel investorlari'n jalp qi'li'w procesinde, wolardi' jen'illikli ra'wishte sali'qqa tarti'w boyi'nsha xali'qarali'q sha'rtnamalarda sali'q kodeksinen basqasha qatnasi'qlar belgilengen bolsa bunday sali'q to'lewshilerdi sali'qqa tarti'wda xali'qarali'q sha'rtnama qag'i'ydalari' qollani'ladi'. Sali'q haqqi'ndag'i' ni'zam normalari'n a'mel qi'li'wi'ni'n' wo'zine ta'n qa'siyetleri bar.

Sali'q kodeksi ha'm basqa ni'zam hu'jjetleri menen a'melge kiritilgen sali'q sali'w ta'rtip qag'i'ydalari' wolardi'n' huquqi'y ku'shke iye bolg'an waqi'tta a'mel qi'ladi'. Sali'q to'lewshi xojali'q subektleri ta'repinen ju'z bergen huquqbuzarli'qlar ushi'n sali'q organlari' ya'ki huquqti' qorg'aw organlari' qollaytug'i'n jaza ilajlari'n jen'illestiretug'i'n ya'ki joq yetetug'i'n ni'zam hu'jjetleri ja'riyalang'an ku'nge shekem ju'z bergen yag'ni'y ni'zam ku'shke kirgenge shekem bolg'an ni'zamsi'z ha'reketler ushi'n juwapkerlikke tarti'w biykar qi'li'ni'wi' mu'mkin. Biraq, sali'q obektlerin jasi'ri'w, sali'q to'lemlerinen bas tarti'w, isbilermenlik xi'zmeti menen shug'i'llani'p da'ramat tabi'w ta'rtibin ha'm basqa huquqbuzarli'qlar ushi'n juwapkerlikti belgileytug'i'n ya'ki ku'sheyttiretug'i'n ni'zam normalari' belgilengen ku'nnen da'slepki da'wirdegi jag'daylarg'a tiyisli yemes.

Sali'q ni'zamshi'li'g'i'na tiyisli huquqi'y qatnasi'qlar boyi'nsha ni'zam normalari'n a'mel qi'li'w qa'siyetlerin to'mendegi mi'sallarda a'piwayi'raq qi'li'p sa'wlelendiriw mu'mkin. Ma'selen, qosi'msha qun sali'g'i'n to'lewshi bolmag'an wo'nim jetkizip beriwshi xojali'q subekti ta'repinen tovarlar (jumi's, xi'zmetler)

realizaciya qi'li'ni'p ati'rg'anda yesap-beti fakturada ni'zamsi'z ra'wishte qosi'msha qun sali'g'i'n qosi'p da'ramat alg'anli'g'i' ushi'n bunday sali'q to'lewshiden yesap-beti-fakturada ko'rsetilgen sali'q swmmasi' ha'mde tap usi' swmmag'a ten' mug'darda ja'riyma wo'ndiriledi.

Sali'q sali'w-yuridikali'q ta'replerge mu'lshilik formasi'na qaramastan ni'zam aldi'nda ten'lik, fizikali'q ta'replerge qarag'anda bolsa, ji'ni'si', rasasi', milleti, tili, dini, sociyalli'q statusi'na qaramastan ni'zam aldi'nda ten'lik tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'. A'melge kiritilgen sali'qlar ha'm ji'yi'mlar tovarlardi'n' (jumi's, xi'zmetler)ya'ki pul qarji'lari'ni'n' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' aymag'i' shen'berinde yerkin qatnasi'qta boli'wi'n tuwri'dan-tuwri' yaki basqa ta'repten sheklep qoyi'wi' mu'mkin yemes. Ali'ng'an dereklerine qaramastan, ba'rshe da'ramatlarg'a sali'q sali'ni'w, ma'jbu'riy yesaplanadi'. Sali'q jen'illiklerin belgilew sociyalli'q a'dalat principlerine mas keliwi kerek. O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda sali'qlar ha'm ji'yi'mlar Oliy Ma'jlis ta'repinen belgilenedi ha'm biykar qi'li'nadi'. .
Ja'miyettin' ekonomiykali'q rawajlani'w (bazisi) bir ta'repten woni'n' ishki ekonomikali'q mexanizimine baylani'sli' bolsa, yekinshi ta'repten basqari'wdi'n' xarakterine , sociyalli'q, siyasiy jag'dayg'a, sociyal ten' salmaqli'li'qqa baylani'sli' boladi'.

Usi' processte sociyalli'q siyasat ayri'qsha ro'l woynaydi'. Sociyalli'q siyasat wo'z na'wbetinde ushki ha'm si'rtqi' ma'deniy –ruwxi'y siyasiy sociyal ha'm ekonomikali'q siyasatqa bo'linedi. Ekonomikali'q siyasat ta wo'z na'wbetinde finans, pul, kredit, sali'q, byudjet si'yaqli' tu'rlerde a'mel qi'li'p wolardi'n' bir pu'tinligi makroekonomikali'q da'rejede joqari', atqari'wshi' ha'm sud ha'kimiyatlari' xi'zmetinin' tiykarg'i' aji'ralmas bo'limine aylanadi'. Biz usi' wori'nda sali'q siyasati'ni'n' mazmuni'na qi'sqasha toqtali'p wo'temiz.

Ja'miyetti ju'zege shi'g'i'wshi' ha'r qanday xi'zmetti wo'z huquqi'y negizine iye bolg'andag'ana wol real waqi'yali'qqa asi'ri'ladi'. Sali'q siyasati'n huquqi'y negizler si'pati'nda bir qatar ni'zamlar bar, wolar qatari'nda 1991-ji'lda qabi'l

qi’li’ng’an “G’a’rezsizlik deklaraciyasi’”, “O’zbekistan Respublikasi Konstituciyasi’” (1992-ji’l 8-dekabr), basqari’w organlari’ haqqi’nda”g’i’ ni’zam, “Sali’q kodeksi” “Sali’q xi’zmeti haqqi’nda”g’i’ ni’zamlar (2008-ji’l) ha’m usi’ si’yaqli’lardi’ kiritiw mu’mkin, usi’ ni’zamlarda ma’mleket sali’q siyasati’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ wo’z sa’wleleniwin tapqan.

## 8.1.2. Sali’qqa tarti’w ni’zamlari’

Sali’q ha’m sali’qqa tarti’w procesin ji’l sayi’n quramalasti’ri’w maqsetinde O’zRda ha’r ji’li’ a’hmiyetli ilajlar qabi’l qi’li’ni’p ati’r. Usi’lardi’n’ biri 2002-ji’li’ MK O’zR Ministrler Kabinetinin’ 490-sanli’ qarari’. Bul qararg’a tiykari’nan ayi’ri’m sali’q stavkalari’ kemeyttirilip, jen’illikler ja’riyalang’an. Sali’q ni’zamshi’li’g’i’n quramalasti’ri’w sali’q sistemasi’n, sali’q mexanizimin, sali’q inspekciyasi’n ha’m jaza tu’rlerin quramalasti’ri’wg’a jo’neltirilgen.

Sali’qta huquqi’y qatnasi’qlar-ma’mleket sali’q komitetleri ha’m sali’q to’lewshiler (yuridikali’q ha’m fizikali’q taarepler) wortasi’ndag’i’ qatnasi’qlar, ma’mleket byudjetinin’ ma’jbu’riy to’lemlerin wori’nlaw sali’q tarawi’ndag’i’ huquqi’y normalar menen ta’rtipke sali’nadi’. O’zR boyi’nsha sali’qqa tarti’wg’a tiyisli ni’zamlardi’ qabi’l qi’li’w to’mendegi ta’rtipte a’melge asi’ri’ladi’.

## Sali’q ni’zamlari’ni’n’ qabi’l qi’li’ni’w ta’rtibi.

**Ni’zam joybari’n Oliy Majlis dodalawi’na usi’ni’w**

↓

**Ni’zam joybari’n Oliy Majliste dodalaw ha’m baspa so’zde uli’wmaxali’qli’q dodalawg’a shi’g’ari’w**

↓

**Ni’zam joybari’ni’n’ uli’wmaxali’qli’q dodalaw na’tiyjelerin yesapqa alg’an halda Oliy Majliste qayta dodalaw ha’m qosi’msha wo’zgerisler menen qabi’l qi’li’w**

↓

**Oliy Majlis ta’repinen qabi’l qi’li’ng’an Ni’zamni’n’ ha’m Oliy Majlistin’ woni’ a’melge kiritiw haqqi’ndag’i’ qarari’ menen baspa so’zde ja’riyalaw**

↓

**Ni’zamdi’ belgilengen ta’tip ha’m muddette ku’shke kiritiw**

Jan’a sali’q, to’lem, baji’ ha’m ji’yi’mlar arnawli’ ta’rtipte joqari’ sho’lkemler ta’repinen tasti’yi’qlanadi’ ha’m ja’riyalanadi’.

### 8.1.3. Sali’q to’lewshilerdin’ huquqi’

Sali’qlar ha’m sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ ni’zamshi’li’g’i’ ha’m uli’wma sali’q sistemasi’ni’n’ funkciyalari’ bir maqsetke, yag’ni’y ma’mlekettin’ qarji’larg’a mu’tajligin qandi’ri’wg’a, sali’q ji’yi’mlari’ arqali’ sali’q to’lewshiler iyeligindegi ma’teriyalli’q bayli’qlardi’n’ bir bo’limi yesabi’nan byudjet da’ramatlari’n qa’liplestiriwge qarati’lg’an. Bul ja’miyet rawajlani’wi’ni’n’ ma’mleket quri’li’wi’ principlerinen kelip shi’qqan anii’q ni’zamli’q.

Ma’mleketlik sali’q sistemasi’ O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Ma’jlisi qarari’ menen a’melge kiritilgen sali’qlar, O’zbekistan Respublikasi’ Finans wa’zirligi ha’m Ma’mleketlik sali’q komiteti ta’repinen islep shi’g’i’lg’an sali’q qadag’alawi’nan ibarat. Bul sistema wo’z qaramag’i’ndag’i’ xojali’q subektlerine sali’qlar, ji’yi’mlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler tu’simin ta’miyinlewshi sho’lkemlik metodlari’n sali’q qatnasi’qlari’ a’meliyati’na yengiziw arqali’ sali’q to’lewshilerdin’ ma’jbu’riyatlari’n belgilew ha’m belgili bir sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ shen’berinde sali’q to’lewshiler ta’repinen sali’q ni’zamshi’li’g’i’na a’mel qi’li’ni’wi’n qadag’alaw ha’m sali’qqa tiyisli huquqbuzarli’qlar ju’z beriwinin’ aldi’n ali’w maqsetinde finansli’q, ha’kimshilik ya’ki ji’nayi’y jaza ilajlari’n ko’riw ta’rtiplerin a’melge kiritiwden ibarat.

Sali’q to’lewshilerdin’ ma’jbu’riyatlari’ sali’qqa tarti’w qatnaslari’nda worayli’q wori’ndi’ iyeleydi. Sebebi sali’q qatnaslari’ni’n’ ma’teriyalli’q na’tiyjesi, yag’ni’y sali’q to’lewshiler ma’jbu’riyatlari’ni’n’ wori’nlani’wi’ ma’mleket byudjeti ma’pleri menen tuwri’dan-tuwri’ baylani’sli’. Sali’q to’lewshi’ler ma’jbu’riyatlari’ O’zbekistan Respublikasi’ Sali’q kodeksinin’ 32-statyasi’nda to’mendegi ta’rtipte berilgen:

1) Belgilengen ta’rtipte ha’m mu’ddetlerde sali’q organlari’nda dizimnen wo’tiw, yuridikali’q ma’nzili wo’zgergen waqi’tta bolsa, bul haqqi’nda sali’q organi’na won ku’nlik mu’ddet ishinde xabar beriw;
2) Sali’qlar ha’m ji’yi’mlardi’n’ tiyisli swmmasi’n wo’z waqti’nda ha’m toli’q ko’lemde to’lew;
3) Buxgalteriya yesabi’n ha’m yesap hu’jjetlerin ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q ju’ritiw;
4) Finansli’q yesabatti’, sali’qlar tu’ri boyi’nsha yesap-kitaplardi’ ya’ki da’ramatlar haqqi’ndag’i’ deklaraciyalardi’ ni’zam hu’jjetlerinde belgilengen ta’rtipte sali’q organlari’na usi’ni’w;
5) Sali’qlar ha’m ji’yi’mlardi’ yesaplap shi’g’ari’w, to’lew menen baylani’sli’ hu’jjetler ha’m mag’li’wmatlardi’, sonday-aq sali’qlar ha’m ji’yi’mlar

ju’zesinen jen’illikler huquqi’n tasti’yi’qlawshi’ hu’jjetlerdi sali’q organlari’na tapsi’ri’w;

6) Sali’qlar ha’m ji’yi’mlardi’ yesaplap shi’g’ari’w ha’m to’lem ma’selelerin tekseriw ushi’n sali’q organlari’ lawazi’mli’ shaxslardi’n’ da’ramat ali’w ya’ki sali’q sali’w obektlerinin’ saqlani’wi’ menen baylani’sli’ imaratlar ha’m jaylarg’a kiriwine ruxsat beriw;
7) Sali’q organlari’ni’n’ sali’q haqqi’ndag’i’ ni’zam hu’jjetlerin buzi’w jag’daylari’n joq qi’li’w haqqi’ndag’i’ talaplari’n wori’nlaw.

Sali’q to’lewshiler joqari’da ko’rsetilgen ma’jbu’riyatlardan ti’sqari’ basqa ni’zam hu’jjetlerinde wolardi’n’ moyi’nlari’na ju’kletilgen basqa ma’jbu’riyatlardi’ ha’m wori’nlaydi’.

Sali’q to’lewshiler ma’jbu’riyatlari’ni’n’ yen’ tiykarg’i’si’ O’zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 51-statyasi’nda to’mendegishe belgilengen: “Puxaralar ni’zam menen belgilengen sali’qlar ha’m jergilikli ji’yi’mlardi’ to’lewge ma’jbu’r”.

Ni’zamg’a muwapi’q sali’q to’lewshilerden da’ramat(payda) sali’g’i’ (fizikali’q ta’replerden da’ramat sali’g’i’), qosi’msha qun sali’g’i’, akciz sali’g’i’, jer asti’ bayli’qlari’nan paydalang’anli’q sali’g’i’, suw resurslari’nan paydalang’anli’q ushi’n sali’q, mal-mu’lk sali’g’i’, jer sali’g’i’, socialli’q infrastrukturani’ rawajlandi’ri’w ushi’n sali’q ha’m basqa ji’yi’mlar wo’ndiriledi.

Sali’q to’lewshilerdin’ yen’ tiykarg’i’ ma’jbu’riyatlari’ si’pati’nda to’leytug’i’n sali’qlari’ O’zbekistan Respublikasi’ ni’zam hu’jjetleri, ma’mlekettin’ jergilikli ha’kimiyat organlari’ qararlari’ menen belgilengen ha’m wolar ta’repinen aymaqti’ social-ekonomikali’q rawajlandi’ri’w ushi’n wo’z wa’killikleri shen’berinde paydalani’ladi’.

Fizikali’q ta’replerdin’ sali’q qatnasi’qlari’ndag’i’ ma’jbu’riyatlari’ wolardi’n’ ji’ni’si’, rasasi’, milleti, tili, dini, socialli’q kelip shi’g’i’wi’na qaramastan ten’ huquqta wori’nlani’wi’ lazi’m. Yuridikali’q ta’rep statusi’ndag’i’ sali’q to’lewshilerdi sali’qqa tarti’w ha’m mu’lkshilik formasi’na qaramastan ni’zamda belgilengen ma’jbu’riyatlar aldi’nda ten’lik principlerine muwapi’q a’melge

asi'ri'ladi'. Usi'g'an muwapi'q ma'mleketlik sali'q xi'zmeti organlari' sali'q to'lewshi yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repler ta'repinen sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda belgilengen ma'jbu'riyatlardi'n' wori'nlani'wi'n ta'miyinlewshi ta'rtiplerge a'mel yetiliwin qadag'alaydi'.

Sali'qlar ma'jbu'riy to'lemler formasi'nda sali'q to'lewshiler ta'repinen to'lengennen son' ma'mleket byudjeti qurami'na wo'tedi. To'lengen sali'qlar yesesine sali'q to'lewshi yuridikali'q ya'ki fizikali'q ta'repler ma'mleketten hesh qanday ma'teriyalli'q ma'p almaydi', sali'q to'lemleri qaytari'lmaydi'. Sali'q to'lewshilerdin' ma'jbu'riyati' si'pati'nda to'lengen sali'qlardi'n' mine usi' principleri (yag'ni'y ma'jbu'riylik ha'm qaytari'lmasli'q)ne muwapi'q sali'qti'n' qadag'alaw ta'riypin to'mendegishe tu'sindiriw mu'mkin.

Sali'q to'lewshi ma'mleket byudjetine to'lengen sali'qlardan pu'tinley ma'pdar yemes dep ayti'w natuwri'. Sali'q to'lewshiler ja'miyettin' ba'rshe basqa ag'zalari' si'yaqli' uli'wma socialli'q jamg'arma si'pati'nda byudjet qarji'lari'ni'n' qayta bo'listiriliwi ha'm wolardi'n' socialli'q maqsetlerge sari'plani'wi' na'tiyjesinde yel qatari' payda bolatug'i'n ma'mleket zatlari'nan ma'pdar boladi'.

O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'nda sali'q to'lewlerdin' ma'jbu'riyligi ha'm ma'mlekettin' sali'qlar yesabi'nan byudjet mu'ta'jliklerin qandi'ri'w subektiv huquqi' kepilliklengen.

Sonday-aq, ma'mleket byudjeti mu'tajliklerinen kelip shi'qqan halda jobalasti'ri'lg'an qarji'ni' ji'ynawda qanday sali'q tu'rlerin a'melge kiritiw, wolardi'n' sali'q stavkalari'n belgilew, sali'q to'lewshiler qurami'n qa'liplestiriw, sali'q obektleri, to'lew ta'rtipleri, mu'ddetleri ha'm woni'n' ma'mleket qadag'alawi'n sho'lkemlestiriw ilajlari'n wo'z ishine alg'an sali'qqa tarti'w sistemasi ha'm woni'n' xi'zmet mexanizimi jarati'lg'an. Bul ma'sleleni sheshiw wa'killigi O'zbekistan Respublikasi' Oliy Ma'jlisi, Ministrler Kabineti, Ma'mleketlik sali'q komiteti, Finans wa'zirligi ha'm Prokuratura si'yaqli' ma'mleketlik sho'lkemlerge berilgen. Oliy Ma'jlis sali'q tu'rlerin a'melge kiritedi, Ma'mleketlik sali'q komiteti ha'm Finans wa'zirligi birge islesiwinde

sali'qlardi'n' mug'darli'q prognoz ko'rsetkishlerin belgileydi, Ministrler Kabineti ma'mleket sali'q xi'zmeti xi'zmetin quramalasti'ri'w wazi'ypalari'n belgileydi, sali'q xi'zmetinin' to'mengi organlari' bolsa sali'q ni'zamshi'li'g'i'na a'mel qi'li'ni'wi'n qadag'alaydi' ha'm Prokuratura qasi'ndag'i' sali'qqa tiyisli ji'nayatlarg'a qarsi' gu'resiw departamenti ja'rdeminde sali'q to'lemlerinen bas tarti'w, jasi'ri'n xi'zmet na'tiyjesinde ma'mleket byudjetine jetkizilgen zi'yandi' wo'ndiriw islerin payda yetedi. Usi' ta'rtipte birden-bir sali'qqa tarti'w sistemasi payda boladi'. Sali'q sistemasi'ni'n' xi'zmeti Prezident pa'rmanlari', Oliy Ma'jlis ha'm Ministrler Kabinetinin' qararlari', Ma'mleket sali'q komitetinin' ra'smiy hu'jjetleri, O'zbekistan Respublikasi' sali'q kodeksi, Ma'mleketlik sali'q xi'zmeti haqqi'ndag'i' Ni'zam, xojali'q subektleri xi'zmetinin' ma'mleket qadag'alawi'na tiyisli ni'zamlar, ha'kimshilik juwapkerlik haqqi'ndag'i' kodeks ha'm ji'nayat kodeksi normalari' menen ta'rtipke sali'nadi'. Ma'mlekettin' sali'q ali'w subektiv huquqi' ha'm sali'q to'lewshilerdin' sali'q to'lemleri boyi'nsha yuridikali'q ma'jbu'riyatlari' payda boladi' ha'm sali'qqa tarti'w qatnasi'qlari' shen'berinde a'mel qi'ladi'.

Sali'qqa tarti'w qatnasi'qlari' sali'q sistemasi'ni'n' yen' a'hmiyetli quramli'q bo'limi boli'p, sali'q to'lewshiler xi'zmetin ha'm sali'q ni'zamshi'li'g'i'ni'n' wori'nlani'wi'n qadag'alaw wa'killigi berilgen sali'q xi'zmeti organlari', Prokuratura qasi'ndag'i' "Sali'qqa tiyisli ji'nayatlarg'a qarsi' gu'resiw" departamenti ha'm sali'q to'lewshiler wortasi'ndag'i' sali'q to'lemleri menen baylani'sli' ma'jbu'riyatlardan kelip shi'g'i'wshi' alternativ huquqlar ji'yi'ndi'si'ni'n' talaplari'nan ibarat. Ma'selen, qadag'alaw wa'killigi berilgen sali'q organlari' ma'mleket wa'kili si'pati'nda sali'q to'lewshiler xi'zmetin tekseriw huquqi'na iye. Wo'tkiziletug'i'n tekseriwler sali'q to'lemlerinin' sali'q to'lewshiler ta'repinen g'a'rezsiz yesap-kitap qi'li'ni'p, tiyisli to'lemlerdin' ma'mleket byudjetine wo'tkiziliwin ni'zam shen'berinde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'anli'g'i'n ani'qlawg'a qarati'ladi'. Demek, sali'qqa tiyisli qadag'alaw obekti sali'qlardi'n' ma'mleket byudjetine to'leniwi menen juwmaqlanadi'. Mine

usi’ pikirler tiykari’nda sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ qag’i’ydasi’n to’mendegishe tu’sindiriw mu’mkin:

Sali’q to’lewshilerdin’ ma’jbu’riyatlari’ ha’m bul ma’jbu’riyatlardi’n’ wori’nlani’wi’ boyi’nsha ma’mleket qadag’alawi’ wa’killigi berilgen juwapkerli sho’lkemler wortasi’ndag’i’ “Sali’qlar-ma’mleket byudjeti da’ramatlari’” balansi’n ta’miyinlewshi ilajlar sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ dep ataladi’.

Sali’q to’lewshilerdin’ ma’jbu’riyatlari’na muwapi’q ha’r bir sali’q to’lewshi sali’q ni’zamshi’li’g’i’nda belgilengen ha’m moyni’na ju’kletilgen ba’rshe ma’jbu’riyatlar ji’yi’ndi’si’n qoyi’lg’an talaplarg’a a’mel qi’lg’an halda wori’nlawi’ lazi’m. Bul ma’jbu’riyatlardi’n’ atqari’w sistemasi’ sonday du’zilgen, sali’q to’lewshi sali’q qatnasi’qlari’nda ko’zde tuti’lg’an ilajlardi’ ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’ ta’repinen qadag’alaw tekseriwleri wo’tkizilgenge shekem wori’nlawg’a ma’jbu’r. Sali’q to’lewshi sali’q qatnasi’qlari’ shen’berinde wo’z xi’zmetin baslawi’ menen belgilengen ta’rtip qag’i’ydalarg’a ko’re, ma’mleket sali’q xi’zmeti organlari’na mu’rajat qi’li’p, dizimnen wo’tiwi lazi’m. Sali’q to’lewshi ra’smiy xi’zmetinin’ baslani’wi’ sali’q qatnasi’qlari’ni’n’ huquqi’y ku’shke kirgenliginen derek beredi ha’m usi’ ku’nnen baslap ma’mleket byudjetine tiyisli sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemler g’a’rezsiz ra’wishte yesaplani’p, sali’q ni’zamshi’li’g’i’nda ko’zde tuti’lg’an mu’ddetlerde to’lenip turi’wlari’ sha’rt.

Sali’q to’lewshi yuridikali’q ya’ki fizikali’q ta’repten talap qi’li’natug’i’n a’meller negizi ma’mleket ta’repinen belgilengen boli’p, ma’mleket byudjeti ma’pleri menen xarakterlenedi. Ma’mleket social-ekonomikali’q bag’darlari’ni’n’ wori’nlani’wi’n ta’miyinlew boyi’nsha belgilengen ilajlar qanshelli qatan’ bolsa, woni’n’ menen tuwri’dan-tuwri’ baylani’sli’ bolg’an ha’m sali’q ni’zamshi’li’g’i’ shen’berinde wori’nlanatug’i’n jumi’slar da ma’mleket ta’repinen sonshelli qatan’ ta’rtipte belgilengen. Yag’ni’y, wolardi’n’ sali’q to’lewshiler sha’rayatlari’na, wo’z hali’na maslasti’ri’lg’an ta’rtipte yemes, ba’lki ma’mleket ta’repinen ta’n ali’ng’an, sali’q ni’zamshi’li’g’i’nda belgilengen ta’rtip-qag’i’ydag’a a’mel qi’li’ng’an halda wori’nlani’wi’ talap qi’li’nadi’.

Sali’q ni’zamshi’li’g’i’ ha’m sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ ma’jbu’riyatlari’ni’n’ atqari’wi’n ta’miyinlew ushi’n sali’q to’lewshiler ma’mleket talap qi’latug’i’n to’mendegi 3 a’meldi wori’nlawlari’ lazi’m:

1) Xojali’q subekti ta’repinen sali’qqa tarti’latug’i’n obektlerdi ani’qlaw;
2) Ma’mleket byudjetine wo’tkiziletug’i’n sali’q swmmasi’n g’a’rezsiz yesaplap shi’g’ari’w;
3) Sali’qlardi’ to’lew.

Sali’q to’lewshi ta’repinen wori’nlanatug’i’n ha’r bir a’mel sali’q to’lewshilerdin’ taypasi’na qarap belgilengen ta’rtipte wori’nlanadi’. Ma’selen, yuridikali’q statustag’i’ sali’q to’lewshiler ma’mleket byudjetine to’lenetug’i’n sali’q to’lemlerin wo’zlerinin’ finansli’q-xojali’q xi’zmetleri na’tiyjelerinen kelip shi’g’i’p yesaplaydi’ ha’m byudjetke to’leydi. Sali’q to’lewshi taypalari’ boyi’nsha sali’qqa tarti’w a’mellerinin’ wori’nlani’wi’n kestede to’mendegishe ko’rsetiw mu’mkin.

<table>
<tr><td rowspan="2">Sali’q to’lewshiler taypalari’</td><td colspan="3">Sali’qqa tarti’wdi’n’ ma’jbu’riy wori’nlanatug’i’n a’melleri</td></tr>
<tr><td>Sali’qqa tarti’latug’i’n obektlerdi ani’qlaw ta’rtibi</td><td>Sali’q swmmasi’n yesaplap shi’g’ari’w ta’rtibi</td><td>Ma’mleket byudjetine sali’q to’lew ta’rtibi</td></tr>
<tr><td>Yuridikali’q ta’repler<br>Fizikaliq ta’repler<br>a)jergilikli sali’q to’lewshi puxaralar<br>b)isbilermenler</td><td>G’a’rezsiz ra’wishte<br>Ma’mleketlik sali’q organi’ ta’repinen<br>Deklaraciya tapsi’ri’w</td><td>G’a’rezsiz ra’wishte<br>Ma’mleketlik sali’q organi’ ta’repinen<br>Ma’mleketlik sali’q organi’ ta’repinen</td><td>G’a’rezsiz ra’wishte<br>G’a’rezsiz ra’wishte<br>Ya’ki ushastka sali’q inspektori ta’repinen<br>G’a’rezsiz ra’wishte</td></tr>
</table>

| | | | |
|---|---|---|---|
| v) tiykarg'i' jumi's worni'nan basqa derekten da'ramat ali'wshi'lar | Deklaraciya tapsi'ri'w | Ma'mleketlik sali'q organi' ta'repinen | G'a'rezsiz ra'wishte |

Sali'q to'lewshilerdin' sali'qqa tarti'w a'mellerine tiyisli ma'jbu'riyatlari'ni'n' qurami' ha'm wolardi'n' wori'nlani'wi'n xarakterlewshi joqari'da keltirilgen kestedegi mag'li'wmatlardan ko'rinip turg'ani'nday, sali'qqa tarti'w a'melleri O'zbekistan Respublikasi' Sali'q Kodeksinde belgilengenindey, sali'q to'lewshiler moyni'na toli'q ju'kletilmegen.

Yuridikali'q statusqa iye sali'q to'lewshiler g'ana sali'qqa tarti'w menen baylani'sli' ba'rshe a'mellerdi g'a'rezsiz wori'nlaydi'. Sol ta'repten yuridikali'q ta'replerge ten'lese alatug'i'n, ha'zirgi waqi'tta kishi ha'm worta biznestin' rawajlani'wi'na ken' imkaniyatlar jarati'lg'ani' inabatqa ali'nsa, jaqi'n keleshekte sali'q to'lewshilerdin' tiykarg'i' bo'limin payda qi'li'wi' mu'mkin bolg'an fizikali'q ta'repler bolsa sali'qqa tarti'w a'mellerin wori'nlawda sali'qqa tarti'w ushi'n lazi'm bolg'an tiyisli mag'li'wmatlardi' ma'mleket sali'q xi'zmeti organlari'na usi'ni'w menen shegaralanadi'. Bunday jag'daylarda sali'qqa tarti'w a'mellerin wori'nlaw funkciyasi'n ma'mleketlik sali'q xi'zmetinin' arnawli' bo'limleri ya'ki ushastka sali'q inspektorlari' a'melge asi'radi'.

Sali'q ma'jbu'riyati'ni'n' ma'jbu'riy wo'ndiriliwinen maqset- qari'zdardi'n' qa'lewine qaramastan kreditor wo'zinin' ni'zam shen'berinde belgilengen ma'jbu'riy wo'ndiriw usi'li'nan paydalang'an halda qari'zdardan ma'jbu'riyat obektin wo'ndirip ali'wi'nan ibarat. Sali'q ma'jbu'riyati' bunday usi'l menen wo'ndirilgende woni'n' ko'lemi ha'm huquqi'y tiykari' wo'zgermeydi.

Sali'q ma'jbu'riyatlari' zorlap wori'nlani'wi'ni'n' ta'miyinleniwi ma'mlekettin' maqsetli ha'reketler wa'killigi berilgen wa'kili-sali'q organlari'

ta’repinen sali’q subektinin’ razi’li’g’i’na qaramastan a’melge asi’ri’wi’nda ko’rinedi.

Biraq sudtan ti’sqari’ jag’dayda sali’q ma’jbu’riyatlari’n ma’jbu’riy wo’ndiriw ushi’n ma’mleketke tiyisli ba’rshe huquqi’y wa’killikler ha’m tiyisli ni’zam normalari’ shen’berindegi imkaniyatlardi’n’ ma’mleket sali’q organlari’na beriliwi bul mashqalani’n’ respublika ni’zam shi’g’ari’wshi’ organi’ni’n’ konstituciyali’q huquqi’ da’rejesinde muwapi’qlasti’ri’li’wi’nan kelip shi’g’adi’. Buni’ sonday tu’siniw kerek, sali’q ma’jbu’riyatlari’n ma’jbu’riy wo’ndiriw menen baylani’sli’ hu’jjetli tekseriw wo’tkiziw, ma’jbu’riy to’lenetug’i’n sali’qlar ha’m basqa to’lemler mug’dari’n yesap-kitap qi’li’p ani’qlaw lazi’m bolg’an jag’daylarda sorasti’ri’w jumi’slari’n wo’tkiziw siyaqli’ ilajlar sali’q organlari’na berilgen wa’killikten paydalang’an halda a’melge asi’ri’ladi’. Biraq ma’jbu’riy wo’ndiriletug’i’n sali’q ma’jbu’riyatlari’ni’n’ atqari’wi’ tek sud qarari’ menen wori’nlani’wi sha’rt. Bul qatan’ qag’i’yda ni’zam ta’rzinde O’zbekistan Respublikasi’ Sali’q Kodeksinide to’mendegishe tu’sindirilgen:

“Fizikali’q ta’replerden sali’qlar ha’m ji’yi’mlar boyi’nsha (qari’zdarlardi’)boqimandalardi’ ha’mde to’lenbegen ja’riymalardi’ wo’ndiriw sudti’n’ qarari’ tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’”.

Yuridikali’q ta’replerden sali’qlar ha’m ji’yi’mlar boyi’nsha (qari’zdarlardi’)boqimandalardi’, sonday-aq finansli’q ja’riyma ha’m penyani wo’ndiriw sali’q organlari’ ta’repinen a’melege asi’ri’ladi’.

### 8.1.4. Sali’q to’lewshilerdi qorg’aw huquqlari’

Sali’q to’lewshilerdin’ huquqlari’ wolardi’n’ ne maqsette beriliwi, ta’sir qi’li’wshi’ ko’lemi ha’m qaysi’ da’rejedegi ra’smiy hu’jjetlerde dizimge ali’ni’wi’na qarap bir neshe taypag’a bo’linedi. O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’nda, Puxarali’q ha’m Miynet Kodekslerinde belgilengen huquqlarda tuwri’dan-tuwri’ xojali’q subekti xi’zmeti menen baylani’sli’ huquqlar sali’q to’lewshilerge de tiyisli. Sali’qlar ha’m sali’qqa tarti’w

qatnasi'qlari'na tiyisli ni'zam normalari'nda berilgen huquqlar sali'q to'lewshilerdin' tuwri'dan-tuwri' xi'zmeti shen'berinde ta'sir ko'rsetedi. O'zbekistan Respublikasi' ma'mleketlik sali'q xi'zmeti ha'm xojali'q ju'ritiwshi subektler xi'zmetinin' ma'mleket ta'repinen qadag'alaw haqqi'ndag'i' ni'zamlarda sali'q to'lewshiler xi'zmetin qadag'alaw wa'killigi berilgen sho'lkemler de sali'q xi'zmeti organlari'ni'n' ma'jbu'riyatlari'nan kelip shi'g'i'wshi' sali'q to'lewshilerdin' huquqlari' bar, wolar tikkeley yemes formasi'nda huquqlar qurami'na kiredi. Sali'q to'lewshiler tuwri'dan-tuwri' huquqlardan wo'z xi'zmetlerinin' yesabat da'wirinde paydalani'wlari' mu'mkin. Qosi'msha huquqlardan bolsa qadag'alawshi' organlar, ma'mleketlik sali'q organlari' ta'repinen sho'lkemlestiretug'i'n tekseriw ha'm tekseriw menen baylani'sli' ilajlar processinde lazi'm bolg'an jag'daylarda g'ana paydalani'ladi'. Sali'q to'lewshiler tiyisli sali'q organlari'nda dizimnen wo'tken ku'nnen baslap sali'qqa tarti'w obektine aylanadi', demek, wolar sali'qqa tarti'w qatnaslari'na tiyisli ni'zam normalari'nan yag'ni'y huquqlardan toli'q paydalani'w imkaniyati'na iye boladi'. Sali'q to'lewshi xi'zmet ju'ritiwshi xojali'q subekti bolg'anlig'i' sebepli wolardi'n' mal-mu'lki, jeri, transport qurallari' ha'm basqa sali'q obektlerine muwapi'q ra'wishte sali'q qatnasi'qlari' qa'liplesedi. Wo'z ma'nzilindegi jergilikli ha'kimiyat ha'm basqari'w mekemeleri ta'repinen ma'mleket diziminen wo'tken, yuridikali'q ya'ki fizikali'q ta'rep si'pati'nda, mu'lkshilik huquqi' ya'ki xojali'qti' toli'q ju'ritiw huquqi' boyi'nsha wo'zine qarasli' mal-mu'lkten paydalani'w tiykari'nda wo'nim islep shi'g'arataug'i'n ya'ki satatug'i'n ya'ki wo'nimdi ayi'rbaslaytug'i'n, jumi'slardi' wori'nlaytug'i'n, xi'zmet ko'rsetetug'i'n, mu'lkshiliktin' ba'rshe formalari' ten' huquqli'li'g'i' sha'rayati'nda a'meldegi ni'zamlarg'a muwapi'q wo'z xi'zmetin ju'zege shi'g'aratug'i'n g'a'rezsiz xojali'q ju'ritiwshi subekt konstituciyali'q huquqqa iye bolg'an ra'smiy sali'q to'lewshi yesaplanadi'. Sali'q ni'zamshi'li'g'i'nda ko'rsetilgen huquqi'y normalar sali'q to'lewshilerge tuwri'dan-tuwri' ya'ki qosi'msha wa'killik beriwshi huquqlarg'a bo'linedi. O'zbekistan Respublikasi' Sali'q kodeksinde sali'q to'lewshilerdin' huquqlari' si'pati'nda ani'q maqsetke

qarati'lg'an tuwri'dan-tuwri' huquq normalari' belgilengen. Sali'q tarawi'ndag'i' huquqi'y juwapkerlik-bul sali'q ni'zamlari'n buzg'anli'g'i' ushi'n to'mendegi ma'mleket ma'jbu'rlewin qollani'w yesaplanadi':Sali'q tarawi'ndag'i' huquqi'y juwapkerlik –bul sali'q ni'zamlari'n buzg'anli'g'i' ushi'n ma'mleket ma'jbu'rlewin qollani'w yesaplanadi':




Sali'q to'lewshilerdin' huquqlari' ma'mleket ta'repinen kepillengen. Ma'selen, sali'q to'lewshi wo'z xojali'q xi'zmetin ha'm wo'zge xi'zmetti a'melge asi'ri'w waqti'nda wo'z baslamasi' menen a'meldegi ni'zamlarg'a qayshi' kelmeytug'i'n ha'r qanday qararlardi' qabi'l qi'li'wg'a, yag'ni'y sali'qqa tarti'w qatnasi'qlari'na tiyisli ilajlardi' payda qi'li'wg'a haqli'. Ha'zirgi waqi'tta sali'q to'lewshiler ta'repinen tekseriwlerdi dizimge ali'w da'pterinin' payda

qi’li’ni’wi’ bug’an mi’sal bola aladi’. Ma’mleketlik sali’q organlari’ ya’ki basqa mekemeler wo’z wa’killiklerine ya’ki ni’zam talaplari’na mas kelmeytug’i’n, sali’q to’lewshilerdin’ huquqlari’n inabatqa almaytug’i’n sali’q qatnasi’qlari’na tiyisli hu’jjetler qabi’l qi’li’ng’an waqi’tta sali’q to’lewshiler bunday hu’jjetlerdi haqi’yqi’y yemes, dep tu’sindiriw haqqi’nda tiyisli sudqa mu’ra’jat qi’li’wg’a haqli’ yesaplanadi’.

Sali’q to’lewshi, woni’n’ huquqi’n buzg’an ma’mleketlik sali’q organi’nan ya’ki basqa qadag’alaw wa’killigi berilgen sho’lkemlerden berilgen wolardi’n’ ko’rsetpelerin wori’nlaw na’tiyjesinde, sonday-aq bunday mekemeler ya’ki wolardi’n’ ma’pdar shaxslari’ ta’repinen, sali’q to’lewshige qarag’anda sali’q ni’zamshi’li’gi’nda ko’zde tuti’lg’an wazi’ypalardi’ tiyislisinshe a’melge asi’ri’lmag’anli’qlari’ aqi’betinde, sali’q to’lewshi xi’zmetine jetkizilgen zi’yandi’ wo’ndirip ali’w huquqi’na iye. Yendi sali’q to’lewshiler ushi’n belgilengen tuwri’dan-tuwri’ huquqlardi’n’ teoriyali’q mag’li’wmati’n ko’rip shi’g’ami’z.

Sali’q to’lewshinin’ sali’q organlari’nan sali’q haqqi’ndag’i’ ni’zam hu’jjetleri ma’seleleri boyi’nsha informaciya ha’m ma’slaha’tler ali’w huquqi’.

Sali’qlar ha’m sali’qqa tarti’w qatnasi’qlari’ni’n’ yen’ a’hmiyetli ta’repleri sali’q to’lewshilerdi sali’q ni’zamshi’li’g’i’na tiyisli bolg’an tuwri’rag’i’ sali’q to’lemleri menen baylani’sli’ ni’zamlar, ta’rtip-qag’i’ydalar, ko’rsetpeler, Ma’mleketlik sali’q komitetinin’ ra’smiy hu’jjetleri menen wo’z waqti’nda ta’miyinleniwi yesaplanadi’. Sali’q organlari’ni’n’ sho’lkemlestiriwshilik isler bo’limleri arqali’ tiyisli ba’rshe ra’smiy hu’jjetler sali’q to’lewshilerge jetkiziledi.

Finansli’q jaza sharalari’ to’mendegilerden ibarat sali’q to’lew ni’zamlari’n buzg’anli’g’i’ ushi’n ko’riletug’i’n finanasli’q, ha’kimshilik ya’ki ji’nayi’y shara.




Sali'q to'lemeslik jag'dayi'nda qollani'latug'i'n jaza sharalari' sali'q to'lewden bas tartqan, jalpi' da'ramati' bar bolg'an sali'q to'lewshilerge yengiziledi.

Sali'q to'lemlerin to'lewden bas tarti'w-sali'q to'lenetug'i'n da'ramat ya'ki basqa obektlerdi qastan jasi'ri'lg'an, kemeyttirip ko'rsetken, sonday-aq ma'mleket ta'repinen belgilengen sali'qlardi', ji'yi'mlardi', baj ya'ki basqa to'lemlerdi to'lemegen lawazi'mli' shaxslar ya'ki fizikali'q ta'repler ushi'n ni'zamda belgilengen ayi'pnama. Sali'qlardi' to'lewden bas tarti'w ma'mleket ekonomikasi'na zi'yan keltiredi. Bul ji'nayatti'n' obekti ma'mleket finans xi'zmeti tarawi'nda a'mel qi'latug'i'n socialli'q qatnasi'qlar.

Ji’nayat izleri ani’qlang’an jag’daylarda ha’kimshilik a’meliyat bo’limi ta’repinen tekseriw hu’jjetleri da’rhal tiyisliligi boyi’nsha belgilengen ta’rtipte, yag’ni’y O’zbekistan Respublikasi’ Ma’mleketlik sali’q Komitetei ha’m O’zbekistan Respublikasi Prokuraturasi’ qasi’ndag’i’ sali’qqa tiyisli ji’nayatlarg’a qarsi’ gu’resiw departamentinin’ 2001-ji’l 10-sentyabr ku’nindegi 2001-94-1|4-2001-sanli’ “Sali’qqa baylani’sli’, ekonomikali’q ya’ki basqa ji’nayatlar haqqi’ndag’i’ hu’jjetlerdi ra’smiylestiriw ha’mde O’zbekistan Respublikasi’ Prokuraturasi’ qasi’ndag’i’ sali’qqa tiyisli ji’nayatlarg’a qarsi’ gu’resiw Departamenti organlari’na jiberiw ta’rtibi haqqi’nda”g’i’ qospa ko’rsetpesi talaplari’na ko’re Departamenttin’ aymaqli’q bo’limine jiberedi.

Ma’mlekettin’ sali’q ali’w menen baylani’sli’ xi’zmetin sali’q to’lewshilerdin’ da’ramat ali’wi’na qarati’lg’an ya’ki tuti’ni’wshi’li’q xi’zmeti na’tiyjelerinen ni’zamli’ turde qanaatlani’wshi’ subekttin’ xi’zmet formasi’ dep qaraw mu’mkin. Soni’n’ ushi’n sali’q to’lewshi mu’lkinin’(da’ramati’ni’n’) sali’q ni’zamshi’li’g’i’ menen belgilengen bo’limi ma’mleket byudjeti paydasi’na ali’ng’anda ma’mleket wo’zinin’ ni’zamli’ sali’q ali’w huquqlari’ni’n’ wori’nlani’wi’n ta’miyinleydi, sali’q to’lewshi bolsa wo’zinin’ konstituciyali’q wazi’ypasi’ bolg’an, ni’zam tiykari’nda belgilengen sali’q to’lemlerin a’melge asi’radi’. Bunnan juwmaq sonda, menshiklestirilgen mu’lkkke tiykarlang’an ra’smiy xi’zmet na’tiyjeleri ma’mleket ha’m ja’miyet ma’plerin finansli’q ta’repten qollap-quwatlaw deregi boli’p xi’zmet qi’ladi’. Sebebi “O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ mu’lkshilik haqqi’nda”g’i’ Ni’zami’ni’n’ (1990-ji’l 31-oktyabr) 8-statyasi’na muwapi’q jeke mu’lk da’ramat ali’w maqsetinde mu’lkke iyelik qi’li’w, wonnan paydalani’w ha’m woni’ menshiklestiriw huquqi’n ko’rsetedi. Ha’r qanday formadag’i’ jeke mu’lk mu’lkdardi’n’ tuwri’dan-tuwri’ islep shi’g’ari’w processinde wo’z miynetinen paydalani’wi’ ya’ki jallanba miynetti qollawli’na tiykarlanadi’.

Sali’q to’lewshi sali’q organlari’ ya’ki basqa ma’mleket organlari’ ta’repinen wo’tkizilgen tekseriwler na’tiyjesinde qosi’msha yesaplang’an sali’qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi ni’zamsi’z yesaplasa, bul jag’daydi’ sali’q

to’lewshinin’ huquqi’n buzg’an jag’dayda woni’n’ tiykarg’i’ mu’lkine qi’li’ni’wi’ mu’mkin bolg’an ni’zamsi’z basqi’nshi’li’q sanap, mu’lkiy huquq qorg’alatug’i’n ni’zam normalari’na mu’ra’jat qi’li’p, wo’zinin’ mu’lkiy huquqi’n qorg’awi’ lazi’m. Bul haqqi’nda mu’lkshilik haqqi’ndag’i’ Ni’zamni’n’ 38-statyasi’nda mu’lkiy huquqti’n’ qorg’ali’wi’ boyi’nsha “Mu’lkdar wo’z huquqi’ni’n’ ha’r qanday buzi’li’wlari’n joq yetiwdi talap qi’li’wi’ mu’mkin”

Sali’q to’lewshi xojali’q subektlerine qarag’anda sali’q organlari’ qa’niygeleri ta’repinen jol qoyi’lg’an ni’zamg’a qarsi’ ha’reketler boyi’nsha narazi’li’q bildiriwlerinin’ 3 huquqi’y bag’dari’ bar. O’zbekistan Respublikasi’ Sali’q Kodeksinde belgilengenindey, birinshisi, tekseriwlerdin’ na’tiyjelerinen narazi bolg’an jag’dayda sali’q organi’na jazba pikir bildiriw, yekinshisi joqari’ sali’q organlari’na shikayat qi’li’w, u’shinshisi sudqa mu’ra’jat qi’li’w.

Biraq sali’q to’lewshi bunday izbe-izlikke a’mel qi’li’w sha’rt yemes. Bul 3 huquqi’y imkaniyatti’n’ qa’legeninen paydalani’p shikayat qi’li’wi’ mu’mkin.

Huquqti’ qorg’awshi’ organlar menen qatnasi’qlardi’ qa’liplestiriwde, to’mendegi aytarli’ qi’yi’n bolmag’an biraq jeterli da’rejede na’tiyjeli yesaplang’an ta’rtip qag’i’ydalarg’a a’mel qi’li’wi’ lazi’m.

Birinshi qag’i’yda sali’q to’lewshiler menen sali’q organlari’ wortasi’ndag’i’ qatnasi’qlar qatan’ ra’smiylesken halda qa’liplesiwi maqsetke muwapi’q. Basqasha aytqanda, sali’q to’lewshinin’ ha’r bir ra’smiy qatnasi’g’i’ a’lbette jazba ra’wishte wori’nlani’wi’ sha’rt. Sali’q to’lewshi wo’z huquqlari’n qorg’aw ya’ki sali’q to’lemleri boyi’nsha a’meliy ma’slahat ali’w, qanday maqsetti go’zlegenine qaramastan wolardi’n’ talap qi’li’ni’p ati’rg’an huquqi’y mu’ta’jliklerge tiykarlang’an halda ni’zamli’ usi’ni’s yetiliwi ma’sele sheshiminin’ an’sat sheshiliwin ta’miyinleydi.

Sali’qqa tarti’w ni’zamshi’li’g’i’ ha’m woni’n’ tiykarg’i’ ni’zamlari’nan biri bolg’an O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik sali’q xi’zmeti haqqi’ndag’i’ Ni’zami’ sali’q to’lewshiler menen tuwri’dan-tuwri’ islewde, sali’q qa’niygelerinin’ ha’reketleri boyi’nsha qadag’alaw islerin ali’p bari’wda sali’q to’lewshiler huquqlari’n toli’q inabatqa ali’w si’yaqli’ qatar ma’jbu’riyatlardi’

ko'zde tutadi', wolar sali'q to'lewshilerdin' ha'r ta'repleme qorg'alatug'i'ni'nan derek beredi. Ma'selen, sali'q to'lewshinin' sali'q ni'zamshi'li'g'i'na a'mel qi'li'wi' u'stinen qadag'alawg'a tiyisli usi'ni's yetilgen ha'r qanday hu'jjet belgilengen ta'rtipte sali'q organlari' ta'repinen ra'smiylestirilgen boli'wi' lazi'm. Yag'ni'y, hu'jjet mu'yesh shtampi' basi'li'p dizimnen wo'tkizilgenligi haqqi'nda belgi ha'm sa'ne qoyi'lg'an, respublika gerbi menen belgilengen mo'r basi'lg'an ha'm sali'q organi'ni'n' basli'g'i' ta'repinen qol qoyi'li'p lawazi'mli' shaxsti'n' familiyasi' toli'q ha'm ati' a'kesinin' ati' bas ha'ripleri ani'q jazi'lg'an waqi'tta g'ana ra'smiy hu'jjet yesaplanadi'. Usi' talaplarg'a juwap bermeytug'i'n hu'jjetler ra'smiy hu'jjet bola almaydi'. Sali'q to'lewshi sali'q organlari' ta'repinen belgilengen ta'rtipte ra'smiylestirilmegen hu'jjetler usi'ni's yetilgende bunday hu'jjetlerde qoyi'lg'an talaplardi' ni'zamsi'z yesaplap, woni' wori'nlamawg'a haqi'li'.

Wo'z worni'nda sali'q to'lewshiler ta'repinen sali'q organlari'na usi'ni's yetiletug'i'n hu'jjetlerdin' ra'smiylestiriliwine ha'm sonday qatan' talaplar qoyi'lg'an. Ma'mleket mekemeleri ushi'n belgilengen ha'kimshilik is ju'ritiw ta'rtiplerine toli'q a'mel qi'li'ng'an halda tayarlang'an ha'm ra'smiylestirilgen hu'jjetler g'ana sali'q organlari' ta'repinen so'zsiz qabi'l qi'li'nadi'. Sali'q to'lewshinin' yesabati', arzasi', shikayati', sorawnamasi', ya'ki usi'g'an uqsas xat-xabarlari' sali'q organlari' ta'repinen qabi'l qi'li'ng'anli'g'i'n tasti'yi'qlawshi' hu'jjet yeki tu'rli ko'riniste boli'wi' mu'mkin. Birinshisi, yeger xat-xabar baylani's xi'zmeti arqali' jo'netilgen bolsa baylani's bo'liminin' bileti tiykar boladi'. Yekinshisi, hu'jjetler sali'q to'lewshinin' isengen wa'kili arqali' usi'ni's yetilgen bolsa hu'jjettin' basqa nusqasi'nda sali'q organi'ni'n' qabi'l qi'li'p alg'an qa'niygesi ta'repinen qol qoyi'lg'an halda qabi'l qi'li'ng'an sa'ne ko'rsetilip belgi qoyi'lg'ani' wolardi'n' ra'smiy qabi'l qi'li'ng'ani'n an'latadi'. Yekinshi qag'i'yda, sali'q to'lewshi wo'zinin' ni'zamli' huquqlari'n qorg'aw menen baylani'sli' hu'jjetlerdi, yesap-kitaplardi', haqi'yqatti' da'liyllewshi basqa ra'smiy is qag'azlari'ni'n' tu'p nusqalari'n hesh qashan sali'q organlari'na, woni'n' lawazi'mli' shaxslari'na yaki qadag'alaw wa'killigi berilgen huquq shen'berinde

buxgalteriya hu'jjetlerinin' tu'p nusqasi' ali'p qoyi'li'wi', bunnan ti'sqari'. Ali'p qoyi'latug'i'n bunday hu'jjet a'lbette tiyisli bayannama menen dizimge ali'ni'wi' lazi'm. Bayannama sali'q to'lewshinin' qanday hu'jjeti, ne sebepli ha'm kim ta'repinen ali'ni'p ati'rg'anli'g'i' ko'rsetiledi. Hu'jjetler toplamnan ibarat bolsa dizimge tu'sirilip, ta'repler lawazi'mli' shaxslari' qol qoyi'lg'anli'g'i'nan son' ali'p qoyi'ladi' ha'm worni'na bul hu'jjetlerdin' nusqalari' qaldi'ri'ladi'.

Sali'q qa'niygelerinin' ni'zamli' talaplari'na muwapi'q finansli'q-xojali'q xi'zmeine tiyisli buxgalteriya hu'jjetleri tapsi'ri'lg'an bolsa, bunday jag'daylarda ba'rshe hu'jjetler reestr dizimine tu'siriledi, hu'jjetler toplami'ni'n' ha'r bir beti nomerlenedi ha'm yeki ta'rep lawazi'mli' shaxslari' tapsi'ri'lg'anli'q ha'm qabi'l qi'li'ni'p alg'anli'q haqqi'nda qol qoyi'lg'annan son' sali'q organi'ni'n' juwapker qa'niygesine tapsi'ri'ladi'. Yeger sali'q to'lewshi ta'repinen usi'ni's yetiletug'i'n hu'jjetlerde si'r saqlani'wi' lazi'm bolg'an hu'jjetlerdi, yag'ni'y qabi'l qi'li'ng'anli'g'i' haqqi'nda belgi qoyi'lg'an yesabatlardi', deklaraciyalardi' ha'r qanday jag'dayda ha'm qadag'alawshi'larg'a bermeslik da'rkar. Bunday hu'jjetler sali'q organlari'na wo'z waqti'nda tapsi'ri'lg'anli'g'i'n tasti'yi'qlawshi' sonday belgi birden-bir tiykar wazi'ypasi'n wori'nlaydi'. Waqti' kelgende bunday hu'jjetlerdin' joqli'g'i' sali'q to'lewshi sali'q ni'zamshi'li'g'i'n buzi'wda ayi'plani'p, wog'an qarag'anda ha'kimshilik ya'ki ji'nayi'y jaza sharalari' ko'riliwine sebep boli'wi' mu'mkin.

U'shinshi qag'i'yda. Sali'q to'lewshi woni'n' xi'zmeti tek sali'q organlari' qa'niygeleri menen so'ylesiwde boli'wdan ibarat yemesligin ba'rqulla yadi'nda tuti'wi' za'ru'r. Sali'q xi'zmeti qa'niygelerinin' wo'z xi'zmet wazi'ypalari shen'berinde sali'q to'lewshiler menen bolatug'i'n tuwri'dan-tuwri' ra'smiy qatnasi'qlari' O'zbekistan Respublikasi' ni'zamshi'li'g'i'nda belgilengen mu'ddette a'melge asi'ri'li'wi' kerek. Sali'q to'lewshi sali'q xi'zmeti qa'niygelerinin' ni'zamda belgilengen ta'rtiplerden shetke shi'g'i'wi'na jol qoymasli'q huquqi'na iye. Bul haqqi'nda usi' metodli'q qollanbani'n' "Sali'q to'lewshiler huquqi'n sali'q xi'zmeti organlari' ha'm wolar lawazi'mli' shaxslari'ni'n' tiykarsi'z ha'reketlerinen qorg'aw" babi'nda toli'q ayti'lg'an.

Usi'ni's yetilgen hu'jjetler ni'zamli'g'i' ani'q bolg'annan son' sali'q to'lewshi yesap-kitap hu'jjetlerin, sali'qqa tarti'wg'a baylani'sli' obektlerdi tekseriwge ruxsat beriwi maqsetke muwapi'q.

To'rtinshi qag'i'yda. Qadag'alawshi' organlar ta'repinen wo'tkizilgen tekseriw na'tiyjelerinen sali'q to'lewshi narazi' bolsa, O'zbekistan Respublikasi' Sali'q kodeksinde berilgen huquqqa muwapi'q tekseriwdi payda qi'lg'an sali'q organi' baslig'i'na jazba arza menen mu'ra'jat qi'li'wi' mu'mkin.

## Wo'zlestiriw bilimin si'nap ko'riw ushi'n qadag'alaw sorawlari'

1. Sali'qqa tarti'w qatnasi'qlari'ni'n' huquqi'y tiykarlari' qanday qa'liplesedi?
2. Sali'q to'lewshi wo'z huquqi'n qorg'aw maqsetinde qanday ta'rtip qag'i'ydalarg'a a'mel qi'li'wi' maqsetke muwapi'q?
3. Sali'qqa tarti'wdi'n' huquqi'y tiykarlari' nelerden ibarat?
4. Sali'q huquqi' nelerden ibarat?
5. Sali'qqa tarti'w ni'zamlari' qashannan baslap shi'qqan?
6. Sali'q to'lewshillerdin' huquqi' nelerden ibarat?
7. Sali'q to'lewshilerdi qorg'awshi' huquqlari'?

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI


**1. O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ Ni’zamlari’, Prezident pa’rmanlari’, Ministrler Kabineti qararlari’, normativ – hu’jjetler.**

1.1.O’zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi.- Toshkent: O’zbekiston, 2005-y.

1.2.O’zbekiston Respublikasining Soliq kodeksi. - Toshkent: Adolat,2008-y.

1.3.O’zbekiston Respublikasining Soliq kodeksi. 2013 yil.

1.4.O’zbekiston Respublikasining “Davlat soliq xizmati to’g’risida”gi Qonuni.//Xalq so’zi,29-avgust 1997-y.

1.5.O’zbekiston Respublikasining Prezidentining “O’zbekiston Respublikasining 2015-yilgi asosiy makroiqtisodiy ko’rsatkichlari prognozi va davlat byudjeti parametrlari to’g’risida”gi PQ-2270-sonli Qarori, 2014- yil 4-dekabr.

**2. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ miynetleri**

2.1. “Yangilanish va barqaror taraqqiyot yo’lidan yanada izchil harakat qilish, xalqimiz uchun farovon turmush sharoiti yaratish - asosiy vazifamizdir”. O’zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning 2006-yilda mamlakatda ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirish yakunlari va 2007-yilda iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirishning eng muhim ustuvor yo’nalishlariga bag’ishlangan Vazirlar Mahkamasi majlisidagi ma’ruzasi. // Xalq so’zi. -2007-yil fevral.

2.2. “Inson manfaatlari ustuvorligini ta’minlash - barcha islohot va o’zgarishlarimizning bosh maqsadidir”. O’zbekiston Respublikasi Prezidenti Islom Karimovning 2007-yilda mamlakatda ijtimoiy-iqtisodiy rivojlantirish yakunlari va 2008-yilda iqtisodiy islohotlarni chuqurlashtirishning eng muhim ustuvor yo’nalishlariga bag’ishlangan Vazirlar Mahkamasi majlisidagi ma’ruzasi. // Xalq so’zi. -2008-yil 9-fevral.

## 3. Kitaplar

3.1. Xvan.L.B.Soliq huquqi.-T.:Konsauditinform,2001.432 b.

3.2. Черник Д. Г. Налоги в рыночной экономике . «Финансы» ,1992,№3 с.19.

3.3. Юткина Т.Ф. Налоги и налогооблажение: Учебник. 2-е изд., перераб. I доп. –М.: INFRA-M,2002.-576 s.

3.4. Yahyoev.Q.A.Soliqqa tortish nazaruyasi va amaliyoti.-T.: Fan va texnologiyalar markazi, 2003. -247 b.

## 4. Jurnaldag'i' maqalalar ha'm konferenciya materiallari'

4.1.Гасанлы М.Х. Налоги как источник экономической динамики общественных систем: Макаров Д.Г. Уголовный кодекс в борьбе с теневой экономикой. Прооблемы и перспективы //Налоговый вестник. –2000. –№1. –С. 120–121.

4.2.Жураев А. Актуальные вопросы налогообложения доходов физических лиц //Актуальные проблемы современной науки. –Москва, 2004. –№2(17). –С. 109–111.

4.3.Маликов Т.С. Мустақиллик йилларида солиқ сиёсати //Жамият ва бошқарув. –2001. –№2. –Б. 21–24.

4.4.Пансков В.Г. Организационные вопросы налоговое реформы. //Финансы. –2000. –№1. –33. б

## 6. Shet tilde jazi'lg'an a'debiyatlar ha'm internet saytlari'

6.1.Asion. Development Bank. Monila, 2004. –214 p.

6.2.Government Financial Statistics. IMF, 2001. Washington D.C.

6.3.Namozov O. Influence of Money Supply on the Innflation Process in Uzbekistan //Econometric Anlysis Uzbek Economic Trends Joural, Jan–March 2000, – p. 38–47.

6.4. Szepo G. Financal regualation and multitier Financial intermediation system in Eastern Europe. Introduction journal of Banking and finance, 2000. –410 p.
6.5. Steinbery A. An innovatiori package for financial sector reforms // Joural of Banking and finance. 2001.
6.6. http://www.cer.uz.
6.7. http://www.review.uz.
6.8. http://www.federalreserve.gov.
6.9. http://www.imf.org.
6.10. http://www.nalog.uz
6.11. http://www.mf.uz
6.12. http://www.tfi.uz
6.13. http://www.gov.uz
6.14. http://www.expert.ru

# MAZMUNI’


**KIRISIW……………………………………………………..………………6**

**I BAP. SALI’QQA TARTI’W TEORIYASI’………………………………..7**

1.1.Sali’qlardi’n’ ekonomikali’q jag’dayi’ ha’m obektiv za’ru’rligi…………...9

1.2.Sali’qlardi’n’ funkciyalari’………………………..……………………..14

1.3.Sali’q elementleri………………………….………………………….19

1.4.Sali’qqa tarti’w principleri…………………………………….……….33

**II BAP.O’ZBEKISTAN SALI’Q SISTEMASI’ TIYKARLARI’………..38**

2.1.Sali’qlar ha’m sali’qlarg’a ten’lestirilgen to’lemlerge uli’wma xarakteristika…………………………………………………………………...38

2.2.Sali’qlardi’n’ toparlarg’a bo’liniwi…………………………………………42

**III BAP.YURIDIKALI’Q TA’REPLERDI SALI’QQA TARTI’W………47**

3.1.Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n payda sali’g’i’……………………48

3.2.Sali’q sali’wdi’n’ a’piwayi’lasti’ri’lg’an ta’rtibi……………………………60

3.3.Qosi’msha qun sali’g’i’……………………………………………………71

3.4.Akciz sali’g’i’………………………………………………………………82

3.5.Yuridikali’q ta’replerden ali’natug’i’n mal-mu’lk sali’g’i’………………93

3.6. Yuridikali’q ta’replerden wo’ndiriletug’i’n jer sali’g’i’…………………100

3.7. Abadanlasti’ri’w ha’m sociyalli’q infradu’zilmeni rawajlandi’ri’w ushi’n sali’q……………………………………………………………………..104

3.8.Suw resurslari’nan paydalang’anli’g’i’ ushi’n sali’q……………………107

3.9. Jer asti’ qazi’lma bayli’qlari’nan paydalang’anli’g’i’ ushi’n sali’q………112

**IV BAP.FIZIKALI’Q TA’REPLERDI SALI’QQA TARTI’W………….117**

4.1.Fizikali’q ta’replerden wo’ndiriletug’i’n mal-mu’lk sali’g’i’…………….117

4.2. Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n jer sali’g’i’…………………………120

4.3.Fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’…………………125

4.4. Fizikali’q ta’replerden transport qurallari’ ushi’n benzin, dizel jani’lg’i’si’ ha’m gaz tuti’ni’wi’na sali’q…………………………139

**V BAP. SALI’QQA TARTI’WDI’N’ HUQI’QI’Y TIYKARLARI’……………………………………………………………142**
5.1.Sali’q huqi’qi’………………..……………………………………..…142
5.2.Sali’qqa tarti’w ni’zamlari’………………..…………………….……151
5.3.Sali’q to’lewshilerdin’ huqi’qi’………………..……………………..152
5.4.Sali’q to’lewshilerdi qorg’aw huqi’qlari’…..……….……………….…160

## MUNDARIJA

**KIRISH** ........................................................................................ ……6

**I BOB. SOLIQQA TORTISH NAZARIYASI** .................................... ……7

1.1. Soliqlarning iqtisodiy mohiyati va obektiv zarurligi ........................ ........9

1.2. Soliqlarning funkciyalari ............................................................. …..14

1.3. Soliq elementlari ........................................................................ …..19

1.4. Soliqqa tortish tamoyillari............................................................ …..33

**II BOB. O'ZBEKISTON SOLIQ TIZIMI ASOSLARI...................... …..38**

2.1.Soliqlar va soliqlarga tenglashtirilgan tulovlarga umumiy tavsifnoma.....38

2.2. Soliqlarning guruhlanishi............................................................. …..42

**III BOB. YURIDIK SHAXSLARNI SOLIQQA TORTISH....................47**

3.1. Yuridik shaxslardan olinadigan foyda solig'i ................................. …..48

3.2. Soliq solishning soddalashtirilgan tartibi ........................................ ......60

3.3. Qushilgan qiymat solig'i.............................................................. ......71

3.4. Akciz solig'i................................................................................ ......82

3.5. Yuridik shaxslardan olinadigan mal-mulk solig'i' ........................... ......93

3.6. Yuridik shaxslardan undiriladigan yer solig'i ................................. …100

3.7. Obodonlashtirish va ijtimoiy infratuzilmani rivojlantirish uchun soliq ................................................................................................ ....104

3.8. Suv resurslaridan foydalanganlik uchun soliq ................................. ....107

3.9. Yer qaridan foydalanganlik uchun soliq.......................................... ....112

**IV BOB. JISMONIY SHAXSLARNI SOLIQQA TORTISH** ............ …117

4.1. Jismoniy shaxslardan undiriladigan mol-mulk solig'i...................... …117

4.2. Jismoniy shaxslardan undiriladigan yer solig'i ................................ …120

4.3. Jismoniy shaxslardan olinadigan daromad solig'i............................ …125

4.4. Jismoniy shaxslardan transport vositalari uchun benzin, dizel yonilg'isi va gaz istemoliga soliq ............................................................................ …139

**V-BOB. SOLIQQA TORTISHNING HUQUQIY ASOSLARI ……...142**

5.1.Soliq huquqi……………………………………………………..142

5.2. Soliqqa tortish qonunlari……………………………………..151

5.3. Soliq tulovchilarning huquqi……………………………..……152

5.4.Soliq tulovchilarni muhofaza qilish huquqlari………………………..160

**СОДЕРЖАНИЕ**

ВВЕДЕНИЕ ........................................................................................ 6
**ГЛАВА 1. ТЕОРИЯ НАЛОГООБЛОЖЕНИЯ ............................ ……..7**
1.1. Экономическая сущность и объективная необходимость налогов ...................................................................................................……..9
1.2. Функции налогов........................................................................ …....14
1.3. Элементы налога ....................................................................... …....19
1.4. Принципы налогообложения ..................................................... ……33
**ГЛАВА 2. НАЛОГОВАЯ СИСТЕМА УЗБЕКИСТАНА ............ ……38**
2.1. Общая характеристика налогов и приравненных к ним платежам...38
2.2. Классификация налогов............................................................. …... 42
**ГЛАВА 3. НАЛОГООБЛОЖЕНИЕ ЮРИДИЧЕСКИХ ЛИЦ.... …...47**
3.1. Налог на доходы (прибыль) юридических лиц......................... ……48
3.2. Упрощенная система налогообложения (единый налоговый платеж............................................................................................ ..….60
3.3. Налог на добавленную стоимость ............................................ ……71
3.4. Акцизный налог.......................................................................... ……82
3.5. Налог на имущество юридических лиц .................................... ……93
3.6. Земельный налог с юридических лиц ...................................... …..100
3.7. Налог на блогоустройство и развитие социальной инфраструктуры ............................................................................................ …..104
3.8. Налог за пользование водными ресурсами ................................ …107
3.9. Налог за пользование недрами .................................................... …112
**ГЛАВА 4. НАЛОГООБЛОЖЕНИЕ ФИЗИЧЕСКИХ ЛИЦ ....... …117**
4.1. Налог на имущество физических лиц......................................... …117
4.2. Земельный налог, взимаемый с физических лиц........................ …120
4.3. Налог на доходы физических лиц ............................................... …125
4.4. Налог с физических лиц на потребление бензина, дизельного топлива и сжиженного газа для транспортных средств................... …139

**ГЛАВА 5. ПРАВОВЫЕ ОСНОВЫ НАЛОГООБЛОЖЕНИЯ.**

5.1. Налоговое право……………………………………………….142

5.2. Законы налогообложения……………………………………….151

5.3. Права налогоплательщика………………………………………..152

5.4. Защита прав налогоплательщика. ………………………………160

## CONTENTS

INTRODUCTION……………………………………………………………….. 6

**CHAPTER 1. THE THEPRY OF TAXATION.................................……..7**

1.1. Economic essence and objective necessity of taxes ......................……..9

1.2. Functions of taxes ........................................................................……14

1.3. Elements of the tax.......................................................................……19

1.4. The principials of taxation ..........................................................……33

**CHAPTER 2. THE TAX SYSTEM OF UZBEKISTAN..................……38**

2.1. General characteristic of taxes and payments edual to them..........……38

2.2. Classification of taxes ................................................................…... 42

**CHAPTER 3. TAXATION OF LEGAL ENTITIES .......................……47**

3.1. Tax on income (profit) tax ... ……………………………………...48

3.2. Simplified tax system (the single tax payment)……………… ……… 60

3.3. Value-added tax .......................................................................... 71

3.4. Excise tax ... …………………………………………………82

3.5. Property tax entities ………………………………………... …….93

3.6. Land tax from legal entities .................................................... 100

3.7. Tax on development of social infrastructure .................................... .104

3.8. Tax on the use of water resources ............................................... 107

3.9. Subsurface use tax ……………………………………..... ...……112

**CHAPTER 4. TAXATION OF PHYSICAL ENTITIES .................…..117**

4.1. Assessed tax of physical entities..............................................…..117

4.2. Land tax, chargeable from physical entities ...............................…..120

4.3. The profit tax of physical entities ............................................…..125

4.4. The fuel tax of physical entities ...............................................…..139

**CHAPTER 5. LEGAL BASIS OF TAXATION……………………..142**

5.1. Tax law………………………………………………………151

5.2. Laws of taxation. ……………………………………………152

5.3. Taxpayer's rights……………………………………………160

Tashmuratov  Tozabek  Tashmuratovich
Mi'rzaev  Bati'r  Jienbaevich
Kudiyarov Kishibay  Ramatullaevich
Jiemuratov Bahadi'r Aytbaevich

# SALI'Q NI'ZAMSHI'LI'G'I' TIYKARLARI'

*Joqari' woqi'w wori'nlari' bakalavriat ta'lim bag'dari' studenleri ushi'n woqi'w-metodikali'q qollanba*

Qaraqalpaq tilinde

No'kis – 2015